БЕРДИМУРАТОВ Е, БЕКБЕРГЕНОВ А, ПИРНИЯЗОВ Қ.

# ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ

## ШЫНЫҒЫЎЛАР ЖЫЙНАҒЫ

(Нөкис мәмлекетлик университетиниң филология факультетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлиминиң студентлери ушын оқыў қуралы)

НӨКИС «БИЛИМ» 1991.

www.ziyouz.com kutubxonasi

81.2 кор
Б. 64
Е. Бердимуратов, А. Бекбергенов, Қ. Пирниязов. Ҳәзирги қарақалпақ тили. (шынығыўлар жыйнағы) ред. Е. Ерекеев.
Нөкис «Билим» баспасы 1991 ж. 280 бет.

Жыйнақта ҳәзирги қарақалпақ тилиниң барлық тараўлары бойынша шынығыў жумыслары, оларды орынлаў ушын көрсетпелер берилген. Ол жоқарғы оқыў орны студентлери ушын көмекши қурал болып хызмет етеди.

Рецензентлер: Ембергенов У., филология илимлериниң кандидаты (Өзбекстан педагогика илимлери илим изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы);
Ибрагимов Ю., филология илимлериниң кандидаты (Нөкис мәмлекетлик пединститутының өзбек филологиясы кафедрасы);
Мергенбаев Е., филология илимлериниң кандидаты (Нөкис мәмлекетлик пединститутының қазақ филологиясы кафедрасы).

Жыйнақтың авторлары:

Бердимуратов Е. — Лексикология».
Бекбергенов А. — Морфемика» «Сөз жасалыўы», «Қоспа гәплер» (Бағыныңқылы қоспа гәплер»);
Пирниязов Қ. «Фонетика, Синтаксис».

Б $\frac{4306020200-166}{361\ (06)-91}$ — 91

ISBN 5—7698—0295—2.

© «Билим» баспасы, 1991.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЛҒЫ СӨЗ

Нөкис мәмлекетлик университети филология факультетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлиминиң студентлери ушын соңғы жыллары «Ҳәзирги қарақалпақ тили» курсы бойынша программа (1979). фонетика ҳәм лексикология (1979), морфология (1981), синтаксис (1986) сабақлықлары басылып шықты. Бул курсты жоқарғы оқыў орнында үйрениўде оқыў планы бойынша практикалық жумысларға, студентлердиң өз бетинше жумыс ислеўине арнаўлы саатлар ажыратылған. Бундай жумысларды ўақсетке муўапық алып барыў ушын сабақлықлар менен бир қатарда сол курс бойынша ҳәр қыйлы шынығыўларды қымтыйтуғын көмекши қурал да керек. Бул шынығыўлар жыйнағы усы мақсетте биринши рет усынылып отыр. Ол «Ҳәзирги қарақалпақ тили» курсы бойынша басылып шыққан программа ҳәм сабақлықларға сәйкес дүзилди.

«Ҳәзирги қарақалпақ тили» курсын үйрениў студентлердиң тек теориялық жақтан ғана билим алыўы менен шекленип қалмай, оны студентлердиң практикалық жақтан билиўин де өз алдына мақсет етип қояды. Әсиресе сабақты оқытыўдың практикалық характери ҳәзирги оқытыўдағы билим бериўдиң актуаль бағдарлардың бири болып есапланады. Практикалық жумыс ислеў процесинде студентте дүнья таныўшылық сезими кеңейип, оқыў искерлигиниң раўажланыўы усаған көнликпелер системасы пайда болады. Ол үйренген теориялық билимлерин өзинше сынап көреди. Сонлықтан студентлер менен ислениўге тийисли практикалық жумыслар олардың творчестволық искерлиги менен байланыслы болыўы тийис.

Студент—келешектеги муғаллим. Усыған байланыслы жумыстың практикалық жағы көпшилик жағдайда мектеп турмысына қарай бейимлениўи керек· Практикалық жумыслар қарақалпақ тили бойынша барлық программалық курсты өз ишине қамтыйды. Оқытыўшы усынылған шынығыўларды орны менен шебер пайдаланыўы керек. Гейде ол айырым шынығыўлардың талабын, шәртин өзгертип я алмастырып барыўы да мүмкин.

Бул усынылып отырған шынығыўлар жыйнағы биринши рет дүзилип отырылғанлықтан онда айырым кемшиликлердиң ушырасыўы мүмкин. Бул туўралы өз пикирлериңизди Нөкис мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тили кафедрасына жазып жибериўиңизди өтинемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ФОНЕТИКА

## СЕС ҲӘМ ФОНЕМА

**1-шынығыў.** Төмендеги сөзлерде мәни өзгертиўге себепши болып турған фонемаларды көрсетиң.

Баў-таў-жаў-саў; аспан-асқан-астан; жыққын-жыққыш; мамық-мамый лала-мала; мәкке-ҳәкке; өним-өтим-өлим.

**2-шынығыў.** Берилген сөзлердеги фонемалардың өзгериўи арқалы сөз мәнилериниң өзгеретуғынын дәлиллеп бериң:

а) фонеманың саны өзгерсе:

өн-көн, көниў, гежи, гежир, гежирлик, сезгирлик, мал, жан, пахта, жүзим, жүзлик, сегиз, егиз.

б) фонеманың өзи өзгерсе:

**Гүлмен** десең, аҳыў-зар ет **көзлерди,**
**Тилмен** десең, дүр қылып шаш **сөзлерди,**
Әўладларың атыңды айтқан гезлерде,
Танығандай тәўир белги тағып өт **(И. Юсупов).**

в) фонеманың орын тәртиби аўысса:

ТУҚЫМ-ҚУТЫМ.

**3-шынығыў.** Берилген сөзлерден сес пенен фонеманың айырмашылығын таўып дәлиллең.

Жулдыз, жумыры, сәл, сол, сал, дана, дәне, дизим, дүнья, дән, дөңгелек, бозжап, душшы, дузшы, қосшы, ярым, Юсуп, саҳра, суў, ақ қуў, қуяш, Әмиўдәрья, Ақсүңгил, Циркуль, ящик, разы, ықлас, ун, үн, ин ашшы, асшы:

## СЕС ҲӘМ ҲӘРИП

**4-шынығыў.** Текстти оқың ҳәм ондағы айырым сөзлерден сес пенен ҳәрип-тиң парқын айырып, не ушын ондай өзгешеликке ийе болатуғынын дәлиллең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Бозжер уйқысынан ояnған палўандай керилип атыр... Әсирлер даўамына таңлайы кеўип қақырап атырған сахра суўға тоймайды. (Ғ. Сейтназаров).

2. Пәтли самал шайқап ўақыт дәрьясын,
Жағысларға урар жаңа толқынлар,
Таза өзгерислер симфониясын,
Бул түсимпаз дүнья қумартып тыңлар (И. Юсупов).

3. Самолеттың төменге қарай еңтериле баслағаны сезилди, шала уйықлап киятырған адамлар жан енгендей қыймылдасып ғаўқылдаса баслады. Стюардессаның хаўазы еситилди: «Енди бир неше минутлардан кейин самолетимиз Нөкис аэропортына қонады. Нөкисте хаўаның температурасы плюс 42 градус» (Қ. Рахманов). 4. Жас талантларды тәрбиялаўда «Талант» әдебиятшылар клубы—Нөкис мәмлекетлик университети қасынан ашылған творчестволық жаслар ассоциациясы бир қатар жумысларды ислеўди планластырып отыр. Университет қасындағы «Дәўир» экспериментал театры үш спектакль сахналастырып, тамашагөйлердиң алғысын алды. Орны келгенде соны атап өтиў керек, жас жазыўшыларымыз дәслепки комсомолецлер, биринши бесжыллықтың жас гвардияшылары, бүгинги қайта қурыўдың алдыңғы щегиндеги комсомол жетекшилери хаққында оғада аз жазып атыр. Әсиресе, Қарақалпақстан комсомолының тарийхының жарқын бетлери толық тикленбей атыр. Бүгинги жәриялылық, демократия дәўиринде бизиң жасларымызға тарийхымызды дурыс сүўретлеп бериў хәммемиздиң жуўапкерли ўазыйпамыз деп ойлайман. Бул хаққында жас жазыўшылардың жоқарыда атап өткен семинар кеңесинде де айрықша гәп болды.

Партия жаслардың творчестволық басламасын хәр тәреплеме раўажландырыўды қоллап-қуўатлап отыр. Республика жас талант ийелери, барлық комсомолецлер ВЛКСМ ның 70 жыллығын ылайықлы күтип ала отырып, қайта қурыўды тереңлестириўде партиямыздың XIX конференциясы қарарларын турмысқа асырыўда және де жигерлилик көрсете береди. (*«Әмиўдәрья»*). 5. Жаңашылыққа жаны қумар адам ғана жаңалық дөрете алады.

**5-шынығыў.** Берилген текстти көширип жазың хәм сес пенен хәриптиң арасында парқы бар сеслерди терип алып, оларды анализ жасаң.

Үлги: бир сес бир хәрип пенен белгиленеди: Асан.
Бир сес еки хәрип пенен белгиленеди. Циркуль.
Еки сес бир хәрип пенен белгиленеди: Қоян, Юсип.
Хеш қандай сести билдирмейди: Январь, съезд

1. Тылдағы жигерли жасларда өзлериниң хәр бир қәдеми менен душпанға соққы бериўге үлеслерин қосты. Елиўинши—ал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пысыншы жыллардың комсомоллары Чаржаў—Қоңырат темир жолы, Тахыятас ГРЭС и, Бухара—Орал газ магистралы қурылысында алдыңғы шекте болды. Олар аўылхожалығын тез пәт пенен раўажландырыў, дийханшылық мәдениятын арттырыўға актив қатнасты. Сексенинши жыллардың комсомолецлери де партия ҳәм ҳүкиметимиз алға қойған ўазыйпаларды орынлай отырып, бүгинги қайта қурыў исине актив қатнасып атыр. Олар комсомолдың абыройын көтериў, буны конкрет ислери менен беккемлеў ушын ҳәрекет етпекте. Әсиресе, ВЛКСМ ның XX съездинен кейин комсомолдың жумысында айрықша жанланыў сезилди. Комсомол шөлкемлери жумыстың жаңаша усылларын таўып, буларды жетилистириўге айрықша итибар берип атыр. Жаслар экономиканы басқарыўды үйренбекте. КПСС Орайлық Комитетиниң июнь (1987) Пленумының қарарларынан келип шығып, Хожели ҳәм Қоңырат районының комсомол комитетлери өзин-өзи басқарыўға өтти. Елимизде дүзилген жаслардың илимий-техникалық творчествосының бирлескен жәмийетлик, мәмлекетлик системасы жас илимпазлар, ойлап табыўшылар, қәнийгелер ҳәм рационализаторлар ушын жаңа мүмкиншиликлер ашпақта. Оның тийкары-жаслардың илимий-техникалық хызметкерлерге искерлик пенен қараў—аўылхожалығын раўажландырыўды тезлетиўдиң бирден-бир негизи екенин дәлийлледи. Сонлықтан да, НТТМ Орайларына кең жол ашылмақта. Областьлық комсомол комитетиниң усындай орайы да өз жумысын баслап, дәслепки буйыртпаларды ала баслады (*«Әмиўдәрья»*). 2. Дурыс шөлкемлестирилген сабақ магнит сыяқлы оқыўшыларды қызықтырып, өзине ерикеиз тартып отырады. (**Я. А. Каменский**). 3. 1988-2000-жылларда суўғарыў ҳәм коллектор-дренаж системаларын реконструкциялаў бойынша кең көлемде жумыслар жүргизиў нәзерде тутылып отыр. Суўғарып егилетуғын жерлердиң ири массивлерин өзлестириў тоқтатылады. Дәрья суўларының Әмиўдәрья, Сырдәрья дельталарына ҳәм Арал теңизинен гарантиялы түрде ағыўын тәмийинлеў ушын суўғарыў мақсетлерине ҳәм хожалық итияжларына суў пайдаланыў лимитлерин белгилеў мақсетке муўапық деп табылды. Арал бойларында санитариялық ҳәм эпидемиологиялық жагдайды жақсылаў күтә үлкен сиясий ҳәм социаллық әҳмийеттеги ўазыйпа болып табылады, деп атап көрсетилди. Халыққа медициналық хызмет көрсетиўдиң сапасын күтә қысқа мүддетлерде жақсылаў, ден саўлық сақлаў мекемелерин суў менен тәминлеў объектлериниң қурылысын әмелге асырыў, поселкалардың, район орайларының қалалардың санитариялық жагдайларының жақсыланыўына ерисиў зәрүрлиги атап көрсетилди (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

## АЛФАВИТ

6-шынығыў. Берилген сөзлерди алфавит тәртиби менен көширип жазың.

Партия, хабар, фотохабаршы, шығарма, заман, ийис, қуўат, муз, қаўын, патриот, интернат, иниң, доғалақ, дүнья, драма, та-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зета, ат, атаў, атлық, әрўана, әдиўли, әдил, бахыт басла, балта, вагон, вертолет, нақыл, нағыз, молшылық, тут, татлы, ўақыт, үтир, уллы, ун, шеңгел, шатқал, шертпама, ығал, ылғал, шыршы, экспонат, энергетика, түн, үш, үмит, үгит, ушырасыў, уў, уқсас, уйғар, тырна, тос, тоқ тилсин, текст, тән, жан, тақмақ, суўық, социолог, соғыў, сес, ҳәрип, светафор, саз, сөйлеў, сөзшил, радио, кесент, интизар, заўық, зәўлим, роза, жәзийра, жаз, бәҳәр, билет, бәлент, бахыт, география, айтыс, аў, аталас, шетка, чай, Шымбай, Қоңырат, Мойнақ, Кегейли, Қаратаў, Әмиўдәрья, Тақыятас, Хожели, Нөкис, Еркиндәрья, Қусқана, Шортанбай, Қаллыжағыс, Дәўкемпир, Елликқала, Беруний, Халқабад ҳ. т. б.

**7-шынығыў—тапсырма.** Өз курсласларыңның әкесиниң ҳәм өзиниң атларын, сондай-ақ республикамыздағы колхоз, совхоз атларын алфавит тәртиби менен дүзип шығың, кимниң қалай дүзгенин кейин тексерип көриң.

**8-шынығыў—тапсырма.** Не ушын ҳәм қандай орынларда алфавит қолланылады, неге үйретеди, усыларды дәлиллеп бериң ҳәм Қарақалпақстандағы географиялық атамаларды дәслеп карточкаға түсириң кейин алфавит тәртиби менен ислеп көриң.

## ДАУЫСЛЫ ФОНЕМАЛАР

**9-шынығыў.** Тексттен даўыслы фонемаларды таўып, жасалыўына қарай анализлең. Олардың даўыссызлардан қандай өзгешелиги бар екенин дәлиллеп бериң.

Қамал ойға шүмди. Қуяш системасындағы планеталар да, сондай-ақ жер жолдасы болған Ай да өмирден, ҳәттеки оның әпиўайы түрлеринен ҳеш қандай нышан болмағаннан соң, жанлы-жәныўарлардың, әсиресе адамзаттың не деген аманат екенине исениўимиз керек, оны қәдирлеп әлпешлеўимиз лазым.

Қуяш өз нурын ҳәмме жаққа тең шашып турады. Ол ҳәмме планеталар ушын бирдей. Сондай болса да, неге тиришилик тек жерде ғана пайда болған? Демек, жерде басқа планеталардан парқы бир күши бар, ямаса өзгеше қәсийет бар. Бул үстинде Қамал тек соңғы ўақытларда ойлай баслады.

Жер—күшли ҳәрекеттеги планета. Ол өз келбетин жылдырымдай өзгертеди. Бул геология, ўақыт есабы менен алған да солай, ал адамзат оны сезбейди. Инсан өмири Жер ушын көзди ашып—жумғандай нәрсе, Жердеги қурылық мудамы бирдей болған емес, ол ҳәрдайым өзгерип суў менен орнын алмастырып турған. Шараяттың тез-тез өзгерип турыўы өмир ушын сынақ болды. Әсиресе, кескинлик қыйын қыстаў ҳәм аласапыранлы дәўирлер—түрлердиң екшелиниўине себеп болды.

Пор дәўириниң ақырына кесин өзгерислер болады. Континентлердиң уллы соқлығысыўы нәтийжесинде, бәлент таўлар пайда болды. Тегисликлердиң азайыўына байланыслы отлақлардың көлеми кемейеди. Бул динозаврлардың жасаўын мүшкил ҳалға салып қояды. Себеби, жаўдан қорғаныў ушын керек болған үлкен дене енди азық-аўқат кемлигинде түр ушын пайдасыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып қалады. Сөйтип олар жалпы қырыла баслайды. Бул ҳәдийсе үшлемши дәўирде сүт емизиўшилердиң гүллениўи ушын жол ашады. Ал енди сүт емизиўшилерден болса төртлемши дәўирде саналы мақлуқ—инсан келип шығады. **(Ж. Жолдасов)**.

**10-шынығыў.** Тексттен даўыслы фонемаларды таўып, тилдиң горизонталь жағдайына қарай, ерлиниң қатнасына қарай бөлип, анализ етиң.

Мына схемаға түсириң.

Даўыслы фонемалардың классификациясы.

| Тилдиң горизонталь жағдайы бойынша | Тил алды | | Тил ортасы | | Тил арты | | Аралас | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ерлиниң қатнасы бойынша | Езиў-лик | Ерин-лик | Езиў-лик | Ерин-лик | Езиў-лик | Ерин-лик | Езиў-лик | Ерин-лик |
| Тилдиң вертикаль жағдайы бойынша | | | | | | | | |
| Тилдиң вертикаль жағдайы бойынша | | | | | | | | |
| Қысық /көтериңки/ | | | | | | | | |
| Орта /көтериңки/ | | | | | | | | |
| Ашық /түсиңки/ | | | | | | | | |

Жолдаслар, қаҳарманлық гүресте пайда болады. Ол ҳәр күнги қыйыншылық пенен қарама-қарсылықтың нәтийжесинде шыңланады. Тийкарынан алғанда, қаҳарманлық, мәртлик, турақлылық, қайтпас қайсарлық, ҳәр қандай қарсылықларды жеңе билиўшилик бизиң жасларымыздың ураны болыўы тийис *(Н. Островский)*.

Гүз самалы атызында ойын қурғанда,
Қызыл көрўап дизбегиние қарап жолларда,
Мине тағы ушырастың пахта қырманда,
Студентлик сәлем алып келдик, пахтакеш *(И. Юсупов)*.

Тилдиң тазалығы, мәнилилиги, анықлығы, өткирлиги ушын гүрес —мәденият қуралы ушын гүрес деген сөз. Бул қурал қан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шама өткир болса, қаншама дурыс бағдарланса, соншама жеңиске ерисе береди. (**М. Горький**). Тил билмей турып, қосық жазыўға бел байлаған адам-жүзиў билмесе де, сарқырап ағып турған каналга өзин атқан есуўас сыяқлы (*Р. Гамзатов*).

**11-шынығыў.** Тексттен даўыслы фонемаларды таўып, ондағы жуўан, жиңишке фонемаларды айырым-айырым жазың.

Жуўан даўыслы фонемалар:

Жиңишке даўыслы фонемалар:

1. — Яқ, туўры емес,—деди Камал достын жубатып.—Адам өмирдиң мәнисин түсиниў ушын өзиниң басынан төрт дәўирди өткериўи шәрт, яғный балалық дәўир, жигитлик дәўир, орта жасар ҳәм ғаррылық дәўир. Соған дейин өмир сени үйретип бара береди...

— Сонда жасаўдан мақсет не?

— Буған ҳәр дәўирде ҳәр түрли жуўап бериўи мүмкин.

— Мәселен?

— Мәселен, адам бала ўақтында жасаўдағы мақсет—ойын-күлки, жигитлик ўақтында—муҳаббат деп, ер жеткен соң атақ-абырай ҳәм мал-дүнья, деп ойласа керек.

— Қартайғанда ше?

— Оны билмедим, бул ушын қартайып көриў керек. Сонда ғана туўры жуўап табамыз (*Ж. Жолдасов*).

2. Жер жүзиндеги сулыўлықтың, гөззаллықтың барлығы да адамның мийнети арқалы жасалады. Мийнет дегенимиздиң өзи гөззаллықтың шуғлалы көзи. Ол күни-түни жарқырап турады. Заводлар менен фабрикалар, қунарлы жерлер күн сайын сол мийнет адамын қушағына тартады. Өз елиниң ийеси—совет адамы мийнет пенен халық мәпин қәстерлейди, қәдирлейди. Соңлықтан да ол жәмийетлик ийгиликлерди көбейтиў жолында мудамы жан-тәни менен гүреседи (*Жеткеншек*).

3. Ана кирпик болса, перзент көз болар.
Перзент-кептер ана-зер гүмбез болар.
«Аталық ҳақыны толық өтедим»,—деген гәп
Теңеўсиз қурғақ сөз болар (**И. Юсупов**).

**12-шынығыў.** Берилген мысаллардан даўыслы фонемаларды алып (қайталанғанларынан биреўин алың), оларды тилдиң горизонталь жағдайы бойынша, вертикал жағдайы бойынша еринниң қатнасы бойынша анализлеп ҳәм бир-биринен өзгешеликлерин магнитофонда еситиң.

1. Адам руўхый жақтан күшли болыўы ушын олардың бойында интернациональлық, патриотлық, ҳуқықлық, эстетикалық ҳәм адамгершилик тәрбиялары болыўы керек (*Совет Қарақалпақстаны*).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Данққа жеткизетуғын бирден-бир жол мийнет (П. Павленко).

3. Тәрбия—уллы ис, оның менен адамның тәғдийри шешиледи (В. Г. Белинский).

4. Сөзден уллы не бар. Оның уллылығы сонда—тил арқалы адамларды табыстырыўға да, атыстырыўға да болады. Тил сүйиспеншиликке де жаўлық пенен зулымлыққа да хызмет етеди. Адамларды бир-биринен ажырастыратуғын сөзден сақ болыңлар (Л. Толстой).

5. Ушырасқан ўағында адамларға сен,
Ләззет берип ләззет алыўға үйрен.
Ҳәр минезде гүл бар, гүлде тикен бар,
Гүлин иийиске нең бар тикени менен (И. Юсупов).

**13-шынығыў.** Тексттен дифтонглерди таўып, олардың қалай жасалғанын дәлиллеп бериң.

Елка ушын узаққа барыўдың керги жоқ еди. Усы жерде, Сокольникиде қоңыр түсли ең жақсы елканы таңлап алып, оны кесип мектепке алып келди (А. Кононов). Юсуповтың бригадасы быйыл ҳәр гектардан қырық центнерден пахта жетистириўг ушын гүресип атыр (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

Қәҳәрли қыстың ақ көрпесин жамылған Ана—жер де мыне усы қуяшлы бәҳәрде қайтадан жаснап-жайнап кетеди.

Күн суўық тез-тез уйтқыған қар жаўады. Бирақ интернат басшылары бул суўықтан албыраған жоқ.

...Бурын көзге түспейтуғын көз бенен қыздырылатуғын шойын утюг ҳәрекетке келтирилди ҳәм Бекзада Мураттың кийимлерин тез-тез утюглеп қоятуғын болды.

Бекзаданың көп ўақты кийим-кеншек жуўыў, жамаўға кетти. Ер-тоқымы менен жүўен, бас жиби саз ири торы жорғаға мингеп батыр денели Досымбет Қурбанбай улы жолға шықты... Сәскеде атланған жолаўшылар Тазғарадағы чайханаға барып түсленди. Шайхана хожейинлери мийманлардың келиўинен хабардар болыўы керек (А. Әлиев).

Беруний өз заманының тек өз заманының емес, басқа да көплеген заманлардың уллы илимпазы болған. Астрономияда ол Коперниктен бес жүз жыл—Ньютоннан алты жүз жыл, математикада—Гауссдан сегиз жүз жыл озған. Географияда Колумбқа дейин төрт ярым әсир бурын Американың бар екенин болжап көре билген (Ф. Кравин).

**14-шынығыў.** Тексттен дифтонглерди айырып алып (қайталанғанларынан биреўин алың) туйық дифтонглерди бир бөлек, ашық дифтонглерди бир бөлек алып анализлең ҳәм олардың бир-биринен қандай өзгешеликлери бар екенлигин дәлиллең. Тилимизде қалай қолланылатуғынын айтып бериң.

1. Яшақай, таң атты!
Ояның сен де (И. Юсупов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. — Ҳәзир бәримиз де районға жөнеймиз.

— Көптен бери ойымда, айта алмай жүр един. Рахмет Қарабай аға. Экономикалық есабыңыз дүп-дуўры. Буны кең түрде ойласып алармыз,—деди Дәрмен (Ғ. Сейтназаров). 3.—Енди культивация жүргизип, шүдигарлап он-онбес күн қойыў керек. Соннан кейин екинши суўды баслаймыз,—деди Матяқуп баласына.. Июнь айы да ҳәп заматта келип жетти. Жер бети көк липасқа дөнип, аппақ гүлге малынған ерик, алмалар да шигиттей нәўшелер пайда болды... Ол бул ойлаған ойын өзине кесент етиў ушын ислей ме, я оның атын, даңқын елге жаяды деп жас ғаўашаға бир сумлық ойлап таба ма, я өзиниң сумлығы өзиниң басына жетип, басшылар оның жаман қылўасын сезип, аўылдан қуўып сала ма, оны келешек көрсете береди (Қ. Жуманиязов).

## ДАЎЫСЛЫ ФОНЕМАЛАРДЫ ТӘКИРАРЛАЎ УШЫН МАТЕРИАЛЛАР

**15-шынығыў.**

1. Мен* тәбиятта бәҳәр, жаз пасылларын орнататуғын қуяш киби иләҳийда көзлерди ушыраттым... Дүньяда қандай гөззаллық болса, бәри-бәри усы көзлерге жыйып берилген шығар деп ойладым. Бул көзлердиң нурлары көктен түскен жасын киби. Бул көзлердиң нурлары нағыслы сөзлер, жилўалы қосықлар киби. Оны сөз бенен айтып жеткериў мүмкиншилиги жоқ, әжайыплықларға толы нәзери мисли күтилмегенде жарқ ете қалған шақмаққа мегзес. лекин шақмақлар бир жалт етеди де сөнеди. Ал бул көзлердиң көкиреклеринде шаққан шақмақлары тегишликте өше қоярма екен. Жүргенде от үлестириўши, дәрт үлестириўши усы көзлердиң жасыны мәгар кимлердиндур көкирегине түсип бийтақат еткендур.. Яқ дослар! Яқ..! Маған ҳеш қандай рәнжимен, мени деп егленип жолыңыздан қалмаң.. (*Х.* Дәўлетназаров).

2. Арқа батыстан ескен суўық самал тоңазыған таллардын сайсүйегин сықырлатады. Әтирап әлле қандай қорқыныш әламат күткендей, сол әламаттың ғулғулалы, бәдайбат даўысын ҳәзир-ақ қулағырдан жер дастанып тыңлап атырғандай демин ишине тартып, бир пәс жым-жырт, тым-тырыс болып қалды. Күшигинен асыраған Есжанның оң капталына шоңқыйып отырған сары көпек тумсығын самалға тосып, мурынының ушын жыбырлатып турды да үйге жақынлап келген атлыларға қарай шаўлаўы менен шаўып өтә кетти (Ш. Сейтов). 3. Аэровокзалда мың адам көресең, олардың мың түрли минезлерине таң қаласаң. Деген менен ҳәммесин бақлап отырып, қүдиретли Ўатанымыздың шеги жоқ кең екенине қуўанасаң. Бир шетинде 45 градуслық ыссылық болса, бир шетинде музғала болып атыр. «Кең жер—мол байлық» деген сөз. 4. Ең болмаса бир кәсип ийелеп ал, балам. Ҳәзирги техника әсиринде онысыз жасаў да қыйын. Талантың болса, басқа тараўда жүрип-ақ журналист бола бересең. Творчество, ол-йош, ол-илҳам. Илҳам дегенимиз—бул өмир. Турмысты



www.ziyouz.com kutubxonasi

билмей қалай журналист боласаң, балам!—деди Азаматқа ағасы (**К. Алламбергенов**).

## ДАУЫССЫЗ ФОНЕМАЛАР

**16-шынығыў.** Тексттен даўыссыз фонемаларды алың, ҳәр қайсысын (қайталанған сеслердиң биреўин алың) акустикалық, артикуляциялық жақтан анализлең.

1. Таңның атқаны жаңа ғана еди, бирақ Шымбайдың этирапында ҳәрекет қызып кетипти. Кегейлиниң еки бойында да көзге шалынатуғын жақын жуўықтағы жолларда да адамлар ағылып қалаға қарай баратыр. Кими пиядалап нәрсе—қаралларына танып алған болса, биразы ешек арба, егиз арба, ат арбаларға биразлары отын, биреўлери мал оты, айырымлары гилең қыз-келиншеклерди тийеп алған. Мурат адамлардың усындай болып қалаға шубырып келетуғынын Төрткүлде де талай мәртебе көрген еди. Лекин Шымбай қаласына халықтың мына шубырыўы оны ҳайран қалдырды. Себеби, бул көриниске қарағанда жол бойы сийрек-сийрек ушырасқан аўылларда ҳеш бир адам қалмастан қалаға көшип баратырған сыяқлы еди (**«Әмиўдәрья»**).

2. Памирден сарқырап аққан сағасы,
Бағ-бағшалы Жайҳун дәрья жағасы,
Пахта, салы, малға толы бай мәкан,
Түйемойын,—Арал теңиз арасы (**Х. Сейтов**).

3. 1) Трактор, бульдозер, скрепер; 2) Муғаллим, доктор, инжинер: 3) Телефон, телеграф, радио: 4) поезд, автобус, самолет, пароход, 5) сентябрь, октябрь, ноябрь, декабрь:, 6) Әмиўдәрья, Сырдәрья, Волга ,Нева: 7) шайы, атлас, капрон, нейлон: 8) ертек, қосық, роман, повесть, гүрриң: 9) жума, серсенби, шемби: 10) қуўаныш, бахыт, қайғы, күлки.

**17-шынығыў.** Тексттен үнли, үнсиз, сонар даўыссызларды таўып анализ жасаң.

1. Партияның дүзе отырып, Ленин бизге мынаны үйретти: «Революциялық теориясыз революциялық ҳәрекет болыўы мүмкин емес..... Алдыңғы қатарлы гүресшениң ролин алдыңғы қатарлы теорияны басшылыққа алған партия ғана атқара алады». Большевиклик партияны тәриплей отырып, Ленин мине усыны айтты. Ол—бул гениаль дөретиўши—авангардтың көсеми болды, оның үлгиси болды (**А. Барбюс**). 2. Бәҳәр! Гөзал бәҳәр нурлы бәҳәр! Ғәзийнели Үстирт жасыл нурлы бостанға тәккәббил. Арқасы ақсақаллы Арал, қубласы тап Түйемойынға шексмги созылатуғын кең дала шахмат доскасындай қызыллы —жасыллы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаўа лайнерине минип бәленттен де қара, мениңше, пайыў пиядалап аралап көр не керегиң бәри бар-аў, бәри бар қуяшлы үлкемизде. Алыстан сағымланып көринген Қаратаўдың бәлент шоққысына шыққанымыз барма? Сүўретлеп айтыў қыйын, өзиңиз барып бир көриңизши: кишкентай ғана көз жанарыңызға сыйып кететуғын әжайып мәканның көриниси ертектегидей. Бунның бәрин қарапайым адамлардың дөретип атырғанына исенсеңиз, оларға деген ҳүрметиңиз, алғысыңыз барған сайын арта береди (Ғ. Сейтназаров).

3. Ислес болып жүрип пролетар менен,
Маркс қуралланды зор қурал менен
Ҳәм қосымша қунның қулпын бузды да
Урды капиталды «Капитал» менен (И. Юсупов).

**18-шынығыў.** Сөзлердеги даўыссыз сеслерди қараң, жасалыў орнына, жасалыў усылына қарай анализ етиң.

1. Мәнзил—айдын, программа—ҫаррас.

Мийнет десе толып-тасқан адамларымыздың сом билеги талмас!

2. Бәҳәр! Үлкемизде он екинши бесжыллықтың туңғыш бәҳәри басланады. Бунның өзи бәҳәрден басланса—нағыз қызғын әмирден басланды. Дийхан тили менен айтсақ, «дийханшылықтың бир күни—бир жылды асырайды. Автономиялы республикамыздың өзи Дийхан республика. Сол ушын да биринши дийханшылықтан басланады. Санаатымыздың басым көпшилиги пахтамыз бенен байланыслы, пахта тазалаў, май заводлары тиккелей шийки затты пахтадан алады. Қурылысшыларымыз пахтакеш ҳәм салыкеш дийханларымыздың, пүткил дийхан республикамыздың адамларына ийгиликли жайлар, иматратлар қурады (Ғ. Сейтназаров).

3. Ал, Сережа, мен сиясий бөлим начальниги менен сөйлестим. Енди сен ҳәм қыйын, ҳәм жаңа өмирге киресең,—бул жерде ески даңқ пенен ҳеш нәрсе питкере алмайсаң (С. Бабаевский).

4. Жазыўшылардың қай—қайсысы болмасын, өзи революция жақлы ма, ямаса революцияға қарсы ма—усыны шешиўлери керек еди. (Н. Некрасов).

5. Айнымас алтындай дослық бирлигин
Туўысқанлық ғамхорлығың нур бүгин.
Бахытлыман кеўлим сайрап тур бүгин,
Меҳрибанлық иззетиңди жырлайман (С. Нурымбетов).

**19-шынығыў—тапсырма.** Даўыссызларды классификациялаўда магнитофонды пайдаланыў арқалы сеслердиң жасалыўына, айтылыўына қарай анализ етип көриң ҳәм жуўмағын жазып алың. Мысалы, б-п к-г ҳ. т. б.

**Контроль сораўлар:** 1) Даўыссыз фонема деген не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Олардың жасалыўында қандай өзгешеликлер бар?

3) Даўыссыз сес пенен фонеманың қандай өзгешелиги бар?

4) Даўыссызларды қандай белгилерине қарай классификация жасаймыз?.

5. Магнитофонда тыңлап жасалыў, қолланыўдағы өзгешеликлерин көриң хәм дәлийллеп бериң.

**20-шынығыў.** Берилген мысаллардан даўыссызларды жасалыў орнына, жасалыў усылына, даўыстың қатнасына, ауыз хәм мурын қуўыслығының қатнасына қарай бөлип топлап алың, анализлең олардың бир-биринен-айырмасын дәлиллеп бериң. Схемаға түсириң.

1. Басқа артық аспай сөзде болған жоқ. Ыңырсыған султан ақлығының қолларын сыйпалап узақ жатты. Буннан кейинги сөз султанның үш баласына қаратылды.

— Тынахмет!—деди әллен ўақытта аға султан—Жас жағынан да, бас жағынан да басым көринген перзентим един. Елдиң ендиги бийлиги сениң қолыңда. Хеш ким өз перзентин ала-қула деп минемес болар. Бесеўиниз де маған бес саўсағымдай белгили едиңиз. Мухаммед мықлы болмағаны менен ақыллы еди. Бирақ ол арамызда жоқ. Жайы жәннетте болсын. Есиңде тутагөр, балам. Ел басқарыў деген есерлик емес. Адам баласы күштен көре ақылға көбирек бағынады. Халықты ақыл менен басқарғандай азамат бол. Жақсы, жаман ўағымда да жанымда болып един. Сеннен жаманлық күтпеймен. Ел деп жуўыратуғын ер көкиреклигиң бар. Соған исенемен. Инилериңниң көпшилиги салқын саяда жүрип саятлықта күн кеширеди. Аўырманлықты билмейтуғын тентеклеў болып шықты. Таплап тәрбия бере алмадық. Ушсаң қанатың, қонсаң қуйрығың болар. Жақсылап тәрбияла!

Орысбек! Жүреги ер көкирек от болғаны менен кемпир асыраған бала. Тентеклиги басым. Ойсызлық етип аңғытқа шаўып жүрмесин. Асаў ат жүре дүзеледи. Нуратдийинлик мәнсап соныки!

Тыныбай! Төрт баланың ишинде де тәкаббырлаў болды. Аңға таласқан түйғын сыяқлы иши тар, ашыўшақ. Талас тартыстан да тайынбас. Тахтқа таласқан султан оңбайды. Бул әдетин тасласын. Бир күнде Бүркит болып кеткен мыйқы жоқ. Арыслан болып кеткен көпек жоқ. Ағалары менен инақ болып жасасын. Кейқабудлық мәнсап соныки!

— Балаларым! Бәрхә есиңизде болсын! Тегис жерге тарыдай төгилип, жүўеридей жумалап кеткен елимиз. Тутқасы жоқ есиктей бирден тайғанақлап ашылып кеткенди қойың. Ел ушын ең керек нәрсе—аўызбиршилик. Урыс-қағыс бола бергеннен де пайда жоқ. Түби айланғанда татыўлық керек (**К. Мәмбетов**).

2. Заманлар артынан өтти заманлар,
Келди жаңа әўлад-жаңа адамлар,
Олар биздей көмешине күл тартып,
Осамаслық етпес, инсапты аңлар.
Олар! тек те өзим болайын» демес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Дәўран келди, ҳәзлик қурайын» демес,
«Өзимниң шөллерим суў ишсе болды,
Теңизлер қурыса илайым демес.
Тек өзи жасаған жерин ойламас,
Тек өзи шомылар көлин ойламас,
Бийик минберлерден ғамхорсып сөйлеп,
Тек өзиниң көрер күнин ойламас...
Көрди олар не ис болып атқанын,
Шалқар теңизлердиң кеўип атқанын,
Талан-тараж болып дәрья суўлары,
Пайдасыз қумларға сиңип атқанын (**И. Юсупов**).

3. Рахмет саған, Кузьма!—деди Овчинников, биринши болып қол жуўыў ушын орнынан қозғалып.—Тап өлшеп асқандай стипсең. Ҳеш нәрсе болмайтуғын түри бар.

— Шынында да, шамалап асып едим, Явлампий Ерофеевич. (**М. Кожевников**). 4. Царское село 1700-жыллары ойлы-бийикли көк тоғай жер екен... Буны Петр I генерал-губернатор А. Д. Меньшиковқа сыйға берген, 1710-жылы ол патшаның ҳаялы Екатерина Алексееваның атына жазылған. 1718-жылдан баслап биринши рет тастан сарайлар салына баслаған. Ол алты жылға созылған.... 1724-жылы бул жерде үлкен байрам салтанатына Петр I қатнасқан. Усыған байланыслы ол жер Царское село (патша аўылы) деп атала баслайды *(Қ. Исмайлов)*.

## ДАУЫССЫЗ ФОНЕМАЛАРДЫ ТӘКИРАРЛАЎ УШЫН МАТЕРИАЛЛАР

**21-шынығыў.**

Дәўирдиң айқынлығы мениңше сонда, бизиң елимизде биринши болып социализм дүзилди. Бул өзине тән болған шараятларда пайда болды, 1930 жылдан баслап СССР да жумыссызлық пүткиллей сапластырылды. Мәмлекетте қүдиретли индустрия дүзилди. Мәдениятттың жаңа тармақлары пайда болды. Жергиликли интеллигентлер жетисип шықты. Дүньяда биринши рет антогонистлик жәмийетте әмелге асырыўға мүмкин болмайтуғын жәмийетлик проблемалар шешилди (**Жас Ленинши»**).

2. Өмирим, қызған пайыты сениң базарың
Қара бастың ғамын ойласам болмас.
Ондай әлетим жоқ, жоқты ҳазарым—
Бирди қыйнап турып тойласам болмас *(Ж. Избасқанов)*.

3. Муғаллимниң, оқытыўшының, тәрбияшының ўазыйпасы ҳақ нийетли ҳәм жуўапкерли ўазыйпа. Басқа бир де бир қәнийгелик бундай әҳмийетли жәмийетлик мақсетке ийе емес ҳәм олардың бир де бирсўине де бундай жоқарғы талаплар қойылмайды. Сизлердиң мийнет еткен ҳәр бир күниңиз сабақларыңыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың ҳәр бир сааты, ҳәр бир лекцияңыз, жаслар менен ҳәр бир ушырасыўыңыз творчество менен, жоқары руўхый күш пенен, бул иске өзин толық бағышлаўға байланыслы, өз исине терең берилгенликке, балаларға болған сүйиспеншиликке, жаслар ҳаққында ғамхорлыққа байланыслы. *(Халық билимендириўи хызметкерлериниң Пүткилсоюзлық съездине КПСС Орайлық Комитетиниң қутлықлаўынан).*

4. Хош, теңиз, сүйиклим! Жаралы жандай,
Өлим ҳалатында урасаң ҳаллас.
Мениң қайғым амфибия адамдай,
Сенсиз қырда жасап саўа бола алмас.

Сени сум әжелге еткен гириптар
Үш жаўыз қылмыскер еле де жасар.
Ҳешўақ қолға түсип сотланбас олар,
Ҳеш прокурор оған айып таға алмас *(И. Юсупов)*.

**22-шынығыў**. Келеси ҳәптениң планын бекитиўге арналған мәжилисти анық ҳәм нәтийжели өткериўди еске алып, есап бериўдиң есап-планын ислеп шықтық:

1) Сиз баслаған коллективте өткен ҳәптеде не исленди?
2) Не исленбеди ҳәм не ушын?
3) Жумыс үстинде өзлериңизде қандай қыйын жағдайлар ушырады, оны қалай жеңиўге болар еди?
4) Сизиң усынысыңыз, ескертиўиңиз, өтинишиңиз, кеңесиңиз?
5) Келеси ҳәптедеги не планыңызды айтып бериң?
6) Өткен ҳәпте ҳәм келеси ҳәпте туўралы өз пикириңизди айтың?

Бул туўралы шығып сөйлесиўлер ушын тек үш минуттан артық ўақыт берилмей, ҳәптелик планды талқылаў жигирма минут ишинде тамамланар еди **(М. П. Щетинин)**. 2. Лекин басқа умытсы да баяғы пинҳамы тапсырманы Турым бий умытпаған болып шықты. Мыржыққа бес-алты кәтқудаларын жиберди:

—«Ашыў-араз, ақыл-дос» деген. Енди сизлер бир-бириңизге деген өкпеңи қойың. Әжағаң да сени кеширди.... «Еки түйе қағысқанда, арасында мың шыбын өледи»—деген гәп бар. Сол айтқандай сизлердиң екеў-ара өкпеңизден, халық қайсыңызға боларын билмей, жәбир шеге бермесин. Сонлықтан Мыржық, сенде бир ашыўыңды халыққа бер. Екеўиңиз жарасың?—дейди.

— Ҳаў, ағажам кеширген болса, бизики әнтеклик болар, деп Мыржық орнынан турыў менен болады) *(А. Садықов)*.

3. Бири-Әмиў, бири-Сырдан суў ишип,
Қос душпанды қосылысып қуўысып,
Бир мақсетке белди беккем буўысып,
Туўысқан қаналас қазақ-қарақалпақ
**(А. Тоқмағамбетов)**.



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. КПСС XXVII съездиниң, Пүткилсоюзлық XIX партия конференциясының қарарларын турмысқа асырыў бойынша қызғын жумыс жүрип атыр. Экономикалық реформа ен жайдырылмақта (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

## БУУЫН.

**23-шынығыў.** Тексттеги сөзлерди буўынға бөлип көшириң. Тилимиздеги сөзлерди буўынға бөлиўдиң принциплерин айтып бериң.

Үстиртке ҳүжим басланды. Бул коммунизмниң байлығы ушын коммунистлик атланыс. Үстиртке тек нефть ушын гүрес баратырған жоқ, соның менен бирге шөлистан саҳрада жаңа өмир орнатыў қолға алынды. Қүдиретли ўатандарлық техниканы көрип:—Мен жеңилдим,—дейди саҳра шегинип баратырып ериксиз. Талай жыллар алтын сайдығын қойнына қымтап келген Үстирт ҳәзир бизге гүллән байлығын усынбақта.

Ол бүгин советлик жаңа адамды көрди. Байтерек ҳәм Тереңқудықта жаңа қала орнады. Үстиртте Ильич нурлары жарқырайды. ...Қаймықпас, жигерли нефть изертлеўшилер шөлистанның түпкир-түнеклерин қалдырмай тинтип кетти (*Ғ. Сейтназаров*).

Маймыл сулыўман деп ҳәдден асыпты,
Қәпелимде айна бетин ашыпты,
Ол өзиниң сықылынан жеркенип,
— Не бәле!—деп тапырақлап қашыпты,
Журттың өзи баҳа берер исиңе,
Сын тақпастан бурын әўел кисиге,
Көпшиликте белгилеп өз орныңды,
Айна менен бир қарап қой түсиңе (*Т. Жумамуратов*).

Тәбиятқа биз бе, сиз бе, кимниң туўылыўынан парқы жоқ, ол бирақ ҳәр биримизди, көзге көринбей жасырын түрткилеў арқалы өмирдиң болыўын талап етеди. Өсип-өнип, ержетип үлгерместен басына ышқы машқаласын салып қояды. Кеше ғана ойыннан қолы босамай жүрген ер балалар менен уялшақ қызлар демде өзгерип қалады. Олардың қыялын жалғыз ғана бир нәрсе бәнтлеп алады. Буны муҳаббат дейди (**«Әмударья»**).

**24-шынығыў.** Төмендеги гәплердиң ишинен бир, еки, үш ҳ. т. б. буўынлы сөзлерди алың, қарақалпақ тилиндеги буўын системасын анализ етиң.

1. Ленин сәлемлести; сонда да Орджоникидзе оны танымады. Оннан соң Владимир Ильич кеўилли түрде оның ийнинен қақты (**А. Кононов**).

2. Талант—қыйыншылықтан өсетуғын нәрсе. Ол сезгир ҳәм мийирманшыл келеди. Бағман өсимликтиң өсиўине тосқынлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасайтуғын барлық нәрселерди қыйып таслайды, сөйтип оның тийкарына, өсимликтиң өсиўине мүмкиншилик беретуғын нәрселерди алып келеди. Әдебият критикасы тиккелей, өткир болыўға шақырылған, бирақ оның қуралы—тек ғана бағманның қайшысы емес (**К. Федин**).

**25-шынығыў.** Тексттеги сөзлерди буўынларға бөлиң, қарақалпақ тилиндеги буўынның түрлериниң қандай болатуғынын айтып бериң.

Жыллар жуўмақланып атыр. Бул тәбийий закон. Ҳәр жылды жуўмақлаған сайын Ленин орденли автономиялы республикамыздың келбетине сүйсине көз саламыз. Оның саўлатына—саўлат, көркине-көрк қосып атырған оғада әпиўайы, бирақ айрықша мийнеткеш адамларымызға деген жүрек муҳаббатымыз бәринен де бөлек. Оларды өз дәстанларының қаҳарманы етип жырлай билген шайырларымыздың уллы бахытының өзи де айрықша!

Бир мәҳәли Вамбери кесип өткен «қулан жортпас қула дуз» —Үстиртте ҳәзир Комсомол қаласы бой дүзеди. Келешек байлықлардың айқын гүўасындай талай зәўлим вышкалар аспанға бой созды.

Шаңғытқан Шоманай, партаў «Қырққыз», саҳра Жаңадәрья адамлардың қолынан қайта дөреп, камалға келди, көрки көз тартатуғын қалалы аўылларға айналды. Өриси толы жайлаўға, қушағы толы «ақ алтынлы» елатқа өзгерди.

Қула далада республикамыздың жас пайтахты гөззал—Нөкис жылдан-жылға қанатын кең жайып, әжайып қала болып киятыр.Талай өндирис орынлары, мәдений мәкемелер халық ийгилигине айналды. Нөкис—соның менен бирге илимпазлардың да қаласы. Онлаған илим докторлары, жүзлеген илим кандидатлары бар. Университетимизден ушқан қарлығашларды елимиздиң көпшилик қалаларынан, республикаларынан ушыратыў мүмкин.

Республикамыздың келбети жылдан жылға жаснап, жаңарып баратыр. Ол өзиниң Октябрь перзенти екенине ырза, усы перзентлик парызын орынлап та киятыр.

Жаңадәрья, Аспантай, Зайыр усаған жайлаўлардың өриси толы мал.

Пиллекешлеримиз бенен салыкешлеримиздиң де аўыз толтырып айтарлықтай нәтийжели мийнет жоллары көз алдымызда тур (**Ғ. Сейтназаров**).

**26-шынығыў.** Төмендеги буўын модельлерине сәйкес сөзлер дүзиң, кейин нализлең, тилимиздеги сеслердиң буўын дүзиўдеги орнын анықлаң. (Даўыслы-д, даўыссыз-дс).

д+дсд, д+дсддс, дсд+дсд, дсддс+дсддс, дсдсд+дсддс, ддс+дсд, дсдсд+дсддс, дсддсдс, дсдсддсдс.

Бир фонемадан дүзилген буўын,

Еки фонемадан дүзилген буўын

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш фонемадан дүзилген буўын
Төрт фонемадан дүзилген буўын
Бес фонемадан дүзилген буўын модельлерин табың.

## ПӘТ

**27-шынығыў.** Текстти көширип жазың, пәттиң қайсы буўынға түсип турғанын көрсетиң, тийкарғы пәт пенен көмекши пәтти анықлаң, пәт түспейтуғын буўынларды таўып, не ушын пәт түспейтуғынын дәлиллең.

1. В. И. Ленин хызметкерлерди үйрениўде—оның хақ кеўил, кең пейиллигин, сиясий жақтан жетискенлигин, исти меңгере билиўшилигин, жумысты басқара алыўшылық уқыбын есапқа алыў керeклигин ескерткен еди (**«Совет Қарақалпақстаны»**). 2. Адамның жаслығы әжайып, қулпы дөнген бәҳәрге тән, оның барлық искерлигиниң, күш-жигериниң ең бир тасыған дәўири (**В. Г. Белинский**). 3. Халықтың тили—оның таўсылмас байлығы. Оның сөзинде мың жыллап жыйналған ҳәм жасап киятырған ойы менен тәжирийбесиниң таўсылмас гәзийнеси бар (**М. Шолохов**).
4. Қанжар қыннан шықпаса—тат басады,
Жигит үйден шықпаса—ет басады (Р. Гамзатов).
5. Өнер үйрен, себеби өнерде көп сыр,
Жабық есиклерди ашар бирме-бир (**Низамий**).

## ИНТОНАЦИЯ

**28-шынығыў.** Берилген мысаллардағы гәплердиң бир-биринен интонациялық айырмашылықларын түсиндириң.

1. —Даўысыңның барынша бақырып мына сөзди айт!

— «Ҳәр бир елаттың қазыўшылары өзлериңиздиң мурабыңызды өлтирип болып, қазыўды таслап үйлериңизге қайта бериңизлер! Ханның ҳәмири усылай!»—деп жар салып атыңды сабалап, шапқылап өтебер. Көп күнлерден берли үйлерине қайта алмай, қазыўдың азабын көрген қазыўшы адамлар өзлериниң мурапларын өлтирип болады да, қазыўды таслап қашады. Сен өлимнен аман қаласаң, ал сениң ким екениңди ҳеш бир адам танымай қалады... Қыз усылай деди.

Жигит күлди, қыздың ақылы оған күш-қуўат, дәрман береди. Тап солай етип астындағы атының бир жағын аппақ бояўға, екинши қапталын қоңыр бояў менен бояп шықты да, жар салып қазыўшылардың арасы менен шаўып өтти де, қашып кетти.

— Қазыўшылар болса, қырқ ешекли мурапларды өлтирип болыўы менен қазыўды таслап тум-тусқа, аўылларына қарай қашып тарқасты.

Ханның адамлары бул жағдайды тексерди:

— Жар салып өткен қандай атлы?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ақ атлы адам...
— Олай емес, қоңыр атлы адам.
— Қызыл атлы емеспе?
— Жоқ, қоңыр атлы адам еди...

Адамлардың көпшилиги «қоңыр атлы адам» дей берипти, бирақ та ол адамның ким екенин айта алмапты...

— «Қоңырат» сөзи усылай келип шыққан. Усымандағы елатларда қоңыратлы болып атапыпты. Қаланың аты «Қоңырат» болыпты...—Усы «қоңыр ат» тан келип Қоңырат қаласының аты пайда болыпты... 1990-жылда-Қоңырат қаласының пайда болғанына бес жүз жыл, Шымбай қаласының пайда болғанына үш жүз жыл толады, шырақларым.—Қазыўдың тарийхы—бул адамлардың өмириниң тарийхы ғой,—деди Бекмурат ата. **(Т. Нәжимов).**

2. — Хә, жүўернемеклер сениң... жүўернемеклер! Жуўырың қаңғы бас әкеңизге... Қысы менен азық болатуғын нәрсе әкелген шығар сизлерге?!... Хаў, сизлер де барың... сизлер де!... деп жумыслары менен болып атырған Әйеке менен Хурлиманды да, жазықсыздан-жазықсыз түйип-түйип жиберди...—О, неси—Әй, түўе! Аштан өлетуғын тек бизлердей... Кешеден берп қаңғып келгени аздай. Қаўын қарақшыдай тура бергени неси, зиңирейип?!

— Енди несине шыжа-пыжа боласаң?... Болары болыпты ғой! Усы көрпениң орнындай ғана жер саған ырысқы-үнем бола ма?! деди Бердақ.

— Қарқ!... Басқа жақта танап-танап егиниң бардай?!—деди ашыў менен Байытхан **(А. Садықов).**

3. Өз-өзиңди мақтай көрме көпирип,
Қурғақ мақтаў тек дәбдебе өтирик.
Мың-мың жыллап мақтамай-ақ сулыў ғой
Көзди тартқан таўыс пенен кекилик **(С. Пиржанов).**

4. Унатаман суўларыңның,
Сылдыр-сылдыр ағыўын,
Пәрўаз еткен қусларыңның,
Қанат қағыўын,
Бәхәр нәзлы күнлериңниң,
Алтын сағымын,
Сени булай сүйиў маған,
Сезилер тегин,
Кишкентайдан тайдай шаўып,
Жуўырған жерим,
Сен бир жатқан узақ мәнзил,
Кеўиллер уғар,
Сен бийиксең өмир сени,
Аймалап ағар,
Дәўран саған жылўа етип,
Бир қыя бағар,
Көпти көрип көп жасаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўылған жерим,
Ойланып бир тарқатайын,
Кеўилдиң шерин (**С. Пиржанов**).

**29-шынығыў.** 1) Тилимизде қандай буўынларға пәт түспейтуғынын дәлиллең, мысаллар менен көрсетиң.

Үлги: бетлик жалғаўларына пәт түспейди, ал пәт оның алдындағы буўында болады. Мысалы, бизиң халқымыз дослықты қәдирлей биледи. 2) Текстти алып магнитофонға жаздырың ҳәм тыңлап пәтли буўын менен пәт түспейтуғын буўынның айырмашылығын көриң.

## СИНГАРМОНИЗМ

**30-шынығыў.** Мысаллардағы сөзлердиң түбири менен аффиксиери арасындағы гәрезлиликти анализ етиң, сингармонизм нызамын дәлиллеп бериң.

1. Илимпазлардың изертлеў тараўында жаңа усылларды қолланыўының нәтийжесинде Жердиң жасы төрт миллиард бес жүз миллион жыл болыўы керек деп анықлаған. Химия бойынша Нобелев сыйлығының лауреаты, Канада докторы Лайнус Полинг: «Күнине бир пачкадан шылым шегетуғын ҳәр бир адам өзиниң өмирин 8 жылға қысқартады, ал күнине еки пачкадан шылым шегетуғын адам өзиниң өмирин 18 жылға қысқартады», —деген (Газетадан).

2. Өсип-өрлеп баратырған турмыстың дос өзине сәйкес талап ҳәм тилеги күшли болады ғой. Наўқарағай нар қамыстай ырғалысқан Қоңыраттың ушы-қыйырсыз ақ тереклери аспанды нәзерлейди. Олар тек өсип өрлеўди, беккемлениўди ғана биледи. Олар күн узамай ийин тирескен саўлатлы арғытларға айланып, теңиз ҳәм шексиз Үстирт жолындағы ески тарийхлы қаланың пәтли өндирис қушағында қайнайтуғын ертеңги өмирин желпип, оған сән-салтанат берип турмақшы (**И. Юсупов**).

**31-шынығыў.** Текстти көширип сингармонизм нызамына бағынбайтуғын буўынларды қарап анализ етиң, дәлиллең.

Алған-алғандики, усы күнлер төгинди не шақлым көп төгип қалсаң, исиң, раўаж... Арбакештиң қасындағы, қойып тур, Мәдиярға усайма!? (**Ш. Сейтов**).—Ҳәзилпаз адам екенлигиңизди әўелден-ақ сезген едим,—деди ол (**А. Халмуратов**). Гүлзийра пиллехананың қасында көленкеде қалған бир қосыўыстай пиллениң үстинде жыбырлап жүрген наўқан қуртларға көзи түсти (**Н. Дәўқараев**). Ел тозған емес, жемисли елге айланар, жән-жағына жаў кеместей таў-тастан қорған салынар, себеби бир кәлата ел усы арманларын өзлериниң дилўар-шешен кең пайтахт Рус елине айтып жибереди (**Т. Қайыпбергенов**). Қудайберген Дәўлетбаев аўылдан келип, қаладағы кишкене санаат кәрханасына



www.ziyouz.com kutubxonasi

жумысқа орынласты. Қәрхана ағаштан зат ислеп шығаратуғын еди (Ә. **Тәжимуратов**).

**32-шынығыў.— тапсырма.** паз, хор, хана, стан, кеш, ат, дар, кер, гер, гой, ники аффикслери жалғаныи жасалған сөзлери бар гәплерди әдебий шығармалардан тауып, көширип жазың, бақлау жасаң.

Үлги: 1) Командир Нөкиске келип, жарадарларды кеселханаға жатқарды. 2) Аттың жылаўынан услап, мойнына еки-үш шаппат урды да атханаға қарай тартты (**С. Хожаниязов**).

## АССИМИЛЯЦИЯ

**33-шынығыў.** Текстти оқың, сөздиң ишиндеги ҳәм сөз бенен сөз арасындағы ассимиляция қубылысын анықлаң.

Ҳақыйқат күште емес, күш-ҳақыйқатта (**В. Катаев**). Қус ушса қанаты менен (**нақыл**). Билим алыўдан қорққан адам— қурыған адам, ол кери кеткенлик (**А. И. Герцен**).

Урыста мылтық керек, өмирде билим керек—
(**Н. К. Крупская**).

Жанымдай сүйемен, мийнетим, сени,
Тек өзиң камалға келтирдиң мени,
Сен—өнерим ҳәм жемисим, қуралым,
Өзиңнен аламан, гөзлесем нени (**Н. Жапақов**).

Қудайбергенниң әкеси Әжимурат шабандоз, туўды—питти Қанлы көлдиң турғыны еди (**К. Мәмбетов**).

— Буның ҳақы тоғай тал, жәнеўит.

Бул тоғайда жәнеўит те молшылық еди. «Шымшық сойса да, қассап сойсын» дегендей-ақ, Қудайбергенниң еле бул өнердиң тилин билмей атырғаны. Ол балтасын алып тоғайға кирип кетти де бир қушақ жәнеўит сүйреп келди. Шолпыны ҳәддине келтирип, дәрья бойына қарай әкетти (**К. Мәмбетов**).

**34-шынығыў.** Сөзлерге сәйкес аффикслерди жалғаң. Не ушын солай болатуғынын дәлиллең.

Январь (дың-дин), танк (лар-лер), синтаксис (та-те), институт (ке-қа), театр (ға-ге), акт (қа-ке), конспект (қа-ке), клуб (қа-ке), парқ (қа-ке), пункт (тан-тен), октябрь (ға-ге), бокс (тан-тен), парк (тан-тен), педагог (ке-қа-ге-ға).

**35-шынығыў.** Сөзлердеги сеслердиң бири бирине тәсир етиўин анықлаң.

1. Бәҳәрги **егисин** әнжамлаған **дийханларымыз** пахта, салы, мийўе ҳәм палызларының тәрбиясына кирисежақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Билеги күшли бирди жығады, билими күшли мыңды жығады (нақыл).

3. Өз үйинде от жанбаған адамның—Жүрегинде оты бар деп инанба (**К. Рахманов**).

4. Гей **гезлери** кеўил деген өседи екен дырдай **боп**, Гей гезлери өмир деген **шығады** екен сырнай **боп** Тырмышланған аўыр жүгин тарталмасаң турмыстың, Ҳәп заматта таслайды екен бәринен де журдай **ғып** (**Т. Жумамуратов**).

5. Илим-ҳикмет жоқ жерде ҳәмме ўақыт зулымлық күшли болады. Халқымның тәғдирине ашынаман. Саҳрада мал бағып жүрип, Наўайы менен Хафыздың бир бәйитин еситип көрмеген бул бийшаралар, алла-таала адамларды «бахытлы» ҳәм «бахытсыз» етип еки тайпада жаратқан. Бахытлысы—байлар, бахытсызы—кембағаллар, соның ушын да байлар кембағаллар үстинен қаншама зулымлық жүргизсе де, шыдаўы тийис деген пикирге исенеди. Оларға ҳақыйқатлық деген илимди үйретиў ушын еле көп жыллар барға усайды (**К. Мәмбетов**).

6. Шоқарықты қазсақ, еки бойындағы тың жерлерге егин егемиз. Оның келешеги үлкен. Аўылдың ортасынан ағатуғын Майжанғы Шоқарыққа тутастырамыз (**К. Мәмбетов**).

7. Аздан соң төрт көз түўелленип, от жағылып, үйдиң иши жақтыланды. Келген қонағымыз он үш, он төртлердеги рус баласы екен. «Бизиң үйде не қылып жүрген бул. Қаттағардың бойындағы уральскийлердиң балалары шығар» деп те ойладым (Ш. Сейтов). Алыстан ашкөз шағаллар шуўласып, ботасы өлген әрўана түни менен бозлап шықты. (**Ш. Сейтов**).

8. Худайбергенниң уйқысы келмей шаңыраққа қарап жатыр. (**С. Хожаниязов**).

**36-шынығыў.** Сөз бенен сөз арасындағы, сөз бенен аффикс араларындағы сеслердиң бир-бирине тәсир етиўин анықлаң. (Илгерили тәсир, ямаса кейинли тәсир екенлигин көрсетин).

1. Жағымлы сәўир самалы ғаррыға сергеклик әкелип, кеўлин көтергендей болды (**И. Юсупов**).

2. Ўатанына ең қыйын минутлар туўған ўақытларда оның ең қыйын ислерине қол урған адамды ғана патриот деймиз (**П. Павленко**).

3. Шегинип бәри де, көнбеди шөлге ҳеш! Кел, Адам... Мен—Үстирт (**Ә. Тәжимуратов**).

4. Быйылғы гүздиң өзиншелиги ҳәм ерте, ҳәм суўық түстен кейин суўық шамал турып, ҳаўаны булт қаплады да, кешке таман қар жаўыўға қарады (**Т. Қайыпбергенов**).

5. Пахтаға буннан басқалардың басы айланбайтуғындай, пахта жалғыз өзиниң арқасында пахта болып турғандай, миннети бир арқа, бадабаты жер жарады (**И. Нийетуллаев**). 6. Қар бир жаўса, терек еки жаўады (**Нақыл**). 7. Алыс пенен жақынды жүрген билер, ашшы менен дуșшыны татқан билер (**Нақыл**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

8. Улыўма мен муҳаббат—сүйиўшилик деген нәрсениң тек қызғанышынан ибарат, жан азабы екенлигин де сол сапары түсингенмен.. .9. —Тилиңнен айнанайын, тили жаңа шығып киятыр еди-аў, өзиниң шүлдирлеп,—деп анам жаўлығын жөнлеп, төрге шығып отырып: «жоқпа екен?» дегендей сораўлы нәзери менен маған қарады. —Табалмадық, апа,—дедим мен (**У. Пиржанов**).

**37-шынығыў.** Қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң түбири менен аффикси арасындағы сеслердиң бир-биринен қалай. қайсысына тәсир жасап турғанын қараң. Тәсир етиўдиң қайсы түрине жататуғынын дәлиллеп бериң.

1. Алғысты көп алған **көгерер** гүлдей,
Гүлдиң мәўсиминдей дәўран **табылмас**,
Ғарғысты көп алған үгилер күлдей,
Қул орнынан қайтып бостан табылмас. (**Мақтымқулы**).

2. Оқытыў-тәрбиялаў процеси деген не? Ол-илим, шеберлик искусствосының қосындысынан ибарат (**В. А. Сухомлинский**).

3. Мен бул күнде саз-сәўбетти умыттым,
Илим дәрьясына түстим, **қунықтым**.
Алдымда турса да бийик Гималай,
Өтпек ушын **қыйынлыққа** шынықтым.
Ҳәммелерде мақсет те бар, мурат та,
Ҳәм жаман, ҳәм жақсы дүньяда зат бар.
Бул дүньяда еркин болып ойнаған,
Адам, инсан деген ең ҳасыл ат бар.
Ҳасыл алтын, гәўҳар маржан көлинде,
Гүл **көгерген**, мийўа өскен жеринде,
Мақсет пенен мурат излеп бунда кел,
Дүньяның байлығы Совет елинде (**А. Шамуратов**).

4. Хийўа ханының әскерлери Айдос қаладан, Қара ой елатынан 1822-жыл шамасында көп жылқыны айдап кеткен. Бул **зорлыққа** шыдай алмай Мыржық, Бегис баҳадырлар өз **жигитлери** менен Қызылқумды, соңынан Қаратаўдың кесе белинен кесип өтип Таллыжағыста душпанның изинен жетип, урысады. Урыста жеңип, көп жылқыны кейин айдап қайтады. «Мыржық, Бегистиң жылқы айдаған сүреўи» деген соннан қалған (**Ә. Тажимуратов**).

## СЕСЛЕРДИҢ ҚЫСҚАРЫЎ, ТҮСИП ҚАЛЫЎ, ҚОСЫЛЫЎ ҲӘМ АЛМАСЫЎ ҚУБЫЛЫСЛАРЫ.

**38-шынығыў.** Текстти оқып, сөзлердиң сеслердиң қысқарыў, түсип қалыў, қосылыў ҳәм алмасыў қубылысларына итибар бериң, анализ етиң, себеплерин айтып бериң.

1. Қарақалпақ елине мийман болып моңғол жаслары келген еди. Сол рет дәстүрге сай дослар хызметинде, дәрья



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойлап саяхат етип кеттик (**Р. Дүйсемуратова**). 2. Талантты халық арасынан излеў керек. Дәстан не дерин билмей қалды. Кеўили бир түрли елжиреп кетти (**Ә. Атажанов**).

3. Билим—келешектиң талмас қанаты,
Билим—дәўиримиздиң сән-салтанаты,
Гүреслерге сапар билимсиз болмас,
Өмиримизде бәҳәр билимсиз болмас,
Мектеп қушағында билимге талпын,
Ертең азамат деп ардақлар халқың! (**Әмиўдәрья»**).

4. Республикалық ҳәм районлық халық қадағалаў комитетлеринен тексериў келди. Совхоздың қурылыс жумысларының жағдайы менен танысты. (**Қ. Жуманиязов**).

5. Гүмисбектен хабар бергениңе рахмет, атың ким?—деди күлимлеп Өтеп... Ақ боз атлы қызыл командирдиң бул айтқан гәплери қала мийнеткешлерин үлкен руўхый күшке, қуўанышқа бөледи.... Өтеп мардикарға алынып, оннан қызыл армияға жаўынгер болып келген қоңыратлы азамат... Абылланың сексеўилли сайда қонып шыққанына бүгин бесинши күн. Хаўа райы әзгере баслады...—Түркменше жақсы сөйлейсең гой,—деди жасы үлкени атынан түсип, арғымағының мойнына асылып турып... Кешки аўқаттан кейин үйге сыймайтуғын болғанлықтан Ғарлылардың бир қатар жигитлери сыртқа төсек салып жатты... Қум бораны күни-түни тынбады... Қудықтың ишки дөгереги таслақ болғанлықтан Абылланың сыртқа шығыўы онша қыйын болмады...—Ғайрат салды, мениң хызметим де аз болған жоқ... Адамға адам усайды. (**Ж. Сапаров**).

6. Мәлим болғанындай-ақ, тезлестириў проблемасын шешиў адам факторын активлестириўди, идеологиялық жумысларды күшейтиўден, кадрлардың ҳәр бир рабочийдың ҳәм колхозшының сана-сезимин психологиялық жақтан қайта дүзиўден басланады. (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

## ОРФОЭПИЯ

**39-шынығыў.** Тексттеги сөйлеў тилине тән қәсийет пенен жазба тилдеги қәсийеттиң парқына сер салып, дурыс қолланыў жолларын тилимиздиң орфоэпиялық нормасына сәйкес дәлийллең.

1. Мәскеў-Макария жақтан көтерилген инқылаб даўылы Өтешордың жийегине жайласқан алақандай аўылды да таса қалдырмады. Шекпениниң[1] шалғайын мәделиге қыстырып түнде ойын, күндиз күлки қуўып жүрген жас өспирим жигитти бул даўыл слең еттирди.

Нөкистеги гезерменге келип қызыл әскерликке жазылды. Журт қатарлы бул да дегелейине жулдыз тақты, қолына бесатар берилди. Бирақ, бесатар да, жулдызлы берик те буған пайдалы болмады. Гезерменниң үлкен нашаллиги үш күннен соң буларды тарқатып жиберди. Мәнисине түсинген бул жоқ, өзин



www.ziyouz.com kutubxonasi

«ешеги жорғаламаған»ға санап, наразы кейинпе ауылға қайтты. Дәрўазақумнан өткенде-ақ қаралы хабар күтип алды: «Тазғарада Шымбайға кеткен қызыл әскерлер қапылда қырғынға ушырапты...» (А. Халмуратов).

2. Толыбай тасмаңлай, Алламурат шағал дегенлер биринши кәмпистен қалды ма, Қунназар ата?

— Ҳаўўа, ҳаўўа, әстапыраллааа!

— Екинши кәмпистен сызылды ма?

— Ҳаўўа, ҳаўўа!

— Нағайбыл Әллекимов деген хат әкеп берди ме?!

— Оны бизге әкеп берди, бизге!—деп тесирейди Есбергенге Сайымбет, сен өзиң, үйиң жаңғыр, ишли-тыслы болып кәримизди нелеп-ақ жүрген екенсең дә... (Ш. Сейтов)·

3. Дийханлар беллерин ийинлерине салып қайтадан «Боз жерге» қарай кеңнен адым урып, жүрип кетти (С· Баҳадырова).

4. — Кийим керек болса, сотқа бер. Сот арқалы аласаң.

— Сен неге олыясаң?—деди оған Таўмурат. Өншең суўжүреклерге тап болыппан-дә! Қәне, машынды қатты айдайсаң ба, жоқ па?! (Ә. Атажанов).

*

**40-шынығыў.** Текстти оқың, айырым даўыслы, даўыссыз фонемалардың айтылыўына итибар бериң. Сеслердиң бир-бирине тәсир етиўиниң еситилиўи менен жазылыўын байқаң.

1. Гейбир адамлар бар, олар менен жақын дос болсаң, көўлиңе қайғы орнатып, дeнеңди жылан ништериндей зәҳәрлейди: ал базы бир адамлар бар, олар өзлериниң минезлериниң бир қәлиплилиги менен басқалардан гүлли айырылып турады да, сөйлеген сөзлери менен тәсир етип, өзине питкен минез-қулқынан, жүрис-турысынан, ҳәтте аяқ басыўынан ҳәммеге нәр тартады: жаманлар жақсыны көрип азғантай болса да жақсы қәсийетлерге үрдиселене баслайды, соның ушын да даналар: «Алма алмадан шырай алады» дейди. «Өсетуғын жигиттиң етек-жеңи кең келеди» дегендей, Нурполат та сондай жақсы адамлардан еди.

Дәли Изтилеўович звонить еткенде трубканы секретар-машинистка ҳаял алды. Ол директорды областьлық партия комитетиниң бөлим баслығы қыстаўлы түрде шақырып атырғанын Нурполатқа хабарлаў ушын жылдам төменги қабатқа түсти ҳәм оның трубина цехының орайлық щитиниң машинисти менен сөйлесип турғанын көрип гилт тоқтады да: «Бәлениң бәри бурынғы директорда, көрдиң бе оның Нурполатты мисе тутпай, еле бала деп, сәл-пәл қаттырақ сөйлегенин кек тутып: «Өшимди қәйткенде алар екенмен» деген нийет пенен тек өзиниң жекке мәпиниң қыры ушын кейнинен қалмай жүргенин! Итимал, ол өз дәртин айтып тағы барған ғой шамасы, болмаса неге обком бөлим баслығының даўысы қаталырақ шықты? Уәй, бир селтең үрдиске үйренип кеткен адам ҳеш ўақытта өзинше жаңалық ойлап таба



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмайды .Ал, Нурполат ше? Ол оны өзиниң хош минәйим минез-қулқы менен-ақ жеңеди. Әй, «Ғауғасыз бас болмайды» деген, ким болса да жаңылысады ғой. Егер де Нурполат та жаңылысса, лекин мийримли адамның қәтесинен үлги аласаң, себеби оның алжасыўында да ҳақыйқатлықтың нышаны бар болды»,— деп әсте қасына барды ҳәм өзиниң не себеп келгенин айтты **(Т. Халмуратов).**

2. Тақыятастан нур тараған аймағым,
Жайна, Төрткүл, Қоңырат, Шымбай, Мойнағым,
Жан Москвам илҳам берип турыпты
Желбиретип мәңги дослық байрағын **(Х. Сейтов).**

3. Жети ата ығбалы бар жанбаған,
Бенде едим бахыт қусы қонбаған,
Дәўлет болыў несийбеме орнаған,
Ығбалымның қуяшысаң, СССР **(К. Султанов).**

4. Адамның руўхый талапларын қәлиплестириў, оны жоқары дәрежеге көтериў, жеке адамның идеологиялық-сиясий ҳәм әдеп-икрамлылық келбетине тәсир жасаў, социалистлик мәдениияттың ең әҳмийетли миссиясы **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

## ОРФОГРАФИЯ

**41-шынығыў.** Қарақалпақ тилиниң орфографиясы қандай принциплерге сүйенеди, сол принциплерге сүйенип жазылған сөзлерди табың ҳәм дәлиллеп бериң.

1. Мейли, сен адам санын қысқартқан-ақ бола ғой, солай ма?
— Аўа, солай.
— Ал сонда қысқартылған адамлар жумыссыз қала ма?
— Яғ—ә!... Биз ҳәзир ири ремонтты баслап, тақ үскенелерди энергоустановкалардың барлық түрлерин жетистириўге шекемги нарядларды бир жерден алып, ҳәмме жумысларды орынлайтуғын орайластырылған хызмет көрсетиў цехын өзимиздиң ГРЭС тен дүздик. Өйткени гезектеги ремонтты электростанцияның арнаўлы хызмет көрсетиў бригадалары орынласа, ал ири ремонтларды өндирислик кәрхана питкеретуғын еди. Бундай етип бөлистириў оғада қолайсыз екен. Соңлықтан, күшлерди бир орайға жәмлестирдик. Буның әҳмийети сонда, орайластырылған цех жумысларды дурыс пҳанластырыўға, ремонт жумысына кететуғын ўақытты қысқартыўға, үскенелер менен электроустановкалардың жумысларының сапасын ҳәм исенимлилигине арттырыўға, әсиресе қәнигелерден нәтийжели пайдаланыўға мүмкиншилик туўдырады **(Т. Халмуратов).**



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Дүньяда адам баласын қуўантыудың әлуан-әлуан сыры да, түри де көп. Әсиресе шәкирттиң устазды қуўантыўы өз алдына. Бул шәкирт ушын да устаз ушын да дүньяны жети айланганда таптырмайтуғын уллы қәсийет. Устазды шәкирттиң сыйлаўы шәрт деген түсиник пенен бул ўақыяға терең мәни бермей өте шық-сақ, онда ол өмир тәшўишиниң елеспесиз, көлеңкеде қалған бир тәрепи болады да қалады. Ал сол майда-шүйдемизге шынтлап мәни берсек, нағыз қаҳарманлық не екенине ҳайран боласаң. Қаҳарманлық дегениң өзи не?! Бул адамның өсип раўажланыў дәўиринде бинә болатуғын жақсы қәсийетлердиң жыйынтығы ҳәм өсиўшиликтиң жақсы жақларын көре билиўдиң тийкарынан келип шығатуғын лаўазым. **(Г. Есемуратов).**

3. Ден саўлықтың қәдирин билгил қәсте болмастан бурын **(Халық қосығы).**

4. Ҳәр ўақыт басшылық бир жерден болған мақул... **Быйыл** Бозжаптың суўы жылдағыдан көтерилейин деди....

**(«Совет Қарақалпақстаны»).**

5. Ерназар алакөздиң шопанларын сонша қарашор адамлардың ишинен таба алмай шыр-пыр болысып жүр **(А. Садықов).**

## ДАУЫСЛЫ ҲӘРИПЛЕРДИҢ ЖАЗЫЛЫУЫ

**42-шынығыў.** Тексттеги сөзлерди көширип, «а» ҳәм «ә» ҳәриплериниң ҳәр ен«ә» ҳәриплериниң ҳәр қыйлы позицияда қолланылыўын ҳәм қасындағы айырым сеслердиң тәсирин анализ етиң.

1. Ғарры гамгүн пишинде әсте күлимсиреди. Шоқарық тиккелей буның басламасы менен қазылған еди Әбдиўәлий менен бириниши таластың өзи де усыннан келип шықты **(А. Халмуратов).**

2. Бөлим бес-алты жылдан кейин пахта таярлаў планын орынлап, зүрәәти де жоқары болды **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

3 Бәрҳәма болсын қуяш, бәрҳәма болсын анам,
Бәрҳәма болсын аспан, бәрҳәма болайын мен **(Л. Ошанин).**

4. Ой, яг-ой, бир муғаллим, еки муғаллим төмен оқытыўы мүмкин, ҳәмме муғаллимлер төмен оқыта бермек болып па? Бәлким, группа балаларының өзлери менен ойласып-кеңескенимиз мақул болар? **(О. Әбдирахманов).**

5. Участка инспекторы, милиция лейтенанты Жалгасбай Назаров та өзин бул мәселеден аўлақ услап қала алмады.

6. Машина күтейин десе, турған жери белгили баслы остоновка да емес екен.

7 Бул операцияда қатаң ықтыятлық керек екенлиги ҳаққында мәсләҳәт берди милиция начальниги.

8. —Рахмет, Дәмегүл!—деди Азамат **(О. Әбдирахманов).**

9. Академиктиң кабинети әпиўайы ғана безелген екен... Ал академиктиң өзи жап-жас, шашлары шым қара, шаққан киси



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Назардың ойынша, академиклер шашлары қуўдай, аппақ, ямаса жылтыр бас, көз әйнекли болыўы керек еди, ал мынаў пүткиллей қарама-қарсы, қурылыстың прорабына уқсайды (О. Әбдирахманов).

10. Әй ана тил, әй гөззал тил—ата-анамның тили,
Сен ана тил арқалы дүньяда көп затты билдим.
Усы тилде анам маған ҳәййиў айтты әўели,
Өсе келе ғарры анам сол тилде ертек сөйледи.
Әй ана тил! Барлық ўақта жәрдемиң менен сениң
Кишкенемнен аңласылды шадлығым, қайғым мениң
(Ғ. Тоқай).

**43-шынығыў.** у, ү ҳәриплериниң қолланыў өзгешеликлерин берилген тексттен тауып анализ етиң.

1. Арадан зуўлап айлар, жыллар өтти. Талай суўлар музға, музлар суўға айланды. Жолдасбай аға аўылына келип лесхозда ислей баслады. Ол усы талапты тәўир көрди де турды. Өзинди басып қиятырған әўладларға бир түп терек те болса көгертип берип кеткенге не жетсин! Ол бир түп емес, талай мың түп тереклерди өз қолы менен отырғызды оларды суўғарып әлпешлеп тәрбиялады. Сөйтип жүргенде үйленип, бир ул ҳәм төрт қызды кемалға келтирди (С. Жумағулов). 2. Мунтилла лар сол кеткеннен Назар менен хошласпастан кетти...—Мен күтип тураман, сөйлесетуғын зәрүрли гәпим бар деди Назар. (О. Әбдирахманов). 3. Жақында Арал мәселеси бойынша Пүткилсоюзлық координациялық кеңес болып өтти. («Совет Қарақалпақстаны»). 4. Миллий республикалардың барған сайын өсип баратырған бирге ислесиўи руўхый байлықларды өзлестириўде, илим жетискенликлерин ийелеўде өз-ара тәжирийбе алмасыўлары унамлы жуўмақларға алып келмекте («Совет Қарақалпақстаны»). 5. Султануиздагтың етеги Жамансай көлиниң қубла тәрепи бир ўақытлары Тақыркөл деп аталатуғын еди. («Совет Қарақалпақстаны»).

6.

| Айырмасын | дәлиллең | |
|---|---|---|
| университет | уғым | саўыў |
| культиватор | узақ | қаўын |
| руда | уўыз | |
| ручка | ушыға | |
| углерод | суў | |
| универмаг | | |



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мектеп Ўатанға сүйиспеншилик, жасы үлкенлерге, ата-аналарға ҳәм муғаллимлерге ҳүрмет сезимлерин оқыўшыларға олардың оқыў ҳәм мийнеттиң сапасы ушын, өзлериниң минез-қулқы ушын жоқары жуўапкершилик руўхында тәрбиялаўы, оқыўшылардың өзин-өзи басқарыўын раўажландырыўы тийис *(КПСС Программасы)*.

**44-шынығыў.** о, ө һәриплериниң жазылыўына итибар бериң. [illegible] беріңиз.

1 Геологлар—дала лашынлары. Олар усындай кесеьде де тынбайтуғын еди. Шөлдеги ҳәр жер, ҳәр жерде өскен қарабарақ, ақсаўларды аралап узын трубаларды жер астына жиберип қайта-қайта өлшейди («*Әмиўдәрья*»). 2. Көп өтпей ақ пахта теримине атландық. Совхоз орайында болатуғын жеримизди анық белгилеп алған кураторымыз Сәрсенбай аға: Бесинши «б» менен бирге болады екенбиз,—деди бир үйдиң қасына келип тоқтағанымыздан соң.

— Муғаллим өзлеримиз бөлек болайық а?

— Басқа группа болғанда да ҳеш гәп.

3. Адам баласы алдына ҳәр қыйлы әрманларды қоя алады. Әлбетте, мениң ушын ол әрманлар еле шығып көрмеген бийик шыңлар еди («*Әмиўдәрья*»). 4. Сораў: Биринши гезек не ушын өзиме-өзим интервью бериўден басладым?

Жуўап: Адам өмириниң мазмуны—өзине-өзи мәңги интервью бериўден ҳәм өзинен мәңги интервью алыўдан ибарат. Соннан ол өз тәғдирине терениреқ үңиледи. Өз тәғдийрине тереңирек үңилиў—халқының тағдийрине терениреқ үңилиў. Өйткени, ҳәр бир инсан өз халқының тәғдирин белгили дәрежеде сәўлелендириўши айна.

Ким халқының өзине нур излеуге талапланса, сондай нурды әўеле өзинен табыўы тийис, ким өз бостандығын әлем менен [illegible] тастырғысы келсе, әлемниң белгилерин әўеле өз үйинен [illegible] тийис, ким басқа биреўдиң жулдызына зәхмет келтириўди ойласа, әўеле өз жулдызының күш-қуўатын, қәдир-қымбатын [illegible] тийис. Кисиниң өзине өзи сораў қойып, оған жуўап [illegible] жасаўы—оның нефес алысы. Непессиз өмир жоқ! **(Т. Қайыпбергенов).**

**45-шынығыў.** [illegible]

1 Адамның руўхый талапларын кәмиллестириў, оны жоқары дәрежеге көтериў, жеке адамның идеологиялық—сарай ҳәм әдеп-икрамлылық келбетине актив тәсир жасаў, социалистлик мәдениятттың ең әҳмийетли миссиясы («*Совет Қарақалпақстаны*»). 2. Ҳәзирги дәўирде жазыўшы ушын изертлеў объекти—совет

адамы, оның философиясы, нравлық мазмуны болды. Әдебиятшы тап геологлар усап адамзаттың тәғдириниң ҳәр қыйлы қатламларын тереҳ изертлейди, характерлерге ерисип кетеди, законлықларды ашады. Адамзат турмысының, прогресске, жоқары билимге, характердиң жоқары идеологиялық тәрбияға болған умтылыўлардың мәңгилик заңы да усы (*Т. Қайыпбергенов*).
3. Көшпели көргизбелер республикамыздың барлық областьларында үлкен қызығыўшылық пенен өткериледи. Көргизбе коллективлери халықаралық экспозициялар дөретиў ҳәм оларды жақсы өткериўде де тәжирийбеси әдеўир өсти. Усы мүнәсибет пенен февраль айында Швецарияның «Морог» фирмасы Өзбекстан саўда-санаат палатасы ҳәм Өзбекстан ССР халық хожалығының жетискенликлериниң көргизбеси менен бирликте педиатрия ҳәм акушерка бойынша экспозиция шөлкемлестиреди (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

4. Нарыгүл күле шырай берип, жайының полларын айнадай етип жуўып шығып, гилемлерди пылесос пенен тазалап жүр.

5. Совет халқының ҳәм оның қуралл ы күшлериниң жеңиске ерисиўдеги даңқлы жоллары—пүткил Европа халқын гитлершилерден азат етиўде, Курск халқасында, Сталинград ҳәм Москва түбиндеги қанлы саўашларда айқын көринеди. Жеңисти қолға киргизиўде Ўатанымыздың садық ул ҳәм қызларының фронттағы ҳәм тылдағы қаҳарманлықлары тийкарғы роль атқарады (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

Быйылғы он екинши бес жыллықтың дәслепки жылына совхоз 1370 тонна салы туқымын таярлады. Суў режими қәделерин ўақтында дурыс әмелге асырыў—мол өним жетистириўдиң тийкары (*«Совет Қарақалпақстаны»*).

**46-шынығыў.** «е» ҳәрибиниң ҳәр түрли позицияда келиўине мысаллар таўып, олардың қолланыў жағдайларын қараң. Жазылыў менен еситилиўиндеги өзгешелигин анализ етиң.

Ел ҳәм жер билендур, жер ҳәм ел билен,
Жерсиз елдиң күни дәрбе дәр билан,
Өмир өтер жүректеги шер билен,
Қәдириң сениң бизге өтти, Бозатаў (**Әжинияз**).

**47-шынығыў.** «э», «е» «ю», «я» ҳәриплериниң қандай ҳәрип екенлигин анализ етиң ҳәм әдебий шығармалардан мысаллар таўып дәлиллең. Мысалы, **ю й у** ҳәриплериниң қосылыўынан жасалып, графеманы қурайды. Ол сырттан кирген (**союз, июль**) ҳәм өз сөзлеримизде (Юсуп) қолланылады.

## АЙЫРЫМ ДАЎЫССЫЗЛАРДЫҢ ЖАЗЫЛЫЎЫ

**48-шынығыў.** Текстти оқып **б, д**, ғ, г ҳәриплериниң жазылыўын түсиндирип бериң.

1. Бул еки аўыл да тәбияттың ең бай жерине жайласыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ер жүрек қыздың даўысын ҳәмме жаўынгер еситти. Ол бир ретинде досты менен көзабаға қуўыршақ қушақлап жүрип, душпан офицериниң портфель толы документлерин жаўынгерлерге урлап әкелип берди (*«Әмиўдәрья»*).

2. Зер ғуббалы дәрўазасын Киевтиң,
Қара қуйын уйтқып келип қаққанда,
Батыр князь дружинасын жыйыпты,
Сүрен салып Ўатан қорғаў ҳаққында.
Қонышынан суўырып ақ семсерин.
Уран айтып жаўға қарсы ушқанда,
«Ерлигиңе түрдым, иним, мен сениң,
Деп ағасы оны мақтаған сонда (*И. Юсупов*).

3. — Жаңылмас тил, сүринбес туяқ болмас, деген ата-бабамыз. Сондай-ақ! мүлтиксиз өмир жоқ. Биз ақыллы биреўдиң айтқаны менен жыйнамаймыз, оған өз басымыздан өткеннен соң ийе боламыз. Тәбиятта, мысал ушын органикалық дүньядағы прогресс қаншадан-қанша түрлердиң сараланыўынан келип шыққан. Соның ишинде өмирдиң гүлтажы болып ақыры адам пайда болды. Ал, енди бир адамның өмиринде де тап усындай ой-пикирлериниң, жүрис-турысының мудамы сараланып барады. Бүгин туўры дегениңди ертең инабатқа алыўың мүмкин. Айтпақшы, бул туўралы өзимиздиң халқымыз не дейди: «Адасқанның айыбы жоқ, қайтып үйирин тапқан соң» (*Т. Қайыпбергенов*).

**49-шынығыў.** ц, ч щ ҳәриплериниң қолланыў өзгешеликлерин анализ етиң.

1. Ол Жорабекти басқа шығарып жиберип, тек өзиниң меншик қойларын Қызылқум жайлаўына жайып күн кешириўди үрдис еткен, жәмийетлик түсиниктен артта қалған адам. 2. Сиз бенен бирге совхоздың рабочийлар комитети барады (**Қ. Жуманиязов**). 3. 1945-жылы март айында оң жамбасынан ҳәм мойнынан аўыр жараланған. Арқа омыртқасында металл осколкасы бар екенлиги анықланды. Операция пайытында оны алыў мүмкиншилиги болмады (*С. Жумағулов*). 4. Милиция бөлиминен шыққан Назаров пенен Азамат усылайынша сөйлесип, училищеге де жақынлап қалды. Сөйтип аспандағы сәўлели айға, күлимлеп жадыраған күнге теңеп қосылған қостары бул күнлерде ашшы менен душшыға көнгиси келмей булғаңлап жүр (**Ө. Айжанов**). 5. Оннан ҳештеме шығара алмаған соң, таласам басшысын оңбағандай етейин деген пикир менен кийликти. Орел фронты да Москвадан онша алыс емес, Москваға топылыс жасаўдағы плацдармның бири—душпан ушын усы Орел қаласындағы бағдар болғаны мәлим. (**Т. Нәжимов**). 6. Пахта берген



www.ziyouz.com kutubxonasi

район овощты, палыз өнимлерин, қатық-сүтти не ушын жеткермейди қайда жәрдемши хожалық? Агросанаат бирлеспеси ше? Оған жетиспеген кадрды елеге шекем табыстырмай атыр. Ескертсек, қабыл етеди, лекин орынлаўы... Дуў-дуў гәп. Ал базары дерлик қуўрап тур (**И. Курбанбаев**).

**50-шынығыў.** в, ф, ҳәриплери қандай орынларда қолланылатуғынын мысалларға қарап дәлиллеп бериң.

1. Саат он еки. Автобустан түсиўден совхоздың кеңсесине жетиўге асықтым, себеби совхоздың басшыларына түске шекем жолықпасаң, ҳәр қайсысы ҳәр тәрепке фермаларды аралаў ушын кетип қалыўы мүмкин (**Қ. Жуманиязов**). 2. Геологиялық барлаў факультети деканының телефоны үзликсиз сыңғырлап, деканаттағы кишигирим мәжилистиң мәнисин қашырды. Сөз сөйлеп турған декан телефонға жек көриўши нәзерин таслап трубканы алды (**«Әмиўдәрья»**). 3. Сен усы философияға садық болсаң, ишке киргеннен кейин президиумға записка жибер. 4. Машинаның кузовына үй буйымлары тийелген, бир қапталында үш-төрт қой жатыр. 5. Адам факторының ролин арттырыў, зәрүрлиги болып отырғанлығы буннан айқын көринип тур (**«Совет Қарақалпақстаны»**) 6. Январьда Ленинград ҳәм Волхов фронтлары әскерлериниң күшли топылысы басланды. Ленинград 900 күн даўам еткен қамалдан азат етилди. Февраль, март айларында Молдавияның бир бөлеги азат етилди. 20-мартта Совет әскерлери Румыния менен шегараға шықты ҳәм оның территориясына кирди. СССР дың мәмлекетлик шегарасында қайта тиклеў басланды. Апрель, май айларында Қырым, Одесса ҳәм Севастополь азат етилди (**«Әмиўдәрья»**). 7. Оқыўға келгенлер түрли районлардан болғаны менен, бәри де бир фронттың жаўынгерлери еди. Бекполат усы жерде буннан бир неше ай бурын кеткен өзиниң взводласларын көрип қуўанышы қойнына сыймады (**Т. Нәжимов**).

**51-шынығыў.** к, қ, х, ҳ ҳәриплериниң қолланыўдағы өзгешеликлерин айтып бериң.

1. Кейинги, яғный, он биринши бес жыллықта да колхоз жерге жер, өнимге өним, техникаға техника, доходқа доход қосып барды. Гектар басынан алынатуғын пахта зүрәәти қырық үш центнерге жеткерилди. Колхоз пахтакешлери қутлы съездлер жылына 1200 гектар майданның ҳәр гектарынан қырқ жети центнерден жоқары сапалы пахта зүрәәтин жетистирди. Колхоздың бир жыллық улыўма доходы ушын нақ ярым миллион манаттан асты. Пахтадан сәл кем бес мың манат пайда алынды. Оның бир бөлегин колхозда шөлкемлестирилген элита тухымшылық хожалығы берди. Улыўма доходтың елиў еки проценти колхозшы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың мийнет ҳақысына төленди. Ҳәр бир жумыс күниниң баҳасы бес сом жетпис алты тийинға түсти (**«Совет Қарақалпақстаны»**). 2. 1964-жылдың ала бәҳәринен баслап Шортанбай бойына және де ел келе баслады. Бул жердеги партаў жерлерге ҳүжим басланды (**«Совет Қарақалпақстаны»**). 3. Ҳәзирги автономиялы республикамыздың халқы миллион адамнан асып баратыр. Халқымыздың талабын орынлаў оларды азықаўқат пенен толық тәмийинлеў дийхан менен жер, өзлестириўшилердиң хызметине байланыслы (**«Әмиўдәрья»**). 4. Бизиң ҳәммемиздиң көринисимиз бирдей болғаны менен жаратылысымыз ҳәртүрли, оның үстине ҳәр адамды еки заң меңгереди, олардың биреўи биологиялық болса, екиншиси социаллық. Демек бизиң денемизде еки жан бар, екеўине де бойсынамыз. Соның ушын да адам .қоспалы, оның ҳәрекетин де, келешегин де алдынан билиў қыйын. Мен түбинде ҳешкимге өкпелемеймен, себеби ҳәр ким өзине нени рәўа көрсе, ақыры соны ислейди. Бул тәбийий.

Усы сөзлерди айтып болғаннан кейин Қамал ойланып қалды. Ол көзлерин узақтағы қырдың аспан менен тутасқан жийеклерине тикти. Соң дүркин-дүркин бултлардың ағымына нәзер салды (**Ж. Жолдасов**).

**52-шынығыў.** ң, ь ҳәриплериниң қандай орынларда ҳәм не ушын қолланылатуғынын дәлиллеп бериң.

1. «Дүнья қуўсаң, дүньядан қалай өткениңди билмей қаларсаң» деген ата-баба. (**Нақыл**). 2. Мен кисиңиз бенен тар жол тайғақ кешиўлерде бир тән, бир жан болып Қарақалпақстанда Совет властын орнатыўға қатнасқан Шайдаков дегенмен.

Машина асфальт жолда қустай ушып, зәўлим жайлардың аралары жолды бүркеген көк булттай ағашлардың арасы менен социалистлик мийнет қаҳарманы, халқымыздың ардақлы докторы Оразымбет аға Халмуратовтың үйине көзди ашып жумғанша келип те жетти.—Молодец! Машинаны да меңгерип алыпсаң-аў!—деп ишкериге кирип кетти Шайдаков. Халық массасы большевиклердиң ҳақ исине исенди ҳәм соған сүйенди (**Х. Тәжимуратов**).

3. Дүньяға коммунистлик көз-қарас дүньяны дурыс түсиниў, изертлеў ушың адамларда тәбият ҳәм жәмийеттиң объектив нызамлары менен қураландырыў шешиўши әҳмийетке ийе (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

Агросанаат комплекси мийнеткешлериниң КПСС XXVII съездин үлкен мийнет ҳәм сиясий көтериңкилик жағдайында күтип алып атырғанлығы атап көрсетилди.

4. Ҳәзирги заман самолетында пластинкалардан исленген еки мыңнан аслам детальлар пайдаланылды. Солардың себебинен лайнер еки тонна жеңиллести (**«Совет Қарақалпақстаны»**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**53-шынығыў.** Төмендеги сөзлердиң колланыўындағы ҳәр қыйлы болыў себе плерин анықлан. Қайсы форма дурыс, дәлиллен.

| I форма | II форма |
|---|---|
| хаўа | аўа |
| белбаў | белбеў |
| пухара | бухара |
| жалғыз | жанғыз |
| жарым | ярым |
| жыйналыс | жыйылыс |
| мағна | мағана |
| рас | ырас |
| рахат | рәҳәт |
| сүйинши | шүйинши |
| сораў | саўал |
| өнер | ҳөнер |
| домалақ | думалақ |
| сағат | саат |
| кашшан | қашан |
| шамал | самал |
| салы | шалы |
| қуяс | қуяш |
| жамғыр | жаўын |
| усайды | қусайды |
| уқсайды | |
| Есжан | Ещан, Ешшан |
| шанарак | шаңырақ |
| тәбийий | тәбийғый ҳ. т. б. |

**54-шынығыў.** Тексттеги қоспа сөзлердиң жазылыўына итибар бериң. Қайсысы қайсы орфографиялық қағыйдаға сәйкес жазылған.

1. Жер де шаршайды, бир түрдеги жумыслар, бир түрдеги агротехникалық илажлар жерди ҳалдан талдырады («Совет Қарақалпақстаны»).
2. Алабәҳәрде аяғынды, бир жаңылыс бастың ба, егин пис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кенге дейин соның зарпын шегесең. «Ырасында да?..» деп ойладым мен ишимнен. «Орта Азиядағы ең уллы саҳралар—Қарақум ҳәм Қызылқумның ушласқан жериндеги кең пайтахт жерди салыгершиликтиң уллы мәканына айландырды» деп ким ойлапты? Бүгинги дийханның талабы қандай? Олар көбирек неге зәрүр? Отын-шөпке күш көлиги жетип турма? Мереке-мейлислазымлары қалай өтип атыр? Ҳаял-бала-шаға, турмыс жағдайлары қалай (**К. Алламбергенов**).

3. Асқар қолын көтерип ғаўырлыны басты.

— Комплексли механизацияласқан салыгершилик бригадаларын дүзиўимиз керек (**И. Курбанбаев**).

4. КПСС Орайлық Комитетиниң 1985-жыл апрель Пленумының қарарларына муўапық XXVII съездиң додалаўына экономикалық сиясат, масса арасында шөлкемлестириўшилик ҳәм сиясий жумыслар мәселелери партия бүгинги күни халық алдына қойып отырған тийкарғы концепциялар усынылды (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

5.Он екинши бес жыллықтың дәслепки он күнликлериниң есабы басланды. (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

6. Ол ҳәзирше УзРОС-269, УзРОС-59 сортларының ерте писер, дәни тығыз салмақлы, зүрәәти мол сортлар екенлигин биледи (**К. Алламбергенов**).

7. Қарақалпақстан Совет Республикасы Өзбекстан ССР ының арқа-батыс бөлегинде жайласқан. Оны Орта Азиядағы еки уллы шөлистанлық—Қарақум менен Қызылқум ҳәм Үстүрт даланлығының қосылысқан жериндеги жасыл оазис деп атайды. Республика жериниң үстинен Әмиўдәрья ағып өтеди, ал оның арқа бөлегин Арал теңизи орап алған. Республиканың жер майданы 165, мың квадрат километр, халқы 1-миллионнан аслам адам. Олар қарақалпақлар, өзбеклер, руслар, қазақлар, түркменлер, татарлар, башқуртлар ҳәм басқа да көплеген миллетлердиң ўәкиллери.

**55-шынығыў.** Текстти көшириң көмекши таңлақ, еликлеўиш сөзлерди табың, олардың қалай жазылыўын дәлиллеп бериң.

1. — Ҳәй, қойсаң-ә, Шамурат! деди мына жақтан биреў,— тап бир китап ашып кеттиң ғой...

— Ҳәзир, ҳәзир,—деди де, тағы да көз жуўыртты (**И. Курбанбаев**).

2. —Әдирақалдық! Бир нәрсе болса, журттан бурын соны көзиң көреди. Сапалақ мырс-мырс күлди.

— Күл, күле бер!—деп бурқан-талқан болып ашыўланды Айша.—Күл!—Мени ашыўланып жеңе алмайсаң,—деди Сапалақ.—Ким де ким Ләтийпадай мийнет етсе, ким болса да төбесине көтерип, төрден орын берер. Саған оныңдай мийнеткеш болыў түсип қалыпты. Кеше емес пе еди, қазыўда үш күнге шыдамай топпа түскениң. Ол қайтама аўыр мийнет болса қул·



www.ziyouz.com kutubxonasi

пырып сала береди. Қыстың күни еркеклер менен қатар қатынлардан жалғыз өзи емес пе, қазыўды адақлап шыққан.

— Өйп-пей, маңлайым, қудайдың өзи берген аўырыўға да исенбейсең бе?

— Қудайдың арқалап жүрген аўырыўы жоқ. Қос жақпасқа аўырыў деген аяқ астынан табылады.

— Яқшы, яқшы, саған сөз айтып мен де,—деди Айша жулқынып ҳәм табаққа қатыбламық салды.

— Сол кишенди арқалап жүрсең де, ҳай десем қудай урсын. Жағамды жибөрөс, түўе. Оған басым айланып ҳәлегим.

— Солай болса, аўқатыңды әкел!

Айша пуўы бурқыраған, суйық қатыбыламықтың үстине күйдирилген сары май қуйып гилкилдетип, ериниң алдына табақты дүрс еттирди. Күйеўи тамақты жеп түўескенше, лампасыйға өкпелеген баладай терис қарап отырды.

— Болдым!—Ол табақты типтик турып алды да:

— Бизлер қашан қара мийнеттен қутылып, гүлдей жайнап жүрер екенбиз,—деди.

— Усы үйден табаның тайған күни!

— Әдирақалдық!

Сапалақ гәп-сөз болмағандай есикти ашты. Жүзине даланың салқын ҳаўасы урды (**Ә. Атажанов**).

4. Жумыс исле туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын (**Бердақ**).

5. — Қалай деп ойлайсыз, Марья Ивановна, сиз оған унайсыз ба жоқ па (**А. С. Пушкин**).

6. Соның ушын тикке күнниң шығар астына қарай тартсақ, Оқап өзекке барып шығамыз (**А. Бегимов**).

7. — Не болды жигитлер айтыңлар?
— Қутқардыңлар ма?
— Баспашыларды келместей еттиңлер ме?
— Мына бала не, қылыш қақты ма? (**И. Курбанбаев**).

8. «Ағашта сирә болар ма,
Жан-сезим, шадлық, қайғы-ғам?
Бул өтирик, кенеўсиз
Бир қыял ғой» дер маған.
Ырасында да, мүмкин, бул
Қыялы шығар шайырдың,
Шынында, шынар ағаш ғой (**И. Юсупов**).

**56-шынығыў.** Текстти көшириң, жуп ҳәм тәкирар сөзлерди табың ҳәм олардың белгилерин қойып шығың.

1. Жигит узақ жүрип бир аўылға келсе, қыбырлаған жан жоқ, барлық жай мүлик, дүнья мал ийесиз қалған...... Мынаў патшалық дүнья мүлкке ийелик ететуғын адам керек.... («Қа



www.ziyouz.com kutubxonasi

**рақалпақ халық ертеклери)**. 2. Басқа не айтайын, майда шүйде мәселе ушын да мәжилис шақырып отырма? **(И. Қурбанбаев).** 3. Хожелиде дүзилген ерикли қызыл отрядқа қарыў жарақты Нөкис гарнизоны жеткерип берди. Енди тайғақлаўға да мүмкиншилик болмай, дуўры қарап тура берди... Түйелер, қойлар сойылып, қазан-қазан гөшлер асылды. Ҳәр жердеги қара үйлерден бақсылардың қосық айтып атырған сести шығып турды. **(Ж. Сапаров).** 4. Фронтқа келгенимизде он бир күн дегенде душпан менен бетпе бет ушырастық. **(Қ. Досанов).** 5. — Қызым, қапаланба, келмесе, аты-жолына бурыш-пияз. Қыс өтти, жаўза басланыўдан гилең аш жалаңашлардың жолы болып қалды. **(Т. Қайыпбергенов).** 6. — Ал, муғаллим иним, газеталарды оқыған болсаң жаңалықларды мәлимле. Түсингенимше айтып атырман. Қарақалпақстанлы Плис Нурпеисовқа Советлер Союзының Қаҳарманы атағы берилген Указды сөзбе-сөз оқып бердим... 1942-жыл. Уллы Ленин қаласы фашистлер қоршаўында. Тис тырнағына шекем қуралланған басқыншылар Москва қасында түмсығы уўылғаннан кейин, Кавказға қарай топылып, Сталинградқа бағдар алды **(Ғ. Сейтназаров).** 7. Гүлжан аң таңы шығып оған тигилер еди. Көзлеринен ыссы жас тамшылары мөлтмөлт тамып үнсиз турды ол... Гүлжан ушып қонып көрпешелерди төсестирди де орын салды, үй ишин тәртипке келтирди. Азат орнынан зорға турып, мийи аўдар-теңкер болып турса да, кеўли күстай жеңилленип салынған төсекке шықты **(И. Өтеўлиев).**

57-шынығыў. Қысқарған сөзлердиң қалай жазылатуғынын мысаллар арқалы дәлиллең, анализ етиң.

1. Елимизде Азық-аўқат программасын иске асырыўдың тийкарғы саласын ашқан КПСС Орайлық Комитетиниң май (1982 жыл) Пленумында ҳәр бир жан басына бир тоннадан ғәлле жетистириў ўазыйпасы алға қойылды **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

2. Бул ҳақыйқатлық, ата. Ҳәзир арнаўлы оқыў орынлары ССПТУ лар ашылып атыр **(К. Алламбергенов).** 3. Колхоз сол жылдағы ерискен табыслары ушын КПСС Орайлық Комитетиниң көшпели қызыл байрағына миясар болды **(«Әмиўдәрья»).** 4. ҚҚАССР агросанаатына қараслы колхозлар ҳәм совхозлар да өткен бес жыллықта өндирилген өнимниң баҳасы бир миллиард бир жүз миллион манатты қурады, яғный оныншы бес жыллықтағыға қарағанда тийкарғы фондтағыдан әдеўир көп муғдарда қаржы жумсалды **(«Совет Қарақалпақстаны»).** 5. — Гүлжан,— деди Наргис—мен СамМИ ге ақ оқығанымда қәйтеди?... Өзим барлығын түсиндирип хат жазаман ғой.... Туў ана қатардағы қыз бар ғой, сол СамМи ге тапсыражақ екен **(О. Әбдирахманов).** 6. Бизлер таныстық. Оның аты Перигүл екен. ТашМИ де ең соңғы курсте оқыйды екен **(Ж. Хожанов).**



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОСЫМТАЛАРДЫҢ ЖАЗЫЛЫЎЫ

58-шынығыў. Берилген тексттеги қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердеги түбир менен қосымтаны айырың, қосымталардың қалай қосылыў жолларын түсиндириң.

1. **Жақсысы**, тағы да не депти, оқыйыншы. Мине, Лукреций ҳәзликтиң үш түри бар депти. **Бириншиден**, тәбийғый ҳәм зәрүрли яғный аўқат ҳәм кийим; **екиншиси** тәбийғый, бирақ зәрүр емес яғный ләззетли ҳәм мазалы нәрселер; **үшиншиси** тәбийғый да емес, зәрүрли де емес, яғный байлық, ҳәмел, атақ, даңқ. Ақыллы адам солардың биринshиси менен **қаанатланады**. Оған суў менен нан жетерли, **әпиўайы** кийим суўықтан, алтын менен безелген кийимнен кем сақламайды. **Ҳәзликтиң** бириншы түрине болған мүтәжликти қандырыў онша қыйын емес, бул бахытқа көпшилик адам **ерисиўи** мүмкин. Ҳәзликтиң екинши түрине жетиў шәрт емес болса жақсы, болмаса зыяны да жоқ. Ал, ҳәзликтиң үшинши түри пүткиллей керек емес.

Бул сөзлер **Камалдың** шерли жүрегине мәлҳам, сана-сезиминиң өрисине мәдар болды. Неше күнлеп уйқысыз шыпасын тапқан наўқастай қатты уйқыға кетти **(Ж. Жолдасов)**.

2. Ҳәзир **республикамыздың** алдыңғы хожалықлары өзлериниң барлық жумысларын **агросанаат комплексин** раўажландырыў ҳаққындағы партия менен ҳүкиметимиздиң көрсетпелери тийкарында жүргизбекте. Олар **Өзбекстан Компартиясының XXI съезди** алға қойған режелер тийкарында он екинши бес жыллықтың ўазыйпаларын белгилеп алмақта **(«Совет Қарақалпақстаны»)**.

3. **Североморскте, Полярдың** аржағында. Бул да **проф техучилищени** питкерген еди, ол жақта да дәслеп **тракторды**, соң тягачты айдаған, бәр бир **трактор дә**!—деди Раўаж.

## БАС ҲӘРИПЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

59-шынығыў. Текстти көширип, тийисли орынларында бас ҳәрипти жазың ҳәм не ушын бас ҳәрип жазғаныңызды түсиндирип бериң.

1. Районымызда нәтийжели ислердиң көш баслаўшылары аз емес. Мәселен, «Ленинград» совхозынан «Правда», Октябрьдиң 60 жыллығы». «Әжинияз» атындағы, «Москва», «Ленинизм» бөлимлери, Свердлов атындағы совхоздан, Энгельс атындағы, Жуков атындағы, «ХХ партсъезд» бөлимлерин атап көрсетиўге болады. Бул бөлимлер негизинен адам факторын активлестириў нәтийжесинде жайнаған мийнет табысларын қолға киргизди **(«Совет Қарақалпақстаны»)**.

2. Ақ қуў яңлы волга да зырлап,
Жүзип барар аппақ «метеор»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз асыққан қулағырларға,
Суў қойнынан салып төте жол **(Т. Сәрсенбаев).**

3. Бизлер Берунийге келдик, бурын ол Шаббаз деп аталған, ал оннан, ертеректе қыят деп аталған. Бул хорезмниң бас қаласы болған. Ҳәзир де ол бас қалалардың бири, бирақ Хорезмниң емес, ал Беруний районының бас қаласы. 1957-жылы Шаббаз қаласы Беруний болып аталды. Инният Ңаўрызбаев—советлер союзының қаҳарманы, қарақалпақстандағы туңғыш қаҳарман. Әййемги хорезмди ким бузбады дейсиз! бузыўшылар соны салғанлардан көп болды. Хорезмди жаўлап алғандағы Шыңғыс ханның ойраншылық ҳәрекети нәтийжесинде ҳәтте Әмиўдәрья да өзиниң ағып турған аңғарын өзгертти. Хорезмди темур жаўлап алған ўақытта да тап солай болды.

Урыстан шамалы бурын профессор С. П. Толстов топыраққаланы ашқан еди, бирақ урыс қаланы қазып артыў иси менен шуғылланыўға кесентлик етти. Орта азия жазыўшылары менен илимпазларының атларына қарай географияны үйрене берсе болады: Бухари, Хорезми, Фергани... ал мени сузани, самарканди көбирек қызықтырады **(«Әмиўдәрья»).**

### ӨТКЕРМЕ

**60-шынығыў.** Тексттеги сөзлерди өткермелеўге болатуғындай етип буўынға бөлиң ҳәм қандай буўынларды өткермелеўге болатуғынлығын айтып бериң.

1. Оннан соң қолындағы китаптың муқабасына қарады. Гетениң «Фауст»ы екен. Оқый баслады. Не деген ой-пикирлерге толы китап. Неге усындай китаплардан азықланып, адамзат өзин иллеттен қутқармайды. Бир жерине келгенде тоқтап қайта-қайта оқый баслады:

Тойым жоқ адамзатқа бул жалғанда,
Әрманы орынланса, тағы әрманда,

Мине, уллы немец шайыры усындай деп жазыпты. Не ушын адамның талабы шексиз?—деп ойлады өзинше Камал. Органикалық дүньяның раўажланыўы заңлары үстинде өмиринше ислеп жүрген Қамал ушын бул саўалға жуўап табыў қыйын еместей көринди. Бириншиден, адам органикалық дунья ўәкили ретинде биологиялық законларға бойсыныўға мәжбүр, яғный, өзин сақлаў инстинкти, жасаў ушын гүресиў, әўлад қалдырыў болса, екиншиден инсан социаллық заңларға бағыныўы керек. Яғный ар-намыс, абырай-атақ, муҳаббат ҳәм қаҳарманлық ушын умтылады. Бирақ бәри бир жасаўдан мақсет не?! Бәлким, бундай саўалды қойыўдың өзи де надурыс шығар?! **(Ж. Жолдасов).**

2. Шылым көл қазанға усаған—думалақ көл. Бурын усы көлде Шылымбет деген адам жасап, балық аўлап, қамысынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойра, жекенинен шыпта тоқып күнин көрген екен.) Соннан «Шылым көл» атанған. Қазандай көлдиң дөгерегин қамыс пенен жекен орап алған. Көл ойда, ишине түсип кетсең сени сырттағы адам көре алмайды, дүгилдек қазандай кишкене көл. Көл гөне Қараөзектиң қубла бетинде жайласқан. Көлдиң шығыс қапталында ферма падашыларының қамыс қақыралары күн менен шағылысып, анадай жерде жарқырап көринип тур.

Бәҳәрдиң күнлери ғаз, үйреклердиң келген ўақтында Шылым көлге үш мерген болып қус атыўға барған едик. Көлдиң жаздағыдай сәни жоқ. Самал менен ызылдап турған сары қамыс, тозғақлары аўрықтай болып тозғағы шығып турған жекен, шийшедей жарқыраған муз, анда-санда ондатраның уяларын көресең. Көлдиң үсти қазандай қайнаған ғаз бенен үйрек, төбеңди қағып ушып жүр. Муздың астында қылтыйып шығып турған сүйрик.

Апрель айының басы. Қыстағы қатқан музлар еле ерип питпеген. Оның үстине түнги аяз бенен жуқа муз қатып, жарқырап тур. Муздай жүргенинде муз қайысып, алдындағы муз көterилип шытырлап кете береди. Көлде анда-санда жылыў көринеди. Жылыўда қара ғарғадай уйысып отырған қасқалдақты көресең. Күн жадырап шығып, жыллы самал есиўге қарады (**Х. Тәжимуратов**).

## ФОНЕТИКАНЫ ТӘКИРАРЛАЎ УШЫН МАТЕРИАЛЛАР

**61-шынығыў.**

Америка континентин изертлеп шыққан, бизиң мәмлекетимиздеги Орал бойларын изертлеген илимпаз Александр Гумбольдт (1769—1858) Мексикада саяхат етип жүргенинде өзиниң қасында жүрген жолдасларынан көзине не көринсе сол туўралы айтып бериўди сорай берген. Сонда қасында жүрген бир мексикалық оның бундай әдетине ҳайран қалып!—Сеньор, дейди ол күнлердиң бир күнинде.—Сизди уллы алым дейди, ондай болса, Сиз неге басқалардан ҳәр нәрсени сорай бересиз?

— Мен тап соның ушын да илимпаз болып жетискенмен—деп жуўап берген екен Гумбольтд киши пейиллик пенен күлимсиреп (**1988-жылғы өзбекше календарьдан**).

2. Бундай пикир өзбек халқының уллы шайыры А. Наўайының қосық қатарларында да ушырасады:

Билмегенин сорап үйренген алым,
Арланып сорамаған өзине залым.

3. Тилдиң фонетикалық системасы менен таныспай турып ана тилди теориялық жақтан да, практикалық жақтан да үйрениў мүмкин емес (**Р. И. Авенесов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шеңгелге қонған бүлбилдиң
Шымшық қурлым сәни болмас.
Ышқысында қызыл гүлдиң
Сайраса, дәрманы болмас. **(Бердақ).**

**62-шынығыў.**

Пүткилсоюзлық конференцияның материаллары бизлерди иркилместен иске кирисиўге шақырады. Бизиң миннетимиз қайта қурыў прорабларының қатарында болыў. Атақлы публицисттен баслап журналистлик факультетти питкерип шығып районда жаңа жаза баслаған журналистке дейинги мениң барлық кәсиплеслерим буған келиседи деп ойлайман.

...1-июль күни күтә кешқурын бизлер Кремльдеги Съездлер сарайынан шығып кеттик. ТАСС хызметкерлериниң отряды төрт күн даўамында толық нәтийжели ислеген кишкене бөлимлерден шығып кеттик. Гезектеги сөзге шыққан адам трибунадан кетпей атырып телетайплар оның сөзлерин пүткил елимизге жеткерди. Жумыстың соңғы күни өзимниң бурынғы таныcларым менен ушырастым. Москвалылардың ҳәм бизиң республикамыз халқының дослығы соңғы ўақытлары жаңа мазмун менен байыды. Қайта қурыў жағдайларында партия шөлкемлериниң жумыс тәжирийбесиниң алмасыўы активлести. **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

2. Тисгенем, саған разыман,
Аўызының қаласысаң.
Тилгенем, сеннен наразыман,
Бир басымның бәлесысаң **(Бердақ).**

3. Муғаллим—уллы адам, ол өмир бойы оқыйды ҳәм оқытады **(К. Маркс).**

**63-шынығыў.** Өмир шын мәнисинде өтмишти еслеп, келешекти көз алдыңа келтирип жасай билген адамлар ушын ғана татлы **(А. Реймов).**

2. Өмиримиз—мәңги дүнья перзенти,
Ақылымыз—даўыл, гүлдирмамадан.
Ал толқынлар—ағыслардың дәрбенти,
Шын көз жас жүзлерге әжим жамаған. **(В. Жуков).**

3. Биз бул дүньядағы ең қымбатлы тас-алмазды таярлап атырмыз. Педагоглерге дүньяда оннан да қымбатлы болған ҳәм ең баҳалы тәбият дөретпеси—балаларды исенип тапсырған. Сонлықтан сизлердиң жумысыңыз алмазларды шлифовка жасаўдан да әлле қайда жуўапкерли. Муғаллим болыў сийрек талант. Оны көздиң қарашығындай сақлаңыз, қәдирлеңиз. Сизиң қолыңызда Ўатанымыздың келешеги болған балалар бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың келешеги сизлердиң ҳадал мийнетиңизге байланыслы. **(Мирный фабрикасы коллективиниң муғаллимлерге қутлықлаўынан).**

4. Бул дүнья-дүнья болғалы,
Патша әдил болған емес.
Шайырлар қәлем алғалы,
Хатқа туўры салған емес **(Бердақ)**

5. Мурат сырттағы қара талдың астына төсек салдырып бираз жатты. Түрли ойға кетти. Барлық өмири көз алдына елеследи. «Өмир деген—бул гүрес» деген сөзлер есине түсти. Бирақ оны қаншама ҳәм қайдан оқығанын еслей алмады. Туўылсаң—өсесең, ер жетесең, алдыңа ўазыйпа қоясаң, қалай болмасын жақсы, бахытлы адам боламан дейсең, бирақ адам өзинен- өзи соррыйып азамат болып шыға қояма? Ол ушын оқыйды, ислейди, умтылады. Мине, усы ҳәрекеттиң барысында түрли ҳәдийселерге, жаман-жақсы адамларға ушырасады. Биреў менен мәмле болады, биреў менен қарсыласады. Қыйын жағдай дуўшакерлесе, жеңиўге, талпынады. Мине усы-гүрес. Мурат ойланып-ойланып өзин еле усындай гүрестиң басланғыш дәўиринде жүргенин түсинди. Орнынан турды. Жолға шығыўға таярлық көрмекши болды **(Ә. Әлиев)**. 6. Муғаллим күнделикли оқыса, үйренсе ғана муғаллим, ал оқымаса, үйренбесе, сол күннен баслап муғаллимшиликтен қалады **(К. Д. Ушинский).**

## ФОНЕТИКАЛЫҚ ТАЛЛАЎ ЖАСАЎ УШЫН СОРАЎЛАР:

1. Гәптен сөзди таңлап алыў.
2. Сөзди буўынларға бөлиў.
3. Қандай буўын екенин айтып, анализ етиў.
4. Буўынлардан фонеманы айырыў, қандай фонема екенлигин анализ етиў.
5. Фонема, сес, олардың өзгешелигин дәлиллеў
6. Егер даўыслы сес болса, қандай даўыслы екенлигин айтып, анализлеў.
   а) Тилдиң горизонталь жағдайына қарай,
   б) Еринниң қатнасына қарай,
   в) Тилдиң вертикаль жағдайына қарай.
7. Айтылыўына қарай (жуўан даўыслы ма, жиңишке даўыслы ма?).
8. Даўыссыз сес болса:
   а) Жасалыў орнына қарай,
   б) Жасалыў усылына қарай,
   в) Даўыстың қатнасына қарай,
   г) Аўыз ҳәм мурын қуўыслығының қатнасына қарай қандай сеслерге жататуғынын анализ етип дәлиллей билиў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЛЕКСИКОЛОГИЯ

## ЛЕКСИКОЛОГИЯ КУРСЫ ҲӘМ ОНЫҢ УАЗЫЙПАЛАРЫ

**64-тапсырма.** Берилген әдебиятларды оқың. Төмендеги сораўларға жуўап бериң.

### СОРАЎЛАР:

1. Лексикология қандай илим, нени үйретеди?
2. Ол қандай мәселелерди өз ишине алады?
3. Лексикологияның баслы ўазыйпалары нелерден ибарат?
4. Лексикология қандай тараўлардан турады ҳәм олар арасындағы байланысты түсиндириң.
5. Лексикология қандай илим тараўлары менен байланыслы? Не ушын?
6. Октябрьге шекемги қарақалпақ тилиниң лексикасының изертлениў жағдайы қандай еди?
7. Октябрьден кейинги ше?
8. Қарақалпақ тилиниң лексикасы бойынша қандай әдебиятлар жарыққа шықты? Олардың ең баслыларын атаң, улыўма характеристика бериң.

## СӨЗ ҲӘМ ОНЫҢ МӘНИЛЕРИ

**65-шынығыў.** «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги» ндеги төмендеги мақалаларда *адам, айрылыў, буршақ* сөзлериниң мәнилерине итибар бериң, салыстырып көриң, парқын анықлаң.

**Адам.** ат. 1. **Ойлаў ҳәм сөйлеў қәбилети бар, турмысқа керекли өндирис қуралларын ислей алатуғын ҳәм ол қуралларды жәмийетлик мийнет процессинде пайдалана алатуғын жан ийеси, киси, инсан.** Бир мәҳәлде сыртқы есик ашылып, бир адам кирип келе берди (**Ә. Шамуратов**). 2. **Улыўма адам баласы, адамзат.** Түркмен феодаллары Бозатаўды **адам** айтқысыз етип шабады (**Б. Исмайлов**).

3. **Көпшилик, барлық журт халық.** Гедейлер ҳүкиметин орнатыў ушын қанша **адам** қурбан болды (**К. Султанов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Адам бойы —адам бойы шенли аралық, қашықлық, тереңлик, бийиклик узынлық.** Адам бойы жерлерге, Апарып салдық қазаны (**С. Мәжитов**).

*Адам бенде—адамның тұқымы, адам атаўлы. Үйде адам бенде жоқ. Адам улы—адам баласы, адамның тұқымы, адамийзат.* Адам уғлы бәри бирдейин болмас, Бириниң гүли солса, бириники солмас (**Бердақ**). **Адам қуны**—а) **революцияға шекемги тәртип бойынша тирилген адам ушын өлтирген адамнан өндирилетуғын** *дүнья-мал; б) Қымбат, таптырмайтуғын, бахасыз, бахасы* **табылмайтуғын, баҳасы жоқ, ең қәдирли. Адам қуны ақ** **дәри** берип, Гүлзарды тирилткен екен (*Бердақ*).

*Айрылыў. д. 1. Айра түсиў, ажырасыў, бөлеклениў, намыссызланыў,* **жеккелениў, еки тәрепке кетиў.** Апаңнан **айрылып** ишим жанады (**«ҚҚ. х. қ.»**). **Айрылды** жарлылар суў менен жерден, нан сорап, тентиреп, жөнелди елден (*Әд. аль*). Марксжаптың көпирине жетпей-ақ, арқа бетке *айрылған* арба жол менен туўры Андреев атындағы колхоздың 3-бригадасына қарап жүрди (*А. Бекимбетов*). 2. *Жоқ болыў, өлиў, тамам болыў.* Сум душпанлар түсип мениң арама, Арысландай жан ағамнан *айрылдым* (*«Қырқ қыз»*). Денемиз қақ-қақ жарылды, Табанымыз *айрылды* (*Әд.* **хрест.**).3. **Айрықша қуўаныў, кеўилрениў.** ...жаңағы Сержан жүреги тарса *айрылып*, соның хабарын айтыўға келген ғой (*Т. Қайыпбергенов*). Ес-түси кетиў, есинен айрылыў. «Ўақ» деген даўыс шыққаннан-ақ Тимур ес-түстен айрылып қалды (*А. Бекимбетов*). ...көл ишинде **айырыла** көзге түсетуғын аппақ сән берип турды (**Т.** *Қайыпбергенов*).

*Буршақ I ат. бот. Лобияға усас собықлы өсимлик, дән, дақыл.* ...атыздағы буршақ писиўге шамаласты (**Қыз. ҚҚ. г.**)

*Буршақ II ат. Мәш сыяқлы домаланып жаўған муз, домалақ муз.* Ешкилер суўға түсип шыққан тышқандай болып малпылдап жортып аўылға жақынлай бергенде, жаўынның арты *буршаққа* айналды (*Қ. Айымбетов*). Соңынан аспан елеги шашыратып себелей баслаған *буршақ* бетиме себелеп кем-кем үдей баслады (*К. Смамутов*).

*Буршақ тер — буршақ сияқлы домалақлап аққан тер.* Ғарры бий бираз ғана тыныс алып шалғайы менен маңлайының *буршақ терине* қосылып аққан көзиниң жасын сүртти (*К. Султанов*). *Тас буршақ—домалақ тас сиякылы муз. Жаңбыр кейин ала тас буршаққа* айналды (Қ. Айымбетов).

**66-шынығыў.** Тексттеги сөзлерди мәнилик жақтан топарларға айырың ҳәм анализ жасаң (Мысалы, заттың **атына** байланыслы заттың түр-түсине, сынына, ҳәрекетине ҳ. т. б.).

1 Шопанлардың өмир турмысын үйрениўдиң өзи, **молшылықты** үйрениў деген сөз. «Ҳәммеси де басшылықтан басланады» **деп** дурыс айтылған. «Басшылы ел **бағлы** ел басшысыз ел—**дағлы ел»** деп халқымыз бийкарға айтпаған (*М.. Қайыпов*).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Бәлент таўлар, бийикпен деп буўсанба,
Ериге́н бир шанақ зердей боларсаң,
Тереҥ дәрья, айбатыҥа қуўанба,
Ўақтыҥ жетсе, қара жердей боларсаҥ **(Мақтумқулы)**.

3. Сағынған бәҳәрим де келип жетти. Неге бул бөҳәрди асығып сағынбайын, себеби мениҥ Азатым азаматлық ўазыйпасын питкерип қайтса, ал мен училищемди тамамлап, бирге алыс жақлардағы қалаларға барып оқымақшымыз. Бир емес, бир нешше қуўанышларды алып киятырған бул бәҳәр илайым мениҥ ушын еҥ бахытлы бәҳәр болғай—дә! **(«Әмиўдәрья)**. 4. Пай-пай-пай, шермендешилик, шермендешилик!—деп қайта-қайта басын шайқай береди Сайымбет Балтамурат бухгалтердиҥ қопыраған қағазларына үҥилген сайын **(Ш. Сейтов)**. 5. Қара. Тап ғарғыс ушын берилгендей. Биринши көз қараста, расында да, бул жерде қара реҥ көп: Қара қум, Қара көл, қара дала... Ал қараныҥ жаман болыўы шәрт емес. Мәселен, «қарақалпақ» күтә жақсы мәниге ийе. Қарақалпақлар биринши рет XII әсирдеги рус жылнамаларында «черные клобуки» («қара бөриклилер») ретинде еске түсириледи. Қарақалпақлар Киев Русиниҥ шегарасына мәкан басып оны половецлерден қорғаў миннетин өз үстине алған. Сөйтип половецлер руслар менен қарақалпақларды мәжбүрий түрде досластырады. Тарийхқа бийбастақлықтыҥ таҥылыўына қарамастан онда күтә мәжбүрий болады. (Ф. Кривин). 7. Әл Беруний 973-жылы 4-октябрьде туўылған. Бул сәнени де есиҥиз де сақлаҥыз. Беруний өз заманыныҥ, тек өз заманыныҥ емес, басқа да көплеген заманлардыҥ уллы илимпазы болған. Астрономияда ол Коперниктен бес жүз жыл, физикада—Ньютоннан жүз жыл, математикада—Гаусстан сегиз жүз жыл озған. Географияда Колумбқа дейин төрт ярым әсир бурын Американыҥ бар екенин болжап көре билген. 8. Қарақалпақстанда әлўан түрли атамалар бар: **Көккөл, Көкликөл, Аққала, Қызыл қум...**

**67-шынығыў.** Қара ҳәриплер менен жазылған сөзлерди мәнилик жақтан анықлаҥ.

Тил—халқымыздыҥ тийкарғы **мүлки,** оған қыянет етиў халыққа қыянет, **анаға** қыянет. Ал, дурыс **жазыўға** көбирек газеталар менен китаплар үйретеди. 2. **Әдебият**—бул **өмир.** Ҳәрбир **шығарма**—өмирдиҥ көркем сөз бенен жазылған бир бөлекшеси. Көркем шығарма оқыўшыныҥ **өмирди кеҥирек** ҳәм **тереҥирек** түсиниўине жәрдем етеди. **Өмирден** ҳәртәреплеме **сабақ** алыўды қәлеўши жас әдебиятшылар ушын қалалық билимлендириў бөлими ҳәм судья кеҥсесиниҥ есиги бәрҳәма ашық! 3. Адам қыялында **жасайтуғын** үш **мәмлекет бар:** биреўи Ақыл **мәмлекети,** екиншиси—Байлық **мәмлекети,** үшиншиси—Әрман **мәмлекети.** Тилекке қарсы, ҳәр бир **инсан** усы үш **мәмлекеттиҥ** де **азаматы** болғысы келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ бундай азаматлықты сол үш **мәмлекет** қабыл ете ме, жоқ па, әне усыны ойлап ис етиў—**ҳәр бир инсанның тириликтеги бас ўазыйпасы. Бул дүньяда жасаўшы** ҳәр бир **инсанға** не ўазыйпа жүкленсе, сол **әдебияттың ўазыйпасы.** 4. «Жигиттиң **жолбарысы** Жаңабай еди. **Денеси жерден** пишип алғандай еди. Ол **гүреске** түсетуғын ўақытта қәдимги кийимлерин **шешип** үстине **гүреске** кийетуғын шапанын кийип жалаң аяқ **ортаға** шыға беретуғын, қайсар еди-аў. Өзи де хошҳаўаз, **бақсы** ҳәм **сазенде** еди. Ертең **гүрес** болады деген күни-түни менен саз шертип, бақсышылық етип, уйықламайтуғын еди. Ертеңине көзлери жолбарыстың көзлериндей **шахмақ атып ортаға** шығады-аў. Бир күни ол **«Әмиўдәрьяның** бержағында **мениң** менен **беллесетуғын** палўан қалмады» деп **жаман атын жаман арбасына** жегип Хийўа ханлығына жол тартты. Хийўа ханының бас палўаны менен **гүресип** атырғанда, Жаңабайдың тобығы **шығып** кетеди. Ол отыра қалып өкшесин тартып жиберип тобығын орнына салады, сөйтип **белиндеги белбеўин** шешип алып, аяғын тас қылып байлап қайтадан гүреске түсип, Жаңабай **Хийўаның шынжырлы** палўанын басынан асырып ылақтырып жибереди. Буны еситкен хан палўанын шақырып алып:—Не себептен жығылдың?—деп сорағанда, хан палўаны:—Тақсыр!... бир адамның еки адамға не **шарасы** болады,—деп жуўап берипти.. Сол сапары Жаңабай Хийўадан аўырып қайтып, көп узамай **өлди. («Әмиўдәрья»).**

5. Айдын **ашық кең салалы** бизиң **ел,**
**Жерлери бай,** тоғай, **шалқар гүмис көл,**
Адам **еркин, ықтыярлы жасайды,**
Бул турмысты ҳеш көрген жоқ басқа **ел. (Н. Жапақов).**

**68-шынығыў.** Мысаллардағы қара ҳәрип пенен жазылған ғалабалық атамалар менен меншикли қойылған атлардың мәнилеринде қандай айырмашылық бар екенлигин анализлең.

1. **Түйемойыннан Нөкиске** дейинги 240 километрлик бөлеги үлкен **диаметрдеги,** яғный, 1,420 миллиметрлик трубадан тартылады. Ал **бас магистральдан** тарайтуғын—**Нөкис—Тақыятас-Хожели—Қоңырат, Нөкис—Тахтакөпир суў тармақларына** киши диаметрдеги 1,220 миллиметрлик трубалар қойылады. **Суўды** көтерип бериў ушын Түйемойында, **Берунийде, Қаратаўда,** Нөкисте насос станциялары қурылады. **Трассаны** бойлап жүрип киятырмыз. **Қумдаланың** қойны гүзар жол. **Кузовына** 24 тонналық **жүкти** алған аўыр **рудовоз жолдың** шегелең **қум топырағына** да қарамастан ыңыранып киятыр. Трассаның барған басында ғажжа-ғаж ис **(А. Камалов).** 2. **Шортанбай** бойларында дәслепки **колхозлар** шөлкемлесип, ол колхозлар **«Тилеклес», «Қызыл жақты», «Қызыл Қарақалпақстан», «Бахытлы, «Пролетариат», «Куйбышев** ҳәм **«Энгельс»** атындағы майда колхозлар

www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Олар **дәрьяны** жағалап ҳәм **Төлеген жаптың** еки бойында диййханшылық етип күнелткен. Бул майда колхозлардың ҳәр бири 25—30 гектардан ғана **шигит** егип, **гектар** басына 4-6 **центнерден пахта** жетистирип жүрген. Бул жетистирилген **өним халықтың** өсип баратырған талабын қанаатландыра алмады. Оның үстине **Керейттиң сағасы** қайнаўытлап үлкен жыққын кетип, Шортанбайдың еки жағасын жағалаған **елатты** суў басып олар бул жерден көшип кетти **(Қ. Жуманиязов).** 3. **Толқыннан** толқын туўылады,—дейди халқымыз. Сондай-ақ дәслепки толқын **Баймураттың әкеси** ҳәм оның қатарлары, **республикамыздың** туңғыш **тракторшылары** болса, екинши дүркин тракторшылардың қатарына Баймурат киреди. Ал үшинши дүркин—олар Баймураттың **шәкиртлери. Бригадада** ҳәр күни жумыс ерте басланады. Оның шәкиртлери де усыған үйренген. Баймураттың шәкиртлериниң көпшилиги өзи менен бирге ислеп атыр. Олардан **Турсынбай Дәрменбаев, Қыдырбай Ҳәкимов, Қурбанбай Тилеўимбетовлар устаздың** бай тәжирийбелерин шеберлик пенен үйренип, жер тегислеўдиң маманы болып киятыр **(Қ. Жуманиязов).**

4. **Ана—Ўатан,** абад турмысымыз бар,
Ашық **аспан,** жақты **жулдызымыз** бар.
**Әрманларды** алға баслап атырған —
Даңқы тилде **дәстан—ул-қызымыз** бар.
**Парахатшылық** болсын **планетада**
**Бахытлы** жасасын барлық **ата-ана! (Т. Қабулов).**

5. Бул жерде көп урыўлы ел. **Қарақалпақ, өзбек, түркмен,** ҳәм **қазақлар** жасайтуғын еди. Олар көп **заманнан** бери малы аралас, қойы қоралас, ҳәммеси қанлы көйлек, **қуда-қудағай** болып отырған адамлар еди **(Н. Ешматов, А. Оразов).** 6. ...**Жолдáсбай аға Қәлимбетов** бул күнлери дем алыста, бирақ оның ҳәр күни босқа өтип атырған жоқ. Райондағы парахатшылықты қорғаў комитетиниң ағзасы **(С. Жумағулов). Қарақалпақстан** бойынша Даңқ орелениниң толық кавалери **Әлимбай Аманбаев, Тилеўмурат Өтемуратов** деген еки ғана қаҳарманымыз бар еди. Жақында олардың қатарына Жолдасбай аға Қәлмбетов қосылды **(С. Жумағулов).** 7. Қоңырат районындағы **«Қызыл жар»** совхозының шарўалары быйылғы мал қыслатыў мапазын ҳәр тәреплеме үлгили өткермекте **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

8. **Хожели** районындағы **Ленин** атындағы колхоздың диййқанлары бәҳәрги егиске ҳәр тәреплеме пухта таярлықлар көрип атыр **(«Совет Қарақалпақстаны»).**

**69-шынығыў.** Сөз мәниси туўралы қандай пикирлер менен таныстыңыз? Сөз мәнисин қалай түсингениңизди айтып бериң. Сөз мәниси туўралы мына анықламаларды салыстырың, жуўмақ шығарың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам дүньяны таныў процессинде предметке қатнас жасайды, демек, предмет сәйкес сеслик қабығы (оболочкасы) арқалы уғынылады. Әдетте булар арасында нызамлы ҳәм объектив байланыс иске асады. Бул байланыс предметтиң ҳәм оның материаллық-сеслик айтылыўының сәўлелениўинде көринеди. Усы байланыстың пүтинлиги тийкарында предметтиң санамызда сәўлелениўи менен сөздиң материаллық қурамы дөрейди. Керисинше; қандай да бир сөзди еситсек, бизиң санамызда сол сөздиң сәўлелениўи келип туўады, сол сәўлелениў арқалы сәйкес предмет уғынылады. Демек, сөздиң материаллық қурамы менен сәйкес предмет арасындағы байланысты, олай болатуғын болса, сөз мәниси деп атайды екенбиз (**В. Н. Головин, Введение в языкознание**).

2. Сөз мәниси сөздиң еситилиўи (қурама) менен предмет ямаса қубылыстың сәўлелениўи арасындағы бизиң санамызда тарийхый дөреген байланысы болып табылады (**Р. А. Будагов. История слов в истории общества**).

3. Сөз мәниси сол сөз аңлататуғын қандай да бир факт ямаса шынлық қубылысы. Ол туўралы бир адам екинши адамға өз сөзинде хабар етеди. Бул айтыўшы тәрепинен де, еситиўши тәрепинен де теңдей түсинилиўи тийис (**Л. А. Булаховский, Введение в языкознание**).

4. Сөз мәниси дегенимиз оның шынлық қубылысқа сәйкеслиги ҳәм байланысы (**А. В. Калинин. Лексика русского языка**).

5. Сөз семантикасы дурысында логикалық форма сыпатындағы уғым менен де, сөз арқалы аңлатылатуғын уғым менен де сәйкес келеди (**Г. В. Колшанский. Логика и структура языка**).

6. Сөз мәниси дегенимиз тил системасындағы белгили бир қураллар арқалы уғымның берилиўи болып табылады (**Л. С. Ковтун. О значении слова**).

7. Сөз мәниси—предметтиң, қубылыс яки қатнастың сәўлелениўи, ол сөз қурылысында сөздиң ишки тәрепи сыпатында таныла да, сөздиң еситилиўи оның материаллық қурамы (оболочкасы) болып табылады. Бул мәни дөретиў, оны екинши биреўге жеткериў ушын ғана емес, ал сол мәниниң келип шығыўы, формаласыўы, жасаўы ҳәм раўажланыўы ушын да зәрүр (**А. И. Смирницкий. Значение слова**).

8. Сөз мәниси сөзде анаў я мынаў шынлық қубылысларының (предметтиң, сапаның, қатнастың, ҳәрекеттиң, жағдайдың) сәўлелениўинен ибарат (**Н. Д. Шмелев. Значение слова— Русский язык. Энциклопедия**).

9. Сөздиң лексикалық мәниси дегенимиз тилдиң грамматикалық нызамлары тийкарында қурылған ҳәм сөзлик составтың семантикалық системасының бир элементи болып табылатуғын предметлик, затлық мазмуннан ибарат (**В. В. Виноградов. Основные типы лексических значений слов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӨЗДИҢ ЛЕКСИКАЛЫҚ ҲӘМ ГРАММАТИКАЛЫҚ МӘНИЛЕРИ

**Есиңизде тутың:** 1. Сөздиң предметлик—затлық мазмуны оның лексикалық мәниси таныладыда, грамматикалық формасы грамматикалық мәнилеринен ибарат. Олар арасында ғәрезлилик ҳәм байланыс бар.

2. Сөздиң грамматикалық мәниси ҳәр түрли қатнасларды аңлатады, сонлықтан да грамматикасыз байланыслы пикирди екинши биреўге жеткериў мүмкин болмаған болар еди. Турмыстың түрли тәреплерин аңлатыўға байланыслы сөзге зәрүрий форманы грамматика шөлкемлестиреди (**Е. М. Галкина-Федорук. Слово и понятие**).

**70-шынығыў.** Берилген сөзлердиң қандай мәнилерди аңлататуғынлығын анықлаң. Сол сөзлерди ишинде келтирип гәплер дүзиң.

Сәнем, совхоз, парахатшылық, ушын, қызыл, ерте, быйыл, мен, ол, бес, он, ҳәм, туўралы, бесинши, оқыў, күйиниў.

**71-шынығыў.** Тексттеги сөзлердиң лексикалық ҳәм грамматикалық мәнилерин анықлаң

1. **Өмир—адамның адам менен**, әўладлардың әўладлар менен дослығы. Өмир—адамның адамға, әўладлардың әўладларға муҳаббаты. «Мениң өмирим мен өлгеннен кейин басланады»,—деген Бердақ шайыр. Өмир—халықтың бахты ушын гүресиў, сол ушын ҳәр ким өз өмирин бәҳәрге уқсатып жасаўы керек,—деп нәсиятлап қалдырған Ерназар алакөз (**Т. Қайыпбергенов**).

**72-шынығыў.** Текстти оқың. Мәнили сөзлерди бир бөлек көмекши сөзлерди бир бөлек айырың. Мәнили сөзлердиң қандай мәнилерге ийе екенлигин, көмекши сөзлерде қандай мәни болатуғынын айтып бериң.

Күн ыссы еди. Әбден жалыққанлықтан Евсейка қалғып кетти. Сол-ақ екен, гүмп етип, суўға қулап түсти. Суўға түсип кетседе, ол сасқан жоқ, жайлап жүзип келди. Бир ўақытта сүңгип кетип, абайсызда теңиздиң түбине барып жетти.

Теңиз түбинде жумсақ, шалаң басқан тасқа барып отырып, дөгерегине көз жиберип еди, ҳайран қаларлықтай екен.

Қып-қызыл теңиз жулдызы әсте шайқалып киятыр. Тастың үстинде муртлы лангустлар жүр. Олар қырынлап қарап кетип баратыр. Ақ тийинлар таслардың бетинде төгилип атырған ири шийедей болып, жайнап тур. Шыбындай мап-майда креветкалар ары-бери өте береди. Мине тасбақа сүйретилип баратыр. Оның аўыр саўытының үстинде асыр салып жүрген кишкентай жасыл балықлар, тап гүбелектей ақ таслардың бети менен қабығын арқалап шаян еплеп домаланып баратыр. Оны көрген Евсейка: «Үй ғой ол, Яков атайдың арбасы емес» деген бир қосықты есине түсирди (**М. Горький**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**73-шынығыў.** Берилген үзиндилердеги сөзлердиң лексикалық мәнилерин ҳәм формасын, хызметин түсиндириң.

1. Азатлық деп жанын тиккенлер олар,
Халқым деп қанларын төккенлер олар,
Елимде Октябрь жеңиси ушын,
Ленинлик ықырарға беккемлер олар.

Революция жасаған бурылыс арымда
Бес жыллықлар бойлап қурылысларымда,
Оның алтын қолларынан мийрас бар,
Билим шыңларында, турмысларымда **(С. Аббазов).**

2. Адамлар—бир аққан дәрья, бири екиншисине қосылса, теңиз дөретип, ана-жердиң бир көзине айналады **(Т. Қайыпбергенов).**

...Бәҳәр қуяшы бүгин жадырап шықты. Оның зердей жарқыраған өткир нурлары жасыл липасына бөленген бийик терек-лердиң төбесинен асып, көлбеп жатқан асаў өмирдиң сарғылт суўына шашырады. Сәўир самалының лебине тербелип атырған тутас толқынлар бирден алтындай дөнип жарқырап кетти. Таң сәўлесин аңсап қалған ақ қанатлы шағалалар суў үстинде шаңқылдасып, ойынға шыққан шабақларға изли-изинен ҳүжим жасады. Соның арасында асаў Әмиў кем-кемнен көбиклесип кенарына сыймай, жағада турған кемелерди бесиктей тербеди **(А. Бекимбетов).**

## ЛЕКСИКАЛЫҚ МӘНИЛЕРДИҢ ТИПЛЕРИ

**Тапсырма.** Лексикалық мәнилердиң классификациясына байланыслы әдебиятларда қандай пикирлер бар екенлигине нәзер аўдарың. Онда мәниниң қайсы тәреплер, қандай қатнас ҳәм байланыслар есапқа алынған? Сизиң пикириңиз қандай?

**74-шынығыў.** Лексикалық мәнилердиң типлери бойынша мына пикирлерди салыстырың, жуўмақ шығарың.

1. Көпшилик жағдайларда сөздиң лексикалық мәнилери туўралы пикир жүргизгенде, оның туўра ҳәм аўыспалы мәнилери, көп мәнилиги, улыўма ҳәм контекстлик мәнилери, ҳ. т. б. туўралы көбирек сөз етиледи **(Е. М. Галкина—Федорук. Современный русский язык, лексика; Ҳозирги замон узбек тили; Г. Г. Мусабаев. Современный казахский язык).**

2. Сөз мәнисиниң предметке қатнасыў хызметине қарай номинативлик ҳәм сигналлық, сөз мәнисиниң предмет пенен байланысыў усылына қарай туўра ҳәм аўыспалы, сөз арқалы билдирилетуғын қубылыстың характерине қарай конкрет ҳәм абстракт (булар—мәниниң биринши топары), мәниниң уғым менен байланысыў характерине қарай терминологиялық ҳәм улыўма, сөз ҳәм оның мәнисиниң уғымды аңлатыў жағдайына қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рай образлы ҳәм образсыз, мәниниң эмоционаллық искерлиги менен байланысына қарай эмоционаллық ҳәм логикалық (булар-мәниниң екинши топары) Сөз мәнисиниң алыс-жақынлық дәрежесине қарай полисемиялық ҳәм омонимлик, сөзлердиң генетикалық жақтан бир-бирине ғәрезлилигине қарай дөретиўши ҳәм дөренди, мәнилердиң жақынлық ҳәм қарсылық жағдайына қарай синонимлик ҳәм антонимлик, бир сөз көлеминде лексикалық мәнилердиң бир-бири менен генетикалық байланысына қарай мотивлескен ҳәм мотивлеспеген (булар—мәниниң үшинши топары) коллектив тәрепинен мәниниң танылыў ҳәм қолланылыў жағдайына қарай гөнерген ҳәм жаңа, ҳәзирги ҳәм этимологиялық, жалпы ҳәм контекстлик, бийтәреп ҳәм стилистикалық, актив ҳәм пассив (булар—мәниниң төртинши топары), сондай-ақ байланысыў жағдайына қарай еркин ҳәм байланысқан (булар—мәниниң бесинши топары) мәнилерди ажыратыўды нусқайды (**В. Н. Головин. О типах лексических значений слов русского языка**).

3. Сөз мәнилерин қоспалы категория сыпатында баҳалап, мәнилердиң байланысыў характерине қарай еркин, фразеологиялық байланысқан, функционаллық-синтаксислик шәртли мәнилерди ажыратады (**В. В. Виноградов. «Основные типы лексических значений слова»**).

4. Лексикалық мәнилерди классификациялаў номинациялық усыл бойынша мәниниң предметке тиккелей қатнасы тийкарында туўра атаўы ямаса усаслық белгилерине қарай аўыса аталыўы жағынан, сөз мәнилериниң семантикалық байланысын предметлик байланыс тийкарынан қараў, лексикалық мәнилердиң бирлесиўшилиги, яғный синтагматикалық қатнасы бойынша, лексикалық мәнилердиң хызметине қарай жүргизиў нәзерде тутылады (**М. И. Фомина. Современный русский язык, «лексикология»**).

**75-шынығыў.** Номинациялық (аталыў) усылы бойынша төмендеги сөз ҳәм сөз дизбеклеринде лексикалық мәниниң предметке қатнасын, байланысын анықлаң. Онда сол мәнилер арасында қандай айырмашылық бар?

Туңғыш, туңғыш бала, туңғыш муҳаббат, аўыз, аўызынды аш, қаптың аўзы; етек, етегине салыў, таўдың етеги; бет, бетиме тийди, жаўдың бети, жердиң бети, қазанның бети; үймелеў, қумырысқа үймеледи, ойлар үймелеп басыма; алыс, аўыл алыс, кеўил алыс; қайнаў, суў қайнады, мийнеттиң қайнаўы; қызыў, күн қызыў, жумыс қызыў; көз, көзи аўырыў, ийнениң көзи, жумыстың көзи.

**76-шынығыў.** Төмендеги сөзлердиң лексикалық мәнилери арасында семантикалық мотивлилиги (байланыс тийкары) жағынан қандай белги бар екенлигин анықлаң.

Жер-жерлес, тоғай-тоғайлық, қала-қалалы, аўыл-аўыллас, класс-класслас, жабан-жабанлы; қайнаў-қайнатпа; дәстурхан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

**дәстурхан жайыў, дәстурханға мирәт; үйлер-үйлер қонды, үйлер жатса да.**

**77-шынығыў. Сөзлердиң лексикалық мәнилери арасында** лексикалық биригиўшилиги бойынша қандай айырмашылық бар. Себеби неде? Предметлик-логикалық қатнас дәрежесине итибар бериң, анализлең.

Кино, шығарма, әңгиме, ойын-қызықлы, кино, қызықлы шығарма, қызықлы әңгиме, қызықлы ойын, кинодан қайтыў, киноға барыў, киноны көриў, киноға еликлеў, илимий шығарма, көркем шығарма, әдебий шығарма, баҳалы шығарма; шығарманы оқыў, шығарманы жазыў, шығармадан алыў; әңгиме айтыў, әңгиме тыңлаў, әңгиме еситиў, ойын қурыў, ойын ойнаў, ойынға барыў, ойыннан қайтыў, ойын көриў.

Ал мына сөз дизбеклеринде ше?

Көркем дәптер, көркем бала, көркем саз; жоқары кино, тар кино, кең кино, бийик кино, жоқары шығарма, тар шығарма, кең шығарма; жоқары әңгиме, тар әңгиме, кең әңгиме, бийик әңгиме, тар ойын, кең ойын, жоқары ойын; қызыл орамал, үлкен орамал, нағыслы орамал, суўық орамал, бийик орамал.

**78-шынығыў.** Салыстырып көриң. Лексикалық мәнилердиң еркинлиги ҳәм еркин емеслигин анықлаң. Қайсы сөзлердиң лексикалық мәнилери еркин емес, себеби неде?

1. Қалың тоғай, бийик тоғай, көк тоғай, сийрек тоғай, жасыл тоғай—жыс тоғай, дүт тоғай; бийик таў, қарлы таў, қарсыз таў, асқар таў; үлкен тил, кишкене тил, узын тил, қысқа тил, қызыл тил.

2. Жаздың күни жайнаған,
Жарқыраған күн сулыў.
Жипек жели жылжыған,
Алтын айлы түн сулыў.
Қулпы дөнген көк пенен
Өнимге бай жер сулыў
Ғаңқылдасқан ғазлары,
Балығы мол көл сулыў.
Толқыны тайдай туўлаған.
Әмиўден шыққан пуў сулыў.
Дүзилген жаңа каналдан,
Толқынлап аққан суў сулыў **(Ж. Аймурзаев).**

3. Өшиңди ал душпаныңнан,
Күшиңди жыйна жасыңнан,
Халқың кетпесин қасыңнан,
Кишипейил болғыл, балам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаман болып түспе көзге,
Ендирмегил сарғыш жүзге,
Ерме тағы шуғыл сөзге,
Жаманнан қаш жастан, балам.
Маңлайыңнан ағызып тер,
Жақсы-жаманды сынап көр,
Жақсы адамның кейнине ер,
Сонда жолың болар, балам (**Бердақ**).

**79-шынығыў**. Мына гәплерде ҳәм қосық қатарларында **аўызлар, доңызлар** **сөзлериниң мәнисине итибар бериң.**

1. Көп аўыз сөйлейди (**нақыл**). 2. Аўызға урип ишкендей екен. 3. Аўыз қуўыслығында бир неше сөйлеў ағзалары жайласқан. 4. Халық ертеклери аўыздан аўызға көшти, ысылды, халық тәрепинен жетилистирилди, бизиң заманымызға келип жетисти. 5. Сен өлгенде, жыламады жаўызлар, қарамады қанлы қыйсық аўызлар. Ғарқ-ғарқ күлди өлимиңе қуўанып, Гүңкилдесип ҳарам ойлы доңызлар (**Д. Назбергенов**). 6. Доңыз—жабайы ҳайўанлардың бир түри. 7 Келип айтып кетсе болады ғой ол доңыз, мен услап қалар ма екенмен (**К. Султанов**). 8. Нағыз доңыз ғой айтқанды етпесе, кеўлине не келсе, соны қылады, адам менен есапласпайды, тыңламайды, қайрылып та қарамайды, тек өзиники дурыс (**сонда**).

**Тапсырма**. Сораўларға жуўап бериң.

1. Сөздиң лексикалық мәнилериниң биригиўшилик жағдайы неге байланыслы болады?
2. Лексикалық биригиўшилик дәрежеси бойынша мәнилер қандай түрлерге бөлинеди?
3. Еркин лексикалық мәни дегенимиз не? Мысаллар келтириң, дәлиллең.
4. Фразеологиялық байланысқан мәни дегенимиз не? Мысаллар келтириң, анализлең.
5. Функциялық—синтаксислик шәртли мәни ше?

**80-шынығыў**. Қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң лексикалық мәнилериниң атқарып турған хызметин, яғный предмет пенен қубылыслардың атамасы ҳәм қосымша экспрессивлик мәни аңлатып турыўына итибар бериң.

1. Жүриў — ысырылыў — қозғалыў — арбаңлаў — тырбаңлаў—дик-дик етиў—кешиў; отырыў-дизе бүгиў-омалыў-дем алып алыў-қуйрығын жерге қойыў; адам-инсан-киси-адам мақлуқ-адамзат; қонақ-мийман-қудайы қонақ; ислеў-ҳәрекет етиў, талабында болыў-қыбырлаў-қыймылдаў-қыймылын бериў.

2. — Мени **таныйсаң ба**—дедим мен күле шырай **менен**. Бетиме **тигилип**, азырақ отырды **да** ол:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Биреуге **усатаман**, бирақ ол емессиз **ғой**,—деди қара **көзи тынық** суўдай **мөлдиреп** тигилип турып.

— Кимге усатасаң?

— Бизиң **аўылда** бурында Ерполат деген бар еди, соған **усатаман**.

— Ол қайда?

— Мәрдикарға **айдалып кетип еди, өли-тирисин** билмеймен.

— Онда сол Ерполат — мен.

— Айтбай ағам қайда, қашан **келеди?**

— Ол **жақында** келеди.

— Бул бетте не қылып жүрсең? — деди Ҳүрзия.

— Биз **қызыл әскермиз, халықтың душпаны баспашылардан елди** қорғап жүрмиз.

— Баспашы дегениң ким?

— Ханжәнеўиттиң, Балабийдиң, Темиралының **атлылары.**

— Оларды не қыласыз?

— Оларды таўып, **тамырына балта урамыз**. Олар—**душпан.** Олар **мудамы** халыққа **қастыянлық етеди (М. Дәрибаев).**

**81-шынығыў.** Түсиндирме сөзликтен **жәрдем, жәнжел, азап, белгили, үлкен, жаман, отырыў** сөзлериниң номинативлик хызмети, сондай-ақ усы сөзлердиң мәнисине байланыслы экспрессивлик-синонимлик қосымша мәнидеги сөз мәнилерин көширип алың, анализлең. Номинативлик ҳәм экспрессивлик-синонимлик мәнилердиң парқын айырың.

## СӨЗДИҢ ТУЎРА ҲӘМ АЎЫСПАЛЫ МӘНИЛЕРИ

**Тапсырма.** Сораўларға жуўап бериң. Жаўабыңыз ушын «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинде» сөздиң туўра ҳәм аўыспалы мәнилери бойынша берилген материаллардан пайдаланың.

### Сораўлар:

1. Сөз дәслеп неше мәниде пайда болыўы мүмкин?
2. Туўра мәниден неге айрылады
3 Аўыспалы мәнилер ше?
4. Бир мәнили (моносемялық) сөзлерге мысаллар келтириң, анализлең.
5. Көп мәнили (полисемялық) сөзлерге мысаллар келтириң, анализлең.

**82-шынығыў.** Түсиндирме сөзликтен алынған мына мақалаларда **кеме, гүмис, жақтылық** сөзлериниң қайсысы туўра мәниде, қайсысы аўысқан мәнилерде берилген? Талқылаң, анализлең.

Кеме **ат.** Қайық, суўда жүзетуғын жүк ҳәм адам тасыйтуғын тахтадан исленген суў транспорты. Отызыншы жылларда Төрткүлден Шымбайға баратуғын жолаўшыға суў транспорты ретинде кеме жумсалатуғын еди **(«Қыз. ҚҚ г.»).**

✦ **Кеме-кеме**—көп кеме, сансыз кемелер. Мүйтен деген не-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ме-неме. Қақпашалары кеме-кеме, Тоқ болсаң, уўылдырық жеме, Балық ушын туўылған мүйтен (**Бердақ**). Бурынлары Кегейлиниң жағасына кеме-кеме затларды шығарып жыйнап қоятуғын еди (**«Қыз ҚҚ г.)**. **Кемеси қайырлаў**—талабы келиспеў, иси оңға шаппаў, қыры қашыў, иси жүрмеў. Мине усы ишиўшилиги арқалы жумыстан да босатылып, бир неше рет кемеси қайырлады (**Қ. Айымбетов**).

Гүмис ат. 1. Сапа жағынан қымбат баҳалы ақ түсли металл, химиялық элемент. Жарасыпты сәўкелеге моншағы, Белинде бар гүмис саплы пышағы («Қырқ қыз»). 2. **Мөлдир, тынық.** Палўан қыздың күлкисиндей сыңқылдап, Бахыт сазын шалған гүмис суўларың (**И. Юсупов**).

Жақтылық ат. 1. **Нур, жақты сәуле. 2. Бир нәрсениң тәсири, пайдасы, нәтийжеси.** Қуўраған шөплерди нурға бөлетип, Даңқлы елге мол жақтылық жағаман (**Ә. Шамуратов**). 3. **Жақты дүнья, азатлық, еркинлик, бостанлық.** Ғәрип-қәсер пақырларға, Көрмейтуғын соқырларға, Ҳеш ўақыт мөмин қулларға, Ҳеш жақтылық болған емес (**Бердақ**). **Артта қалыўшылықтан қутылыў, бахытлы турмысқа шығыў.** Қарақалпақ халқы Октябрь революциясынан кейин қараңғылықтан жақтылыққа шықты.

**83-шынығыў.** Берилген мысалларда қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң қайсысы туўра мәнисинде, қайсысы аўыспалы мәниде екенлигин анықлаң.

1. Орта бойлы, **бетинде** сепкили бар, көселеў Янбырдың минезин жуўас көрген Абылла оның менен жақынласа баслады (**Ж. Сапаров**). 2. Азат китаптың биринши **бетин** ашыў менен-ақ, бурын оқығанлары есине түсе баслады (**«Әмиўдәрья»**). 3. Биз, жигирмалаған қызыл әскер, елдиң шети, жаўдың **бетинде** жатырмыз (**М. Дәрибаев**). 4. Ертеректе бир жорамыздың үйине қыдырып келгенимизде көргеним бар, бирақ **бетлесип** сөйлескенимиз жоқ, деди Абылла (**Ж. Сапаров**). 5. Ет — етке, сорпа **бетке** (**нақыл**). 6. Кең майданда турған халық қубла **беттеги** орталық көшеге қарап **бет** бурды, балалар асығыслы түрде солай қарап жуўырысты (**Ж. Сапаров**). 7. Әдепли бол, **бетинен** ала берме, өзиң жақсы болсаң, саған ким тийеди, ҳеш ким де тиймейди. Жақсы қатнас, берекетли турмыс әне сонда болады (**Т. Қайыпбергенов**). 8. **Жас** балалар менен қызлар атлы отрядтың излеринен шубырысты (**«Әмиўдәрья»**). 9. **Жас** тал майысқақ келеди (**нақыл**). 10. Жазғы кеште екеўимиз парк ишинде, отырдық түпкирдеги скамейкада, Хрусталь бокал менен сол бир түнде, **Жас** өмир ышқы шарабын берди маған (**И. Юсупов**). 11. Шыбығы сынса шынардың, Қабығынан шығар **жас**. Сәлемин **жас инкардың**, Жулдызға жеткиз, уш гүрлеп (**И. Юсупов**). 12. Бул ўақыя кешке қарай **жүз** берди. 13. Дәрьяның арғы **жүзи** менен шайқатылып киятырған бир желқомлы кеме кенсениң тусына келди де берги **жүзге** қарай бурылды (**К. Султанов**). 14. Усы ўақытқа шекем оның **жүзине келгеним**



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ, сонда да өкпең қазандай болады да турады (А. Бекимбетов). 15. Жүзге шық, иним, көп жаса! Сен маған үлкен жақсылық иследиң («Совет Қарақалпақстаны»).

## СӨЗ МӘНИСИНИҢ АЎЫСЫЎ УСЫЛЛАРЫ

**Тапсырма.** «Ҳәзирги қарақалпақ тили» сабақлығын оқың. Онда сөз мәнисиниң аўысыўының қандай усыллары туўралы айтылған? Олардың бир-биринен айырмашылығы қандай?

### Сораўлар:

1. Тилде сөз мәнисиниң аўысыўы қандай нызамлылықларға сүйенеди?
2. Метафоралық усыл деп неге айтамыз? Метафоралық усыл арқалы сөздиң қандай мәнилери пайда болады?
3. Метонимиялық усыл қалай? Оның метафоралық усыл менен жақынлығы неде?
4. Синекдохалар қалай пайда болады?
5. Сөз мәнисиниң аўысыў усыллары тилде қандай әҳмийетке ийе?

**84-шынығыў.** Төмендеги мысалларда аўысқан мәнили сөзлерди табың, олардың қайсы усыл арқалы аўысқан мәни пайда еткенлигин анықлаң, сәйкес предмет, қубылыс атамалары менен салыстырып көриң, анализлең.

1. Тамның да қулағы бар (**нақыл**). 2. Жердиң тилин билген жерди сөйлетеди (**нақыл**). 3. Әңгимениң аяғы да таўсыла келген ўақытта, бағанағы мурт асыға кирип келди.

4. Әмиўдәрья толқып ағады,
Толқынлардан түйме тағады,
Тасқын ағыс, тынымсыз толқын,
Тербетип тур жасыл жағаны.
Гүмис суўдың сылдырлағаны,
Шертер мудам шадлы наманы,
Жүрегим сен деп соғады.
Ай аспанда әсте жүзеди,
Жулдызлардан маржан дүзеди,
Айлы түнде Әмиў бойында,
Ай менен Жер сәўбетлеседи,
Жулдызлардың жымыңласқаны,
Көзлеримде күлим қағады,
Әмиўдәрья толқып ағады (**Т. Қабулов**).

5. Аннабег бас болған жас жигитлер отырғанларға табақ тартып хызмет иследи (**Ж. Сапаров**).

6. Мақтумқулыны оқығанда
Айтар едим ҳәр заманда



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемис бар ма, беглер онда?
Сөзин тауып қылар едим (Бердақ).

7. «Қара қағаз» келди деген ат алған,
Не биреўдиң жүрегине дәрт салған,
Гей биреўлер мәңгиликке жоқ болған,
Урыс отын шашып келген жыл еди (Қ. Жуманиязов).

8. Усы ўақытта үлкен бир шырша ағашының түбине бир неше бөлек қар томп ете қалды. Жолдасбай буған таңланып, ағаштың төбесине бир қарап еди, бир шақа қыймылдап кеткендей болды. Енди бәри түсиникли болды.—Жолдас лейтенант, ана шыршаның басында «Кукушка» отыр. Жоқ етиўге рухсат етиңиз! (С. Жумағулов).

9. Ойласаң, бул дүнья бийпаян екен.
Душпан иси халыққа көп зыян екен.
Байлар—қасқыр, түлки, халық—қоян екен,
Қараңғы қаплаған қайғы заманда (Бердақ).

10. Назар Ташкенттей уллы пайтахтқа жалғыз бир мақсет пенен келген еди, енди сол мақсетинен де қолын жуўып, қолтығына бир урып шыға келди. Деканатта институттан шығарылғаны туўралы буйрық еле қыстырыўлы турған шығар.

— Назаржан, Ғәний әкең келгенше, азмаз қамыр ушынан пәтир қылып турайық. Өзи келген соң дастурханды қайталап жаярмыз,—деди Бәниў.

— Назаржан, қызалақлы болыпсаң, баўы берик болсын,— деди және Бәниў.

— Мен, Назар, саған комсомолшалап айтайын: ҳәзир Ташкентимиздиң қурылысында бир қолымызды екеў ете алмай атырғанымызда, сен үйиңниң жағдайын сылтаўлап қарап жатыўға уялмайсаң ба? (О. Әбдирахманов).

**85-шынығыў.** Сөзлердиң төмендеги қолланыўынан не түсинесизлер? Бул тилимиздеги қандай лексикалық қубылыс екенин түсиндирип бериң.

1. Наўайыны, Бердақты,
Ядлағанман жасымда,
Шайыр болыў сол ўақта,
Қыял еди басымда (Т. Қабулов).
2. Тилеўберген, Ибрайым,
Толқынлатты жанымды,
Оларды оқып ҳәрдайым,
Кеўлиме йош ағылды (Т. Қабулов).
3. Бир ғәрип йығлап турғанда,
Янында күлиўши болма (Мақтумқулы)



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. Сайра, сайра бүлбилим,
Сайрап турған тилиңнен,
Ләззет алсын бул елим,
Сениң шыққан үниңнен (Н. Жапақов).

5. Мен қыздан көзимди айырмай қарап турман, қасымнан өтип баратырып, ол да маған нәзер таслады (Ә. Қарлыбаев).

Күйдиретуғын да тил, сүйдиретуғын да тил (нақыл).

6. Шам елдиң ҳәстеси сынған,
Дуўтар елдиң дәстеси сынған,
Ҳәзир перден алтын сымнан,
Тар тағылды шарханадан (А. Дабылов).

7. О, сиз жаслығымның сырласы таллар,
Аҳ, сол жағымлы, қол, жүзикли қоллар (И. Юсупов).

8. Мурт қасындағы жолдасына сум нәзер таслап, өзин танытпайын дей ме, бетин қапталына бурып және ақ боз жүрмелиниң тиқирейген жалына бүгилди (Т. Қайыпбергенов).

9. Шын дос жүзге айтып жаза береди, душпан көбинесе хошамет етип, сыртыңнан гөриңди қаза береди (Т. Жумамуратов).

**86-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан улыўма халықлық образлы метафораларды ҳәм жеке стильлик метафораларды ажыратып, олардың бир-биринен өзгешелик белгилерин анализ етиң.

1. Урықлар қашшан қыздай сыланып шығып, жол бойындағы көк сөкитлер жарпақлаўға қараған. Анда-санда әтшөктиң даўысы еситиледи. Аттың епкини менен танаўға гүп-гүп урған таң сәҳәр самалының бәри әтираптағы көк ийисин тек сениң ушын әдейи алып ушқандай аймалап-аймалап өте шығады (Ш. Сейтов).

2. Қуяш күлди, жылтыр гүмис нур төкти,
Сәўле шашып жарқыратып жер, көкти,
Булақ шапшып, сылдыр-сылдыр атылып,
Боз жорғадай секириўин үдетти,
Жер бетиниң қары кетип, доланып,
Бай тәбият ғәзийнесин дөретти,
Епкин самал жас еркедей қытықлап,
Жуўдырлатты жапырақлы теректи.
Жасыл топырақ ҳасыл гилем жамылды,
Ағаш бөртип, көк лентасын тағынды,
Жипек ҳаўа сағынғандай сыйпалап,
Бой балқытып, шымбырлатты жанымды.
Ушқыр қыял алғыр қустай шарықлап,
Жеткермеди желден жүйрик сағымды,
Әмиўдәрья тасқынындай таталап,
Шайырлықтың сөз булағы ағылды. (И. Юсупов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Жаз жүдә қолайлы келген еди. Ҳәр күни аспан ашық болады. Күн ыссы. Базда иши тартылып қалатуғын Қегейли быйыл суўы шимпилдеп тур (**Т. Қайыпбергенов**).

87-шынығыў. Тапсырма. Сөзлердиң көп мәниде қолланыў бойынша өзлериңиз әдебий шығармадан мысаллар таўып, анализ етиң.

Үлги: 1. Жаманнан жақсы ат қалармa,
Ушты ғой талай моншақлы мойын (**И. Юсупов**).

2. Шамасы сизиң басыңыз бос емес ғой!—деди қыз аўыр гүрсинип,—мейли, мен айырылмас талақ емеспен (**К. Султанов**).

## СӨЗ МӘНИСИНИҢ КЕҢЕЙИЎИ ҲӘМ ТАРАЙЫЎЫ

**Тапсырма.** «Тил билимине кириспе», « Ҳәзирги қарақалпақ тили» сабақлықларында сөз мәнисиниң кеңейиў ҳәм тарайыў процеслери ҳаққындағы мағлыўматлар менен танысып шығың. Сораўларға жуўап бериң.

### Сораўлар:

1. Сөзлик состав қалай раўажланады?
2. Сөз мәнисиниң кеңейиў ҳәм тарайыўын қалай түсиниўге болады?
3. Сөз мәнисиниң кеңейиў ҳәм тарайыў процесслери неге байланыслы болады?
4. Сол оқыўлықларда берилген мысалларға анализ етиң, түсиндириң.

88-шынығыў. Сөзликлерден кеңейген ҳәм тарайған мәнили сөзлерге мысаллар табың, оларға анализ жасаң.

Үлги: 1. «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги»инде «жарыс» сөзи еки адамның ямаса коллективтиң арасындағы бир нәрсени усталық, шеберлик пенен, тез ҳәм сапалы питкериў бәсекеси, мийнеткешлердиң активлилигин раўажландырыўға тийкарланған жалпы мийнет өнимин ҳәм социалистлик хожалықты көтериўге бирден-бир жәрдем ететуғын жумыстың алдыңғы усылы, мәжилисте, жыйналыста қаралған мәселе бойынша өз пикирин айтып ортаға сөзге шығыў, шығып сөйлеў, сондай-ақ атлар бәйгиси мәнисинде берилген. Революцияға шекемги қарақалпақ тилинде ол тек ғана тийкарынан бәйги мәнисинде, сондай-ақ тарысым жоқ деген мәниде қолланылып келген еди. Соңғы кеңейген мәнилери жәмийетлик турмыстың раўажланыўы менен социализм дәўиринде пайда болды. Демек **жарыс** сөзиниң мәниси кеңейди.

2. **Жигит** сөзи İlait формасында Махмуд Қашғарийдың сөзлигинде барлық нәрсениң жасы деген кеңирек мәниде қолланылғаны көрсетилген. Ал ҳәзир ол адамға байланыслы жас ер адам деген ғана аңлатады, демек мәниси тарайған, ертедеги-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дей барлық жанлы ҳәм жансыз предметлердиң жасы деген мәниде пайдаланылмайды. Жигит қаўын деген сол ертедеги мәнисинен сақланып қалған.

**89-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан мәниси кеңейген ҳәм тарайған сөзлерди анықлаң, олардың ҳәзир қандай мәнилерде қолланылатуғынын түсиндириң.

1. Қете бер, шырағым,—деди Нуржамал Айсәнемге қарап,—ығбалың жанбаса, заманың тыңламаса, не илажың бар! Дәўлеттиң ерте-кеши жоқ, хор болмасыңды ойлап жүрерсең. Бесик көрген емес, есик көрген атың бар ғой,—деп гәптиң еки ушын алыстан пинҳамы орап алып келди де, қалғанын қас-қабағы менен сездирди (**К. Султанов**). 2. Журтқа көз болыи не қыласаң, мениң ақылымды ала бер (**А. Бегимов**). 3. Ҳүрияттан дарыды берекет, Гәўҳар ғой түтинсиз шырасы (**И. Юсупов**). 4. Барлық ҳәм жоқлықтың шегарасы бул, усы жерге келип излер жоғалар, Менсиз дүнья жоқ деп асқынған кеўил, Бунда сағасына қайта қуйылар. Өлимнен ҳеш жүйрик қашып қутылмас, Есаптан жаңылмас, ол ҳеш утылмас (**И. Юсупов**).

## ОМОНИМЛЕР

**90-шынығыў.** Мысалларды көширип жазың, омоним ҳәм омоформаларды таўып анализ жасаң, олардың бир-биринен өзгешеликлерин анықлаң.

1. Оразымбет аға менен тоғайда қырғаўыл аўлап жүр едик, бизлерге күтилмеген жерден бир қарапәрең торы ат минген адам келип:—Анаманда бир ҳаял аттан жығылып, бийтақат болып атыр екен, соған жәрдемлесип жибериңлер,—деди. Ҳаял тилге келип сөйлей баслады. Оразымбет аға ҳаялдың аты-жөнин сорап жүрип-ақ талдың бир шақасын кесип алып, қалақ дүзетип сынған қолының еки жағына байлап таслады (**Х. Тәжимуратов**).

2. Шайыр деген атқа болса ылайық,
Сөз зергерин аяўлық, деп қалайық,
Тирисинде дийдарласың, халайық,
Өлгеннен соң таптырмайды шайырлар (**Г. Есемуратов**).
3. Дәркар емес саққа жүгиниў,
Дәркар емес шахқа жүгиниў (**Ш. Сейтов**).
4. Күлки менен көтерилди айнала,
Дүбирлиге қулақ түрди сай-сала (**Г. Есемуратов**).

5. Қысқа ўақыттың ишинде Абылланың басынан күтә қыйын ҳәм аўыр ўақыялар өткен,—деп таныстырды Өтеп (**Ж. Сапаров**).

6. Я қысқа, я бәҳәрге өзи де келип қалар.

7. Өзим Қаттағардан барып хабарыңды билиўге қолым тиймеди. Мине, енди өзиң келип қолыма түсип турсаң,—деди мыйық тартып күлип Гүмисбан (**Ж. Сапаров**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

8. Қасың қара, белиң нәзик,
Оң қолыңда алтын жүзик,
Ғайратыңды бүгин көрдик,
Қупыяда илдиң, келин (**Бердақ**).

9. Ол еки суўық хабардан да аман еди (**К. Султанов**).

10. Қәдир суўық түс көрсетип өтип баратыр еди (**К. Султанов**).

**91-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан омонимлердиң ҳәм омоформалардың сөз шақапларына қатнасын анықлаң.

1. Күн тал түс еди, төбеден урған қуяш ыссылығы мийиңди қайнататуғындай көринеди (**С. Салиев**). 2. Күниң қурысын, ҳеш болмаса сен де басқалар усап бала-шағаның ғамын жесең болмай ма, күш десе күшиң де бар, аўырыў емессең, исле, жаңаяр болма! 3. Күн сәўлеси жаңа ғана айнадан сығалап киятырған еди. 4. Ер басына күн туўса етиги менен суў кешер, ат басына күн туўса суўлығы менен суў кешер. 5. Маған бир әжайып ой келди, қалай да сол ойды иске асырыўым керек. 6. Биз адастық па деймен, бурын бул жерлерден бундай терең ойды көрген жоқ едим, я бундай ой бармеди, билмедим, умыттым (**ҚҚ. х. е.**). 7. Музды кеңирек ой, бала, мынаўыңнан ҳеш нәрсе шықпайды, кеңирек болса, айланыўға жақсы (**А. Бегимов**). 8. Аўға шығайын деп едим, ким биледи, аң ушырамаса көл-пөлге аў салып жүремиз бе, аў ала жүрейик. 9. Пай келди-аў, айтпадым ба келмейди деп.

**92-шынығыў.** Омонимлердиң қалай пайда болғанлығын анализлең.

1. Ай он төртинен туўғанға усайды, бала аспанда бұлт та көринбейди, бүгин бир нәрсе болар (**К. Султанов**). 2. Бул ай жаман болмас, планлы жумыслардың барлығы да исленди, мийнет өними де, сапасы да жақсы болды (**«Сов. ҚҚ» г.**). 3. Көк гүркиреп, шақмақ шағылып абырлы болды да қалды, жаңа ғана тып-тыныш еди (**А. Бегимов**). 4. Жерге көк шыққалы жайлаўдағы маллар ҳәз етип қалды, көк қуўып шаққакласты да (**Сов. Ққ. г.**). 5. Бизлер «Көк гилем» ертегин бала гезимизде-ақ оқыған едик, ол мектеп сабақлықларында да бар. 6. Сырын билмеген аттың сыртынан айланба (**нақыл**). 7. Аттың сыры ийесине белгилидур. 8. Сыр сақламағанның—кир сақламағанның (**нақыл**). 9. Мына жипти тартып байлап жибер, кир жаяйын деп едим. 10. Аўылымыздағы дүканлардың бәринде де күнде сыр; май сатылып турады. 11. Май айында олар жүдә көп болды. 12. Зеҳи-зейним кетип, Келмекте болдым қашыңа, Сый-сиядек қашларың, ҳинжиў тезилмиш шашыңа, Шын-шәккәрдек ләблериң, баллар қосылмыш ашыңа, Сад-сапа сүрмек ушын пәрўанадурман башыңа, Зар-зар йығлап келдим, пәрўана баққан бери кел (**Әжинияз**). 13. Бүлбилигөя болып қондым



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүлиңниң басына, Шунки ярым жеткен екен әйне он төрт яшына, сәрсәбизден суў берилмиш дана-дана шашына, Бүлбилдек пәрўаз етипдур, берсе жуўап жолдасый (**Әжинияз**).

**93-шынығыў.** Өзлериңиз омофонларға, омографларға мысаллар ойлап табың, оларды гәптиң ишинде келтириң, омонимлерди омоформалар менен салыстырып көриң, айырмашылықларын белгилең.

## СИНОНИМЛЕР

**94-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан синонимлерди табың, олардың мәнилерин анализ етиң.

1. Ғош жигитке намыс керек, ар керек,
   Қәлем қас, қыпша бел сәўир яр керек (**Әжинияз**).
2. Аласыға алтаў аз, бересиге бесеў көп (**нақыл**).
   Быйыл гүз дийқанлар мол ҳасылға бөленди,
   Егинимниң сонша питкени, бир талай өним алдым
   (**«Әмиўдәрья»**).
3. Есигиңди жел ашып, жел жаппайды,
   Елпип ескен жаздың салқын самалы.
4. Ийт уғырлық қылмас, бежерсең бастан,
   Күнде бир тойдырсаң қарныңды астан (**Әжинияз**).
   Тамақ берсең өзинен кетеди—ә!
   (**Қарақалпақ халық ертеклери**).
5. Көзим жаслы мен кетермен шарам жоқ,
   Бир өзимнен басқа пуштуў панам жоқ (**Әжинияз**).
   Илажым жоқ, ярға бара билмеди (**«Ғәрип ашық»**).
6. Октябрьде болды ҳүррият заман,
   Кетти басымыздан қайғы-ғам, думан,
   Заманымыз енди болды абадан,
   Кембағалға нәўбет жете баслады (**А. Муўсаев**).
7. Салған жолы өзи туўры, өзи кең,
   Ғәрипке, Кәсерге қолайлы теп-тең,
   Журт жайнады, бийшарадан кетип муң,
   Тилегиң сол екен, Ильяның улы (**С. Мәжитов**).
8. Опат болды байдың үйи, жайлары,
   Бизлерге буйырды жыйған маллары,
   Бадырақ, каратабан, гедей баллары,
   Кел, жолдаслар, кутлы болсын айтайық (**А. Муўсаев**).
9. Ғәрип-қәсер, мөҳмин, пухара инсан,
   Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма (**Күнхожа**).
10. — Ақмақ, гешше, ақылсыз анаң еле үйлендиремен деп жүр-аў! Сениң мынаў тырнағыңа турмайтуғын жигитлерден сөз еситип сымпыйып жүрисиң (**А. Бекимбетов**).

**95-шынығыў.** Мына синонимлер менен бир неше гәплер дүзиң. Олардың қайсысын қайсы жерде екинши менен аўмастырыўға болады я болмайды? Себебин анализлең



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Жүз, жамал, дийдар, әпшер, түр, бәшәрә.
2. шыдам, төзим, тақат, сабыр.
3. таяр, ҳәзир,
4. көп, мол, бир талай.
5. Ҳақ, рас, дурыс, туўры, шын.
6. үлкен, нәҳән, гидиман, тайнапыр.
7. аяғы, ақыры, кейни, арты.
8. шырайлы, сулыў, көрикли, гөззал, әжайып.
9. маңлай, пешана.
10. самал, жел.
11. салысы суўға кетиў—ийни түсиў.
12. жүрек жалғаў—аўқатланыў.
13. ийт өлген жер—узақ ҳ. т. б.

**96-шынығыў.** Тексттеги қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң синонимлик сынарларын табың. Олар менен гәплер дүзиң, салыстырың.

1. Тәбияттың **қызғаншақ** минези тағы қурасып, тутқынларды тас баўырынан жаздырмады (К. Султанов). **Қыялға** шөмип отырғанда, ол бирден селк ете қалды. Жаздағы **көркин** айт. Еки бойы жасыл ақ теректей **салланған** қамыс. Дәрьяның **бетинде** қайықлар қурдай қайнаған (К. Султанов).

2. Желбиреп ал—қызыл байрақ,
Бәлентлерде барар жайнап,
Халықтың **ығбал-мәртебесин**
Қосық етип турғандай тап.
Шуғла шашып атады таң,
Октябрьдиң саўлатынан (Т. Қабулов).

**97-шынығыў.** Көп точкалардың орнына берилген сөзлердиң синонимлик сынарларын таўып, қатарлар дүзиң.

үлкен
Бийик
Тез
Қонақ
Көп
Жаман
Келте ....
Ислеў ...
Орынлаў
Өсиў
Жуқа
Шаққан

**98-шынығыў.** Берилген синонимлик қатарлардың ишиндеги тирек сөзди (доминантаны) табың. Не ушын доминанта болатуғынлығын анықлаң, аўзеки түрде гәплер ойлап табың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрҳә, мудамы, ҳәр қашан, бәрқулла, удайы, барлық ўақытга, ҳәмме ўақытта; албыраў, адасыў, ҳеш нәрсениң есабын таба алмаў, салысы суўға кетиў, басқы табыў; түйе үстинен ийт қабыў, шатасыў, сасыў; мақтаў, аспанға көтериў, даңқын көтериў, пардозын бериў, мақтаўын жеткериў, жети аспанға шығарыў.

**99-шынығыў**. Төмендеги мысаллардағы қара ҳәрип пенен белгиленген синонимлердиң қандай усыллар менен жасалғанлығын ҳәм қандай сөзлер менен мәнилик жақтан жақын болатуғынын анықлаң.

1. Көп жыллардан бери **оқытыўшы** болып ислеймен, **муғаллим** деген оғада жақсы талап. Адам тәрбиялаўдан да зият кәр бар ма. **Талаптың** жаманы жоқ, солай да муғаллимшиликтиң орны басқа.

2. Мириўбетлик елге қандай жарасық,
Аўылына қонақ барса таласып,
Үйлерине үш күн қонақ келмесе,
Жигитлери турар жолға қарасып (**Т. Жумамуратов**).

3. Ақ пейил жигиттиң көкиреги қарыс айырылып неге **жас төкпесин**, неге **жыламасын**, боз болмасын? Өлген жерден тирилип, сағынышлы қушағын ашқанда, досты жалтарылып, қырынлап, бурылып кетти (**К. Султанов**).

4. Жаў менен қансорпа болып **айқасып**, **таласып** жүргенде, ердиң жүрегиниң жалынына музлы суў серпип, айдай жүзине ширкеў салған ким? (**К. Султанов**).

5. Кимсе **қаза тапты**, **жаннан айырылды**,
Кимсе гедей болды, малдан айрылды,
Кимсе көзи қуңқарынан айырылды,
Басына аўыр ис түсти, Бозатаў (**Әжинияз**).
6. Айнала **сулыў** гүл екен
Машукте оның үйи бар (**И. Юсупов**).
Инилериң **ғошшақ**, өзлериң **дилбар**,
Сизлерден **шырайлы** қайсындай гүл бар (**И. Юсупов**).
7. Пайдасы жоқ зарланыўдың, пәрьядтың,
Қап боп жансын құрбанлардың пәк қаны.
Мен таза қан сап жүректе исленген,
Мен Бердақтың жалғыз тамшы қаныман (**И. Юсупов**).

## АНТОНИМЛЕР

**100-шынығыў**. Тексттеги антонимлерди табың, мәнилик жақтан анализ етиң.

1. Дос басына қарайды, душпан аяғына қарайды (**нақыл**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Жақсыдан жаман туўады, ыссы нанға алғысыз,
жаманнан жақсы туўады, адам айтса инанғысыз (**нақыл**).

3. Жети үйден бир адам айдап урысқа,
Гедей жылап, байлар күле баслады (**А. Муўсаев**).

4. Арал теңизин аз билсең, тыңла, көп билсең үйрет.
Сен жүрген ашық теңизде биз де жүргенбиз (**Ө. Айжанов**).

5. ... аўзыңа келип те тым-тырыс отыра бердик. Иштен я сырттан келген адам көринбейди Хеш қандай даўыс еситилмейди (**Т. Қайыпбергенов**).

6. Билимсиз бир жасар, билимли мың жасар (**нақыл**).

7. Арық мал жанын жейди, семиз мал майын жейди (**нақыл**).

8. Жақсы адам сөз мәнисин аңлайды,
Жаман адам пасық сөзди тыңлайды (**Бердақ**).

9. Жаздың күнги жаўынды қыстың күнги асқатық (**нақыл**).

10. Азлы-көпли өмир сүрип, жүрер күнлер болар ма екен?
(**Күнхожа**).

11. Кел демек бар, кет демек жоқ (**нақыл**).

12. Ал десең, хош болар кеўли молланың,
Бердесең тәрк етер ҳәмирин алланың (**нақыл**).

13. Ҳәр адамның кеўли сарайында ҳәм нур, ҳәм көлеңке бар. Олардың қайсысын молайтыў, қайсысын қысқартыў ҳәр кимниң өзине ғәрезли. Ҳәр кимниң ишки нурының үш аты бар: мийнеткешлик, жақсылық, кишипейиллик. Ҳәр кимниң ишки көлеңкесиниң де үш аты бар: ис жақпаслық, қызғаншақлық, менменлик.

14. Дүньяда адамнан күшлирек ямаса әззирек, адамнан батырырақ ямаса қорқағырақ, адамнан ақыллырақ ямаса нәпәмирек, түсиниўи қыйын қоспалы, өзгермели қайсы муқлуқат бар? Не ҳаққында ойлап, не жөнинде қыял сүр, бәршесиниң баслаўшысы болып көз алдыңда адам турады. Сол ушын шығар, адам ылайдан жаратылған дейди, себеби ылайдан қай сүреде қандай нәрсе соға беретуғыны есапқа алынып, сөйделинген болса таажып емес. Ал, минези ме? Әне ең қоспалысы, түсиниксизи усы? (**Т. Қайыпбергенов**).

**101-шынығыў. Тапсырма.** Мына сөзлердиң антонимлерин, жубайларын таўып мысаллар келтириң, дәлиллеп бериң.

Күшли, батыр, ашшы, жалғыз, пәс, узақ, бахыт, ай, жақты, кеш, бәҳәр, уллы, кел, көп, иш, жақсылық, зыят, пайда, бийик, алыс, қутыл, азан, жиңишке, жоқары, алға, эсте.

**102-шынығыў.** Антонимлерди анықлаң. Олар қандай роль атқарып тур?

1. Билгир бар жерде, надан бар,
Жақсы бар жерде, жаман бар,
Жорға бар жерде, жортақ бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Батыр бар жерде, қорқақ бар,
Қосшы бар жерде, басшы бар,
Душшы бар жерде, ашшы бар,
Той бар жерде, жыраў бар,
Өлим бар жерде, жылаў бар,
Қамыс бар жерде, жаза бар,
Жан бар жерде, қаза бар,
Қуўаныш бар жерде уўайым
Егиз туўған уўайым (**Т. Жумамуратов**).

2. Дүньясы қурығыр!
Биреў жылап, биреўлер жылап,
Биреў тырнап, биреўлер сылап,
Биреў музлап, биреўлер қызып,
Ким тас ғайзап, ким бас ғайзап,
Өткен екен өзиңнен, найсап! (**Ш. Сейтов**).

## ТАБУ ҲӘМ ЭВФЕМИЗМЛЕР

**103-шынығыў.** Берилген мысаллардан табў менен эвфемизмлерди айырың, олар қалай пайда болғанын анықлаң.

1. Үлкениңиз — қайнағам,
Кишкенеңиз — мырзағам,
Ортаншыңыз — қурдасым,
Қабыл болғай көз жасым (**«Алпамыс»**).

2. Палаў жеп отырғанда ханның көкирегин жапқан қалың қара сақалына бир гүриш жабысып қалады. Қонақлардың көзинше ханның нақолай жағдайда қалғанын аңлаған кеңесгөйи:
— Садаған кетейин, Хийўаның ханы,
Сиз десе шығады бәршениң жаны,
Хорезм тоғайында бир пияда қалды,
Бес атлы жиберип алдырың аны,—деген екен
(**«Әмиўдәрья»**).

3. Кише, кишежаным! Туўған аўылым!
Сизди сағындым ғой! Саў жүрме дайым!? (**И. Юсупов**).

4. Суўға түс, көкке уш, бекип айналаң,
Әжелде ғәлетлик бар деп ойламаң,
Санаўлы дем питип, толса паймана̧ң,
Қашқаштың пақалы басты сындырар (**Мақтымқулы**).

5. Дүнья-малым жаңа шөлкемлесейин деп атырған колхозға берилетуғын болған. Усы суўық хабарды еситип жанымды жеп, тисимди қайрап жүрмен. Тас түссе, талайыңнан көре бересең, мен сениң минезиңниң шеп екенин билемен... Жақсы менен жаман барлық халықларда да болады. Барлықбай менен Жолман-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды жаман екен деп гүллэн қазақлар менен қарақалпақларға тил тийгизиүге болмайды,—деди Марқабай (**Ж. Сапаров**).

6. Басқаларды ғой билмеймендағы, өгизге туўған күн баспаққа туўып Мәдиярдың басына қонған әжел қусы бизлерди де аңлып жүрмесе болар еди,—деди Марқабай.

— Бул айтылған сөзлер усы жерде қалсын. Тис жарып, сыр шашыўшы болма!—деди ол ескертип (**Ж. Сапаров**).

7. Әжинияз қыздың атын таңырқап изертлести.

— Жеңге патша қыз дедиң бе? Өз аты ма?

— Өз аты болғанда айтаман ба? Патша қыз,—жеңгелериниң қыйыстырып қойған аты. Өзиниң аты Хийўадағы журт сораған-ның қызының атындай!

— Ханзада ма?

— Аўа, аўа... Бирден таптың.

— Ол кимниң қызы?

— Ол бизге ағайин ашамайлы, анаў қайнағаның ортаншы қызы. Енди әўлийедей қайнағамның атын қалай айтаман? Гүлбийи қысынып, қызара бөртти. Әжинияз көзи мөлтеңлеп, жалынышлы түр билдирди.

— Тисимнен шығармайман, жеңге.

— Онда, қазанның түси қандай!?

— Қара.

— Байдың есигинде жүретуғын ким?

— Жарлы, күнликши, жарымшы, дийхан, қул.

— Соның соңғы сөзине «қара» сөзин қос.

— Қара... қул... Қарақул ма?

— Аўа.

Әжинияздың ишек-силеси қатып күлди (**К. Султанов**).

**104-шынығыў**. Төмендеги мысаллар тийкарында эвфемизмлердиң қандай мәни екенлигин, оның сөйлеўдеги әҳмийетине характеристика бериң.

1. Әпиў етиң, жолдаслар, болса қәтеси,
Дүньяға бир келди өзи Лениинниң,
Ленин еди мийнеткештиң атасы,
Көзге сүрме басқан изи Лениинниң (**А. Муўсаев**).

2. Кеширерсиз, мүмкин бе, бир жумыс пенен келген едим,—деди ол,—бир ойласық бар, қалай да аўыл турмысын гүллендириўимиз керек ғой (**С. Салиев**).

3. Жасы үлкен! Сизди бир жерде көргенге уқсайман, кеширерсиз, қайсы жерде ушырасқан едик. Айтпашақ, былтыр совхоз фермасына келгениңизде екен-аў, умытыппан (**Қ. Жуманиязов**).

## СӨЗ МӘНИЛЕРИН ЖУЎМАҚЛАЎ БОЙЫНША МАТЕРИАЛЛАР

**105-шынығыў. Үзиндини оқың. Онда мәнили ҳәм көмекши сөзлерди, сөздиң лексикалық ҳәм грамматикалық мәнилерин анализ етиң.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Есиңизде тутың:** Ҳәр қандай мәнили сөз өзиниң лексикалық ҳәм грамматикалық мәнилерине ийе, ал көмекши сөзлерге тек грамматикалық мәни тән.

Төреш апасынан кейинирек қалса, жолдың еки бойындағы қарабарақлардың арасынан бир нәрсе тәп беретуғындай, еки көзи алақлап, бир қолы менен белдемесин көтерип, апасына жетип келеди. Ийттиң даўысы еситилгенде, аўылға келип қалғандай, қуўанышы қойнына сыймап еди. Тезирек жүрсек, ҳәзир-ақ аўылға жетемиз ғой деп ойлап еди. Бирақ аўыл еле жеткеретуғын емес. Кешки сағым менен ийттиң даўысының қаншалық жерден еситилетуғынлығы, узақ жолдан шаршап киятырған жолаўшылардың ядына кирип де шықпаған еди.

Тек болғаны «жетемиз ғой» деп еки аяққа зор бере береди. Еле жетер жерде аўыл жоқ.

Үрип турған ийттиң даўысы да сап болды. Аздан соң силпилеп жаўын жаўа баслады. Жаўынлы күни кебирли жерден жаяў жүриўден қыйын не бар? Жердеги батпақ желимдей аяғыңды жерден төрт ели көтертпейди. Басқан изиң артында ошақтың орнындай үңирейип турады.

Кем-кемнен жаўын күшейип, аспанның түби түскендей, шелеклеп қуя баслады.

Ҳаялдың қолындағы жас бала ышқырып жылап киятыр. Желимдей кебир топырақтың батпағы, төбеден шелеклеп қуйған жаўын, дүньяның суўын өзине тартып, жүрип киятырған ҳаялдың арқасындағы гөне көрпе, зил қаратас басқандай адымын атқызбаўға айналды.

Басынан сорғалаған жаўын аяғына шекем созылып, майға түскен тышқандай малпақ-салпақ болып, Төреш ҳаялға ерс алмай киятыр. Анда-санда аяғы тайып кетип, жолдың ернегине жалп етип жығылады.

Алды менен шығанақлап, оннан кейин қолының ушын тиреп, орнынан тура алмай отырып, мурнын қайта-қайта тартып бала солқылдап өксип жылайды. Оңнан да, солдан да шапалақлап урған боранлы жаўын баланың көзин ашқызбайды.

Ҳаял енди қысылайын деди. Не қыларын билмеди. Бул жүрис пенен узаққа бара алмайтуғыны белгили болды. Көўил алға жүргиси келсе де, аяғы дегенине жүрмейди.

Қалай да бир, илаж ислеў керек болды. Жетер жерде панalaғандай қуўыс-қолтық та жоқ екен,—деп жан-жағына қарады. Тастай түнек. Ҳеш нәрсе көзге түсе қоймады. Тек болғаны жолдың шетиндеги бир түп пута көзине түсти. Ҳаял путаға қарай бурылды. Бети қатқан ашшы боз топырақлы кебир, ҳәр адымын атқан сайын бурқ етип, путаның түбине барды.

...Еле баяғы жаўын. Еле баяғы даўыл. Тастай қараңғы. Маңлайға урса белгисиз (**Н. Дәўқараев**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**106-шынығыў.** Тексттен лексикалық мәнилердиң төрт типине байланыслы мысалларды терип алың, оларды түсиндириң, талқылаң. Өз пикириңиз қандай?

Сәуирдиң самалы есип, жаптың музлары ерип, тереклер бөртседе, суўық, қыстың қәҳәри толық кетип бәҳәр паслы болып кете қойған жоқ. Журт қыс кийимин тасламаған, қысқы өжиреден шықпаған, қара үйдиң қысқы жабыўлары алынбаған. Жер батпақ. Көшедеги ылайдан адам жүргисиз, қора-қопсыға асылып, өлдим-талдым дегенде мешитке зорға жетемиз.

...Бир баў жыңғылды сүйреп, зорға дегенде мешиттиң сыртқы қапысынан киргизип, айўандағы отын қоятуғын мүйешке қойдым. Маңлайдан терди сыпырып турсам, үйинен молла шығып келе берди. Мениң отын әкелип турғанымды көрип:

— Ҳә бәрбақ доңыз! Бир ҳәптеден бермаған алып келгениң усы ма? Ҳеш болмаса тәуир етип томар да алып келмейсең,—деп жекирди де, оқыўханаға кирип кетти. Мен де кирип, орныма отырып, сабағымды оқый бердим

Молла балаларды көзден өткерип, нәзерин Абыллаға тоқтатып:—Абылла, кел сабағыңды тыңлат,—деди. Абылла көзи мөлерип, еки бети қызарып, зорға дегенде моллаға қарай қәдем басты. Абылланың бул көринисине «сен сабағыңды билмейсең ғой» деген баҳаны балалар ишинен берип-ақ отыр.

Еле ежелеп те оқый алмайсаң ғой! Үш күннен берги сабағың, еле билмейсең, тур орныңа барып отыр!

Молла сабақ тыңлаў ушын Абылладан басқаны шақырмады. Бул бизге ҳайран қаларлық ҳеш нәрсе туўдырмады. Неге десеңиз молланың ойына не түссе, соны ислеўи, бир нәрсени басларында баслап, кейнине шекем даўам етпей қоя беретуғын әдети еди. Гейде чай ишиў, тамақ жеў ушын үйине кетип те қалады. Я болмаса чай, тирийек қонып, ўақты хош болып отырса: — Барың, балалар, жуўап,—деп те салатуғын еди....

Бир мәҳәлде сыртқы есик ашылып, бетин бастырған, қолында емизиўли баласы бар бир ҳаял кирип, моллаға ийилип сәлем берди. Бул аўыл сақшысы Ернияз ағайдың ҳаялы Гүлпарша жеңгей екен. Молла келатқан балалы ҳаялды көрип, жалбырақлай баслады. Қасына шақырып отырғызды.

— Қәне, не арзың бар?—деп сөзин даўам етти. Гүлпарша жеңгей баласының бетин аша берип:—Баламның иши өтеди, аралас қан'да өтеди,—деди көзин баласынан айырмастан. Молла балаға нәзерин салып күлимсиреп, баланың қатыў қабақларына, солғын жүзлерине, тез-тез дем алысына қарап:

— Ештәғымайды, ийшалла жазылып кетеди,—деп және бир нәрселерди мыңғырлады. Ол сөзин даўам ете берип:

— Балаға ийт тийипти ҳәм ушынып аўырған,—деди де, қолына тәсписин алып бир нәрселерди оқып «суф» деп дем салды. Оқып-оқып қайта-қайта дем салып атыр. Молланың түпириги балаға ҳәм анасының бетине шашырап тур. Молла дем салып



www.ziyouz.com kutubxonasi

**болып**, текшеден дәўет-қәлемин алып, еки бармақтай қағазға еки-үш түртти де, үш мүйеш етип бүклеп: — Мына дуўаны баланың топпысына тақ. Сөйтип, жети үйдиң ийтаяғына шомылдыр, жети үйдиң адамларынан түпирик жыйнап баланның беденине жақ. Жети үйден бир шымшымнан ун жыйып, суўға былғап, басына, арқасына, қарнына, алақанына жағып ийтке жалат Ийшалла тәўир болып кетер,—деп жайласып отыра баслады. Әне тәўип! Әне молла! **(Ә. Шамуратов).**

**107-шынығыў.** Туўра ҳәм аўысқан мәнили сөзлерди анықлаң, сөз мәнисиниң аўысыў усылларын анализ етиң. Түрлерине айырың.

1. Қулақ салың, жан досларым,
Москваны көрип келдим,
Еситсеңиз яр-досларым,
Көрип мийрим қанып келдим.
Көше аралап жүргенимди,
Көзим менен көргенимди,
Өз кеўлиме билгенимди,
Мен сизлерге алып келдим.
Барғанша темир жол екен,
Өлмесең, өмир мол екен,
Москва үлкен нур екен,
Зейним танып билип келдим.
Араладым көшелерин,
Көзим көрди нешелерин,
Бийик-бийик текшелердиң,
Мен басына шығып келдим,
Ортасынан күн шығып тур,
Күн қасынан нур шығып тур,
Бағы-бостан гүл шығып тур,
Бәрин бирдей көрип келдим.
Ортасында жатыр көсем,
Ленин—тири, өлди десем,
Жатыр екен барып көрсем,
Өлген жоқ деп йошып келдим.
Миллион адам барады екен,
Күнде барып көреди екен,
Нәўбет жетпей турады екен,
Көп асығып зорға илдим **(А. Дабылов).**

2. Пийшембиге бес күн қалды. Жумагүл еле ойланыўда. Өзин гилең ер балалардың арасына салып көрди, өйбей, қудай көрсетпесин! Барып турған айып, айып! Сонша еркектиң арасында да ери жоқ ҳаялдың жүриўи сумлық ғой! Журттың жүзине қалай қарайды? Егер Турымбеттиң жүреги бар болатуғын болса, қай ўақ изине айланыўы тийис ғой! Сол ўақытта не дей-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди? Олай болмаған жағдайда диянатсыз нашар екен деп жүзи-
не адам қарай ма?

Жоғ-а, Нурлыбай, дурыс айтады. Оның Ивановадан үйрен-
гени даўсыз! Енди жолдас табыў керек! Ерлер менен сырласып
бола ма! Өз жынысы болғанда, қыйыншылығы да билинбес еди.
Ең болмаса қапаланған гезде сөйлесип, ишке жыйналған қайғы-
ларын ортақласады... Оған қолай ким бар? Кимди үгитлеў ке-
рек? Сөйтип жүрип өзи де кете алмай қалса! Пай, жаман бола-
ды-аў! Бийби қалай болар екен- Жаслайынан сырласы да, мұң-
ласы да сол. Бирақ ол бүгинлигинде жақсы турмысқа ийе. Көн-
бейди ғой. Көнгенде емин-еркин қосық айтпас па еди. Егер
Нурлыбай алдап жүрген болмаса, Бийби оқыўға жүрсе, нағыз қыз
болып, мүшкили жеңилленер еди. Ҳәне ким бар? Турдыгүл ше.
Онша адам исенбестей қыз қусаған еди. Ол келисер, бәлким, ал
Бийбиге қулақ қағыс етип көрген шеп болмас! Тәўекел етсе ете-
қояр (Т. Қайыпбергенов).

**108-шынығыў.** Ойыңыздан омонимлерге, синонимлерге, антонимлерге,
олардың түрлерине, жасалыўына байланыслы гәп ишинде келтирип бир неше
мысаллар табың, өзгешеликлерине, сөйлеўдеги әҳмийетине характеристика
бериң.

**109-шынығыў.** Мына төмендеги мысалларда сөзге байланыслы қандай
семантикалық қубылыслар бар екенлигин тәриплең.

1. Дәркар емес саққа жүгиниў,
   Дәркар емес шахқа жүгиниў (**Ш. Сейтов**).
2. Қалама кел, аўылыма барып кет,
   Бойдақ болсаң, арыў таңлап алып кет,
   Жигити көп қазақ қызы сүйгендей,
   Журт жаңартып, және қуда болып кет
   (**Т. Жумамуратов**).
3. Қоңыратқа айналып келди қағазы,
   Душпан жылап, дослар күле баслады (**А. Муўсаев**).
4. Қас дегени қашшан оның баўырман,
   Дәм татысар бирге жеңил-аўырдан (**Ш. Сейтов**).
5. Душпанға тас баўырман,
   Қара зилмен, аўырман (**халық қосықларынан**).
6. Олар кең аспанды желпип ушқандай,
   Гәҳи төменлейди, гәҳи жоқары.
7. Қап, бурынырақ сезбегенимди айтса, қап қолдасыў де-
ген де әнейи нәрсе емес (**К. Султанов**).

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ЛЕКСИКАСЫНЫҢ ТАРИЙХЫЙ ШЫҒЫСЫ БОЙЫНША СОСТАВЫ

### СӨЗЛИК СОСТАВ ҲӘМ ОНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

**Тапсырма.** Берилген әдебиятлар тийкарында төмендеги сораўларға жуўап
бериң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Сораўлар:

1. Сөзлик состав деген не?
2. Сөзлик состав қандай факторлар нәтийжесинде раўажланады?
3. Қарақалпақ тилиниң сөзлик составы ше?
4. Октябрьге шекемги ҳәм ҳәзирги қарақалпақ тилиниң сөзлик составында қандай өзгерислерди көресиз?
5. Сөзлик состав қандай жоллар менен раўажланады? Мысаллар келтириң, дәлиллең.
6. Н. А. Баскаковтың түркий тиллердиң генеалогиялық классификациясына анализ жасаң. Қарақалпақ тилиниң қайсы группадан, қашан ҳәм қайсы басқышларды өткенлигине нәзер аўдарың.

**110-шынығыў.** Сөзликлерден пайдаланып мына төмендеги сөзлердиң қайсы тилге тән, қайсы тилден келип киргенлигин анықлаң.

Ата, ана, аға, ер, ини, келин, кеўил, көз, қулақ, жаз, жыл, бас, дизе, гүз, қыз, жер, таў, қус, алтын, гүмис, қар, суў, айғыр, тай, кийик, кийим, жумсақ, ғарры, сыйыр, бота, жылан, таў, думан, түн, зергер, бағман, бәҳәр, дийқан, пахта, жанан, астар, мақала, баян, мысал, шайыр, илҳам, муғаллим, жамал, Ўатан, жәмийет, маймыл, орамал, аспаз, класс, революция, китап, трактор, машина, электр, интеллигенция, университет, мектеп, сабақ, лекция, тәрбия.

**111-шынығыў.** Үзиндини оқың. Қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң қайсысы улыўма түркий, қайсысы басқа тиллерден екенлигин анықлаң. Сөзликлерден пайдаланың.

1917-жылы Уллы Октябрь революциясы СССР дағы тиллери түрки түбирлес халықларды бир-бирине табыстырып мәңгиге туўысқанластырды... Ал жигирмаланшы жылларға келгенде айырым **миллетшилер** бул **халықлардың** дослығына **зыян келтириўдиң** жаңа жолын табыўға талапланып, азербайжан, өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен, татар, башқурт, қарақалпақ, ноғай, кумық тиллерин бириктирип, **бәри** ушын бир «Әлипбе», **бир** «Грамматка» дүзиў керек депти.

Бул пикирин олар «өйтпесек, қырғыз, түркмен, қарақалпақ, ноғай, қумық:... **сыяқлы тиллерде** келешекте роман дөретиў мүмкин емес» деп **дәлиллеўге** урыныпты.

— Жоқ, болмайды! Қарақалпақлар көп **балалы болады.** Оның он балалы бир **семьясына** кирип: «Балаларының биреўи сөйлесин, қалғанлары соны **тәкирарласын»**,—десең, сени қуўып жибереди. Тоғыз баланың тоғыз түрли **ойлаў қәбилетин бир** баласы билдириў **мүмкин** емес!—депти Аллаяр Досназаров,

— Алма бағына кирип, бир түбинен басқасын мабамыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

олардың **мийўасын** қалған жалғыз **түп** береди десең, ҳәр **бир** өзбек сени ақмақ қылады, сонша тиллердиң **әлўан** түрли мағызын бир тил бере алмайды!—депти Файзылла Хожаев.

— Халықты тилинен айырыўға **умтылыў**—оның ғана емес, бүгинги менен қосып **өзин** жерге көмиў екенин барлық қазақ сезип атыр. Бизге дейин қазақ тилинде дөреген **әдебияттың** тәғдийрине ким жуўап береди?—депти Сәкен Сейфуллин.

— Дәўир **дүбелейлерине** ушырап басқа жақларға кеткен түркменлерге ўатаның умыттырыўға **ҳеш ким** ҳақылы емес, **революцияны** түсинбей ҳаўлығып шет елге кеткен түркменлер ана тилин сағынып елге қайтса, биз не деймиз?—депти Қайғысыз Атабаев.

— Теңнен жанып турған он **шыраның майын** бир **шыраға** қуйып үлкен бир шыра жағаман деў—барып турған ақмақлық! —депти Москвалы тил илимпазы.

Ақыбетинде ҳәр халық өз тилинде «Әлипбе» өз тилиниң грамматикасын дүзиўге отырды **(Т. Қайыпбергенов).**

**112-шынығыў**. Қарақалпақ тилиниң өз сөзлик қатламындағы сөзлерди бир бөлек, сырттан кирген сөзлерди бир бөлек айырып жазың, сөзлерге анализ бериң.

Торанғыл, қуяш, нөкер, мал, шопан, рахмет, аўыл, разы, ҳәким, нәмәрт, жасаўыл, арбакеш, лебиз, жақсылық, адам, аманшылық, намыс, саўал, мәҳәл, жер, партаў, жаз, колхоз, совхоз, мектеп, пахта, сабақ, китап, ручка, алтын, алмурт, алма, бажбан, сүўрет, балта, аўыз, ерик, жүзим, шымшық, ат, тас, муҳабат, ақ, жүр, азан, он бир, елиў, биз, мен, сен, ол, бала, ул, қыз, ийт, мал, жазлаў, қыслаў, үй, үйли, үйлен, үйлик, үй-жай, үйшик, КПСС, СССР, пединститут, ТашГУ.

**113-шынығыў**. Тексттен түркий тиллерге ҳәм монғол тиллерине ортақ сөзлерди табың, қайсы тилде қандай мәни атқаратуғынын анықлаң. Сөзликлерден пайдаланың.

1. Бағанағы от шашып турған ири қара көзлер де кирпик астында. Бултты перде тутқан күндей «кериле бес бармақ» ашық маңлайда үш-төрт сызық пайда болған **(F. Сейтназаров).**

2. Босағадан кирер жерде төбеге қарадым. Қызыл байрақ желбиреп, оннан төменлеўине сүренлер жазылған транспарантлар дүзип тасланған **(М. Таўмуратов).**

3. Сүмбил шашларынан аймалар самал,
Қуяш «гөззалым» деп нурына орар,
Дүрс-дүрс соғар жүрек, кеўли бийқарар,
Қыял қанатында барады гөззал **(А. Өтениязов).**

4. Әжинияз бийдиң аўылына келген соң Таўмуратқа:—Қәл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен ағаның үйинен алатуғын бир китабым бар еди. Сизлер **жүре** турың, қууып жетемен,—деп аттың басын аўыл жаққа **бурды** (**К. Султанов**).

5. Билесең бе, билмейсең бе, кишежан?
Сақал-мурты жаңа ғана тәп берген.

6. Төрге жақын отырған сары орайпекли қыз басын көтергенде қулағындағы гүмис моншақлы сырғасы менен мурнындағы алтын әребеги жалт етти. Қара торы жүзи көгерип, жигитке шаншылды (**К. Султанов**).

7. Тах үстинде турған әдил султанлар,
Бир байша йоқ, сорар ели болмаса (**Әжинияз**).

8. Хийўадан көшип келген бир байдың ерке қызы .Тийгенге тийип, тиймегенге сөз бенен кесек атып, баратырғанның балтасын, киятырғанның кетпенин дегендей әжиўалап қалады. **Бир** гөрим, шешен,—деди Қулманның ҳаялы (**К. Султанов**).

**114-шынығыў. Тапсырма**. Тилимиздеги түркий ҳәм монғол тиллерине ортақ сөзлерди сөзликлерден терип алып жазың.

| Мысалы: **Монғол тилинде** | | **Қарақалпақ тилинде** | |
|---|---|---|---|
| жимс | алтун | жемис | алтын ... |

Анализ етиў үлгиси: **Алтын**—монғол тилинде—алтын//**алтин**-«қызғылт мыс» дегеннен келип шыққан; ал-тын—«қызыл **ашық** қызыл» деген мәни аңлатады, ҳәзир бизде алтын түринде **қолланылып**, баҳалы металлдың атын билдиреди

**115-шынығыў**. Тексттен араб тилинен аўысқан сөзлерди табың, **олардың** мәнилерин анықлаң.

1. Бир залым шах ҳа әййемги заманда,
Даңқын жайыў ушын пүткил жәҳәнге,
Салсам депти бир минар тийгизип көкке,
Теңи жоқ сулыўлық ҳәм бәлентликте,
Ўәзирлери уста излеп жөнелди,
Аралады Шын, Ирандьн көп елди (**Ә. Шамуратов**).
2. Мәкириў деп Шала алмадым,
Шалмаға да қыя алмадым,
Гөшине бир тоя алмадым,
Сол ис маған бата қалды (**Әжинияз**).
3. Айтар Қутлымурат, астапуралла,
Қайттым мен райдан әлҳамдиллийилла,
Шул қызды алмайын ўалаҳы-билләә,
Дийип көз яшыны төкти, яранлар (**Әжинияз**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. Бир қудайға болсаң бенде,
Шығын қылып бес-он теңге,
Алып берсең көйлек-жегде,
Шунда кесер параң мени (**Әжинияз**).

5. Жоқ едим, бар болдым кәмалға келдим,
Әребн атлар минип дәўранлар сүрдим (**Әжинияз**).

6. Бердимурат дер шертип сазды,
Бәҳәр етип қысы-жазды,
Руўза тутпай, бес намазды,
Мудам қаза қыладурсаң (**Бердақ**).

7. Пәлек гәрдишинен етсем шикаят,
Тынлағанға ҳәсиретли бир ҳикаят.
Жәбири-жапам болып тур бийниҳаят.
Зибаныма әдалатлық ҳүкимин бер (Бердақ).

8. Сағасы Әмиўдәрьяның лабақ деп аталатуғын тусынан алынған лаўзан суўлы тасқын арна болды. Кейинги ўақытлары Лаўзанды Хожели беглигиниң ҳәкимлери Ханжап деп атайтуғын болғаны менен аўыл адамлары бурынғы Лаўзан аты менен атап жүрди.

9. Тақсыр, Тажжал болса астапуралла,
Кәлиймашәәдәд қайтарың онда (**Ж. Сапаров**).

**116-шынығыў**. Тексттеги парс-тәжик тиллеринен кирген сөзлерди табың, тилимизде қалай қолланылатуғынын айтып бериң. Сөзликлерден пайдаланың.

1. Миййман күтип шаршаған ана «аз ғана дем алайын» деп дастыққа қыйсайды.

Қыйлы-қыйлы тәғдир бар. Турмыс-теңиз, адам-қайық, ақылың-ескек, досларың-желқом. Енди турмыс-теңизде қалай сайранлаў өз еркиңде. Желқомсыз, ескексиз, қалып, Ақсулыў шүмип те кетер еди, адамлар қутқарды оны, усыған мәңгиликке миннетдар.

— Рахмет адамлар!

2. Бул Сапардың сөзи. Ақсулыў тек күлимсиреди. Бул күнлерде оның мыйығынан күлимсиреў ғана уйалаған. Бахытлы инсан усындай! (**Т. Халмуратов**).

3. Тәбияттың ең бир жағымлы ҳәм кеўилге йош беретуғын заўықлы мәўсимлериниң бири—бәҳәр. Бул мәўсимде барлық жанлы мақлуқлар, ҳәтте гиялар да өзиниң узақ уйқысынан оянып, әтирапқа зор үмит пенен нәзер таслайтуғын ўақыт. (**«Әмиўдәрья»**).

4. — Бизлер ийгиликли ис иследик. Мине, ийгиликли истиң жуўмағы!—дед Оразымбет.

— Яша, қарақалпақ! Социалистлик мийнет қаҳарманлары көплеп жетисе берсин!—деп Оразымбет ағаның арқасынан қақты Шайдаков.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дуўтарды әпер!

Оразымбет аға әсте ғана «Бозатаў» намасын шертти (**Х. Тәжимуратов**).

5. Бул заманның нйшан, байы,
Жолдан жүрмейди бинайы,
Қарадан көпдур, гүнайы,
Шәрият жолы болмады (**Бердақ**).

6. Адамлар, жарақ тапқаны жарақлы, жарақ таппағаны балта, шотын, шанышқысы менен темир жабасын, ең таппаған әтөшкири менен ҳәстесин алып жуўырып баратыр. Барлық қамалдың адамлары қамалды айналып тура қалды (**С. Хожаниязов**).

7. «Әкеге қарап ул өсер»,—дейди халқымыз. Сондай-ақ кәмбил дийханның баллары менен қызлары да әке кәсибин ҳүрметлеп, өзиндей илгир ҳәм зейинли дийқан болып жетилипти. Қызы Амангүл орта мектепти питкериўден-ақ өндиристе қалып, салыға араласты. Ол дәслеп суўшы, кейин ала салыгершилик звеносын басқарып, мол зүрәәт жетистириўдиң барлық сырларын әкеси Хожалепес атадан үйренип, нағыз искер дийқан болып шықты.

8. Быйыл пахта ҳәм аўылхожалығының басқа өнимлерин жетистириў бойынша алға илгерилеў жылы болды (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

**117-шынығыў.** Текстти рус тилинен, рус тили арқалы басқа тиллерден кирген сөзлерди таўып астын сызың, ҳәм не ушын солай қабыл етилгенин, олардың мәнисин анықлаң.

1. Дала—стадион, қуяш—отлы топ,
Батыс горизонтқа зыңғыды әне,
Баскетболшы қызлар командасындай,
Жүйиткип барар жалаң аяқ жейранлар.
Жылқышы қышқырар судьясындай,
Жық-жық қарлығашлар—болельщик баллар,
Гә жерде елеңлеп, гә жерде буғып,
Фотокорреспондент—тынымсыз қоян.
Пошша диң ҳаўада шыр-пыры шығып,
Репортаж берер эфирге мудам (**И. Юсупов**).

2. Социалистлик жарыстың ең жоқары раўажланған формасы коммунистлик мийнет ығаллылары атағын алыў ушын гүресиўшилердиң мийнети менен тиккелей байланыслы болған санааттың усындай жоқары нәтийжеге өсиўи Автономиялы Республикамыздың санаат кәрханалары революциядан бурынғы бир жылдағы өндирилген өнимди ҳәзир бир күнде ислеп шығарады (**«Әмиўдәрья»**).

www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Жолымызды тосты бир файтон арба,
Бир қағаз бар файтоншының қолында (**И. Юсупов**).

— 4. Ақылбектиң айтыўы бойынша, әкеси колхозласыў жылларында аўылсовет, колхоз баслығы, исполкомның председатели болған. Оннан кейин хожалық мекемелеринде ислеген. Ҳәзир пенсионер екен. Пенсионерлерге жылында бир ай пулсыз путевка береди екен. Ҳәзир санаторияға кетипти,—деди Сәнем иркилместен (**С. Хожаниязов**).

5. Дәрбийке Төрткүлге барып бир жыл оқып келди. Окружкомда ҳаял-қызлар советиниң ағзасы. Кешеги комсомол ячейкасын дүзерде оған секретарь болып сайланды (**С. Хожаниязов**).

6. Экономиканы раўажландырыўдағы қолайсыз тенденцияларды шешиўши түрде өзгертиў экономикаға тийисли динамизм бериў, массаның инициативасы менен творчествосына, ҳақыйқый революциялық қайта дүзиўлерге кең жол ашып бериў—партияның пүткил халықтың бүгинги күни биринши гезектеги ўазыйпасы. Орайлық Комитет социалистлик дүзимниң демократизмин тереңлестириўге бағдарланған илажлар көрип атыр. Буған Советлерди, профсоюзларды, комсомолды, мийнет коллективлерин, халық қадағалаўын активлестириў, жәриялылықты күшейтиў илажлары жатады. Советлердиң атқарыў комитетлериниң, оларды аппаратларының, басқа да барлық мәмлекетлик органлардың жумысында демократиялық басламалардың буннан былай да тереңлесиўин талап етеди (**М. С. Горбачев**).

**118-шынығыў**. Әжинияздың «Бир пәрий» қосығының лексикасын тарийхый шығысы бойынша анализ етиң. Ҳәзир олардың қайсысы қалай қолланылады?

Зәрбәраг өрилген тилла шашбағы,
Ақыл-ҳуўшым алып кетти бир пәрий,
Тал шыбықтай қыпша бели бел бағлы,
Мени ҳайран етип кетти бир пәрий,

Сәйир әйлабан, гезип саатый заман,
Шәхсәнем, Ләйлидей жүрип пәраўан,
Жәм болып турғанда бәрше қыз-жаўан,
Саллана-саллана кетти шул пәрий.

Келип хошластылар көзге яш алып,
Мен ҳәм дурдым ерип, балқып босанып,
Шамшади қәмәти зерге жасанып,
Мени отқа яқып кетти шул пәрий.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хошласып мен қалып, болдым интизар,
Тәнимдә қалмады зәррәдек мәдар,
Мен аның ышқында болдым хоры-зар,
Ақлы-ҳуўшым алып кетти шул пәрий.

Тынбас кеше-күндиз көзим гиряны,
Болыппан мен аның бағры бирьяны,
Жисмимди өртеди дағы, ҳижраны,
Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.

Келмес андай дилбар яқты жаҳана,
Хуснини мегзеттим ҳуўри ғулмана,
Душләри мәселлик ҳинжи-маржана,
Бу заманда йоқдур шундай дилбарий.

Бул елде көрмедим шунындек дилбар,
Кешени ақ йүзи әйләр мүнәўәр,
Кийген, либасының бәри алтын, зер,
Зыя-зулпы екен мушки әнўәрий.

Йуз әлўан доланур қәддини дүзеп,
Нәзерлеп кирпигин оқ киби гезеп,
Ләйли, Зухра, Сәнем киби хош әдеп,
Бағ-эрәмгә мунәсипдур шул пәрий.

Ҳәрким айтур, аңа ҳамдам болсам деп,
Йолында жанымды пида қылсам деп,
Мүбәрек жамалын және көрсем деп,
Тақатым қалмады көргеннен берий **(Әжинияз).**

## ҚОЛЛАНЫЎ ӨРИСИ БОЙЫША ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ЛЕКСИКАСЫ

**Тапсырма.** Төмендеги сораўларға жуўап қайтарың, берилген сабақлықлар менен әдебиятлардан пайдаланың.

### Сораўлар:

1. Сөзлик состав қандай сөзлер жыйнағынан турады?
2. Әдебий тилдиң сөзлик составы ше? Мысаллар?
3. Сөзлик состав элементлериниң улыўма халыққа түсиниклилик дәрежеси қандай? Мысаллар келтирип дәлиллең.
4. Не ушын сөзлик составындағы сөзлердиң қолланылыўы өриси бирдей емес? Бул жағдай неге байланыслы?
5. Сөзлик составтағы сөзлер қолланылыў өриси жағынан қандай топарлардан турады?
6. Жалпы халықлық лексика дегенде нени түсинесиз? Мысаллар келтириң, дәлиллең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

7. Шекленген лексика дегенде нени түсинесиз? Мысаллар келтириң, дәлиллең.

8. Сөзлик составтағы гейпара сөзлердиң қолланылыўы өриси қандай жағдайларға байланыслы шекленген болыўы мүмкин. Мысаллар тийкарында дәлиллең.

9. Шекленген лексика қадай топарлардан турады? Мысаллар келтириң.

**119-шынығыў.** Үзиндини оқып, ондағы сөзлердиң жалпы халықлық танымалылығына, қолланыў өрисиниң дәрежесине баҳа бериң.

1. Жән-жаққа шашырап кеткен адамларды алтынның қыйқамындай биримлеп шөплеп, кеңсениң алдына жыйнаман дегенше, түс аўып кетти. Сөйлеп шамаласты адамлар, себеби аспан тегис күл рең булт пенен қапланғанлықтан көрип турған күнниң көзи жоқ, жылымтық жыллы, «Қар жаўып қалар» деген де гүман бар. Қалаберди, жақты көзинде исти питкермесе, таярланып қойылған шом-пом да жоқ еди. Соның ушын да жан-ийнине от түсип шырылдады. Сайымбет. «Адамның ишин писиреди» деп, Алланазарға да ашқызған жоқ жыйналысты, әсиресе усындай сайлаў жыйналысының үлкен-кишиси болмайды. Сонлықтан үлкен салтанат пенен жыйналысты китаптай ашып таслады да-ғы, руўхый президумынан ис алып баратырған президиумға шекем шарта-шурт сайлап таслап, тийкарғы мәселеге өтти де кетти. Өзи жүдә кәмбиллесип қалған Сайымбет:

—Бәрекәллә, азаматлар!—деди күлип.—Жыйналысқа сизлер меннен де бетер кәмбиллесип қалған екенсиз. Кәмбиллеспей не қыласыз, усы аўылдың өзинде еки рет ТОЗ, бир рет колхоз, бүгинги үшинши рет тағы сондай жыйналысқа жыйналып отырсыз, түў, сизлерге де рахмет, бизлердиң де жанымызға саддақ! Өрнекшилер-аў, өзиңиздей «Жақсылықшылар» бир жыйналыстан-ақ қатықтай уйып қалып, келеси жыйналысларының бәрин хожалықларын қурғынластырыў, колхозын байытыў жөнинде шақырып, ҳағлап кете берип еди, ҳа, бул сизлерге не болды! Контр, да усыннан шығады... (**Ш. Сейтов**).

Эстонияда «Таллингаз» мәкемесинде ийтлер трассада газды қадағалаўшы болып ислейди. Динго, Верро ҳәм Деро—булар диплом берилген биринши овчарка ийтлер. Газ трассаларында газдың аққан жерин бәрҳә күн-түн приборлар, габанализаторлар менен анықлаў қыйын болады. Сондай қәўипли жерлерди Динго, Верро ҳәм Деро ийискелеп табады. Слесарь жигитлер олардың тапқан жерлерин дәрҳал оңлайды. Усылайынша ҳәр ийт мың километр газ трассасын тексерип шыққан. Ийтлерди газ трассаларына пайдаланыў тәжирийбеси ҳәзир елимиздиң басқа жердеги газшыларын қызықтырып атыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

**120-шынығыў.** Берилген сөзлерди сәйкес вариантлары менен салыстырып көриң. Олардың қайсылары жалпы халықлық, қайсылары шекленген характерге ийе? Қолланыў өрисиниң шеклениў себеплерин анықлаң.

Кружка—шөлмек—сарқым, дәне—мүтик, бузаў—өжек, шалбар—сым, байланыс—алақа, ызғарлап атыў—қодегерлеп атыў, өлшеўши—шайтан, кемениң басы—қарақус, қарақустан атыў, жөргем, мата, былаў, дәрек—дерек—дәрек, үлкен—әйдик, демлеўли—дәмләўли, терезе—дәрезә, асай—масай, айғулақлы (сазан), ақанаў; муқам—мақам, әўлийе—мазар, тисли, жер қараў —рәзведка, шанышқы—қыйратпа, тапсыра—алмады—жығылды, тапсырма алмаған бир экзаменим бар—бир қарызым бар, билип алыў—ишип алыў, урлаў—тазалаў.

**121-шынығыў.** Диалектизмлерди анықлаң, оларды лексикалық-фонетикалық, лексикалық грамматикалық ҳәм лексикалық түрлерине ажыратың, парқын айырың.

Алдында—әлдиндә, қубла—қыбла, ҳал—ҳәл, сорпа—шорпа, зәлел—зәлел—зәрәл, мунша—мынша, пиллекеш—пилләкәш—пилләкәр, гүллән—гүлли—гүллийин, өмир—ғумыр, гүманлы—гүмәнгәр, сондай—шундай, сексеўил—сазақ, пушайман—пушман—пушпан, қәбир—ләҳәт—мазар, музаппат—музаппат—музаффат—округ, гөш—ет, турмыс—ҳаят, мийнет—еңбек—меҳнат, қумырысқа—шүмелей—шүмәләй, жол—йол, жетим—йетим, дастық—йастық, қәлбир—ғәлбир, үлкен—кәттә, қала—шәҳәр, киндик—гиндик, туўыў—қозылаў, қуралай, қалтыратпа—қалтыратта, дүткеш, ләген—ләген, кийиклик (кийикиман), ер—егөр, кесек—кесәк.

**122-шынығыў.** Төмендеги мысалларды көширип жазың, шекленген лексикалық бирликлердиң астын сызың, мәнилерине, қолланылыў өрисиниң шеклениў себеплерине характеристика бериң.

1. Лампаның жарығында гөне-көкси торларды ғарры кемпирлер көңгелеп отыр (**К. Султанов**). 2. Лампаның жарығында ийнеликке жип орап кемпириниң ғана ояў отырғанын көрди (**Сонда**). 3. Жиңишке пряж жип болса ярым килосы, көңге жип болса 200—300 грамын ийнеликке бирденораўға болады (**Сонда**). 4. Көлдиң музы бекисе, ене,—дейди күлип,—дузақ майласа, жары ғәрежетин фронтқа жиберейик (**Сонда**). 5. Ал артта Жумабай қара терге батып, асай басып киятыр (**Сонда**). 6. Бирақ кеўсен сораў дийқанның, сыралғы сораў балықшының ата-бабасынан киятырған кәри ғой (**Сонда**). 7. — Қәне, ур асайды! (**Сонда**). 8. Биреўлер аў тоқып отырса, екиншилери аў көңгелеп, үшиншилер келеплеп жипти еки аяғының басына керип ийнелик салып отыр (**Сонда**). 9. Қара терге шомылып, бет-аўзы борлаттай қызарыпты. 10. Биреўлер гумпилдек урып, сууды шуўылдатып жатса, екиншилери музды ағаш пенен сабалайды

www.ziyouz.com kutubxonasi

(Ө. Айжанов). 11. Оған тап келемешлегендей болып көринеди (К. Султанов).

**123-шынығыў.** Илимий-техникалық терминлер, кәсиплик сөзлер ҳәм тар көлемли профессионализмлер бойынша сөзликлерден пайдаланып, ҳәр бирине бир неше мысаллар тауып жазың, олардың характерине, қолланылыў жағдайларына храктеристика бериң.

**Сораўларға жуўап бериң:**

1. Терминлер менен кәсиплик бирликлердиң қандай парқы бар?
2. Олардың әдебий тилдиң лексикасындағы орны, әдебий тилге қатнасы қандай? Мысаллар менен анализлең.
3. Тар көлемли профессионализмлердиң өзгешелик белгилери нелерден ибарат? Мысаллар арқалы түсиндириң.

**124-шынығыў.** Көширип жазың, арготизмлер менен турпайы сөзлердиң астын сызың, мәнилерин анықлаң.

1. Енди бир әнбам қалды, оннан ертең қутылысаман. 2. Тубалаў дәўиринде дүканшылардан қалпағысыз анаў-мынаў керекли затларды өз баҳасына алыў қыйын еди, ҳәзир дурысланып киятыр. 3. Өзмәмбет дегенлердиң басы қылтыйып, дүкәнға сыймай да турды, ағы да, қызылы да суйығы да, қойыўы да. Не деген тәртипсизликлерге себепши болды! 4. Бул ҳеш домбық емес, мен айтсам дурысын, сөзим жалған болса, пайғамбар урсын! (И. Юсупов).

## ЭКСПРЕССИВЛИК-СТИЛЬЛИК ЖАҚТАН ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ЛЕКСИКАСЫ

**125-шынығыў.** Сәйкес әдебиятлардан, сабақлықлардан пайдаланып, төмендеги сораўларға жуўап қайтарың.

**Сораўлар ҳәм тапсырма**

1. Сөйлеў стили дегенди қалай түсиниўге болады?
2. Күнделикли турмыста тил арқалы қатнастың қандай формалары бар?
3. Сөйлеў стильлериниң пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи қандай факторларға байланыслы?
4. Жазба стиль қалай пайда болады ҳәм қәлиплеседи?
5. Қарақалпақ тилиниң жазба стилиниң қәлиплесиў тарийхына тәриплеме бериң.
6. Сөзлик составтың сөйлеў стильлерине қатнасын қалай түсиниўге болады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

7. Аўызеки сөйлеў стили менен жазба стильдиң байланысы, өзгешеликлери қандай?

8. Жазба-функциональлық стильдиң баслы қандай тармақшаларын билесиз?

9. Не ушын сөйлеў стильлеринде сәйкес лексикалық бирликлер қолланылады? Мысаллар менен дәлиллең.

10. Сөйлеў стильлери ушын ортақ лексикалық топлам қандай сөзлерден турады?

## УЛЫЎМА ҚОЛЛАНЫЛЫЎШЫ ЛЕКСИКА

**126-шынығыў.** Сөйлеў стильлери ушын ортақ сөзлерди анықлаң. Оны қандай белгилер арқалы аңлаўға болады?

1. Муғаллим, студент, пахта, күн, түн, атырыў, ислеў, қорғаў, бүгин, ертең, ақ, қара, жақсы, жаман, бес, он, жүз, сен, сиз, ол, ат, ешки, қой, аккумулятор, дизель, элегия, өмирбаян, указ, справка, пейзаж, композиция, семиотика, мәз, пәтамамы, абзаллы, момын, бопсаң, әпкелиў.

2. Жазыўшы әдебиятқа еки жол менен келеди: биринши шығармасы менен түтеп келеди, я биринши шығармасы менен жарқырап келеди.

Түтеп келген жазыўшы узақ түтейди, шығармасын көкирегинен емес, қарнынан шығарып жазады, жазыўшылық өмириниң соңына дейин түтейди, ҳеш қашан жақты шығарып ҳеш кимниң ықласын тартпайды. Жазыўшылыққа шоқтай алысып кирген жазыўшы шығармадан—шығармаға жарқырай береди (қарнынан шығарып емес, көкирегинде сайрап турған нәрселер ҳаққында күйип-писип шығарма дөретеди), бундай жазыўшылар биринши шығармасы менен-ақ әдебият жанашырының ықласын жаўлап алады. Ақыры-соңында мәңги сөнбейтуғын жалынға айланады. Мен әдебият жанашырыман, соның ушын әдебиятқа жарқырап кирген жасларды көрип қуўанаман, қуўанышымды жас жазыўшының өзине миннетдаршылық пенен айтаман. Бул алысып киятырған шоқты желпигеним. Әдебиятта өмир бойы түтеп жүрген жазыўшылар ҳеш қашан өз ҳәўлисиниң шегарасынан сыртқа шықпайды, бирақ өзин классик деп есаплайды. Соның ушын оларды ҳәўли классиклери деп атаў мүмкин (А. Қаҳхар).

## АЎЫЗЕКИ СӨЙЛЕЎ ТИЛИ СТИЛИ ЛЕКСИКАСЫ

**127-шынығыў.** Аўызеки сөйлеў тили стили лексикасына тән сөзлерди айырып алың, белгилерине тәриплеме бериң.

Жаңабайдики айнасының алды қошқаршақланып ҳәкленген жолдағы жай еди. Сайымбет өзин соған урды. Тойманды Оразымбет бул әтирапларда таба алмай ишкери кирсе:—Мени қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мамақшымысаң? Тойманның тирилигин билгенимде баслықты биллә урмайтуғын едим! Ҳеее...—деп маңлайына былшылдатып урып жылап атыр. «Биз сени қамамаймыз, бир сапарға қалдырамыз. Енди сөйтип Пәтәтиў-сәтәтиўдиң сөзине ерсе, балаларыңның әмели аңсат, сизлердей ладанның үйинен детдом жақсы, қатыныңды өзиң жолға сал! Түсир қолыңды, пәтиянды басыңа жақ»—деп бақырып шықты оныкинен Сайымбет.

Созанай есигин қулпырып, гилтин жемелигине қыстырып, қашып кетип қалыпты. «Балаң қайда?» деген Қунназарға қараңғыда ағараңлаған шошқаларды қамай алмай жүрген Қудайберген: «Отты берип болып, өзиниң колхозына ҳайт қойыпты, бала тура ма?»—деп бақырды, былай жуўырып баратырып: «Былай қашты, ҳәй Нурдүкен...—деди.

— Сыдығын да, Пәтәтиўин де алып жүр, Оразымбет!

— Жақ, сен өйтпе, Сайымбет!—деди Алланазар.—Қашанға шекем адамларды зәкүн менен қорқытамыз! Түсиндирейик **(Ш. Сейтов).**

— Ҳәй, Пирнияз улы Жолдасбай қызыл бет!—секретарь бирден сурланды.—Сен гөриңе күлемисең, қәне тур орныңнан! Шық былай Еримбет тайлақ, сенде былай шық! Ҳүкимиңизди ҳәзир халық оқыйды сизлердиң...

Жолдасбай қызыл бет деген арсыз жигит екен бе, я секретарьдың әжийнесин тырыстыра бергиси келип отырма, күле береди, бети помидордай қызарып, күле береди, тиси де сойлақ екен.

— Шырўаны нийақтан оның?—деп даўыслады биреў арттан.

— Ҳаўўадағы,—деди қостың алдына атты кесе тартып,—түпләм, үй—дәскели болып қалыпсаң. Елеберин гүрлеген хожалық болып кетесең. «Бирақ «өмир—жасаў ушын гүрес» дегениң ғой дурысдағы, усы кәрада бир уқтырып өтпесем болмас, қошшым, кеўлиңе аўыр алма... **(Ш. Сейтов).**

**128-шынығыў.** Көширип жазың. Сөйлеў тили стилине тән лексикалық бирликлердиң астын сызың, оларды түрлерине ажыратың.

1. Ләмсерлер көп жарыс пенен иси жоқ,
Кегейлиде сеннен осал киси жоқ **(Т. Жумамуратов).**

2. — Өйдеме,—деди Ажар бетинен күлкисин жыйнап алып, —маңлайды ҳеш ким ғайры журттан таўып алмайды **(К. Султанов).**

3. Әсиресе қаўын деген ийтырқын **(Т. Қайыпбергенов).**

4. Уллы Маманбий бизлерди ең биринши әкелатырғанда түнеген көңгелик ше? **(Т. Қайыпбергенов).**

5. Гүмбирле, гүмбирле, Асқар таў,
Сазыңнан сес урлап алайын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Йош барда, көкиректе көз барда,
Турқынды торлайын толайым (Ш. Сейтов).

6. Уятсыз Хийўа ханы бәрҳа алады, ал елге жақсылық қылыў түсине енбейди заңғардың (Т. Қайыпбергенов).

7. Ал әкеси отыр былш етпей бунда,
Көрмедим бунындай арсыз адамды (И. Юсупов).

8. Ертек емес, шаббазлыдан көре бер,
Қалмақанның жазған тәтти қаўынын (Т. Жумамуратов).

9 Уай, чорт, оңбаған,
Сол ма кемпир болып көринген маған (И. Юсупов).

**Сораўларға жуўап бериң:**

1. Аўызеки сөйлеў тили стили лексикасы жазба стиль лексикасынан қандай белгилери бойынша парқ қылады?
2. Аўызеки сөйлеў тили стили лексикасынан сөзлик составтың қандай элементлери киреди?
3. Әдебий тил лексикасына қандай қатнасы бар?
4. Аўызеки сөйлеў тили стили лексикасы аўызеки сөйлеў стилинен басқа қандай орынларда қолланыла алады? Мысаллар келтириң, түсиндириң.

## ЖАЗБА СТИЛЬ ЛЕКСИКАСЫ

**129-шынығыў.** Мысаллардан жәмийетлик-публицистикалық лексикаға тән болған сөзлерди табың ҳәм олардың мәнилерин анықлаң.

1. Назарбай Шыныбайдың болыс болған жыллары ақсақалға дийўан еди. Соның ушын хан тәрепинен келген қонақ болса да, өзи сыпайы тутып, онша алшаңламай отырды (С. Хожаниязов).

2. Биз ҳеш кимди мәжбүрлемеймиз. Түсинген дийқан өзинен-өзи атызда... Қалмурза оған түсиндиргиси келип, ўәкилдиң оған түсинетуғын түри жоқ, ол тек тезирек мына Совет тәртибин бузған колхоздың басшыларын тәртипке салып кетиўдиң, ҳәрекетинде:—Сонда да биз жумыстың социалистлик формасын көрсетиўимиз керек. Жолдас баслық, тәртипти бузғансаң,—деди.
— Кимде ким колхозға барлық малларын өткермесе, ертеңнен баслап кулак ретинде оның мал-мүлкин конфискалап, өзин жер аўдарамыз, түсиндиңлер ме? Түсинсеңиз ғой, биз сонша қан төгип революция орнаттық, сонда биз тезирек социализмди қурайық деп орнаттық. Енди ҳәмме мәмлекет ушын хызмет етеди. Ҳәмме жумыс ислейди, ким ислемесе, ол тислемейди (С. Баҳадырова).

3. Партияныңураны бар:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таптың жигин ашыў деген
Тап мүддесин шешиў деген
Ийшан, байды қуўып топтан.
Келтирмеске жарлы сапқа,
Қол усласып қалыў деген **(А. Муўсаев).**

4. — Бизлер рабочий класстың қуўатлаўына сүйенемиз, өйткени партияның сиясаты—бул оның сиясаты.

Бизлер дийқанлардың қуўатлаўына сүйенемиз, өйткени партияның сиясаты—бул оның сиясаты.

Бизлер халық интеллигенциясының қуўатлаўына сүйенемиз, өйткени партияның сиясаты, оның сиясаты. (М. С. Горбачев).

5. — Жақ, жолдас баслық, сен жаңа мәдениятты, жаңаша жасаўды, жаңаша турыўды адамларға алды менен өзиңиз көрсетиўиңиз керек... Жолдас секретарь, сиясий гүрес басқа **(С. Бахадырова).**

6 Халық жыйналып исполкомлар сайланды,
Алты болыс хызмет қыла баслады,
Партия бас болып жарлыны қоллар,
Дийқан, Союз қосшы ҳәм комсомоллар,
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық **(А. Муўсаев).**

**130-шынығыў.** Мысаллардан илимий стильге тән сөзлерди таўып, олардын қайсы тараўларға жататуғынын айтып бериң.

1 Сананы турмыс бийледи **(К. Маркс).**

2. Жәмийеттиң писип жетилисиў дәрежесин арттырыў, коммунизм қурыў—бул яғный сананың писип жетилисиўин үзликсиз арттырыў, адамның руўхый дүньясын байытыў деген сөз **(КПСС XXVII съезди материалларынан).**

3. Мектеп реформасы—мектеп жумысында топланған бир қатар жарамсыз қубылысларды үлкен кемшиликлер менен кемис-қутықларды сапластырыўды мақсет етеди. Билим бериў структурасын жетилистириў улыўма билим бериўден, мийнет ҳәм кәсипке таярлаўдың сапасын әдеўир арттырыў, оқытыўдың актив формалары менен усылларын, техникалық қуралларын анағурлым кең қолланыў, оқытыў менен тәрбияның бирлиги, семьяның, мектептиң ҳәм жәмийеттиң тығыз байланысы принципин мақсетке умтылыўшылық пенен әмелге асырыў, керекли қәнийгелерди таярлаўдың сапасын буннан былайда арттырыў зәрүрлигин атап өтти **(«Әмиўдәрья»).**

4. Агросанаат комплексиниң хызметкерлери! Азық-аўқат Программасын орынлаў ушын жигерли гүресиңиз! Интенсив технологияны, хожалық есабын өзлестириңиз, жумысты коллективлик ҳәм семьялық кесип алып ислеўди таратыңыз, аўылдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

социаллық проблемаларын жигерли түрде шешиңиз!' (**КПСС Орайлық комитетиниң шақырықларынан**).

5. Дарвин тиришилик ушын гүрести: түр ишиндеги гүрес, түрлер арасындағы гүрес ҳәм анорганикалық тәбияттың қолайсыз жағдайларына қарсы гүрес деп үш формаға бөлди...

Тири клетканы, оның нәзик қурылысын үйрениў аңсат жумыс емес, тек цитологлардың, биохимиклердиң, физиологлардың, генетиклердиң ҳәм биофизиклердиң күш салыўлары менен олардың көплеген хызметкерлерин бир-бирине ушластырып жыйнақлаўдың нәтийжесинде ғана оның структуралық элементлерин бирме-бир изертлеўге ҳәм олардың ролин анықлаўға мүмкиншилик береди (**«Биология» сабақлығы**).

6. Ҳәзирги заман техникасы атмосфераның зыянлы затлар менен патасланыўын болдырмаўға мүмкиншилик береди. Буның ушын аппаратураларды герметизацияластырыў, өз ўақтында ремонтлаў, белгиленген режимди сақлаў, цехларды самаллатқышлар менен ҳәм бөлинип шыққан газлардан зыянлы затларды айырып алатуғын аппаратлар менен үскенелеў зәрүр. Күкирт кислотасын өндиретуғын цехларда, сондай-ақ өзин-өзи қорғаў бойынша илажлар да қолланылады. Мысалы, кислоталарды тексерип көрген ўақытта қорғаўшы көз әйнеклерди ҳәм резина қолғапларды кийеди, ал авария болғанда, противогазлардан пайдаланылады.

7. Советлер Союзында адамларды ҳәм тәбиятты қорғаў мәселелерине үлкен дыққат аўдарылады, өйткени бизиң елимизде өндирис, капиталистлик еллердеги сияқлы, көп пайда келтириў ушын емес, ал адамлардың талапларын қанаатландырыў мақсетинде ислетиледи (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

8. Екинши жер жүзилик урыс еки империалистлик коалицияның қураллы айқасыўы менен басланды. Урыстың басланыўына айыпкер империализмниң системасы ҳәм оған тән антогонистлик қарама-қарсылықлар болды. Фашистлик мәмлекетлер тәрепинен бул урыс бастан ақырына шекем әдилсизлик, басып алыўшылық урыс болды (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

**131-шынығыў**. Өзлериңиз илимниң айырым тараўлары бойынша киши көлемде терминологиялық сөзлик дүзиң. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинен, терминологиялық сөзликлерден пайдаланың.

**132-шынығыў**. Өндирислик-техникалық лексикаға байланыслы сөзлерди табың, олардың қайсы тараўға тийисли екенлигин анықлаң.

1. Жумыс—узақ, күн—келте. Сол ушын да дийқан бабалар «бүгингини ертеңге қалдырма» қағыйдасына басын ийеди. Бүгинги дийқаншылықты техникасыз көз алдыңа келтириў қыйын болса, сол техника да күтимди талап етеди, адам қолы әлпешлемесе өзинен-өзи жүрип кете бермейди ғой. Сәнем менен Дәрмен усы жағын ойластыра келип, бас инженер Байжанға қатал



www.ziyouz.com kutubxonasi

тапсырды. «Пахта териў машиналарын, гөрек тазалаў, СХО усаған басқа да техникаларды ҳәзирден сазлап қойыў бир саат дыққаттан шетте қалмасын! (Ғ. Сейтназаров).

2. — Суў керек, суў!—деп совхозға шапты бригадир. Суў керек, суў!—деп АДУОС қа телефон ете-ете даўысы қарлықты совхоз директорының.

Ал Әмиўдәрья дельталық өндирислик суў хожалығы басқармасы болса, быйылғы суўдың там-тарыслығының себеби өзине аттан анық болғанлықтан, төмен қарайды. Алыс-алыстағы Памир таўының шоққылары оның көзине көринбейди. Гүз ҳәм қыстың қурғақ келиўи, таў басына қар ҳәм жаўын-шашынның аз жаўыўы АДУОС қа бағынышлы нәрсе емес ғой (А. Халмуратов).

3. Ракеталар реактив қозғалыс жасайды. Ҳәр қандай ракета бул еки дененің системасы. Ол сыртқы қабаттан ҳәм онда сақланатуғын жанар заттан ибарат болады («Физика» сабақлығы).

4. Түйемойын-Нөкис суў қурылысы ушын сағада бир режимде ислеп туратуғын еки үлкен суў айдаўшы станция салыныўы проектте көрсетилген. Сол станциялардың үскенелери қайсы заводтан алынады? Бул мәселе еле шешилмей атыр. Ҳәтте сол еки суў айдаўшы станцияны ислетиўге заказ берилиў жумысы еле сүйреткиге түсип келмекте. Трассадағы техниканың аўҳалы да күнниң талабына толық жуўап бермейди. Аязқала ПМҚ сының 4 бульдозери, 2 экскаваторы, сондай-ақ субподрядчиклердиң техникасынан басқа күш жоқ. Дурыс бир ўақытлары «Қарақалпакирсовхозстрой» ға қурылыстан участка ажыратты. «Қарақалпақирсовхозстрой» басшылары автономиялы республикамыз ҳүкимети тәрепинен берилген мәмлекетлик тапсырмаға салқын қарап отырғаны түсиниксиз («Совет Қарақалпақстаны»).

**133-шынығыў.** Оқың. Жазба стильдиң қайсы тармақшасына тән екенлигин қалай аңлаўға болады? Сөз ҳәм сөз мәнилерине итибар бериң.

1. Жуўсан, селеў жупарын себер,
Күн сәўлеси нурларын төгер,
Буйраланған жантақ, соралар,
Шырматылып оған оралар.
Топырақты уйпа-жуйпалап,
Епкин самал өтер сыйпалап,
Толқынлардай ойлы-бийиклер,
Шапқыласар қулан-кийиклер,
Тап мысалы дәрьядай ағып,
Көз ушында булқыйды сағым,
Болса керек шарўалар, байлар,
Мөңкилдесип бир үйир қойлар,
Шоқ сақаллы бир қара серке,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Басын шайқап уңилип жерге,
Әстен ғана адымын атлап,
Баслап барар, бир шөптен отлап.
Нәзер салсам Арал теңиз жағына
Жардай толқын тартып турар жағасын,
Бойын жыйнап, гүрс етеди тағы да,
Жел сырнайы ызылдатты намысын (Т. Жумамуратов).

Сүңгүўирдей ушқыр мотор айдаған,
Жетип келди Гүлпериза қурдасым;
—Таў артында үш-төрт жылым майлаған,
Шайыр қурдас, айтпайсаң ба ҳармасын...
(Т. Жумамуратов).

2. Пәтли самал шайқап ўақыт дәрьясын,
Жағысларға урар жаңа толқынлар,
Таза өзгерислер симфониясын
Бул түсимпаз дүнья қумартып тыңлар,
Жүрек ҳәўлирмесин, ушпасын қутын,
Өмир өзгерислер менен өрлеген,
Жасай бил өзиңди мәрдана тутып,
Үлкен мақсет, жаңа үмитлер менен (И. Юсупов).

3. Садаған кетейин батырымыздың бир кемиси—жылқы минез адам. Сол жағынан хан унатпаса керек. Қол жуўдырыўға келген жигиттен соң ишкериге кирген той ийеси Юсиптиң үскини қуйылып, есиктен кирген жерде шөгип, биреў әкелип таслаған заттай қыймылсыз отырды (Т. Қайыпбергенов).

**134-шынығыў.** Төмендеги поэзиялық ҳәм прозалық шығармалардан үзиндилерде көркем әдебият стили лексикасына тән белгилерге характеристика бериң. Текстте қандай лексикалық-семантикалық тил қураллары пайдаланылғанын анықлаң.

1. Қыя бақып мениң жанымды алып,
Йүз мың жилўа менен шығар гөззаллар,
Йүрегимде ада болмас от йақып,
Мениң жаным отқа йақар гөззаллар.
Тырнадек отырып, сонадек йүрген,
Йүз мың жилўа менен қабағын керген,
Шашларына лағлы мәржан өткерген,
Мың түмен наз билән бақар гөззаллар.
Қара көзи гәўҳар киби жаўдырап,
Кийген тоны көрген сайын жалтырап,
Өңир моншақ, ҳәйкел тағып сылдырап,
Сүзип қәлем қасын қағар гөззаллар.
Ҳайтта, мерекеде жигит жыйылса,
Күни-түни бирдейин тамаша болса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол заманда қызлар саллана келсе,
Жаным ашып, көзин тикер гөззаллар (**Әжинияз**).

1. Қара айғыр ысқыртып тартып турғанға ма, суўық самал ояғынан да, буяғынан да ҳүўлеп вагонның үстиндеги Бердикәримниң урқанатын бурынғыдан да бетер ушырып баратыр. Тоңғанлықтан ба, аштан ба, ол өзинен өзи түсип қалыўға сылтаў излей берди. «Шегарадағы қалада тексериў бериден басланды! Вагонның үстинде жүргенди ғой сирә тексермей жибермейди, қашсаң атады, қашпасам, тутыламан, онда да бәри бир, атады!» Мынаў ойы өзи қалжаўрап киятырған адамның арттағы қалтыратпасын ишине салып жиберди. Иште де тыныш жатпады, келип, тислерин сықылдатты. «Япырмай, бала, түрли қыял келе береди екен-аў,—өзин-өзи алағада етиўге урынды.—Баяғы сонарға шыққанымда, қасымда Барлықбай, Жәлий, мақсым да бар еди-аў, қаршығалар бир қасқырдың изине түсти-аў, сонда бүркит бүрген көкжалдың тиси әтирапына ийт барғанда үсейтип сақылдап еди. Апырмай, мынаў соны есиме салды-аў, ҳәр заманға бир заман деген, большойдың ийти қалмай изиме түсип, енди сол қасқыр өзим болып турман...

**135-шынығыў**. Төмендеги сөзлердиң жазба стильдиң қайсы тараўына тән екенлигин анықлаң, формаларына характеристика бериң.

Арза, соранаман, хабарлайман, қарар, протокол, хабарландырыў, дағаза, справка, указ, протоколдан көширме, қарар етеди, белгиленсин, келисим, шәртнама, регламент, жарыс сөз, шығып сөйлеў, буйрық, ескертиў, мақулласын, қошаметлеў, сөгис жәриялансын, пункт, параграф, мағлыўмат, ордер, накладная, бюллетень, декларация, нота, характеристика, тил хат, неке, реже, дизим хат, есап бериў, есап бериў-сайлаў, қол қойыў, бийкарлайды, усыныс етеди, нусқа, мәселе, тыңланды, қарап шығылсын, ҳүким етеди, бийкар етеди, доклад, күн тәртиби, ашық даўыс, жабық даўыс, даўыс бериў, бийтәреп даўыс, кирис сөз, усының дурыслығына, мәлим етип билдиремен.

**136-шынығыў**. Рәсмий стильдиң қайсы түрине тийисли екенлигин анықлаң. Лексикалық-стильлик белгилерин тәриплең.

1. «Ҳүрметли редакция! Бизлер күш-қуўатымыз қайтып, күтә қартайып отырған кемпир менен ғаррымыз. Биреўимиз быйылғы жылы алпыстың төртине, екиншимиз жетпис үшине келдик. Сулайман деген жалғыз баламыз немец-фашист басқыншылары менен болған урыста қазаланды. Соннан бери бир хожалықта тек екеўимиз турамыз.

Ҳүкиметимиз бизлерге ай сайын мәмлекетлик жәрдем берип тур. Бул ушын партияға ҳәм ҳүкиметке алғысымыздан басқа айтатуғын сөзимиз жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер усының менен өз алғысларымызды пединституттың студенти Алланияз Өтениязовқа айтпақшымыз. Ол жайымыздың гөнергенин көрип бизлердиң жай салып алыўға күш-қуўатымыз келмейтуғынын, хожалығымызда иске жарамлы басқа адам жоқ екенин билип, өткен жылдан бери турақ жай салып берип атыр. Жайымыз толық питиў алдында тур.

Бундай ғамхорлықты көрип, қайтыс болған баламыз Сулайман қайта тирилип келгендей болды. Баламыз өлди деп айтыўға тиллеримиз бармайды. Аллаңиязға шексиз алгысымызды айтамыз. Қурбанияз улы Тилеўмурат, Оразбай қызы Айсәнем».

2. Бериледи усы справка Нөкис районы № 5 Куйбышев атындағы орта мектептиң муғаллими Жолдас Өтениязов Алланиязға. Себеби бул жолдас 1976-жылы өз тилеги менен жазғы каникулда Бердақ атындағы совхозға келип 3./VI—31/VII шекем 52 (елиў еки) гектар ғаўашаның биринши суўын қандырып суўғарып берди. Соң 1-августтан 12-августқа шекем 1000 (мың) баў пишен орып берди. Ал 14./VII—27./VIII аралығындағы 81 жасар, жайы гөнерип қалған жалғыз баслы Бердиева Үримхан деген кемпирге 15 мың гербиш қуйып берип, еки бөлме жайды мутлай ҳеш нәрсе алмай салып, ишине киргизди. Усылай етип, үлкен ғамхорлық, азаматлық ислер иследи.

Бул справка усының дурыслығына бериледи.

3. Ертең, 15-март күни группамыздың гезектеги мәжилиси өткериледи. Күн тәртибинде имтиханлардың жуўмағы, студентлердиң өз бетинше ислеў жумысларының барысы қаралады Мәжилиске барлық группа ағзалары қатнасыўы тийис.

**137-шынығыў.** Өзлериңиз жыйналыстың протоколын, арза, справка, өмирбаян ҳәм басқа рәсмий стиль түрлери бойынша творчестволық жатлығыўлар ислең, оларда сәйкес лексикалық бирликлердиң турақлы қурылысы ҳәм формасына нәзер аўдарың, талқылаң.

**Үлги:**

**СПРАВКА**

Бериледи усы справка ж. Әўезов Жақсымуратқа, себеби ол Нөкис мәмлекетлик университетиниң 1-курсында оқыйды...

**Төмендеги сораўларға жуўап бериң:**

1. Жазба стиль лексикасы қандай өзгешеликлерге ийе?
2. Жазба функционаллық стильлердиң қандай тармақшалары бар?
3. Олардың бир-биринен өзгешеликлери қандай?
4. Лексикалық-семантикалық өзгешеликлери ше?
5. Аўызеки сөйлеў тили стили лексикасы менен жазба стиль лексикасы арасында қандай байланыс бар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚОЛЛАНЫЛЫЎ АКТИВЛИЛИГИНЕ ҚАРАЙ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ЛЕКСИКАСЫ

## СӨЗЛЕРДИҢ АКТИВ ҲӘМ ПАССИВ ТОПАРЛАРЫ

**138-шынығыў.** Салыстырың. Берилген сөзлердиң қайсылары актив, қайсысы сийрек қолланылады?

Даўыс-сес-зибан-тил, өлшеў-арқан- урыў, жамай-класс,-тап, әребек-сырға-билезик, кийим-скафандра, китап-элегия.

**139-шынығыў.** Тексттен актив қолланылатуғын сөзлерди бир бөлек, сийрек қолланылатуғын сөзлерди бир бөлек айырың. Олардың не ушын актив, не ушын сийрек қолланылатуғынлығын анықлаң.

1. Мухаммед тап қудай менен тиллескеннен қудыққа арқан таслап қуранды алады. Адамлар усыннан баслап Мухаммедти таныйды (**Т. Қайыпбергенов**). 2. — Әй, мөҳмин мусылманлар! Ийшанқаланы паналап келген посқыншылар, дәрьяның арқасында не жағдай болса, оннан бизиң әрўақларымыз хабардар... Бенде болған жигитлер, жесир болған қыз-келиншеклер бар, Мақсымжан!—Хан ҳәмирин ким тәрк етсе, өзи өлимдар, мал-мүлки патшалық,—деп ийшан кейнин нықлап қойды (**С. Хожаниязов**). 3. Хан көп болса, жаў көп болады, Бий көп болса, даў көп болады (**Нақыл**). 4. Әйне жүз төгинниң ўақты болғанлықтан бригадири ме, баслық өндириси ме—бәри усы жерге жыйналды. Ақсақал, партячейка, өндириси батрачкомлар да күниге бир соғып, жол-жорық берип, истиң барысын бақлап барады... Гүлайша САГУ ди питкерип елге қайтайын деп атырса, сол жерде ислеўге алып қалыпты... Садетине де МТС орын таярлап қойған,.. Қарақум ийшанның жойбарын өз ықтыяры менен, ГПУ ге билдирди. «Мәселени НЭП тен қайтарады. Буны ғана ТОЗ етип қояйық, колхоздан кетсин садаға**ң** (**Ш. Сейтов**). 5. Ол киси шығырға таянып келди де ағашқа илдирилген қамытты алып таслап, орнына түйениң шепшегин салып, қаптал жиплерди шепшекке таңып болып, мойнына байлап атырғанда, Ңесибели орнынан солай қарап жүрди... Салдаўшылар кемени жағаға тақап тоқтатып, даладан шөпшек жыйнап келип, от жақты... Жумагүл керегеге илдирилген кебежеден дәстурханды алып жайды да, шашбаўындағы гилтлердиң биреўи менен сандықты ашты (**Х. Сержанов**). 6. «Пристап ҳәким не ушын бирден қыстаўлы шақырды екен?» деп ойлады Қәлимбет бай... Наятый қалың дийўал екен. Зеңбирек болмаса, мылтық ала алмайды! (**Ө. Хожаниязов**). Ақпатшаның жарлығына муўапық Түркистан генерал-губернаторының ләшкерлери Хийўа ханына шабыўыл жасаўға атланды (**Ө. Хожаниязов**). 7. Ол қарап еди. Қос-қос қатар байлап, мылтығын ердиң басы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

на қыстырған нөкерди көрди... Еки жигит тинтип, тапанша, қонышынан еки жүзли, сүйек саплы қанжар тапты (**Ө. Хожаниязов**).

8. Республиканың халық хожалығы әдеўир жоқары пәтлер менен раўажланды. Миллий доходтың өсими 1987-жылғы 0,8 процент орнына 5,1 процент болды. Хожалық механизмин қайта қурыў, бирлеспелерди, кәрханаларды ҳәм шөлкемлерди толық хожалық есабы ҳәм қаржы менен өзин-өзи тәмийинлеў принциплерине өткериў усы процесслерге унамлы тәсир жасап атыр. Тутыныўшылардың тиккелей мәплери, адам мәплери халық хожалығының көпшилик буўынларының жумысларына әмелий бағдар болмақта.

Аўыл мийнеткешлери пахта, пилле, дән таярлаў бойынша тапсырмаларды табыслы орынлады.. 1987-жылға салыстырғанда гөш, сүт ҳәм мәйек жетистириў көбейди. Халықтың ҳақыйқый доходлары өсти.

Бирақ түпкиликли бурылыс жасаўға ҳәзирше ерисилген жоқ. Халық хожалығының көплеген тараўлары үлкен үзилиспелерге түсип, бир бапта жумыс ислемеўин даўам етип атыр. Агросанаат комплексинде республиканың қала ҳәм аўыл халқын азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеўди сапа жағынан жақсылаўға ерисилмеди.

Ири қурылыста тийкарғы фондларды иске қосыўдың ҳәм ири қаржыларды өзлестириўдиң планлары үзилиске түсирилди. Турақ жай программасы қанаатланарсызлық дәрежеде орынланбақта. Улыўма алғанда план ири қаржылар есабынан 700 мың квадрат метрге арттырып орынланғаны менен, бизлер 330 мың квадрат метр көлеминде турақ жайды кем алдық. Жылдың жуўмағы бойынша бир қатар социаллық объектлерди, соның ишинде мектепке дейинги мәкемелерди, емлеўханаларды, кәсип-техникалық училищелерин пайдаланыўға тапсырыў планының орынланбағанлығы айрықша тынышсызланыўшылықты пайда етип отыр.

Экологиялық жағдай оғада жаман аўҳалда. Пахта монокультурасы, атызларды ҳәдден тыс химияластырыў, суў ресурсларынан парықсыз пайдаланыў қоршап турған орталықтың айтарлықтай бузылыўына, қәўипли кеселликлердиң пайда болыўына ҳәм таралыўына алып келди. Жол қойылған қәте ҳәм кемшиликлерди дүзетиў бойынша көрилип атырған илажлар еле де болса сезилерли нәтийжелер бермей атыр.

**Сораўларға жуўап бериң:**

1. Актив сөзлик деп қандай сөзлер топары таныллады?
2. Актив сөзлик—қандай уғымларды аңлатады?
3. Пассив сөзлик қандай сөзлерден турады?
4. Олар қандай уғымларды аңлатады?
5. Пассив сөзлик қандай топарларды өзи ишине алады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГӨНЕРГЕН СӨЗЛЕР

**140-шынығыў.** Мысаллардан гөнерген сөзлерди таўып олардың мәнилерин анықлаң.

1. Гүмис гүлмыйықлар шағылысып күнге,
Қылқалы қызлары тойға баратыр,
Арбаға тийелген бир буўат гүлдей,
Қылқалы қызлары тойға баратыр (**Т. Сәрсенбаев**).

2. Қумөзек ийшаны бир неше мың танап жерди ийелеп шығыр жерден жигирмадан бири, аяқ жерден оннан бири бажы өндирип, халықтың мийнети менен жасап турған өңшең уламалардың қаласы еди.

Дәрьяның арқасында динниң орайы кәрамат пенен қудиретинен нан писетуғын жер деп түсиник қалғанлықтан халық үсир, питир, кеўсен, закатларын өзлери әкелип берип, бир мәртебе пәтиясын алса, өзлерин ҳажыға барып қайтқандай сезер еди. Мине, халықтың ой-пикирине сиңип қалған әдет «Ақ патша қулады» деген нен кейин әбден гүжип кетти.

Қалада жети-сегиз мешит бар. Ҳәр ийшан өзинше бағ-ҳәрем қурып салдырған. Солай да, ең үлкени Ахун ийшанның мешити еди. Жума намаз, тараба болса, сол мешитте оқылар еди...

Назарбайдың қулағына бир сыңғырлы еситилди. Ол сол жаққа жалт қарап еди, аўылдың сыртындағы қудық жақтан ийнинде суў қабақ, кишкене тар соқпақта киятырған, өңиринде түрли түйме, шашақлары бар, өңир моншақ, халқалы сырға, алтын жалатқан ҳәйкел, жеңсели пашшайы көйлек үстинен маўыты гүпи кийген жаңа түскен келиншекке көзи түсти.

Назарбай жылан жүрис қылып, бир үйлерди айланып өтсе, үй қапталындағы кели-келсап, ямаса тартқышының ушына шом байлаған жарқаншақлар жатыр. Олардың гей биреўинен секирип өтти. Үлкен ийшанның үйи де Ханмақсымның үйинен қашық емес. Бәри де бир тақылетте безелген. Ақ үзик, ақ туўырлық, айшықлы жез шийден, есик жанбаўырларының шашақлары бир дәсте. Сүтинли, Хийўа тәртибинде салынған терис үйжайларға тигилген үйлер (**С. Хожаниязов**).

3. Халмурат ақсақалдың Еримбет пенен оты бирге жанған емес, себеби Еримбет оның менен суў үстинде таласып, оның үстинен бир неше рет ҳәкимге арыз еткен (**Х. Сапаров**).

Хийўа, әңгиме, ертеклерде айтылғандай, келбетли ҳәм айбатлы қала екен. Алтын ғуббалы мешит медреселердиң сырлы нағыслы дийўаллары ғалы паластай жарқырап тур. Қаланың ортасынан жатып шыққандай дүп-дүзиў ҳәр қыйлы бояўдағы минарлар көкке тиренеди. Пүткил Хийўа сорамын усы минарлар қараўыллап турғандай, алыстан булдырайды. Ҳәр жерде жалт етип бәйбетше, бег, жасаўыллар арғымақ аттың үстин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

де қуўыршақтай нағыслы кийинип өтип тур. Хан сарайы менен медреселердиң нағысын айт. Айқыра гилем жапқандай жалт-жулт етеди. Бирақ қаланың усы бир орайындағы көшелерде ғана пардоз бар (К. Султанов).

**141-шынығыў.** И. Юсуповтың «Ески фонтан ертеги», «Актрисаның ығбалы» шығармаларынан алынған мына қатарлардағы гөнерген сөзлерди табың. Олардың қайсылары историзмлер, қайсылары архаизмлер екенлигин, айрықша белгилерин анықлаң.

1. Заңы зорлық болды, кәсиби—талаў,
   Қылышы қансырап жатпады қыял.
2. Алтын, гәўҳар, жипек, мүшик, дәрайы,
   Сулыў қызға болды ҳәрем сарайы.
3. Алтын кәпестеги тотыққан қустай,
   Бир күн қанат серпип жазылып ушпай.
4. Хорлық көрди ханнан байғус арыўлар,
   Бир еркектиң атын айтса түсинде.
5. Қамыс қыяқ болды сүйрик саўсақлар,
   Бир иле алмай муҳаббаттың өрмегин.
6. Кесилген бурымлар, нәресте басы,
   Ана жалтыраўы, қуллар наласы
7. Тардың нәзик сазы, шайыр бәйити,
   Қуўыс геўде ханды турмады арбап.
8. Ғаррылық мерзили ханды тарпыды,
   Қара сақал муртын аяз қарпыды.
9. Жаста әкелинген қул еди дилмаш,
   Өзи бул сарайда усталарға бас.
10. Қыз отыр пердени алмай бетинен,
    Ким уғар деп ишиндеги зердени.
    Хан айтты: «Кел, уста, мениң ышқымды,
    Бул перige түсиндирип бер»,—деди.
11. Кеўлиңде не барын сөйле, периштем,
    Бәринен абзалы қәдир билискен,
    Хан болсам да, қарашаңдай болайын,
    Тек бир ышқы иззетине ериссем.
12. Сүйдим десең, хан басымды ийейин,
    Жерге тийгизгенше тилла жығамды.
13. Сүйсең бирақ ҳәрем толы ҳаялдың,
    Бәри қурбан болсын басқан изиңе.
14. Я болмаса көп күндестиң биреўи,
    Жиберди ме мына жардан ийтерип
15. Бенде болып жүрген қулдың көзине,
    Шалынғандай болды үмит саңлағы.
16. Егер билсем сениң гүнаң, Герей хан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайтанның да гүнасынан көбирек.
17. Енди хан тилегин бәржай қылайын,
Тасқа жүрек берип зар жылатайын.
18. Егер жамай жаўы болса ол адам,
Жуп жағадан дәрҳал тутып аламан.
19. Жаңа турмыс ушын турмыс инқылаб,
Усылай ислеўди етеди талап.
20. Жылан ким? Ол суўық тек көрер көзге,
Жат-жамайдың қасында жылан да сөз бе?

**Тапсырма:** 1. Есиңизде тутың, архаизмлер менен историзмлер бир-биринен түп-тамырынан айрылатуғын сөзлер болып табылады, оларға тек екеўиниң де гөнерген сөзлер екенлиги улыўмалық характер береди. Дурысында, архаизмлердиң историзмлерден айырмашылығы сонда, олар—турмыста сәйкес уғымлары өмир сүрип киятырған, бирақ тилдиң ҳәзирги раўажланыўжағдайында өз орнын екинши атамалар менен аўмастыратуғын сөзлер. Мәселен, **нөкер, әскер** атамалары ҳәзирги **солдат** атамасы менен бирдей уғымды аңлатады, бирақ дәлепки екеўи қолланылыў активлилигин жойылтып жиберген, ал **солдат** актив характерге ийе.

2. «Ҳәзирги қарақалпақ тили» сабақлығында ҳәм берилген әдебиятларда гөнерген сөзлер ҳәм олардың классификациясы ҳаққындағы пикирлер менен таныслың, талқылаң. Олардың қайсысы ҳақыйқатлыққа дурыс келетуғынлығы туўралы өз пикириңизди билдириң.

**142-шынығыў.** Өз ойларыңыздан турмыстың мына тараўлары бойынша историзмлер ойлап табың. Бул ушын сөзликлерден де, көркем әдебият шығармаларынан да пайдаланың.

1. Өндирис әсбапларының атамалары:...
2. Қарыў-жарақ атамалары:
3. Дийқаншылыққа байланыслы...
4. Ҳәкимшилик ислерине байланыслы:...
5. Класслық, социаллық айрықшалықларға байланыслы:...
6. Оқыў орынларының атамаларына байланыслы:...
7. Диний уғымларға байланыслы:...
8. Кийим-кеншеклерге байланыслы...
9. Үй-хожалық әатларына байланыслы:
10. Узынлық ҳәм аўырлық өлшеўлерге байланыслы:...
11. Ески хызмет түрлерине байланыслы:...
12. Әдет-үрп, дәстүрлерге байланыслы:...
13. Түрли қатнасларға байланыслы:...
14. Саўда ислерине байланыслы:...

**143-шынығыў.** Историзмлердиң туўры ҳәм аўысқан мәнилерине тәриплеме бериң. Төмендеги мысалларда қара ҳәрип пенен жазылған сөзлердиң туўра мәниси не екенлигин анықлаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Жəллад қылышының жүзи кесилди,
Перде болған дин **сауыты** сөтилди (**Г. Есемуратов**).
2. Туўған елдиң туўырлығын жамылып
Кеңнен қоныс басты **аўыл-аймағың** (**Г. Есемуратов**).
3. Көз алдымда: гүлдиң хош ийисин
Сен қызғанып самалдан, жаным,
Ҳеш уйқылатпай илҳам **перисин**
Түни менен қəлем тартқаның (**Г. Есемуратов**).
4. Қəлесең қурбаның, **бендең** болайын,
Мен сеннен айрылып қайда барайын?
(**Халық қосығынан**).
5. Тоқтап тур, келтирме **жинимди**,
Биз билмес, сен бе тек билимли,
Бəрин де көргенбиз ўақтында,
Сенсиз де жетикпиз парқына (**Е. Б.**).
6. Адамға жаманлық—қураллы урыс,
Жақсылық сыйлыққа берген гүлдəсте,
Силтесең силтенер **қылышқа** қылыш,
Жақсылық тозбастан сақланар əсте (**Т. Жумамуратов**).

**Сораўларға жуўап бериң:**

1. Гөнерген сөзлер деп қандай сөзлерди айтамыз?
2. Гөнерген сөзлер қандай топарлардан турады?
3. Историзмлер менен архаизмлердиң парқы не?
4. Историзмлердиң туўра ҳəм аўыспалы мəнилери қандай?
5. Мысаллар тийкарында анықлаң.
6. Не ушын базы бир историзмлер еле де қолланылады?
7. Архаизмлер ше?
8. Историзмлер менен архаизмлер көбинесе қандай мақсетте ҳəм жағдайларда қолланылады?

**144-шынығыў.** Əдебий ҳəм илимий шығармалардан өзлериңиз историзмлер менен архаизмлерге байланыслы мысаллар таўып, оларды мəниси ҳəм қолланылыўы бойынша анализ жасаң.

## НЕОЛОГИЗМЛЕР

**145-шынығыў.** Сөзлик составқа жаңадан кирген, еле ҳəммеге бирдей таныМалыққа ийе емес сөзлерди табың, мəнилерин анықлаң.

1. Университет илимпазлары жəмийетлик, гуманитар ҳəм тəбият илимлери бойынша үлкен илимий изертлеў жумысларын алып бармақта. Лабораторияларда монокристалларды өндириў ҳəм олардың тийкарында ярым өткизгишлер дүзиў, пахта ҳəм салының зүрəəтлилигин арттырыўда нурландырыўдың тəсири, сахраны өзлестириўдиң биологиялық тийкарлары, Арал проблемасы сыяқлы мəселелер изертленбекте. Илимий изертлеўдиң жуўмақлары бойынша 8 ойлап табыўшылық гүўалығы алынды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биргеликтеги бир ойлап табыўдың өзи Москва қаласының «Эра» заводына бир жылда 93 мың манатлық экономикалық нәтийже берди. Тек өткен бес жыллықта 46 монография ҳәм брошюралар, 52 сабақлық ҳәм жәрдемши оқыў қураллары, 4 илимий мийнетлердиң топламы баспадан шығарылды. Биринши мәртебе университет студентлери ушын ҳәзирги қарақалпақ тили ҳәм әдебиятынан сабақлықлар дүзилди («Әмиўдәря»).

2. Социализмге шекемги жәмийетлерде адамлардың жәмийетлик орталықтағы тутқан орны, шыққан шығысы, атағы, мәртебеси айрықша оның қолындағы ийелеген байлығы менен белгиленетуғын болса, социализм жәмийетинде адамлардың тутқан орны жәмийеттиң улыўма мәпи ушын сарп еткен мийнети және мийнетиниң нәтийжеси менен белгиленетуғын болды. Социализм жәмийети мийнетти ҳүрмет, атақ ҳәм даңқ исине айландырды. Социалистлик жәмийет ағзалары арасында мийнетке болған жаңа көз-қарас, қатнас жаңа жигер ҳәм жоқары мийнет көтериңкилиги келип шығыўын қәлиплестирди. Бул формалардың биреўи ретинде бизиң елимизде кеңнен таралған стахановшылар ҳәрекетинде айқын көзге көринди («Әмиўдәрья»).

**146-шынығыў.** Илимий-техникалық ҳәм жайдары неологизмлердиң парқын айырың, тексттен таўып еки топарға бөлип жазың, характеристика бериң.

1. «Жолбарыс терисин жамылған палўан» поэмасы характерли сүўретлеў, композиция, сүўретлеў қураллары, тили жағынан жоқары көркемликке ийе.

Руставели өз идеяларын оқыўшыға ақсат жеткериў ҳәм анық баян етиў ушын қосықлық (поэтикалық) афоризмге үлкен әҳмийет береди. Поэма бастан-аяқ уллы социал әҳмийетке ийе болған халықтың қымбатлы сөзлери менен толы. Руставелидиң афоризмлери грузин халық әдебиятының улыўма ғәзийнесине кирген ҳәм оның қымбатлы сөзлерин, афоризмлеринен халық ци ата етип, ҳәзирге шекем қолланады.

Руставелидиң ҳәр бир төрт қатарлық қосығы соңында, алдыңғы қатарлардың мәнисин толықтырып, беккемлестириўши афоризмди өз ишине алады. Гейде афоризм тезис сыпатында биринши қатарда келип, қалған үш қатар оның жалпы идеясы менен байланысады. Мысалы, биринши қатарды дәлиллеп, терең етип турғандай көринеди. Руставели гейде өзиниң алға қойған идеяларын жуўмақлап ҳәм конкрет социал нәтийжелер шығарып, тәрбиялық жақтан толық бир бапты күтә жыйнақлы ҳәм анық нақыллар менен питкереди. Оның афоризмлери оғада үлкен әҳмийетке ийе болған терең ҳәм күшли тәсир қалдырыўшы пикирлер, жоқары қағыйдалар, турмыстан алынған қымбатлы сөзлер менен, нәсиятлар менен суўғарылған: «Тас жүрекке ылайығы алмас найза», «Балға қорғасыннан болса да, тасты усақлайды», «Әдиллик пенен ҳүжим етсең, шөл гүллener», «Жаўыз адамды, жаўызлық хабар ғана қуўандырады»,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Дос ҳәм ярды, басқа қыйыншылық түскенде, таныймыз», «Жыллы сөз бенен жыланды ининен шығарыўға болады».

Мине, Руставели афоризмлеринен базыбир мысаллар. Бул афоризмлер қаншелли терең мәниликке, жоқары идеялылыққа ийе (**«Қарақалпақ әдебияты» сабақлығы**).

2. Тәбиятта да, техникада да траекториялары туўрылардан емес, ал иймек сызықлардан ибарат болған қозғалыслар оғада жийи ушырасады. Бундай қозғалыслар иймек сызықлы қозғалыслар деп аталады. Қосмослық кеңисликте планеталар ҳәм жасалма жубайлар, ал Жерде ҳәр қыйлы түрдеги барлық транспорт қураллары, машиналардың бөлеклери ҳәм механизмлери, дәрьялардағы суўлар, атмосфера ҳаўасы ҳәм т. б. лар—иймек сызықлы траекториялар бойынша қозғалады.

Иймек сызықлы қозғалыста механиканың мәселесин шешиў қыйын, өйткени, ол—туўры сызықлы қозғалыстан қурамалырақ болады. Бундай қозғалыста дененің тек бир координатасы ғана өзгереди деп айтыўға болмайды. Мысалы, егер қозғалыс тегисликте болып өтсе, онда 52-сүўреттен көриниўинше, бул қозғалыста еки координата: x ҳәм y өзгереди. Қозғалыстың бағыты, яғный тезлик векторының бағыты да барлық ўақытта өзгереди. Тезлениў векторының бағыты да өзгереди. Егер буған тезлик ҳәм тезлениў модульлери де өзгериўи мүмкин екенин қоссақ, онда иймек сызықлы қозғалыстың қаншама қурамалы екени анық болады.

Механиканың мәселелерин шешиў ушын тезликтиң ҳәм тезлениўдиң мәнислерин есаплай билиў айрықша әҳмийетке ийе болғанлықтан, биз ең дәслеп бул шамалардың қалай өзгеретуғынын анықлаўымыз тийис (**«Физика сабақлығынан)»**.

3. Ҳәр қандай жаңа уғымға байланыслы пайда болған жаңа сөз неологизм сыпатында сол тилде сөйлеўши барлық адамлар тәрепинен улыўма қабыл етиледи ҳәм сөзлик составтан орын алады. Оларды тийисли орында пайдаланыў сөйлеўши ямаса жазыўшының қабыл етиў ҳәм уғыў дәрежесинен гәрезли болады. Бул жағдай әсиресе илимий-техникалық неологизмлерди қолланыўда жүдә айқын сезиледи. Өйткени олар сөйлеўши менен жазыўшыдан сол неологизмлерге байланыслы илимий-техникалық билимди талап етеди. Мәселен, белгили бир дәрежеде калий элементи туўралы хабарлы болмай турып, «калий» сөзин пайдаланыў қыйын. Илим ҳәм техника тараўындағы барлық терминлер туўралы да усыны айтыўға туўра келеди. Дурысында, илимий-техникалық неологизмлер илимий-техникалық терминлерден ибарат (**«Ҳәзирги қарақалпақ тили» сабақлығынан)**.

4. Район шарўалары буннан да жақсы көрсеткишлерге ерисиў ушын гүресип атыр. Ҳәр сыйырдан ҳәр күни орта есап пенен жети килограммнан сүт саўып алып тапсырмақта... көплеген сүт-товар фермаларда жумыс процесслери толық механи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зацияланбай атыр. Малларды қыслатыўды үлгили өткериўге мөлшерлеп таярланған беккем от-шөп базасынан пайдаланыў қәнийгелер тәрепинен дүзилген рационға жуўап бермейди.

Бәҳәрги мәўсим келди. Қыраўлы қыс айларына қарағанда ҳәзир ҳәр қандай мүмкиншиликтен жақсы пайдаланыўға болады. Қолдағы бар от-шөплерди, аралас жемлерди малларға майдалап, жибитип, пуўландырып, жуғымлығын арттырып берип рационндағы да көрсетилгеннен кем я артық бермей, нағыз нормадағы отжемди жумсап, нстиң нәтийжелилигине ҳәм өним муғдарының көбейтилиўине ерисиў керек (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

**147-шынығыў.** «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги»нен алынған мына мақалалардан класс, мийнет, майдан сөзлериниң неологизмлик мәнилерин анықлаң, неологизмлик мәнилерин мәнилик тәриплемеси менен көширип алың, талқылаң, пикириңизди айтың.

Класс: I ат. **Жәмийетте тутқан орны, алға қойған мақсети, өндирис қураллары бирдей болған тарийхый жәмийетлик қатлам, топар.** Совет жәмийети бир-бири менен маўаса татыў еки **класстан**—рабочийлар менен дийханлардан турады (**«Қыз-ҚҚ.». г.**).

Үстем **класс** болған эксплуататарлардың тутқан жолы қыйсық болсада, үстем болып өмир сүрип келген еди (**«Қыз. муғ» ж.**).

Класс **II ат. 1. Көбинесе жас жағынан бирдей оқыў жылы теңлес мектеп оқыўшыларының топары. 4-класста** оқып жүрген жыллары көлге қармақ салып, аўылға қайтып киятыр еди (**К. Султанов**). 2. **Мектепте сабақ өтиўге арналған бөлме.** Бизиң класымыз үлкен, кең ҳәм жақсы (**«Жеткиншек» г.**) 3. **Түрлише классификациялаўға жататуғынлардың топары.** Жарғанат ты сүт емизиўши жан-жаныўарлардың **класына** киреди (**«Жас Ленинши» г.**). 4. **Бир нәрсениң дәрежеси, атағы.** Биринши класс шофер деген атақты алыў аңсат емес,—деди Атабай (**Жас Ленинши» г.**).

Мийнет—ат. 1. **Ақылды ҳәм қара күшти талап ететуғын белгили бир мақсетке ылайықлы. жәмийетке пайдалы деп табылатуғын адамның ис-ҳәрекети, жумыс** Ақыл **мийнети, қол мийнети.** 2. **Жумыс, дөретпе, шығарма.** Илимий **мийнет.** Басылып шыққан **мийнетлер**, 3 **Азап, машақат, ақырет.** 4. **Өним, нәтийже.** 5. Аўыс **Мүшкил, аўырманлық.** Рахмет, достым, **мийнетимди** жеңилттиң!

**Мийнет күн—колхозшылардың мийнетин есаплаўдың** бирлиги. **Мийнет ҳақы—ислеген мийнетине қарай төленетуғын ақша, пул.**

Майдан—ат. 1. **Дүз, қула дүз, далаң.** Бул **майданда** сөз айтпайман бир өзим. Жеткейсең деп елатыма бул сөзим (**Өтеш ҳәм Омар**). 2. **Ашық аспан, кеңислик, аспан.** 3. **Атызлық, ашықлық, кеңислик.** 4. **Аўыс Гүрес, урыс.** Нәмәртлер кирсе **майданға,**



www.ziyouz.com kutubxonasi

қашатуғын жерин гөзлер (**Қ. Айымбетов**). 5. **Аўыс. Илим, билим, мәденият.** Жаңа аўыл болса мысал қаладай, қызса гүрлеп мәденият майданы (**И. Юсупов**). Ат шаўып оқы билим **майданында**, Бәйгиден озып келип ел пырағы (**С. Нурымбетов**). 6. **Аўыс, мийнет, ҳәрекет, ис.** Ол матералын бәрҳа қызған мийнет **майданынан** алып отырды (**Г. Есемуратов**).

**148-шынығыў.** «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги» нен өзлериңиз неологизм ҳәм неологизм—мәнилерден бир неше сөзлер таўып жазың, тәриплеме бериң.

**149-шынығыў.** Қара ҳәриплер менен жазылған неологизмлерге баҳа бериң. Олар қандай ҳәриплерге ийе екенлигин, анықлаң.

1. Узын, қысқа сапардан,
 Мен айналып келгенше,
 Белгили **пақырханамсаң** (**А. Дабылов**).
2. Соннан аяқ басып жаңа турмысқа,
 Қатнасқансыз қанша уллы қурылысқа,
 Кимиңиз Уатанды қорғап урыста,
 Кимлер **аўыр тыл арбасын** айдады (**И. Юсупов**).
3. Көксиңе тийген қошқаршақ әжел тислери,
 'Қарш етип сонда қалай сынды, айт қәне?
4. Айлы түн ақшамын қақ жарып,
 **Айғырды** қаңтарып барамыз (**Ш. Сейтов**).
5. Аш **қызыл есикти**, аш,
 Бахтын қарсы алар ҳәр адам (**И. Юсупов**).
 6. **Сур дийўалды** титиретип бирден,
 Журттан бурын қосықлар кирген (**И. Юсупов**).

**150-шынығыў.** Неологизмлердиң қандай усыллар арқалы жасалғанын анықлаң.

1. Оқыўшылар үйге тапсырылған мәселени оғада дурыс жол менен шешип келипти. 2. Бизиң группамыздың басламасын университетимиздиң барлық жаслары бир аўыздан мақуллады. 3. Ол **дәрҳал бөлшекке орғақ** болмайтуғын, оннан кейин биринши ҳәм екинши бөлшектиң бөлимине бөлип, алымын үстине жазыў керек екенин айтты ҳәм сондай бир қанша есаплар шығарды (**Ө. Айжанов**). 4. Турмыс улыўма тиришиликтеги жәмийетлик дүзилис... бунық барлығы жәмийетлик болмысқа байланыслы (**«Ққ. түс. сөз»**). 5. Бул шайырдың творчествосы арқалы қарақалпақ әдебияты жаңа басқышқа көтерилди. 6. Мектеп лабораториясына барометр әкелинди (**«Жеткиншек»**). 7. Эксперимент тилди изертлеў ислеринде де пайдаланылады. 8. Олардың талшығын грипп ҳәм бактерия кеселликлери менен зыянланыўдан аман сақлайды. 9. Электр қуўатын беретуғын жоқары вольтлы линиялар алға қәдем басып барады. 10. Қосынды—бир неше қосылыўшыларды қосқаннан кейинги шыққан нәтийже. 11. Қосымта—лингвистикада морфемалардың бир түри. 12. Магний—химиялық элемент.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ФРАЗЕОЛОГИЯ

## ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИ

**151-шынығыў.** Сөз дизбеклери неше компоненттен туратуғынлығын, олардың бир-бири менен байланысыў дәрежесин, яғный еркинлигин ҳәм турақлылығын салыстырып көриң. Қандай өзгешелик сезиледи. Мәнилери қандай?

1. Қалаға барыў. 2. Өкшемди көтеремен. 3. Киноға барыў. 4. Қарасын батырыў. 5. Оның албыраўы. 6. Түйениң үстинен ийт қабыў. 7. Қалың тоғай. 8. Қалың қамыс. 9. Қалың терек. 10. Сийрек жүўери. 11. Дүт тоғай. 12. Жыс тоғай. 13. Телегей теңиз. 14. Ушан теңиз. 15. Үлкен теңиз. 16. Шуңгил теңиз.

**152-шынығыў.** Текстте берилген гәплерде сөз дизбеклерин айырың. Сөз дизбеклериндеги сөзлердиң байланысыў характерине, яғный еркинлигине ҳәм турақлылығына баҳа бериң.

1. Халық аға Султанның ўәсиятларын еситип ушып-ушып қуўанды. Аға Султанның ҳасыл перзентлериниң бири Тынахмет тахт ушын мийрасхор болып қалыпты. Халық бахты ушын гүресетуғын батыр..., халық қыйналған жерде қол созғандай әдиллиги де бар еди (**К. Мәмбетов**). 2. Ғайры еллердеги кешежақ өмир усы бастан-ақ уўызыйын қурытып киятыр. «Сибирьден жаман болмас» деп турдыдағы, онда елге қайтаман, мешит қәўимиме жерленемен деген үмитин үзбеген еди (**К. Мәмбетов**).

**Үлги:** Халық аға Султанның ўәсиятларын еситип ушып-ушып қуўанды. Халық қуўанды, еситип қуўанды, ўәсиятларын еситип, ушып-ушып қуўанды, аға Султанның, аға Султанның ўәсиятларын.

**153-шынығыў.** Берилген гәплерде еркин ҳәм турақлы сөз дизбеклерин анықлаң. Олардың еркинлик ҳәм турақлылық белгилерине анализ етиң.

1. Таза жапқан зағарадан енапаттай нан, еки қағаз чай, бир қадақтай гелле қант, хошласыўға көзи қыймай, изинен ботадай бозлап жылап қалды (**Ш. Сейтов**). 2. Бердикеримниң жуп жағасынан силкип, түргелтип... түйгишлеп шығарып алып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетти (Ш. Сейтов). 3. Той-тамаша десе қуў бас жумалған, тәйда туяқ қалмай барыўға ынтығатуғын—қарақалпақлардың озалдан киятырған әдети (Ө. Хожаниязов). 4. Усы баланың ақыл-ҳуўшына қуўанып қолымнан келгеним пешимди жаўып журмен (Т. Қайыпбергенов). 5. Жоқ, сен емес, ол сениң көзиңе шөп салып отыр (Ө. Айжанов). 6. Үстимизден өтер уллы Қус жолы, Шәўкетли жулдызлар мириднасы, дәўиримиз уллы ислерге толы. Бәлент пәрўаз етер кеўилдиң қусы (И. Юсупов). Сыр сандығы ашылмай қалды, Сезбедим мен жүрек тилсимин, Ойлай-ойлай қыялым талды, Көз алдымда еле жүр сының (Т. Жумамуратов).

**154-шынығыў**. Тексттен фразеологиялық сөз дизбеклерин көширип жазың, синонимлик мәнилерин анықлаң.

1. Дүньяда әрмансыз меҳриң қанады,
   Тениң тийсе бағрың оттай жанады («Алпамыс»).
2. Дағыстанда малым таслап келемен,
   Көзим түссе ышқы отына күйемен («Алпамыс»).
3. Ер жигит басына мүшкил ис түсти,
   Жүрек-баўырым ғамның отына писти (Әжинияз).
4. Толықсып, таўланып өткен бурынлар,
   Тараққа келмеген асаў бурымлар,
   Қағаздай қулақлар, писте мурынлар,
   Әребек, сыргадан қалған қусайды (Г. Есемуратов).
5. Жигитлик ҳәсери урған мурынның,
   Кеминде бир батпан самалы болар И. Юсупов).
6. Нақыл бар: «Мың қойды бир серке баслар»,
   Изинде жеткиншек, партия, жаслар,
   Исин алға баслап қалған жолдаслар
   Жазған өрнек жолын алды Лениниң (А. Муўсаев).

**155-шынығыў**. Мысаллардан фразеологизмлерди табың, олардың мәнилерин анықлаң.

1. Нөкистен сыртқа шыққан төрт-бес күнниң ишинде Нөкисти сағынып, қайтыўға асығаман. Сол қысқа мүддетли сапардан Нөкиске келгенимде өзимди суўға кирген балықтай сезер едим. 2. Суў көрмей етик—шешиў ақмақтың иси. Маған не болды, бала, жаўын жаўмай жаўрап, қартайдым ба екен я? Әй, яғ-ә. Қартайса да қаракең шаншар деген бираз айдасқандай шамам бар. Ҳалын билген данадур деген, ҳалыма қарамай ҳәлек болып, дослың күлкисине, душпанның табасына қалмайын 3. Өткен жылғы ашлықтан жынтығы қурып, жилигинен май кеткен халықтың, быйыл аз ғана қарны қампайып, жарма ишип, жүўери зағараға зәриў болмады (С. Хожаниязов). 4. Кейин не болғанын билмеймен: жалма-жан фуражкамды алдым да, аяғымаяғыма тиймей ҳайт қойдым (И. С. Тургенев).



www.ziyouz.com kutubxonasi

5. —Мен саған жаңа ғана айттым ғой, мынаў соқыр тийинге арзымайтуғын гүмис саат әкемнен қалған жалғыз ғана буйым (**Ф. М. Достоевский**). 6. Ал бизиң Кузьма менен гегирдеклесиўимиз биринши жылы емес: Сен бир сөз айтсаң, ол он сөз айтады, яғный жақ жарыстырады (**А. Н. Островский**). 7. Уўайымды қой, ғарры. Асан қайғың шыға бермесин, ғарры. Батпан уўайымнан мысқал пайда жоқ. Оратуғын жерлерди ертең өзим көрсетемен (**«Әмиўдәрья»**). 8. Ҳәмме таўда таяқ қалмай өз жумысларына киристи. 9. Аздан соң төрт көз түўелленип, от жағылып, үйдиң иши жақтыланды. (**«Әмиўдәрэя»**). 10. Оқыўда да отырып мазам жоқ. Ишимди бир суўық самал жайлады, сол жүрегимди муздай суў етеди де турады (**«Әмиўдәрья»**).

11. Дүньяға шыққан соң, бақтың ашылса,
Душпанларың аяғыңа бас урса,
Жаў бағынып еки қолын қаўсырса,
Көзди алартқаннан иззет жақсырақ (**Бердақ**).

**156-шынығыў.** Тексттеги фразеологизмлердиң мәнилерин анықлаң, олардан қысқаша сөзлик дүзиң.

Ала жипти кесисти, ақыл-ҳуўшын алыў, жүзикке қас қондырғандай, қас пенен көздиң арасында, Қара жерге түсиў, қасықабағына қараў, көз бенен қастың арасында, қас қақпаў, түбине дуз егиў, тили тығылып қалыў, тисинен шығармаў, райдан қайтпаў, қасарысқан жерден қан алыў, езиўин жыймаў, бир қасық қаны қалғанша, пәрўайы пәнсери, пышақ кескендей қойыў, сөзиниң дәми қашыў, ийт өлген жер, айдағаны еки ешки, ысқырғаны жер жарады, өлетуғын-тирилетуғын жерин билмеў, көрпеге қарай аяқ созыў, тис қаққан, заманың келди Аннақул, малағайыңды былғап ур, қудай қарағанды, пайғамбар ҳасасы менен түртеди, өзимиздиң қойдың қумалағы, дузы жоқ, тисин қайраў, еки аяғын бир етикке тығыў, керек тастың аўыры жоқ, тулыпқа мөңиреп қалыў, алдайтуғын адамың енди туўылады, ҳәр ийнине еки адам жайғасады, аяғына қоз басылыў, аўырдың усти менен, жеңилдиң асты менен жүриў, қас қояман деп көзин шығарыў, кимниң тарысы писсе, соның таўығы, сықылың сол, сыйқың сол, әребек сениң не теңиң, өзиниң жаққан отына өзи жылыныў.

**157-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан турақлы сөз дизбеклерин, нақылмақалларды, цитаталарды, лозунглерди бөлек-бөлек жазып, олардың мәнилерине, турақлылығына характеристика бериң.

Жалқаўға не буйырсаң, өзиңе ақыл үйретеди. Жықпа-жығылма ғана ҳалы бар. Дана болыў жеткиликсиз, оннан пайдалана да билиў керек. Наданлықтың үш қыйлысы болады: ҳеш нәрсени билмеў, билген нәрсесин жаман билиў ҳәм керек емес нәрсени билиў. Жығылған гүреске тоймайды. Аўзынан ақ ийт кирип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қара нйт шығады. Жолы бузық адамның, иси болмас сөзиндей, ҳаслы қыйсық ағаштың көлеңкеси өзиндей. Өтирикши өлген кисини гүўа тутады. Тырнақ астынан кир излеў. Тәбияттан рeҳим күтиўге болмайды, оны оннан ала билиў—бизиң ўазыйпамыз. Уллылық пенен масқаралықтың арасы бир адым. Биреўдиң кес-пасын кесиў. Бир оқ пенен еки қоян атыў. Тил алғыш болса перзентиң ақылы артық кисидей, тил алмаса перзентиң түсинде көрген исиңдей. Кеңесли ел азбайды, кең кийим тозбайды. Минез —қулық—бул ҳәр кимниң өз сықыл—сыйқын көрсететуғын ай-насы. Сананы турмыс билейди. Мен не деймен, қобызым не дейди? Келбети келиспегеннен кеңес сорама. Ийт жоқ жерде, шошқа үреди, еки самсам бир жүреди. Асы көптиң тәни семире-ди, досты көптиң жаны семиреди. Мийнеттиң көзин тапқан бахыт-тың өзин табады. Егин—елдиң сәни, билим—ердиң сәни, Трак-тор менен жер айда, егер билсең, сонда пайда. Егин ексең илим менен, молығарсаң елиң менен Қысқа жип гүрмелеўге келмей-ди. Тилин тислеп қалмаў. Маркс тәлийматы оғада күшли, өйт-кени ол дурыс тәлиймат. Өз ойыңды адамзат дөреткен гүллән билим байлықлары менен байытқанда ғана коммунист болыўың мүмкин. Ойлы жигит жақсы билимпаз келер, айтқан гәплериңе түсимпаз келер. Жумыс исле туўылған соң ел ушын, Жаныңды аяма елде ер ушын. Жапаны шекпеген ашық, сапаның қәдирин билмес, Зимистан көрмеген булбил, саҳардың қәдирин билмес. Ким ислемесе, сол жемейди. Тургеневтиң, Толстойдың, Черны-шевскийдиң тили—уллы ҳәм қүдиретли.

**158-шынығыў.** Төмендеги мысаллардағы турақлы сөз дизбеклеринде фра-зеологизмлерге тән қандай белгилер бар екенлигин дәлиллең.

1. Айшагүл жеңгей ери Халмурат аға менен усы фермаға ке-лерде, гейпара аўзы бос адамлар олардың сыртынан ҳәр түрли ат тағып, көк ешекке терис миндирип те қойды (**Ө. Хожаниязов**). 2. Дүйсенбайдың үскини қуйылып, жалтыр майлы маңлайын сыйпады (**Т. Қайыпбергенов**). 3 Турымның «Сен қала бер, ата» дегенине қулақ аспай, Қоңыраттан жаңа келген Есенгелди Қу-лымбетке бир қолқа салып қалажақ (**К. Султанов**). 4.—Үйди босатқаның мақул. Мешелин баға алмаймыз. Балама қыз қа-пылмас,—деди Гүлбийке кемпир үйди басына көтерип, кәт-қуда-ларға жеңислик бермеди (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Мудамы қасымда баўыры гирян, Жолларымда аҳыў-зарым, аналар (**Г. Есемура-тов**). 6. «Бир күн дуз ишкенге қырқ күн сәлем бер». Халықтың нақыл сөзи сондай деген бар (**С. Нурымбетов**). 7. Аға, беглер, сыртың пүтин, Ишим жанып болды түтин, Асырып залымлар ҳәддин. Ҳеш бир рәҳим қылған емес (**Бердақ**). 8. Халқым дана десем болар, Нақыл еткен биле-биле, Сөйлей-сөйлей шешен бо-лар, Көсем болар көре-көре (**И. Юсупов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**159-шынығыў.** Мәниси бойынша төмендеги фразеологиялық сөз дизбеклериниң қайсы сөз шақабына қатнаслы екенлигин түсиндириң.

Темир жол, жыс тоғай, нәзик қыял, қыйылған қас, қыпша бел, туңғыш муҳаббат, аўзынан ийт кирип, ийт шығыў, пәрўайы пәнсери, нөсер жаўын, өкше көтериў, қысқа жип гүрмеўге келмеў, сөзин жутыў, желкесиниң шуқыры көрсин, өкше көтериў, үскини қуйылыў, көк ешекке терис миңгизиў, аўзы бос, иси ериккен, асығы алшы, көз жумыў, ала жипти кесиў, айға қолы жетиў, кәмал табыў, тайда туяқ қалмай, әңгиме-дүкән қурыў, өтирик өлең, ақ алтын, сары алтын, көз бенен қастың арасында, бир аўыздан, көзди ашып жумғанша, ҳәп заматта, еки жолдың ортасында, ҳап дегенше, аҳ урыў.

**160-шынығыў.** «Фразеологиялық сөзлик»тен пайдаланып, фейил мәнили, субстантивлик, адъективлик ҳәм рәўиш мәнили турақлы сөз дизбеклерине мысаллар келтириң.

**Үлги:** 1. Өйтип ырбыя бермегенде не қылады булар, қарнымыздың шенин билмейтуғын халықпыз да әзимиз.

Ырбыя бермегенимизде не қылады—**фейил мәнили**

Қарнымыздың шенин билмейтуғын—**адъективлик фразеологиялық сөз дизбеги.**

2. Ўақты менен сабыр касасы толар,

Бармақ бүгип санағанға уттырмай **(Г. Есемуратов).**

Сабыр касасы—**субстантивлик фразеологиялық сөз дизбеги**

## СЕМАНТИКАЛЫҚ БИРИГИУШИЛИГИ БОЙЫНША ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИ

**161-шынығыў.** Салыстырып қараң, фразеологиялық сөз дизбеги аңлататуғын пүтин мәнисиниң жеке компонентлери билдиретуғын лексикалық мәнилер арасындағы қатнасты анықлаң. Байланыс қайсы дәрежеде сезиледи?

1. Көз бенен қастың арасында—тез, демде.
2. Тили байланыў—үндемеў, сөйлемеў.
3. Мийзан тақыр—ҳеш нәрсе өспеген, дала.
4. Жаман дос жаўдан жаман **(нақыл).**
5. Күлин көкке ушырыў—жеңиў, қыйратыў.
6. Қысқа жип гүрмеўге келмейди—илажсыз, жағдайы жоқ.
7. Түйениң үстинен ийт қабыў—албыраў, иси келиспеў, абыржылыққа ушыраў.
8. Оймақ аўыз—сулыў.
9. Жан таласы—өлим алды.

**162-шынығыў.** Берилген әдебиятлар тийкарында сораўларға жуўап бериң. Мысаллар менен дәлиллеп түсиндириң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Сораўлар:

1. Фразеологиялық өтлесиўлер деген не? Олар қандай белгилер менен характерленеди? Мысаллар келтириң.

2. Фразеологиялық бирликлер ше? Олар қандай белгилерге ийе? Мысаллар менен дәлиллең.

3. Фразеологиялық дизбеклер деген не? Олар қандай өзгешеликлер менен ажыратылады? Мысаллар келтириң.

4. Фразеологиялық сөзлер ше? Олар қандай айырмашылықларға ийе? Мысаллар менен дәлиллең.

**163-шынығыў.** Мысалларда фразеологиялық сөз дизбеклерин табың, олардың семантикалық биригиўшилиги бойынша қайсы түрине жататуғынлығын түсиндириң.

1. Алланазар сөйлеп турған жигиттиң қыр мурнының, қалақтай қуў жағының, жылтырап туратуғын жылан көзлериниң, қолын сермеп не айтса да шынтлап сөйлеўлеринин әкеси Қуўайберген шүндыйға усап-усап кететуғынлығын биринши мәргебе серледи (**Ш. Сейтов**). 2. Жаңа ғана өзи қайттыға тойып алған қусаған еди, ортаға қуўырылған айыў гөши келгенде, қайтадан киристи (**К. Мәмбетов**). 3. Ешек болса тумсығын көтерип, жөн алды қарабарақ шаўып баратыр (**У. Пиржанов**). 4. Мыйық тартсам, шадыққуррам болады, Қабақ шытсам, жасыл гүлдей солады. Жан бар жерде қапалығын сездирмей, Аўлағында өксип-өксип алады (**Т. Жумамуратов**). 5. Арыўхан, қымбатлым, исен сөзиме; Шөп салып бола ма ярдың көзине, Ол мени сүйеди, мен оны сүйдим, Сүйсең, ышқы отында күй деди, күйдим (**И. Юсупов**). 6. Бөри арығын ҳеш ўақытта билдирмес, Жақсы адам душпанларын күлдирмес (**Бердақ**).

**164-шынығыў.** Әжинияздың «Айрылса» қосығындағы фразеологиялық сөз дизбеклерин, афоризмлерди көширип жазың. Олардың түрлерине семантикалық-стильлик айырықшалықларына баҳа бериң.

Ашықлар ағлайур ләйлиў-нәҳары,
Қара көзли қәдди далдын айрылса,
Руўзы-шәп қан йутып шекерлер зары,
Шийрин сөзли сушук тилдин айрылса.

Ашық-машуқ ушун жанидан кешәр,
Мудам ышқы отына өртәниб пишәр,
Ер йигит қайғыў йеб, күндә қан ишәр,
Несиб айра түшиб елдин айрылса.

Сәмәк өлүр, суўдың айрылса бир күн,
Қанаты суў болса, ушалмас сүлгүн,
Қаршыға, ийтелги йенә ақ туйғын,
Йемин табмас қоша балдын айрылса.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елинен айрылған дийўана болур,
Ярынан айрылған бийгэна болур,
Ҳәррелер ушубан пәрўана болур,
Уясы бузылып, палдан айрылса.

Ғош йигиттиң дәўлети бар башында,
Ҳәм ағасы, ҳәм иниси қашында,
Ҳәрким өз елинде, теңи тушында,
Йигит қәдири болмас елдин айрылса.

Бағлар дала олур келсе хуб бәҳәр,
Қазан урса, солар ғуншалы гүлләр,
Йылына йетмәйин азарлар, тозар,
Қатунлар тул қалыб ердин айрылса.

Йигит қашшақ болур сөҳбети болмас,
Ағайин-халық ара иззети болмас,
Мейлис-мәрәкәдә, ҳүрмәти болмас,
Йигит қашшақ олуб, малдын айрылса.

Дәҳ дегендә озан қанатлы қушдан,
Туяқы нәҳәлли алтун күмүшдән,
Алма көз әрәби ат қалур минишдән,
Қуйрығы дөкилип, ялдын айрылса.

Зийўар айтур: саңа келур шум өлүм,
Сөзле қазан урып солмайын гүлиң,
Сөзләмәкдин қалур бу қызыл тилиң,
Бир күн шыбын киби жандын айрылса.

**165-шынығыў.** Мына мысалларда фразеологиялық сөз дизбеклериниң қандай өзгерислерге ушырағанлығын анықлаң. Не ушын? Олардың халық тилиндеги турақлы формасын көрсетиң.

1. Саған ең ақырғы кеңесим мениң: ким басын усласа еки кемениң, Суўға кетер деген. Сен, ғарры сағал, Халыққа кимлигиңди айтпасаң, дәрҳал, Ертең өз териңди өз көзиң менен, Малақай базарында көре бергил сен (**И. Юсупов**). Қуўдың көрки—көк шалғынлы көл менен, Ердиң көрки—адам менен ел менен, Дузын толық ақламадың журтымның, Еле талай қарызым көп бермеген (**Т. Жумамуратов**). 3. Жаманлар қасынан қоңсы көширер, Өзиниң дедикли антын ишире (**Бердақ**). 4. Ҳеш ўақытта шошқа шошқаны, Аўызласып жарған емес (**Бердақ**). 5. Етикши болған бар, еринбеген бар. Сыншы болып талай таяқ жеген бар, «Сын дүзелмей, мин дүзелмес» деген бар, Барлық ўақта әдил сыншы, сын керек (**И. Юсупов**). 6. Ол қой аўзынан шөп алмайтуғын жигит еди. 7. Өли болсақ—бир шуқыр, тири болсақ—бир төбе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

енди сизлерден қалмаймыз, ақырғы демимиз таўсылғанша жас Совет республикасын жаўдан қорғаўға биз де таярмыз!—деп турып алды (А. Бегимов).

**166-шынығыў.** Тексттен фразеологиялық сөз дизбеклериниң семантикалық биригиўшилиги бойынша өзгешеликлерин түсиндириң.

1. Негедур кеўлине усы қарарды ким де болса билқастан жиберип отырғандай сезилди де турды. Аўыл бийтаныс болғанлықтан ба, «кимниң иштен шалыўға қолайлап жүргенин билмей, тилимнен жазып қаларман» деп қорықты ма, тис жарып ҳеш кимге ҳеш нәрсе демеди. Үйи еле көшип келген жоқ еди. Бир жерден екинши жерге көше қойыў аңсат па?! «Үй бар, дәске бар», деген. Бул да бара берсин жайына. Атасы Бекен Түркстаннан көшип келгенде қосты усы «Жалпақ жапқа» басқан, әкеси Нурсултан да, Алланазар бийбаланың өзи де, ҳәтте анаў жаўгершилик жылларында да усы ата мәканын таслап көшип көрмеген, еле-де «көшиў» сөзи оған ерсидей көринетуғын еди, деген менен ҳәр бир большевик өзи ағза болған партияның ықтыярында, қайда керек деп тапса, сонда бара бересең. Сонлықтан да төрт аўылдан сонша адамды ағзалыққа тартып, ячейка дүзип, сонша жыл ислеген жумысынан, аўылынан басқа жумысқа жеккенде өзин жер аўдарып атырғанға усатқанын да ҳеш кимге айтқан жоқ. Оның үстине райком секретары бул аўылға жиберерде: «Сизди жалпақжаплылар жаздыражақ емес қусаған. Сайымбеттиң орнына қолайлы адам табылса, бәлким, орныңызға қайтарармыз», дегендейди де айтып еди. Үйин көширип келиўге асықпай жүргениниң де бир пайызы сол.

2. Сол жүристен атын ақ көбик етип, бул да Шымбайға кирди, қыстың кир кеппес қысқа күни де уясына батты. Ойланып, дағы етип екиленген жоқ, атты райком кеңсесиниң алдындағы кешки шымшықлар жуғырласып атырған қара талға қаңтарды (Ш. Сейтов).

## ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИНИҢ ҚУРЫЛЫСЫ

**167-шынығыў.** Фразеологиялық сөз дизбеклериниң синтаксислик қурылысына итибар бериң. Олардың қурылысы қандай екенлигин анықлаң.

Малы бардың ҳалы бар, Кесе турыў, асығы алшы, түйениң үстинен ийт қабыў, айылын жыймаў, мурнын көтериў, қыпша бел, қәлем қас, алма мойын, ашыў тас,ислер бес, ўатан ийгилиги, магнит майданы, өли шырай, күш атасын тыңламас, бас кеспек бар, тил кеспек жоқ, жүз болыў, көзге түсиў, көз тийиў, қабағы қарс жабылыў.

**168-шынығыў.** Мысаллардан фразеологиялық сөз дизбеклерин тийкарғы формасы бойынша, гәплерде берилген бойынша синтаксислик қурылысына қарай түрлерге ажыратып жазың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Азапты сен шегипсең, оның атасының белине (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Әй шабазым, аўзы бос адамлар не демейди, жаманның сөзи не, өзи не?!—деди даўысын соза еркелетип (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Әпиў етиң, жолдаслар, болса қәтеси, Дүньяға бир келди өзи Лениниң, Ленин еди мийнеткештиң атасы, көзге сүрме басқан изи Лениниң (**А. Муўсаев**). 4. Усыннан келсе, ҳәйле-пәйлесине қаратпайын, Кимниң көзине шөп салып жүр бул ешектиң туўғаны (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Аға, беглер, сыртың пүтин ишим жанып, болды түтин, Асыры залымлар ҳәддин, Ҳеш бир рәҳим қылған емес (**Бердақ**). 6. Халқым дана десем болар, көсем болар көре-көре (**И. Юсупов**). 7. Не қылған сулыўлық! Баслықтың жүреги суўлап сала берди де, аттың басын солай бурды. Қебирлеў, қумлы жағада бийтәртип шашылып атырған кийим-кеншектиң тусына келип дизгинди тартты дағы суўға буғып атырған, балағын жуўан санына шекем түрген бир —ғаррыны шақырды (**Ш. Сейтов**).

**169-шынығыў.** Фразеологиялық сөз дизбеклериниң морфологиялық формаларын, қалай жасалғанлығын анализ етиң.

Аўыз бастырық, көз тийиў, асығы алшы, өтирик өлең, ат усти, жасыл түсиў, нөсер жаўын, ақша қар, тас түнек, жақсылыққа жақсылық, анаўсы-анда, мынаўсы—мында, ийттен бир сүйек қарыз, кеўил көтериў, тил ушында, аўзы бос, тамағы тоқ, көйлеги көк, бас көтериў, аўыз бенен қус салыў, жүйкеси қурыў, тулыпқа мөңиреў, Темир қазық, Қус жолы, қулқыны күшли, мийнет ҳақы, тилинен байланыў, тынышлық кептери, ушқыр қыял, жүреги шайда, ҳүр Ўатан, пәлектиң парқы, қалаўын тапсаң—қар жанар, ислер бес, жети журттың тилин билетуғын, тоғыз жолдың ортасында, жети журтты қуртқан, азатлық гүрес.

**170-шынығыў.** Тексттеги фразеологиялық сөз дизбеклериниң жеке турғандағы формасы ҳәм гәп ишинде қолланыўда қандай өзгешелик бар екенлигин анықлаң.

1. Кел, дөўлетли қонақ хызметим қалыс, «Ең кеми жүз болсын көз көрген таныс», усылай айтып кеткен Бердақ бабамыз, Дер балықшы мийман көрген жерлерде (**И. Юсупов**). 2. Булттан шыққан он төрт күнлик ай болып, Залымға күн туўды, гедей бай болып, Бай-залымлар басы менен ғай болып, Тасларды еритти сөзи Лениниң (**А. Мусаев**), Ә· Тәриплеўге тилим толық жетпейди, Жырламаўға кеўлим тақат етпейди, Муҳаббатым партияға берилген, Жүрегимниң төринен, Орын алған ҳеш ўақытта кетпейди (**Т. Жумамуратов**). 4. Күншил жора, ишиң жаман тарылып, Айықпадың бул аўырыўдан арылып, Күншиллик те аўыр кесел, абайла, Өкпең тығып, өлип қалма жарылып (**Т Жумамуратов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАРИЙХЫЙ ШЫҒЫСЫ БОЙЫНША ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИ

**171-шынығыў.** Түркий тиллердиң сөзликлеринен пайдаланып, төмендеги фразеологиялық сөз дизбеклериниң сол тиллерде қалай қолланылатуғынын көриң, айырмашылығына характеристика бериң.

Атаңа не қылсаң, алдыңа сол келеди; келиним, саған айтаман, улым, сен тыңла; дизе бүгиў; дизден қайтыў; көз болыў; көзге түсиў; көз бенен қастың арасында; төрт көз түўел; көзге түртиў; көзиңе қара; көзге көз түскенде; жүз бериў; жүзине жүзи түскенде, бас қатырыў; бассына көриниў; бас болыў; басы тасқа тийиў; басын ийиў, басқа түссе; жылды кемиў; жылын берсе; қан төгиў; қанға қан; қаны шығыў; қан қызыл; қан болыў, қан тутыў; қаны төгилиў; қаны қашыў; қан жутыў; жер болыў; аяғы жерге тиймеў; Ана-жер; туўған жер; қысқа жип гүрмеўге келмеў; жипсиз байлаў; тил қатыў; тилге келсе; тили шығыў; тилге келмеў; тилин табыў; аўызға илиниў; аўзы бос; таң сәҳәр; таң шапағы.

**172-шынығыў.** Төмендеги фразеологиялық сөз дизбеклериниң қайсы компоненти қайсы тилден екенлигин анықлаң.

Қәлем қас, патшадан ҳәмир болса, пухараға не турыс, илҳам келиў шәриятта шарым жоқ, шәриятқа бойсыныў, жин урыў, жин көзли, жини келиў, әўлийе атлаған оңбайды, сабыр түби сары алтын, сабырлы жетер муратқа, аты хаттан шығыў, сәлем хат, тил хат, хат пенен қәлем, төрт жағы қубла, ақыр заман, ҳүр Уатан, қымбат баҳа, астарлы сөз, қан шарабы, бийдайық шапан, нама шалыў, мәртебеси бәлент, бенде болыў, кемпир куяш, тахтынан түсиў, тахтқа миниў, кем кеўил, дийдар бўйырыў, пир тутыў, пирин арқасына таңыў, пирге қол бериў, ғумша гүл, ғумша, ҳаўа райы, саўап алыў, саратанның ыссысы, сум әжел, ғапылда қалыў, астарлы сыр, нан урсын, дос доста, достынан табыў, ашыў душпан, ақыл—дос, қырман тасыў, қырманға берекет, таңлайда татыў, тас маңлай, маңлайынан көриў, маңлайына бериў, тас түссе талайына, таң қараңғысы, алтын сарай, алтын қабақ, алтынның қолда барда қәдири жоқ, алтын көрсе перийште жолдан шығар, алтын басым, алтынға теңеў, сары алтын, ақ алтын, қара алтын.

**173-шынығыў.** Фразеологиялық сөз дизбеклерин тарийхый шығысы бойынша өзлик ҳәм өзгешелик қатламларға айырың, дәлиллеп түсиндириң.

Пәнже урыў, аяқ асты, аяқ басты, қол ушы, қол көтериў, қолға түсиў, ақ кептер, тынышлық кептери, бел байлаў, бели қайы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыў, зәҳәрдиң азы не, көби не, аўзы менен қус салыў, айыў тырнақ, желкемниң шуқыры көрсин, төбеси көкке жетиў, төбе көрсетиў, қулақ түриў, қулақтан тартыў, қулақ бураў, қатты қулақ, аўыз жаласыў, аяқ асты, бадам қабақ, жупқа додақ, қыл мойын, туңғыш муҳаббат, ҳақ кеўил, жолға раўан болыў, қус беги, қолшаппатлаў, даўыс бериў, күн тәртиби, параллель туўрылар, магнит майданы, жердиң жасалма жолдасы, ҳаўа райы, қаза табыў, қаза болды, сүйген яр, мийман дослық, жас нәресте, гүзар жол, шийрин сөз, сәўирдиң самалы, ислер бес, еки көзи төрт болыў, жети жолдың ортасында, ақ жаўлық, тири өлим, еки сөзли, жуўан қарын, көк корабль, көк экран, қызыл байрақ, темир жол, класслық гүрес, тыныпшылық кептери, халық массасы, қалың көпшилик, мийнет күн, күн тәртиби, протоколдан көширме, қол қойыў, даўыс бериў, моральлык кодекс мийнет вахтасы, ҳүрмет тахтасы.

**174-шынығыў.** Мысаллардан өзлик қатламға тән фразеологиялық сөз дизбеклерин араб-парсы тиллерине аўысқанларын, рус тилинен ҳәм рус тили арқалы аўысқан турақлы сөз дизбеклерин, қарақалпақша сөзлер ҳәм аффикслер арқалы өзлик қатламға өткенлерин группаларға айырып жазың.

1. Қарақалпақстаң темир жол арқалы Советлер Союзының барлық миллет республикалары менен байланысты тағы да раўажландырыў мүмкиншилигине ийе болды. 2. Космос корабли космос кеңлигине ушты. 3. Сабыр түби сары алтын, сарғайған жетер муратқа (**нақыл**). 4. Айтқаның дурыс, қошшым, әпиў ет мени. Шынында да, бизлер бул әңгимени, Дым созып жибердик, Келтириў керек, Бир аўыз мақул деп айтсаң болды тек, Еле Уәдем Уәде, тилесең ертең, Ҳаялымды қуўып жиберемен мен (**И. Юсупов**). 5. Жаңғырық болмайды қула даланда, Мотор даўсы қашар қайтып айланбай (**И Юсупов**). 6. Бир күни Николай тахтынан түсти. Өзинен езгеге жетпеди пушты, Әлхасыл йоқ болды, күллери ушты, Ақыры өз басына жете баслады (**А. Муўсаев**). 7,Ышқы шарабын ишмәйин, Шийрин жанынан кешмәйин, йуртынан айра түшмәйин. Не билсин елниң қәдиринен (**Әжинияз**). 8. Не бир достлар әрман етип келиўди, Шоғы сөнди, көрмей кетти елиўди, Айға жеткен, көз тоймастай заман бул, Жүз жаста да ҳеш ким сүймес өлиўди (**Т. Жумамуратов**). 9.Москва дәрьясы бойындағы айқастан саррас бир жыл кейин... маймыл жылы, гөкек айында Москвадан және сум хабар келди. Қырым және қырсығыпты. Дәўлет Герейдиң соншама әскери дәрьяға ғарқ болып кетиўине қарамастан, өткен жылғы өшимди аламан деп ерегисип, өрге қарай ләшкер тартқан. Патшайы ағзамның жиберген хабарына қарағанда, Қырым әскери былтырғыға қарағанда әдеўир көп (**К. Мәмбетов**). 10. Быйыл қарызды төлемек түўе бес қонақтың бес бетерине ушырап, марданлардан бир дәне жүўери таппай, тышқан тесиги бир теңге болып атыр ҳәзир (**К. Мәмбетов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**175-шынығыў.** Текстте рус т[illegible] рус ҳәм рус тили арқалы басқа тиллерден аўысқан фразеологиялық сөз дизбеклериниң қандай усыллар арқалы аўысқанлығын, мәнилерин анықлаң.

Өзимиздиң әмелий халық аралық ислеримизде бизлер алдағы ўақытлары да беккем парахатшылыққа ҳәм халық аралық бирге ислесиўге жолды излестире беремиз. Социалистлик еллер менен қатнасықлар бизиң ушын буннан былай да биринши орында болады. Бизлер раўажланып баратырған мәмлекетлер, блокларға қосылмағанлардың ҳәрекетлери менен бизиң қатнасықларымызды тереңлестириў линиясын избе-из түрде жүргизе беремиз. Өз еллеринде властьқа ийе болған мәмлекетлик искерлер менен бәринен бурын жер жүзилик сиясаттың тийкарғы бағдарында—қуралсызланыў мәселелери бойынша актив диалог ҳәм сөйлесиўлер жүргиземиз. Қайта қурыў жыллары ишинде бизлер қоңсылас ҳәм күтә узақта жайласқан мәмлекетлердиң көпшилиги менен қатнасықларымызды жақсыладық ямаса, биринши рет байланыс орнаттық. Ҳеш ким менен қатнасықларымызды бузғанымыз жоқ. Алдағы ўақытларыда усындай ислеўге ҳәрекет етемиз.

КПСС өзин жер жүзилик коммунистлик ҳәрекеттиң ажыралмайтуғын бөлеги деп есаплайды, ҳәзирги ўақытлары жер жүзилик коммунистлик ҳәрекет өзиниң тарийхый раўажланыўының жаңа басқышына шығыў жолларын қыйыншылық пенен излестирип атыр. Бизлер толық тең ҳуқықлылық ҳәм ҳүрметлеўшилик тийкарында усы излениўшиликке актив қатнасамыз. Жер жүзилик илимди ҳәм мәдениятты билдиретуғын көп санлы жәмийетлик күшлер менен, басқаша идеологиялық бағдардағы сиясий партиялар менен, биринши гезекте, социалистлер, социал-демократлар, лейбористлер менен, «солшыллар» деп аталатуғын басқа да топарлар ҳәм ҳәрекетлер менен бизиң жаңа қатнасықларымызға күшли халық аралық потенциал тийкар етип алынған. Пүткил жер жүзи мийнеткешлери менен, колониализмге, фашизмге ҳәм реакцияға қарсы гүресшеңлер менен болған бизиң тилеклеслигимиз өзгермейди.

Жолдаслар! Советтиң сыртқы сиясаты өтмиштеги айырым қәте ҳәм кемшиликлерге қарамастан, улыўма алғанда, елимиз алдында, пүткил адамзат алдында оғада үлкен хызмет көрсетти. Қайта қурыў оннан жаңа сапаны—мазмуны бойынша да. формасы бойынша да жаңа сапаны талап етти. Ишки сиясат сыяқлы, сыртқы сиясат та ис жүзинде партияның ҳәм халықтың коллективлик ой-пикирин өзинде жәмлеўи тийис. Тек болып атырған өзгерислерди ғана емес, ал болатуғын өзгерислерди де оперативи түрде есапқа алыўы керек. Жер жүзиндеги объективли процесслер ҳәм бизиң мүмкиншиликлеримиз жәмийетшиликтиң және оның шөлкемлериниң қатнасыўы менен мудамы илимий ҳәм көпшиликтиң додалайтуғын нәрсеси болыўы тийис. Халық аралық мәселелер бойынша информациялардың сапасын айтар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лықтай жақсылаў керек. Сиясий системаның реформасы көлеминде халық аралық сиясат мәселелерин исшеңлик ҳәм маманлық пенен додалаўдың тәсирли конституциялық—ҳуқықлы механизмин дүзиў керек (**КПСС тиң Пүткилсоюзлық XIX конференциясының материалларынан**).

## ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИНИҢ ЭКСПРЕССИВЛИК-СТИЛЬЛИК АЙРЫҚШАЛЫҚЛАРЫ

**176-шынығыў.** Үш топардағы фразеологиялық сөз дизбеклерин бир-бирк менен салыстырың, олардың қолланылыўдағы стильлик парқын айырың.

1. Ер жүрек, жыс тоғай, көзге илмеў.
2. Бети былш етпеў, айылын жыймаў, ант ишейин, гәптиң посгеллеси.
3. Ўатан ийгилиги, магнит майданы, күн тәртиби, жупқа додақ.

**177-шынығыў.** Үзиндилерде аўызеки сөйлеў стилине, жазба стильге ҳәм қатнас процессинде еки стильде де қолланыла беретуғын ортақ стильлик фразеологиялық сөз дизбеклерин анықлаң, дәлиллең.

1.

Еменнен соғылған енли есиклердиң де бийиклиги үш гез келип қалар. Еки қапы айғара ашылып кеткенде адам түўе бир үйир жылқы айдап өткендей әдеўир кең жол ашылды. Ана есиктен мына есикке өткелеклесип жүрген елшилер ең ақырында тап алты жүз аламан бирден сыйып кеткендей бир алып бөлмеге келип кирди. Қапталында кийим илдиретуғын бөлмеси бар екен. Үш-төрт адам зыр жуўырып жүрип, елшилердиң сыртқы кийимлерин шешиндирип қыстырғышқа илдирип атыр. Залдың арғы басы менен берги басы ат шаптырым. Ҳәр жер-ҳәр жерине стол менен отырғыш қойылыпты. Тап усындай нәҳән столдың бирөўи залдың арғы ернегинде (**К. Мәмбетов**).

2. Капиталистлик жәмийетти социалистлик жәмийет пенен салыстырып көрейик. Социализм тусында адамлар арасында жәмийетлик меншикке негизленип дүзилген өндирис қатнасықларының жаңа түри орнайды. Бул руўхый ҳәм сиясий турмыста, идеологиялық қатнасықларда, жәмийетлик санада қалайынша өз көринисин тапқан? Жаңа өндирис қатнасықларына муўапық олар да өзгерген. Бизиң елимизде социалистлик мәмлекет орын алған. Адамлар арасындағы қатнасықларда коммунистлик мораль принциплери беккемленбекте. Бизиң жәмийетимиздиң идеологиясы болған марксизм-ленинизм пүткил халықтың мәплерин баян етеди (**Жәмийет таныў» сабақлығынан**).

**178-шынығыў.** Тексттеги аўызеки сөйлеў стилине тән фразеологиялық сөз дизбеклерин табың, характерли белгилерин, мәнилик-стильлик өзгешеликлерин айырың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Таң нуры» колхозы дүзилген ақшам
Ойын дауам етти бозарғанша таң.
Сахна—еки талдың арасы болды,
Перде—қалың жапырақ панасы болды,
Кийимлер жыйналды колхозшылардан...
Желди шабандоздай тамырларда қан,

Күлки, қол шаппатлау, шаўқым, қыйғырық,
Бул түни уйқыға бермеди ырық.
Ҳеш бир бақсы, жырау, ҳеш бир сазенде,
Бул түнди көрмеген өз өмиринде
Гегирдек созылар, қырылдар тамақ:
«Уа-ҳа-ҳа», «Уай, саў бол», «Ҳа деймен», «Уақ-уақ».
«Ҳау, мынау Жәлеке бай ғой, шырағым»,
«Ҳа, нәлет болғырдың айырсаң жағын».
«Айнымаған өзи, уай, ғарры шайтан» (**И. Юсупов**).

**179-шынығыў.** Берилген фразеологиялық сөз дизбеклерин келтирип әплер дүзиң. Олардың әдебий тилиндеги мәнилик эквивалентлерин анықлаң, салыстырың.

Шымбайына батыў, айылын жыймаў, быққынына тийиў, қуйрық түриў, гәптиң посгеллеси, ислер бес, маңлайынан көриў, маңлайы қара, тумсығын бузыў, нәлет жаўғыр,

**Үлги**: 1. Неге шымбайыңа батады, бул жерде сениң де айыбың бар ма деймен?

Неге қәуетерленесең, бул жерде сениң де айыбың бар ма деймен?

**180-шынығыў.** Жазба стильге тән фразеологиялық сөз дизбеклерин түрлерине ажыратың.

Парахатшылық кептери, жарқын келешек, ақ алтын, көк экран, онлық бөлшек, магнит майданы, моральлық кодекс, бас ағзалар, қыя толықлаўыш, өтирик өлең, даўыс бериў, жуўмақлаў сөз, жасырын даўыс, алма мойын, қыпша бел, нәзик қыял, ис таслаў, бас еркинлиги, Уатан ийгилиги, космос кеңлиги, сабыр касасы, ышқы оты, жай бөлшек, мийнет ҳақы, мийнет стажы, ийгиликли ислер, баспа сөз, сөзге шығыў, протоколдан көширме, тил хат, өнимли мийнет, даўысқа қойыў, хош ҳаўаз, сүмбил шаш, қыя бағыў, тұңғыш муҳаббат, социалистлик меншик, жеке меншик, жынıслы көбейиў, сары аўырыў, электр тоғы, параллель туўрылар, азатлық гүрес, сүт емизиўшилер, шәртли рефлекс, жер баўырлаўшылар, турақ жай, сиясий экономия, диалектикалық материализм, тарийхый материализм, темир жол, көркем әдебият, өндирислик қатнас, полат меридиан, қол қойыў, «Бир адым алға, еки адым кейинге», мийнет вахтасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**181-шынығыў.** Шығармалардан алынған үзиндилерде фразеологиялық сөз дизбеклериниң, қандай стильлик роль атқарып турғанлығына характеристика бериң, сәйкес эквивалентлери менен аўмастырып көриң.

1. Көрмеген жан ықлас пенен
   Нәзер салып қарасын,
   Еситкенлер исенбесе,
   Билгенлерден сорасын.
   Қуяшлы күн дөнип турған
   Қойыў бултқа мегзеттим,
   Дийдарының ағы менен
   Шашларының қарасын.
   Қарлығаштың қос қанатын,
   Жабыстырып қойғандай
   Жарқырап тур маңлайдағы
   Еки қастың арасы.
   Егер бундай сулыўлықты
   Менсинбеген дос болса,
   Өлшеп көрсин сол арыўдың,
   Ақыл менен санасын.
   Тастай аўыр саўалларды
   Буршақ етип жаўдырсаң,
   Тереӊ ойы, шоқтай көрки
   Дәл өзине жарасық.
   Ақыл деген аўыр жүк деп,
   Оған месе тутпасаң,
   Тап сол гөззал аўлағында
   Сүмбил шашын тарасын.
   Барғаныңды сезип қалып,
   Мыйық тартып күлимлеп,
   Уялғаннан ийбе етип,
   Орамалын орасын.
   Қаршығадай қыялланып,
   Нәзик ерни бүлкилдеп,
   Әдеп пенен «Келиңиз»!—деп,
   Жаўдыр көзин қадасын.
   Сол ўақытта муҳаббаттың,
   Шоғы ғаўлап бойында
   Ким болса да қытықлайды,
   Жүрегиңниң жарасын

**(Т. Жумамуратов).**

2. Аспан бийғубар, ай жап-жақты, гияларға гүмистен пуў берилгендей, әлем бир әжайып гөззаллыққа бөгип атыр еди. Зубайда айға, жулдызларға, ҳаўайы аспанға, жақсы менен жаманға мәкан болған мынаў әдираң қалғыр дүнья дегенди усы өмирине шығып тап бүгин көрип атырғандай әлле қандайдур да бир муң менен әтирапқа қумарланып-қумарланып қарайды, бун-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай қараўлар, я узақ мәнзил, ғайры еллерге узатылып баратырған қыздың, я болмаса дүньяға дийдар қалып, тоймай баратырған қыршынның мәңги айралық алдындағы телмириўлеринде болатуғын еди. Қыз-келиншеклер бирин-бири басқылап, шағаладай шақ-шақ күлисип, ҳәр ким үйлериниң тусында хошласып қалып атыр, Зубайда хошласқанларға да енди қайтып көрмейтуғындай гүрсиниc пенен: «ал, яқшы»,—деп қалады (**Ш. Сейтов**).

**182-шынығыў.**

## Сораўларға жуўап бериң

1. Аўызеки сөйлеў тили ҳәм жазба стильге тән фразеологиялық сөз дизбеклери қандай белгилерге ийе?
2. Ортақ стильлик фразеологиялық сөз дизбеклери ше?
3. Жазба стильге тән фразеологиялық сөз дизбеклериниң қандай стильлик түрлери бар?
4. Олардың өзгешелик белгилери қандай?
5. Көркем шығармаларда фразеологиялық сөз дизбеклери қандай стильлик хызмет атқарады?

## ҚОЛЛАНЫЛЫЎ АКТИВЛИЛИГИ ҲӘМ ПАССИВЛИЛИГИ БОЙЫНША ФРАЗЕОЛОГИЯЛЫҚ СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИ

**183-шынығыў.** Берилген фразеологиялық сөз дизбеклериниң қайсылары актив, қайсылары пассив қолланылатуғынына характеристика бериң.

Қуран урыў, салқынын салыў, жат жамай, жаңа адам, моральлик кодекс, жынаятлы ис, масаладай жаныў, пайғамбар урсын, қызыл тилин жаллаў, аўызға үрип салғандай, тал шыбықтай буралыў, оймақ аўыз, бой жазыў, асқар таў, көкалай теңиз, шалқар теңиз, буркыраған дәрья, көз тыныў, димары қурыў, тетигин табыў, ушқыр қыял, пышық мурны батпайтуғын, жаңа адам, рентабельли хожалық, хожалық есабы, хожалық механизми, салтанатлы ўәде, ис таслаў, қуран тебиў, албаслы басыў, қара алтын, ҳаўа райы, көркем сөз, жүрегин суўлаў, көк ешекке терис мингизиў, ислеген тислейди, қараңған қарап қалмас, қумырысқа үймелеў, тиси сақ-сақ етиў, жыс тоғай, ылғаллы мийнет, алтын қоллар, ашық даўыс, жасырын даўыс.

**184-шынығыў.**

## Сораўларға жуўап бериң.

1. Фразеологиялық сөз дизбеклери қолланылыў активлилигиниң дәрежесине қарай қандай топарлардан турады?
2. Пассив қолланылыўы қандай себеплерге байланыслы? Мысаллар менен дәлиллең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Фразеологиялық архаизмлер менен историзмлердиң парқы не?

4. Фразеологиялық неологизмлер қандай сөз дизбеклери? Мысаллар тийкарында анықлаң.

**185-шынығыў.** Гәплердеги фразеологиялық сөз дизбеклерин актив ҳәм пассив қолланылыўшы топарларға айырып жазың.

Мыйық тартсам, шады-қоррам болады, Қабақ шытсам, жа сыл гүлдей солады, Жан бар жерде қапалығын сездирмей, Аўлағында өксип-өксип алады **(Т. Жумамуратов).** 2, Тақсыр, тәжжал болса, астапуралла, кәлийма шаадат қайтарың онда **(И. Юсупов).** 3. Тек оның есинде тәжим еткени, Бир қүдиретли тасқын гүрлеп кеткени **(И. Юсупов).** 4. Қосжақпас Қалийла, қойың-қара қой, Мен бир жетим қолыңдағы бала ғой, Алған менен байымассаң, тоймассаң, керек болса, жыл ҳақымды ала ғой **(И. Фазылов).** 5. Усы ақшаларды ол запас бөлеклер, жанар май ҳәм майлаў материалларын алған ўақтында төлеп барады («Совет ҚҚ» г.) 6. Нөкисиме қут дарытар жаңадан, Әмиўди атлаған жолларың сениң **(И. Юсупов).** 7. Дөңгелек стол әтирапында ҳәр әўлад ўәкиллеринен жазыўшылар, көбинен-көп жаслар жыйналады да, не оқып, не жазғанлары туўралы пикир алысады **(Т. Қайыпбергенов).**

**186-шынығыў.** Фразеологиялық историзмлер менен архаизмлерге олардың өзгешелик белгилерине характеристика бериң.

1. Атасынан қалған арба, қос өгиз, жети танап жер—қолдағы бар мүлки—усы **(И. Юсупов).** 2. Хожа болды, қорамыздан мал алды, Тепкиледи, урамыздан дән алды, Күншил деди, диншил деди, бай деди, Ақыр ўақты болмай, иним не қалды **(И. Юсупов).** 3. Оны халқым барлық ўақта ядқа алар, Соннан бери келди он алты сапар, кеўлимнен кетпейди тамға басқандай, Бәлки, қулағымнан келген хош хабар **(А. Дабылов).** 4. Болсын жаным қурбан, пидә бир басым, Езилген ел ушын халық арасынан **(А. Дабылов).** 5. Табан ет, маңлай терлери, қайтты бүгин Тахтакөпир **(А. Дабылов).** 6. Көрдим сениң мыңсаң ғана муңыңды, Көрдим сениң өткен қара күниңди, Көрдим сениң кескениңди тулымды, Өйтқени мен бирге өстим, Қәлбийке **(М. Дәрибаев).** 7. Маңлайыма күнлик тамға басылған, Қара күнлер ядымда ғой; Қәлбийке **(М. Дәрибаев).** 8. Жасүлкенлер өз алдына бир төбе, Олар ушын қалыс хызмет—мәртебе, «Берекелле балам» десе болғаны, Бул басыма дәўлет қусы қонғаны **(К. Рахманов).**

**187-шынығыў.** Гөнерген ҳәм фразеологиялық неологизмлердиң қандай стильлик планда қолланылғанлығына баҳа бериң.

1. Муҳаббат—бул сағыныш ҳәм айралық.
Жүректеги салқын урыс, жеңиссиз,
Оған бирдей мәртлик пенен майдалық,
Оның ушын бола алмайсаң кемиссиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббатсыз жасаганнан жоқ пайда,
Муҳаббатсыз зарың бар да, зорың жоқ,
Муҳаббатсыз бир бэлеге соқпай ма?
Муҳаббатсыз жер үстинде орын жоқ (**К. Рахманов**).

2. Адам келер, кетер дүркин ҳэм дүркин,
Жүрек қыймақ емес дүньяның көркин,
Улықмандай мың жыл өмир сүрсең де,
Соның аржағында тағы бар бир күн.

Дүнья иши таўсылмастай ўақыя,
Дана сөзи көзимизге тотыя,
Ҳеш бир алым қалтасынан алған жоқ,
Өмириңниң өзи—философия

Урдым, достым, критика таяғын,
Урып болып, тап анандай аядым,
Жығыў емес, сэтехорлық кеселин,
Қырқып таслап, сақыт етиў қыялым. (**Т. Жумамуратов**).

3. Сондай бир ел мениң еншиме тийген,
Жети ықлым жайласқандай кеңлиги,
Көринеди ҳэр адамнан, ҳэр үйден,
Ҳэмме халыққа бирдей ығбал теңлиги

Сондай бир ел мениң еншиме тийген,
Мийнеткеш инсанның жаңа дүньясы,
Пешанасын бахыт қуяшы сүйген,
Океандай толы ығбал касасы (**И. Юсупов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МОРФЕМИКА

**188-шынығыў.** Дөренди ҳәм дөренди емес сөзлерди анықлаң:

абайламастан, ағайин, адамзат, адам, азымшық, айып, алағат, алмурт, алмас, аманат, аңқаў, арқайын, арша, ашар, ашшы, әдебият, байланыс, бағдар, бақсы, батыс, беккем, бийбастақ, бийзар, бийдай, бийшара, бирге, борасын, жумбақ, жумсақ, ийирим.

**189-шынығыў.** Сөзлерди морфемаларға ажыратың.

Тынышсызланыў, түсиниксизлик, мақтарлықтай, ашқылтым, қуўдаланыў, қызылша, қазынды, қайсар, көркемлилик, көбейтилиўши, талапшаңлық, келиспеўшилик, излениўшилик, жылтырағыш, жупкерлесиў, жуўмақ, жуқартыў.

**190-шынығыў.** Сөзлерди морфемаларға ажыратың, олардағы түбир ҳәм көмекши морфемаларды анықлаң.

Бөлшеклениў, бузықшылық, буққышлаў, бурмалағыш, бұлжытпастан, асығыслық, үстиртин, бийбастақлық, бийазар, бийкаршылық, биргеликте, бөлеклениў, енгизиўриў, еркинсиў, еритинди, жазылысыў, жазылыўшы, жазыўшы.

**191-шынығыў.** Сөзлерди морфемалардың санына қарай группаластырың:

Шөгирме, шөгириў, шөгир, шөл, шөлкемлестириўши, суйықлық, миллет, сыя, үтир, үзик, үстемлик, шабақ, қызықтырыў, қыйық, кесинди, жетеклеў, егиншилик, берик, байқамастан, бағдарлаў, аталыў, өндириўши.

**192-шынығыў.** Берилген сөзлердиң ишинен түбирлес сөзлерди таўып, группаларға айырып жазың.

Сыя, сиялы, сыяды, сыймайды, сыйыныў, шығарыў, шығыс, шығарма, шыққан, шығын, шығыршық, өкпе, өкиниш, өкпели, өкпешил, өкиндириў, қурыў, қурым, қуртыў, қурылысшы, қуры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған, қурымлаў; қалайынша, қалғысыз, қалай; бөлек, бөлениў, бөлим, бөлшек, бөленген, бөлме, бөле; берик, бери, берилмес, бериклик, бермаған, берилген, беррегирек; белгилеў, белше, белдеў, белдар, белги, басқыш, баслама, баслы, басқалдақ, баслық, басланғыш, бағдар, бағман, бағыў, бағыныў, бағыт, бағшылық, бағыўсыз, өтмиш, өтеў, өткир, өткинши, өткел.

**193-шынығыў.** Берилген сөзлердеги көмекши морфемаларды көрсетип, оларды сөз жасаўшы ҳәм форма жасаўшы морфемаларға ажыратың:

Өзлестириў, қамалыў, қарастырыў, китапсыз, киширейтиў, кейингилер, келиспеўшилик, жасалма, атланыў, аўқамлас, алысырақ, алпысыншы, алғыр, жетеў күшлирек, ақыл, қоллаў, сағынышлы, жүзлеген, сортлаў, табалаў, тазартыў, ушқынлы, үшлеў, шыртылдақ, қорқынышлы.

**194-шынығыў.** а) -ма//-ме (-ба//-бе, -па//-пе), -ыс//-ис, -ым-им, -ын//ин.-ин, -дық//-дик, (-тық//-тик) морфемаларының ҳәрқыйлы сөзлерде омоним болып келетуғынына бир неше гәп қурап жазыңлар.

б) Синоним ҳәм антоним морфемаларды келтирип гәп қураңлар.

**195-шынығыў.** а) Төмендеги гәплерден дөренди сөзлерди таўып, олардағы омоним морфемаларды анықлаң:

Бир нәсиятым,—деди Темирхан ата сөзин жалғастыра келип, —«Билмегенин сорап үйренген алым, арланып сорамаған өзине залым»,—деп Наўайы надурыс айтпаған. Қой, басымды айландырма.

Комсомолға өтиў ушын бул саған арнаўлы тапсырма (**Т. Қайыпбергенов**).

б) Төмендеги түбирлерге өз-ара синоним болған сөз жасаўшы морфемаларды жалғап гәп дүзиң.

Үлги: **қызған-шақ — қызған-ғыш**
**ерин-шек — ерин-гиш**

тап, бил, урыс, теп, жыла, хызмет, себеп.

в) Қарақалпақ тилинде келбетлик, келбетлик фейил ҳәм ҳал фейил жасаўшы қандай антоним морфемалар бар екенлигин көрсетип, оларға мысаллар келтириң.

**196-шынығыў.** Сөзлердеги түбир ҳәм тийкарларды анықлаң:

1. Көше бойлап бир қолсыз атлы почтальон киятыр. 2. Eң баслысы, даўлы-жәнжелли иске араласпа. 3. Ол әкесиз өкселиктен төменшик болмасын деген ой менен жақсы кийиндиретуғын еди. 4. Ол теңлеслериниң нәсиятларын жақтырмайды. 5. Уставқа муўапық мектебимизден басланғыш комсомол шөл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кемин уйымластырыўымыз зәрүр. 6. Сен мақтаншақсаң! 7. Сен Гулайшаның алдында билгиш көринип журсең. 8. Ҳәзирше сол пишеншилер бригадасын сен шөлкемлестирип көлге кетпесең болмайды. (**Т. Қайыпбергенов, Секретарь**).

**197-шынығыў.** Мысаллардағы дара ҳәм қоспа тийкарларды, дөренди емес дөренди ҳәм дөретиўши тийкарларды анықлаң.

1. Бурын бизлер «1-май» колхозында жасар едик, келешеги зор бул қалаға көшип келгенимиздиң баслы себеби жетимлик емес, ар-намыс. 2. Бийбизада кемпир менен үш-төрт күнде бир дәлизде ушырасып қаламыз, бирақ ҳәр сапары қолынан аламан. 3. Бизиң менен қатар турған ақ жаўлықлы ана ҳасасын диккилдетип, алға қәдем қойған гезде, бийпарық турған адамлар тең айырылып дәлиз болды, ана туппа-туўры трибунаға кетти. 4. Қызық-қызық ценен гүл терип, бираз жерлерден асып кетиппиз, қумның ишиндеги гөнерген жалғыз қәбирге жолықтық. 5. Еркин аяқ қосып, әстен-әстен адымлап киятырмыз. 6. ЗАГС бөлиминиң хызметкери аң-таң болып, бири бирине таңланыса қарасты. (**Т. Қайыпбергенов «Суўық тамшы»**).

**198-шынығыў.** «бөл», «көр», «бил», «бул», «тур», «бир», «өз» түбирлерине сөз жасаўшы аффикслер жалғап, дөренди тийкарлар жасаң («Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлигинен» пайдаланың).

**199-шынығыў.** Дөренди сөзлердиң дөретиўши тийкарларын анықлаң.

Журтшылық, китабый, ҳақыйқый, өзи боладылық, биймазалық, бийдайлық, бийшара, бийпарўалық, биргеликли, басқарма дийқаншылық, байланыссыз, бағыныңқы, арзаншылық, парахатшылық, келисим, жетелеўши, иркинишсиз, исенимсизлик, басланғыш.

**200-шынығыў.** Сөзлерди жасалыў мәниси ҳәм тиңине қарап топарлаң.

1. Өмирлик жайлаў болмады.
2. Алды менен басшысы
   Еки ийнин жалмады.
3. Ашлықтан қаттық қақпаштай
   Қайсы бирин айтайын.
4. Ондағы көрген зорлықтан
5. Еки жағы қамыслық.
6. «Балық мол» деген палшыны
   Қушақлағымыз келеди.
7. Арамыздан аразлық,
   Жоқ қылдық тағы қаслықты.
8. Кең майданлық жер екен



www.ziyouz.com kutubxonasi

9. «Жәрдемшисиме един?»—деп
Қушақлады мойнымнан (**Жийен жыраў**).

10. Өзиниң қуўатлап турған исиниң ҳақыйқатлық ҳәм әдиллик екенлигине исенгенликтен секретарьдың сөзи айырықша күшли ҳәм уғымлы болып шықты. Шегераның үсти суў серпкендей тынышлық (**А. Бекимбетов.**)

11. 1. Кейнинен белгили тәртип бойынша сизлер ушасыз. 2. Қуўанышлы жүрек бурынғысынан бетер дүрсилдеп кетти. 3. Ол сондай жайлы ҳәм жыллы екен. 4. Ата, Ата! Бизиң үйге милиция хызметкерине қусаған еки атлы айланды ғой! 5. Оның ҳақ жүрегин тырнап шыққан аянышлы сести шартақ астын гүңирентип, әке-шешеси менен келиншегиниң ишки бауыры елжиреп оттай жанды. (**А. Бекимбетов.**).

**201-шынығыў.** Сиңисиў нәтийжесинде түбирге қосылып кеткен көмекши морфемалардың бул сөзлердеги мәнилерин анықлаң. (**«Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинен» пайдаланың**).

көриў-көз, оятыў-ояныў, семиз-семириў, жаныў-жағыў, узақ-узатыў-узайыў, үлкен-үлкейиў, жайыў-жазыў, жасыл-жасарыў.

**202-шынығыў.** Сөзлердиң түбирин анықлаң, олардағы жылысыў қубылысы нәтийжесинде пайда болған өгерислерди көрсетиң.

достым, солар, мениң, сести.

## МОРФЕМАЛЫҚ АНАЛИЗ ТӘРТИБИ

1. Сөздиң қайсы сөз шақабына тийисли екенлигин анықлаў.
2. Оның жалғаўларын ажыратып, жалғаўдың мәнисин анықлаў.
3. Тийкарды ажыратып, оның дөренди ямаса дөренди емес, дөретиўши ямаса дөретиўши емес екенлигин анықлаў.
4. Сөздиң түбирин оған түбирлес болған сөзлер арқалы анықлаў.
5. Сөз жасаўшы морфемаларды көрсетип, олардың мәнислерин анықлаў.
6. Сөзде тарийхый процесс нәтийжесинде өзгерислер болса, оларды түсиндирип бериў.

**Үлги: тынымсызлығынан**

1. Атлық
2. тынымсызлғ-ы—нан, (**ы**—3-бет тартым жалғаўы,-нан—шығыс сеплиги жалғаўы).
3. Тийкары-тынымсызлығ, дөренди, дөретиўши емес, себеби оның үстине басқа сөз жасаўшы морфема қосылмайды.
4. Түбири-тын. Түбирлес сөзлер: тыныш, тынық.
5. Сөз жасаўшы морфемалар: -**ым**—фейилден абстракт ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нидс атлық жасаўшы морфема: **-сыз**—белгиниң жоқлығын билдиретуғын келбетлик жасаўшы морфема: **-лығ(-лық)**—абстракт мәнидеги атлық жасаўшы морфема. 6. Ондағы кейинги «қ» үнсиз сеси тартымланыў нәтийжесинде үнли «ғ» сесине айналған.

**203-шынығыў.** Тексттеги сөзлерге морфемалық анализ жасаң.

1. «Туўған жерим» атлы сениң бир мүйешиңди шарбақ пенен бөлип алып сүйиў-маған жат. Уллылық ҳәм кеңлигиңди, бирлик, күшиңди. Тутас уғына билген адам—сенлик азамат.

2. Ленин жаңадан күш берген,
Жайлаўға кең өрис берген,
Алып өткен жеңислерден,
Қудиретли күш туўысқанлық.
3. Мүлки болып Ўатанымның, өзимниң,
Көрки болып социалистлик дүзимниң,
Имараты болып коммунизмниң
Алтын келешекке шарлап турарсаң·
4. Асып-тасыў суўға ғана жарасар,
Бассыңба сен басқаларды төменсип,
Өскен сайын тут өзиңди аласа,
«Ағаш мийўе питкен сайын төменшик».

**(И. Юсупов қосықларынан).**

**204-шынығыў.** Морфемалық анализ жасаң.

1. Маман Аманлықлардыкинде мудам қалыў былай турсын, сол күни түней алмады. **(Т. Қайыпбергенов).** 2. Дәстурхандағымыз ҳеш жаққа қашпайды ғой, кәнекей, алып келген, базарлығыңыздан да дәм татайық **(Ә. Қарлыбаев).** 3. Базда лейтенат Ембергеновты тынышсызландыратуғын мақсетим белгили ўақытларға есимнен шығады **(Т· Қайыпбергенов).** 4. Аўылдың пахтасы быйыл жылдағыдай емес, район бойынша болық еди (С. Баҳадырова). 5. Сен Москвадағы СССР халық хожалығы жетискенликлериниң көргизбесине баратуғын болдың **(Ө. Хожаниязов).** 6. Кәрўан тартыўшылар оларды қамшылады, қайтадан орпаң жолға салды. **(А. Бекимбетов).**

**205-шынығыў.** Морфемалық анализ жасаң.

1. Сиясий жынаятшылардың оперативлик ҳәм тергеў жумысларын жүргизиўде элементарлық нормаларды бузып, исти шубалаңқылыққа салады. 2. Керниймовтың бир жақлама исенимсизлеў жазылған бул рапорты көп жыллардан берли бир орында ислеп киятырған наркомға ҳәм жақында келген кәўипсизликти сақлаў басқармасының начальнигине ҳеш унамады. 3. Қазғанақлы алыс жолдың азабын шегип, шаңына батып күтә шаршап



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалған Сулейманов тас сарайдың қасында туратуғын таныcының үйине барып қонақ болды. 4. Шульцтиң Совет солдатлары менен граждан.арына қарсы ислеген қыянетлигине үйренисип қалған фашист офицерлери менен солдатлары оның өз жерлесин атып таслағанына зәрреси ушты. 5. Оған қызыл қанға боялып ана жердиң бауырында кесе жатқан қаҳарманлардың денеси менен үзликсиз атылған. Өлим қуралының айбатлы сести, бронланған танкаға қарсы жекпе-жек шыққан совет қаҳарманлық образы менен снарядтың бөлшеклери тийип шақалары сынған ағашлардың үнсиз жылауы, улыўма урыстың аянышлы көриниси менен жарылған жерлердиң ыңыранған даўысы, уясынан айырылған муңлы қуслардың трагедиялық симфониясы менен өрт түтининен ашық аспан кеңлигинде қалың бултлардың пайда болыўы айырықша тәсир етти. 6. Онысыз да қуўанышы көкирегине сыймай киятырған жас летчиктиң жүреги дүрсилдеп, көзлери күндей жарқырады. 7. Оның көтериңки қыялына өзиниң урып түсирген бул самолеты менен душпан авиациясын недәўир шығынға ушыратып Гитлердиң штабында және бир матам флагшасын илдиргендей ҳәм жеңис күни бираз жақынлап, фашистлердиң күши әдеўир кемип қалғандай көринди **(А. Бекимбетов шығармаларынан).**

**206-шынығыў.** Морфемалық анализ жасаң.

Анасы пақсаға арқасын берген күйи сазырайып отырды да баласына тәселле бере баслады, көзиңде жас та, даўысында дирилди де жоқ...

Тағы тәкирарлап айтаман:

Қарақалпақлар ананың атын мәзи уран еткен емес!

Тағы тәкирарлап айтаман: қай дәстанда мәртлик жырланған ҳаял болса, сол қарақалпақ ҳаялы!

Тағы тәкирарлап ант ишемен: Кәйхысыраўдың геллесин қанлы меске салған Томарис—қарақалпақтың арғы анасы!

Тағы тәкирарлап айтаман: Нәдиршахты пыт-шыт еткен Гүлайым—қарақалпақтың қарапайым ғана бир қызы!

Тағы тәкирарлап айтаман: Ерназар алакөздиң геллесин алтын ләккиден алып, бир сүйип қайтарып берген Қумар аналықмынаў сазырайып отырған ананың қанлас ханаласы! Даңқ саған қарақалпақ ҳаяллары, ҳәсиретке жер қайысса да, сен ҳәсла майыспағайсаң, даңқ саған, даңқ саған! Балаң есиктен тағы жуўырып шығып кетти ме, кете берсин! Жолда жалғызың душпанның оғына уша ма, уша берсин, бәри бир сен қайыспайсаң! Сениң жүрегиң бундай сумлықлардың талайларын көрген, еле де көре беретуғынына исеними кәмил! Лийкин сен қамық па, аналарыңның қаҳарманлық ҳәм қайсарлық дәстүрин сақла!... **(Ш. Сейтов. Шырашылар).**



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Тексериў ушын сораўлар!

1. Морфемика нени изертлейди? Сөз жасалыўы нени изертлейди?

2. Түбир морфема деген не? Аффикслик морфема деген не? Олардың қандай айырмашылықлары бар?

3. Аффикслик морфема қандай түрлерге бөлинеди?

4. Сөздиң тийкары деген не? Дөренди ҳәм дөренди емес тийкар, дара ҳәм қоспа тийкар, дөретиўши ҳәм дөретиўши емес тийкарлар бири-биринен қалай парықланады?

5. Сөз жасаў мәниси деген не? Сөз жасаў типи деген не?

6. Сөзлердиң тарийхый раўажланыўында қандай өзгерислер болады.

7. Сөздиң морфемалық анализи деген не?

**207-шынығыў.** Морфемалық анализ жасаң.

Биринши рет мойынға жүкленген бундай жуўапкерли тапсырманы алған жас қарақалпақ жигити ғаздай дизилисип баратырған сайланды қырқ қызыл әскердиң алдында жол баслап киятырып өзин бирден он жасқа есейип кеткендей сезди. Кеше халық ҳүкиметиниң босағасынан өтиўге руқсат сораған халқының жиберген ҳүжжетин әкелиў' ушын елеспесиз соқпақларды қуўып, өзин тасаға алып, Қоңыраттан Хожелиге сапар шеккен болса, бүгин еркин сезди. Изинде киятырған жарақлы жигитлердиң ҳәр бири Сарыхан баспашыны атларына бөктерип кететуғындай айбатлы көринди. Еки қаланың арасындағы жүз шақырымлық мәнзилдиң ҳәр адымында бир қарақшыдан турғандай жан түршигерлик әңгимелердиң талайын еситкен еди. Азаннан берли талай порсаң жолды басып өтсе де, тысырлаған бүкти, аңадайдан шаўып баратырған атлыны көрмеди. Бунық бәри усы киятырған солдатлардың қүдирети деп сезди. Деген менен Хожамурат ҳеш болмаса алыстан болса да бесатарынан оқ үзип, патырақлап қашып, тоғайға кирип баратырған төрт-бес баспашыны көргиси келди.

Хожамураттың ат үстиндеги бул ойын қапталласып келген Мирстановтың: «Иним!»—деген даўысы бөлип жиберди.

— Ләббай, жолдас председатель,—деди бул атын теженкиреп.

— Иним, Мойнақтың бизлерден гөре Москваға бир адым жақын екенин жақсы билемиз. Шамасы он жетинши жыллары Мойнақта болғанбыз, оның үстине комсомол ағзасы екенсең. Петроградтағы Уллы Октябрь революциясының екпини сизиң жақларға қандай тәсир еткенлиги туўралы бир әңгиме айтып бер бизлерге,—деди шын ықласы менен.

— Мен усы сораўды сизден сорайын деп киятыр едим. Бизлер еле сол революцияны тилек пенен қорғап жүрмиз, жарақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен қорғаў нийетиндемиз. Ал сизлер қурал менен қорғап ҳәм жаңа ҳүкиметтиң мақсетин халық арасына тартып жүрген гүресшеңлерсиз,—деди Хожамурат, атын атына қатарластырып. **(М. Қарабаев).**



www.ziyouz.com kutubxonasi

# СӨЗ ЖАСАЛЫЎЫ

**208-шынығыў.** Тексттен дөренди сөзлерди табыңлар. Олардың қандай усыл менен жасалғанын анықлаң.

1. — Онда класском менен тазалық сайлайық,— дегеними билмей-ақ қалдым (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Көлдиң жийегине келгенде, тақырлық шатыраштай болып көринди (**Т. Қайыпбергенов**).

3. Жараған түйедей буркырады ол.
Адамхор ат янлы умтылады ол (**И. Юсупов**).

4. Арал менен Әмиў бойындағы пахтакешлер, балықшылар менен шарўалар, пиллекешлер менен бағманлар, олардың өрнекли өмирлери, қайта туўылған қарақалпақ халқының ҳадал миййнети, ашық аспандай кеўили көз алдымда елеслейди. (**Ж. Аймурзаев**). 5. Сол Төрткүл түнинде колхоз бағында (**И.Юсупов**). 6. Ал төменде ГЭС гүрилдеп тынымсыз (**И. Юсупов**). 7. Қалаға кире бергенде күн шығыс-арқадан геўгимлете басып киятырған елиў-алпыс атлы көринди (**Т. Қайыпбергенов**).

**209-шынығыў.** Төмендеги сөзлердеги сөз жасаўшы аффикслерди анықлаң.

Қорқақ, қорқыныш; өрис, өрим, өрлеў, қызарыў, қызба, қоллаў, қолланба, қоллы, көргисиз, көреген, көргиз, жаңалық, жаңартқыш, жаңашыл әдепки, атыслы, ағым.

**210-шынығыў.** Қарақалпақ тилиндеги төмендеги сөз жасаў усыллары арқалы төмендеги түбирлерден дөренди (дара ҳәм қоспа) сөзлер жасаң. «Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлигинен» пайдаланың:

Жол, өз, бир, тын, ыссы, ал, белги, жақты, қарсы.

Үлги: **жол, жол-лық, жолаўшы, жолдас, жоллама, жоллы, ҳақ жол, темир жол, жаңа жол, қус жолы.**

**211-шынығыў.** Морфологиялық усыл менен жасалған дөренди сөзлердиң дөретиўши тийкарларын анықлаң.

1. Жаўгершилик көп болды. (**Жийен жыраў**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Бүлгиншилик бул болды (Жийен жыраў)
3. Балық көп деген палшыны,
Қушақлағымыз келеди (Жийен жыраў).

4. Даўылпаз атам, әдебият майданындағы ақсақалым, қуўат ғайраткерим болған А. М. Горькийдиң жыллы қушағы қуўат берип, халық хызметине қаҳарманларша қатнасыўға шын ақыл берди (Ж. Аймурзаев). 5. Сол ушын гилең план орынламайтуғын етик майшылар бир устаханаға бириктирилсе, қылаплыққа тыйым салынар еди. (Т. Қайыпбергенов).

**212-шынығыў.** Морфология-синтаксислик усыл менен жасалған дөренди сөзлердиң түрлерин ҳәм олардағы түбирлерди анықлаң.

1. Автономиялы республиканың мийнет коллективинде Өзбекстан ССР Жоқарғы Советиниң депутатлығына кандидатлар усыныў бойынша жыйналыслар үлкен көтериңкилик пенен даўам етип атыр (**«Совет Қарақалпақстаны»**). 2. СредАзбюроның экономсовети «Қарақалпақстанда ҳәр жылы көп муғдарда жүўери аўысып қалады, буны қарақалпақлар ат жеми етип заялап жиберип атыр» деп тапқан көринеди (**Ш. Сейтов**). 3. Партячейка, комсомол ячейкаларының иси райкомда қаралады. (**Ш. Сейтов**). 4. Ҳәким селк-селк күлди де бирден тынды (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Қумар чайник-кеселерди жыйнады да үстине көрпе таслап, үйде шырт еттирип шөп сындырмады. (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Артық аға баласына «Бизиң белбеў қайда?» деп урысып атыр екен (**Ш. Сейтов**). 7. САҚУ ды питирген Гулайшаны САГУ деген көп жыллық оқыўға тағы алып қапты го (**Ш. Сейтов**). 8. Жалт-жулт етип ГРЭС сымлары (**И. Юсупов**).

**213-шынығыў.** Лексика-семантикалық усыл менен жасалған атлық ҳәм келбетликлерди табың, олардың қандай сөз шақапларынан өткенин анықлаң.

1. Кишкентайды мақта, үлкенди мине.
2. Жақсыда мин. жоқ, жүйрикте сын жоқ,
3. Ашшы менен душшыны татқан биледи.
Алыс пенен жақынды жортқан биледи.
4. Оңар үйдиң баласы он бесинде баспан дер.
Оңбағанның баласы отызында жаспан дер.
5. Жақынына өтирик айтпа
Жатқа сырыңды айтпа (**Қарақалпақ фольклоры**).
6. Бир күни күн қайнаған ыссы еди (**Ж. Аймурзаев**).

**214-шынығыў.** Атлық, келбетлик, фейил ҳәм рәўиш сөз шақапларының тек өзлерине тән болған қандай сөз жасаўшы аффикслери бар? Сол аффикслерди мысаллар менен келтирип, олардың мәнислерин анықлаң.

**215-шынығыў-тапсырма.** Қарақалпақ тилиндеги сөз жасаў усыллары төмендеги мийнетлерде сөз етилген:

1. Н. А. Баскаков. Каракалпакский язык, том II, М., 1952,
2. Ҳәзирги қарақалпақ тили Морфология, Нөкис, 1974,
3. А. Нәжимов. Жуп сөзлер, Нөкис 1979.
4. А. Бекбергенов. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы, Нөкис, 1979.
5. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология, Нөкис, 1981.

Бул мийнетлерде сөз жасаў усылларының түрлери ҳәм саны бирдей емес. Не ушын? Оларды салыстырып, айырмашылықларын айтып бериң.

**216-шынығыў.** Сөз жасаўшы аффикслердиң қандай түрлери өнимли, қайсылары өнимсиз деп аталады? «Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлигинен» 10 мысалдан таўып, гәп қурап жазыңлар.

**217-шынығыў.** Дөренди сөзлердиң жасалыў усылларын анықлаң.

1. Жақ, бул мениң атқосшым. 2. Мырзаға, ишкериге кирип нан-пан жеп кетиң. 3. Шотанова Сулыўшаш деген ОбГПУ да ислейтуғын нәҳәнниң бири сәлем айтыпты елге. 4. Раймилиция, РайГПУдан, райземнен, область орайынан келген ўәкиллердиң басшылығындағы адамлар саў етип төгилди де, ҳәмме колхозшының меншигинен тысқары бир сотых жердиң де егинин қалдырған жоқ. 5. Сайымбет аўыл кеңестиң кәмбағаллар комитетлериниң қарарларына муўапық, нызам бойынша жат жамай, кулак ретинде ҳәзирден баслап сапластырылатуғынын, оның ушын күшейтилген салық салынатуғынын, жигирма төрт саатты ишинде төленбесе, үй-жайы, малы-мүлки хатланып, «ким зыятқа» сатылатуғынын, өзи РСФСР қылмыс заңына муўапық еки жыл қамаққа алынатуғынын күтә еркелетип отырғандай сыпайылық пенен түсиндирди. **(Ш. Сейтов).**

## СӨЗ ЖАСАЛЫЎЫ, АНАЛИЗИ ТӘРТИБИ

1 Сөз дөренди ме, дөренди емес пе? (Сөз дөренди емес болса, сөз жасалыў анализи болмайды).
2. Қайсы сөз шақабынан қандай сөз шақабы жасалған?
3. Қандай усыл менен жасалған?
4. Сөздиң тийкарын ҳәм жалғаўын анықлаў
5. Дөретиўши тийкардың мәнисин ҳәм характерин анықлаў.
6. Дөренди сөз, оған типлес сөзлер

Үлги: **искерлиги.**

1. Дөренди сөз
2. Атлықтан атлық жасалған.
3. Морфологиялық усыл менен жасалған.
4. Искерлиг(к)—тийкар,—и—тартым жалғаўы, III—бет.
5. Дөретиўши тийкар—искер, бир иске уқыплылықты билдириўши конкрет атлық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

6. Искерлиги—абстракт мәнидеги атлық. Оған типлес сөзлер: **жуўапкерлик.**

**218-шынығыў.** Дөренди сөзлерге анализ жасаң.

1. Қашқын толқындағы қайықтай өркеш-өркеш қумларға биресе өрмелеп, биресе сырғыйды **(Ш. Сейтов)**. 2. Қудайбергенниң әкеси Әжимурат шабандоз туўды-питти Қанлы көлдиң турғыны еди **(К. Мәмбетов)**. 3. Өйткени бул—басшы хызметкерлердиң өмирине байланыслы сиясий ўақыя ғой **(А. Бекимбетов)**. 4. Қуўырдақханадағылардың бәри ҳайран қалысып, оларға қарасты **(Т. Қайыпбергенов)**. 5. Узақта, көздиң ушында, ғарғадай еки қара көринди **(Ж. Сапаров)**. 6. Емлеўхана жатақхахана берди **(Т. Қайыпбергенов)**. 7. Оның астында көп жыллар ылақ ойынына шаўып үйретилген ғаз мойын түркмени ат аталық дизгинди ҳәр қаққан сайын қояндай секирип табаннан қайтады **(Ж. Сапаров)**. 8. Сол оңбаған елиўлик бизиң ишимизде жүрген байдың жансызы екен ғой **(И. Қурбанбаев)**. 9. Бирақ сонысын да ядыңыздан шығармаң, енди фашист жандармеясы менен жазалаўшылары ийттей қутырады **(А. Бекимбетов)**. 10. Театрдан қайтарсын Марат жатақханаға шекем бир аўыз сөйлемеди **(Т. Қайыпбергенов)**. 11. Редактордан шығыўдан дәрҳал Қарақалпақнефтегазразведка трестине келдим **(И. Қурбанбаев)**. 12. Қатар-қурбыларың, жора-жоласларың, қала берсе, мәзи ассалаўмалейкумлериң жүдә көп **(О. Әбдирахманов)**.

**Сораўлар:**

1. Сөзлер қандай усыллар менен жасалады?
2. Морфологиялық усыл деген не?
3. Морфология-синтаксислик усыл деген не?
4. Лексика-семантикалық усыл деген не?



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МОРФОЛОГИЯ

## АТЛЫҚ

### АТЛЫҚТЫҢ МӘНИСИ БОЙЫНША ТҮРЛЕРИ

**219-шынығыў.** Тексттеги конкрет ҳәм абстракт, дара ҳәм жәмлеўши атлықларды анықлаң.

1. Қолындағы балта шомп етип суўға түсти. 2. Оның есигинде жанлық емес, таўық та, пышығы да жоқ. 3. Қәдирбай үндемегеннен кейин кемпир басын көтерди. 4. Ҳәмме жер көклеп, ағашлар жасыл липасына бөленди. 5. Терең тынышлық, оның қыялына түнниң бир бөлекше ўақты жылдай созылды. 6. Тула бойына қанындай тараған жалынлы сезим жасылдай зуўлап, жүрек-баўырын өртеп баратыр. 7. Қәҳәрли қыс шығып бәҳәр кирди. Пухара халықта үлкен күш бар. 8. —Ҳәй балам, қытымыр байдан қарызына зат алыў оңай ма? 9. Абдулла хожа түни менен болысқа тик турып хызмет етип, түрли аўқат, тамаша ҳүрмет көрсеткен **(А. Бекимбетов).**

**220-шынығыў.** Тексттеги меншикли ҳәм ғалабалық, бетлик ҳәм бетлик емес атлықларды анықлаң.

1. Николай иним, Ленин қайда ҳәзир? 2.—Алексей Семенович Алексеев!—деп кең көкирекли жуўан даўыслы офицер Бөрибайға оң қолын узатты. 3. —Мен Сарыбай болыстың жасаўылыман. 4. —Мениң атым Бөрибай, Айшагүлдиң дайысы боламан. 5. Балаңыз бәҳәр шыққалы кеш болса үйде турмайды. 6. Ерназардың тамағы тығылып, ишке түскен ызалы ҳәўири тула денениң оттай ысытып жиберди. 7. Өскинбайдың мийнет сүйгиш азамат дийқан адам екенин мойынлайман **(А. Бекимбетов.**

**221-шынығыў.** Атлықлардың конкрет ямаса абстракт, дара ямаса жәмлеўши, меншикли ямаса ғалабалық, бетлик ямаса бетлик емес екенлигин анықлаң. Айырым атлықларда жыныстың билдириўине де дыққат аударың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аға, ағза, адам, азап, айып, актер, актриса, ақыллылық, ана, апай, аразлық, аспирант, ата-баба, әке, әўлад, бригадир дийқан, диссертант, еркинлик, қошқар, жеңге, жоқшылық, жубаныш, журналист, илимпаз, қашар, қәўипсизлик, қәндекли, қолдаўлы.

**222-шынығыў.** Текстте белгиленген атлықларда анықлық ҳәм анықсызлықты анықлаң, олардың билдириў усылларына дыққат аўдарың.

1. Шайыр қәлем менен жазар шығарма.
2. Жигит шадлығының болмады шеги.
3. Ҳаял жаралмаған болыў ушын қул.
4. Жолымызды тосты бир файтон арба.
5. Бир қағаз бар файтоншының қолында.
6. Бир өзгерис бар ғой, шамасы, сеңде (**И. Юсупов**).

7. Бул жыңғыллықты сол моллалардың өзлери пирли ағаш деп атар еди. 8. Отырған адамлардың ғамхорлық көз-қарасы кеўлимди елжиретип баратыр. 9. Ийтке топырақ шашаман деп барлық топырақларды үстиме шашыппан. 10. Олар өз қатарындағы бир қатар жаўызлардың халық тәрепинен бирим-бирим жоян болып атырғанларын жақсы билди (**Ж. Аймурзаев**).

## АТЛЫҚТЫҢ ГРАММАТИКАЛЫҚ КАТЕГОРИЯЛАРЫ

### САН КАТЕГОРИЯСЫ

**223-шынығыў** Тексттен атлықларды таўып, олардың қайсы санда екенлигин анықлаң. Көпликти билдириўши грамматикалық қуралларды көрсетиң.

1. Узақтағы дүмпешиклердиң үстинен көринген шеңгел менен түйеселиңирлер көзиме әлле қандай көринип кеўлимди бузады. 2. Қалың елаттың қатар егилген дарақлары үстинен көринген күнниң батар алдындағы сәўлеси қызлар кестесиндей зейнинди ашар еди... 3. Олардың адамлар менен үлпети, сөйлесиўлери, турмысқа көз қараслары оғада басқаша. 4. Барлық адамлар, оқыўшылар муғаллимлер тым-тырыс турды. 5. Қозы-ылақларымды қалың жантақлыққа бақтым. 6. Кеўлимниң елжирегенине барлық халық таң қалды (**Ж. Аймурзаев**).

**224-шынығыў.** Көплик сандағы атлықлардың мәнилерин анықлаң.

1. Кели менен келисаплар да, зеренлер менен табақ-қасықлар да, гүнде менен белсаплар да,—қулласы, ҳәмме тутыныў



www.ziyouz.com kutubxonasi

затлары усы тоғайдағы ағашлардан исленди. 2. Жаныгүлдиң жақынларына жылап барып жағдайын айтайын десем, оның ағайинлеринин ким екенин айыра алмадым. 3. Өйткени оны жора-жолдаслары сол журтлардан келген деп ойлайды екен (**Ж. Аймурзаев**). 4. Бөрибай, Ерназар, Ғайып ҳәм Ешимбетлер елди жатқарып үйден шықты. (**А. Бекимбетов**). 5. Оның бул әдети тек Жийемуратқа емес, Темирбеклерге де унап қалды. 6. Мен көбинесе Сайып, Қунназар, Сәрсенбайлар менен жүретуғын едим. 7. Советлер үйиниң сулыў залы, онда урылған шаппатлардың шаўқымы мени шексиз шадлыққа бөледи (**Ж. Аймурзаев**).

225-шынығыў. Тексттеги атлықлардың көплик формасын бирлик формаменен, бирлик формасын көплик формасы менен алмастырғанда, оларда мәнилик өзгерис болатуғынын ямаса болмайтуғынын анықлаң. Биргелкили ағзаларда көплик аффикси орынлы қолланылған ба? Соны анықлаң.

I. 1. Жақсымурат күш-көликлердиң отжеминиң кемислигин ойлап жатыр. 2. Барлық адам үйден тысқа жуўырып шықты. 3. Бирнеше жыллар бойына кийим-кеншек аўқат-ас берген екен. 4. Дәртлерге дәрман, өмиримизге шадлық, үнсизге үн, күнсизге күн туўғызып, халықты бахытқа бөледи. 5. Музлар ерип жерлерге ақты, сүмеклер ерип, қоралар менен шөплердиң тамырларына суў берди. 6. Қызлар менен жигитлер жүзлердиң жабырласыўы сөзлердиң сыбырласыўлары менен таныса баслады.

II. 1. Тоғайдың ағашлары хожалықтың гүллән мүлкин соғыўға материал болды. 2. Ақ отаўларда, арбаларда, шығырларда, шарық пенен қозақларда. 3. Талай ул-қызларына орден, медальлар тапсырды. 4. Конференциялар, сессиялар, жыйналыслар өткерди. 5. Хорезмнен қызықлы қосықшылар, ойыншылар, масқарапазлар, дәрўазшылар келер еди. 6. Мен көп ғана муғаллимлер, тәрбияшылар, балалар менен таныстым. (**Ж. Аймурзаев. Жетимниң жүреги**).

## ТАРТЫМ КАТЕГОРИЯЛАРЫ

226-шынығыў. Тексттеги тартымланған сөзлердиң бетин ҳәм санын анықлаң.

1. Қыялымды келбетимнен оқыған болса керек, бираздан соң:—Бизлерден айырмашылығы, олардың кемпири бар екен,— деди де маған қарады. 2. Халқыңа бар күшиңди бериўиң зәрүр. Және тентиреклеп орнымнан турып, изине ере берди. 3. Ҳаўлыққанымнан төбе шашым тик турып, тас төбемнен қуйылған муздай суў табаныма жеткендей болды. 4. Бизлер өзлеримиз жай салып алғанымыз ушын совхоз басшылары рахмет айтты. 5. Берекет табың, балаларым, жақсы тилеклерден кеўлим шад, балам жумысына орналаса берсин, ақлығым ушын және той



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергиземен. 6. «Түйе қартайса, көшегине ереди» деген, ере бер излерине? (Б. Аймухаммедова. Шофер қыздың екинши дэптери).

227-шынығыў. Тартымның билдириў усылларын (морфологиялық морфология-синтаксислик абстракт формасы) анықлаң.

1. Бахтыңды алла ашсын, қызым (Т. Қайыпбергенов). 2. Бахытлы аўылым, ғурғынласып өсер саяңда (И. Юсупов). 3. Тартынсаңыз бизиң үйге барыңлар (Т. Қайыпбергенов). 4. Қоңыраттың бир баласының аяғына шөңге кирсе, мениң жилигим сырқырайды (Т. Қайыпбергенов). 5. Сөйлесең бәрҳәма келешек бизики дейди (Т. Қайыпбергенов). 6. Ал сениң ҳалың нешик болар екен (Ш. Сейтов). 7. Себеби жыйын-терим ўақтында районымыздан Нөкиске жүк әкелиўге туўра келеди (Б. Аймухамедова). 8. Мейли, бизиң улларымыз да өзинше өмир қурып жасасын ( Б. Аймухаммедова).

9. Бизиң Нөкис—бесжыллықлар перзенти,
Республика мақтанышы, жас қала.
Қубласында жан ағасы—Ташкенти
Арқасында ақсақалы — Москва (И. Юсупов).

228-шынығыў Тартым аффикслериниң мәнилерин анықлаң.

1. Мен сол әкениң атына ылайық болыўыңды тилеймен, қулыным (Т. Халмуратов). 2. Сарыгүлге реҳийим де келди, ағасы (К. Султанов). 3. Оспанбысаң, шырағым (К. Султанов) 4. Өйбей, маңлайым-ай (К. Султанов). 5. Ҳе, пахтакеш жигитим, хош келдиң (Ө. Айжанов). 6. Уазды тыңламай қайда барасаң, сиңлим (Т. Қайыпбергенов). 7. Әке, жаным, зәҳәриңди өзим сорып алдым. Рахмет, шырақларым, айтқанларыңыздың өзи-ақ маған қуўат, азаматларым бар ғой, өзлериңиз-ақ еплермиз (Б. Аймуҳаммедов). 8. Үшеўиниң ҳәм болғанын сезип, орынларынан турып келди (Т. Қайыпбергенов). 9. Кимиси Сейфулғәбит, кимиси Қасым (И. Юсупов). 10. Бүгин де бизлерди сынап отыр ғой, шамасы (Т. Қайыпбергенов). 11.—Мырзан иним, кел,—деди Сулыўханның ағасы отырыўға орын көрсетип. (Ә. Тәжимуратов). 12. Ҳақ гәпти айттың, шырағым, бирақ бул жерде мен жас үлкенмен. Сол ушын егисти биринши баслайман деп жериме дәслепки суўды аштырып едим (Б. Аймуҳаммедов). 13. Елликқала дегениң ушы-қыйры жоқ кеңислик партаў елат екен. (Б. Аймуҳаммедова). 14 Жигит ағасы төмен қарады (Ә. Тәжимуратов).

## СЕПЛИК КАТЕГОРИЯСЫ

229-шынығыў. Сепликлерди, олардың мәнилерин анықлаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Қосық—бул өмирдиң мәңги жолдасы
Ол дәрья, бәленттен алар сағасын.
2. Ҳәй, сен Қоңыратлы қыз, жаным Арыўхан!
3. Жаслар оқыў ушын келген бул жерге.
4. Журттың тәўеллесин тыңламады ол.
5. Жылап, жийделикте маўқымды бастым (И. Юсупов).
6. Жатақханаға келип Айзаданың сөзлерин Пердегүлге айттым.
7. Гулзар деген қарақалпақларда болады (Т. Қайыпбергенов).

**230-шынығыў.** Атаў сеплигиндеги сөзлердиң синтаксислик функциясын анықлаң.

1. Адамзат урыс ушын емес, қырылыў ушын емес, жасаў ушын, бахыт ушын жаралған. 2. Ал туўысқаның жаман болса жанның егеўи. 3. Пиримбет дайым әдеўир ашылысып сөйледи (С. Қаллибеков). 4. Мениң туўған экем—қаттылаў адам. 5. Үш рет жибердим файтонды саған, зорға төртинши де келдиң, Арыўхан. 6. Өлшеме ҳәммени бир аршын менен. 7. Ол ерте оянған бир инсан еди. 8. Бахтын қарсы алыўы керек ҳәр адам. Дәстүр заң емес ғой. Өмир —өзи заң (И. Юсупов).

**231-шынығыў.** Текстте ийелик ҳәм табыс сепликлериниң ашық ямаса жасырын келиў себеплерин анықлаң.

1. Нур алып Октябрьдиң алтын таңынан.
2. Бүгин қарақалпақ театрының
Биз тойлап отырмыз ашылған күнин.
3. Бәримиз сол бағдың туңғыш нәллери.
4. Ал мен талай көрдим Ҳәмзаның өзин.
5. Колхоздың жақсылап атын қояйық.
6. Жездейдиң қызы ғой оқыўға кеткен.
7. Тартынба, еркинлик алған, қарындас!
8. Кешеги китапты әкелемен саған.
9. Оған шын кеўлимди айтайыншы бир.
10. Бағжан, әпер маған анаў жаўлықты.
11. Еситтим тек сениң зарлы сөзиңди,
12. Биз ойын қурамыз елди аралап,
13. Қолдан келсе, дәрман бериң дәртиме.
14. Сезди қыз әкеси бул истиң түрин (И. Юсупов).

**232-шынығыў.** Тексттеги грамматикалық сепликлердиң мәнилерин анықлаң.

1. Бүлбил өзлигинен бағдан безер ме?
2. Сен атқарған роль ерликтиң жолы.
3. Неге бара алмайсаң, айт-шы, Арыўхан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. Сен жетим қыз едиң, сен шоры едиң.
5. Сезбейсең қолыңның қанағанын да.
6. Таңның нурынан да жаңасаң маған.
7. Қайда сен, мүжиген туў қойдың басы?
8. Кир деймен, қымбатлым, қолыңды узат.
9. Сиз жақсы ойнайсыз ролиңизди.
10. Ўай, бул ҳаялларды қоя бер деймен.
11. Әлле кимше сөйлеп, диңкемди қурытпа:
12. Босат Арыўханды, босат қызыңды **(И. Юсупов)**.

**233-шынығыў.** Тексттен кеңислик сепликлериндеги сөзлерди табың. Олардың мәнилерин анықлаң.

1. Марат билетти Гулзарға емес, маған әкелген. 2. Аўырыўларға шын хызмет етиў ушын олардың тилине түўе ымына түсиниў керек. 3. Елена Семеновнаға ҳәммесин айттым. 4. Иши толы бала-шағалар менен көмиўли минаға тап болыпты. 5. Өзи тәрбишылар отыратуғын бөлмеге кирди. 6. Ол пессимист жигитлерден емес еди. 7. Көзлериниң жасын өзиниң сүттей аппақ шаршысы менен сыпырып, маңлайынан шорп-шорп сүйди де, мойнына отырғызып кетип қалды. 8. Бул қылығына түсинбей Пердегүлден сорап едим. 9. Мени өлимнен қутқарған солдатты излесем ше? 10. Түнде бир кроватьта жататуғын едик. 11. Барлық хатта Гулзар деген жалғыз қызы ҳаққында айтылаберген еди. 12. Тәрбияшымызға ойласыўға барып едим **(Т. Қайыпбергенов)**.

**234-шынығыў.** Тексттеги сөзлердиң сепликлерин анықлаң. Мүмкин болған жағдайда септиктиң мәнисин өзгертпестен басқа сеплик пенен өзгертиў мүмкиншилигин қарастырың. Қайсы сеплик қайсы сепликтиң орнына қолланыла алатуғынын айтып бериң.

1. Қызғыш бир тартары от қусар лаўлап **(И. Юсупов)**.
2. Сол заңды тасаланып гейпара надан **(И. Юсупов)**.
3. Биз де оның дәмин татып көргенбиз **(И. Юсупов)**.

4. Жетимлерден бала қылыў ушын асыраўға алады екен **(Т. Қайыпбергенов)**. 5. Усы ўақытта есиктен Нуржамал көринип еди **(К. Султанов)**. 6. Ярым хан ағасынан дәмегөй болып, сол жыллары Қулымбетте атқа минди **(К. Султанов)**. 7. Гудоктың қүдиретли ҳүкимдар даўысына бағынып, Бердибай қорқа-қорқа олардың изине ерди **(А. Бекимбетов)**. 8. Алламберген ғарры нешше жыллардан бери үйиниң жанындағы дүканға қараўыл **(С. Жумағулов)**.

**235-шынығыў.** Төмендеги русша-интернациональ сөзлерди сеплең. Оларға жалғанатуғын аффикслердиң жуўан яmasа жиңишке болатуғынын анықлаң. («Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлигинен пайдаланың).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Самолет, педагог, съезд, курс, газ, парк, танк, вальс, редактор, жюри, конкурс, металлург, рагу, технолог, универмаг, фартук, хирург, шифр, этюд, пункт.

## АТЛЫҚТЫҢ ЖАСАЛЫУЫ ҲӘМ СОСТАВЫ БОЙЫНША ТҮРЛЕРИ

**236-шынығыў.** Морфологиялық усыл менен жасалған атлықларды тауып, олардың дөретиўши тийкарының қандай сөз шақабы екенин анықлаң.

1. Арамыздан аразлық.
   Жоқ қылдық тағы қаслықты (**Жийен жыраў**).
2. Қақпашымыз молшылық (**Жийен жыраў**)
3. Мен де бүгин онлық болып сайландым (**Т. Қайыпбергенов**).

4. Сол ушын оған қысынба, балам, көбирек алып бар, әкеңдей бизлер дүньяпаразлықты келистире алмаймыз (**К. Мәмбетов**). 5. Әдетте пахта терими басланыўдан барлық жыйналысларға тыйым салынатуғын еди, бул жыйналысқа ҳәмме қуўаныш пенен баратыр. (*Т.* **Қайыпбергенов**). 6. Сырттан топылыс басланғанша, олар жаў бекинислерин билип, қала халқы менен тил бириктирип үлгериўи тийис(**Т. Қайыпбергенов**). 7. Дуў күлки көтерилди (**Т. Қайыпбергенов**). 8. Өлим қәўпи енгезердей жигиттиң өли денесиниң аўырлығын сездирмей ап-аңсат ғана орнынан қозғалтты (**Т. Қайыпбергенов**). 9. Ханның өзи мүражат қылыўы тыңлаўшыларда бир қыйлы сезим оятып, ҳәр ким ойланыўға мәжбүр болды (**Т. Қайыпбергенов**).

**237-шынығыў.** Төмендеги түбир ҳәм тийкарлардан ҳәр қыйлы сөз жасаўшы аффикслер арқалы дөренди атлықлар жасаң.

Бас, байла, бөл, қос, бур, жаңа, жыйна, кел, тур, көбей, қозғал, қос, уш («Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлигинен» пайдаланың).

**238-шынығыў.** Аффикслердиң сөз жасаў мәниси ҳәм типине қарай дөренди атлықларды группалаң.

1. Көл жағасы қамыслық.
2. Қорлықта күни кешкен.
3. Қойымшылық болды бир талай.
4. Посқыншылар тағы көп.
5. Жәрдемшисиме едиң деп
   Қушақлады мойнымнан (**Жийен жыраў**).

6. Дүйсен молла билим бериў түўе бәримизди урлықшы етер еди (**Т. Қайыпбергенов**). 7. Аўылдың арқасы қалың тоғайлық еди. 8. Тағы қандай жаңалық бар екен? Сонша ҳүкимет қурып, халыққа азатлық әперген адамның оқ өтетуғын жери



www.ziyouz.com kutubxonasi

болғанына күтә қыйландым. (Т. Қайыпбергенов). 9. О, қосықшы бала киятыр ғой! 10. Барлық дийқаншылық егислери қырманға жыйналған. 11. Бул не деген әбигершилик (Ж. Аймурзаев).

**239-шынығыў.** Дөренди атлықлардағы өнимли ҳәм өнимсиз сөз жасаўшы аффикслерди анықлаң. Өнимли аффикслери бар сөзлерге бир типлес мысаллар келтириң.

1. Етегине қуўырмаш салсаң, төгип алады. 2. Қараўыл буннан артық тилге келмеди. 3. Қәллибекке қолындағы ескеги таяныш болды мә. төңкерилген қайықтың үстине жығылды. 4. Мениң анам ҳақ кеўилден тилеген тилек қабыл болады дер еди. 5. Қыздың кийимлерин отқа өзи кептирди. 6. Орыс патшалығы менен байланыс түйинин де өзлеримиз түйип кетиўимиз керек. 7 Бул қуўаншыларға тийкар болған ўақыя—Хийўа ләшкерлениң жеңиси еди. 8. Бийбизада кемпирдиң жайы—еки бөлме. 9. Жемити болса жай салыў аңсат көринди. 10. Күйеўи қалада иеши (Т. Қайыпбергенов). 11. Райхан асхана бетке қарай жүрди. 12. Райханның хызметкер болғанына да онлаған күн болды (Г Рахимова). 13. Усы районның барлық мийнеткешлери «Таң нуры» труппасының қыз-жигитлерине оғада ырза еди (Ж. Аймурзаев). 14. Қазақстан қылмыс заңының пәлен статьясы менен қылмысы мойнында тур (Ш. Сейтов). 15. Байназар барып турған жалатай, қанхор еди. (Ж. Аймурзаев). 16. Биреў пышық болып мыяўлайды, биреў бүлбил болып сайрады, биреў ысқырады, биреў масқарапаз болды (Ж. Аймурзаев). 17. Оннан ары басқа ҳәмелдарлардың ҳәўлилери дизилип кеткен (К. Мәмбетов). 18. Жылқы баққан жылқыман, қәне, сөйле, жолаўшы (Жийен жыраў).

**240-шынығыў.** Атлықлардың субъектив баҳаны билдириўши аффикслериниң мәнилерин анықлаң.

1. Артықжанбысаң, кел, балам, маңлайыңнан сүйейин (К. Султанов). 2. Қыйнар ол жандырып жүрекгенемди (И. Юсупов). 3. Қалай, қызалақ аман жетисти ме? (К. Султанов). 4. Тез арада кишкене қазаншаларда аўқат бүлкилдеп қайнай баслады (А. Бекимбетов). 5. Сыясат жумысынан қол үзбе шырағым (К. Султанов). 6. Ескиден қалған бир-еки көрпешесымағы бар еди (Ғ. Сейтназаров) 7. Өзи бир ғәрипсымақ көринеди (Т. Қайыпбергенов). 8. Үйреншикли төбешигине ақ таяғын шаныштты (Т. Қайыпбергенов). 9. Дорбашасынан нан сындырып, аўзына бир тислем салды (Т. Қайыпбергенов). 10. Анаў кишкене гүдшекти масақшыларға бөлистирип бериўден артық мириўбет жоқ (Т. Қайыпбергенов). 11. Қарапайым кийим қарапайым келиншектиң көркине көрик қосқандай (Ғ. Сейтназаров).



www.ziyouz.com kutubxonasi

**241-шынығыў.** Тексттен морфология-синтаксислик усыл менен жасалған атлықларды тауып, олардың түрлерин анықлаң.

1. Бул ҳүкиметтиң аты Совет власты, қарақалпақша айтқанда Кеңес ҳүкимети (**К. Султанов**). 2. Сен Москвадағы СССР халық хожалығы жетискенликлериниң көргизбесине баратуғын болдың (**Ө. Хожаниязов**). 3. Ҳал-жағдай сорасты (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Буны көбинесе қатын-қалаш, бала-шағалар, от басында отырып қалған кемпир-ғаррылар атқарады (**Ғ. Сейтназаров**). 5. Түркмен атлыларында азық-аўқат мол екен (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Бул дүнья әззелий текше-текше қылып жаратылған, қызым (**Т. Қайыпбергенов**). 7. Сол Амангелдиси ҳәзир Ашхабадта НКВД да ислеп атыр. Политотдел барлық күшти Сайымбет ағаға берип кетипти. Гүлбийке оған ашыўланып отырып тилхатты да жазып берди (**Ш. Сейтов**). 8. ТашГУ десем, дәрҳал түседи еске. 9. Аў, Алеке, көримлик енди (**И. Юсупов**). 10. Қоржын-қоржын олжа, қап-қап дән наўадай қуйып тур (**Ш. Сейтов**). 11. Қәйдем, балам, бир қантөгиспе болып жүрмесин (**К. Султанов**). 12. Аўа, Әбдекеңниң айтқан сөзи бул (**И. Юсупов**).

**242-шынығыў.** Жуп ҳәм тәкирар атлықлардың мәнилерин анықлаң. Жуп атлықлардың компонентлериниң өз-ара қатнасының қандай екенин түсиндириң.

1. Әўелги күнлери институттың бираз жигит-қызлары мени жатырқап, таңланысып өтеди-аў деп шамалайтуғын едим (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Ата-ана бул көринистен тәшиўишленип, қайда болғанын қанша сорамасын, дурыслы жуўап бермей, уйқыға жатты (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Әллеким дүркин-дүркин малға мегзейди деп еди. 4. Көп уйықлаған адам жақты дүньяның барды-келдисин аз көреди. 5. Адамларда мийрим-шәпәәт жоқ. (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Мамыттың қаяқта жатқанын анықлап, изинен кийим-кеншек, азық-аўқат апарсам, алар ма екен (**А. Бекимбетов**). 7. Пада-пада маллар айдалып кетти (**Т. Қайыпбергенов**). 8. Сәпиўра болса, ҳаял-бала-шағаларын аңлыйды (**К. Султанов**).

**243-шынығыў.** Бириккен ҳәм қысқарған қоспа атлықларды табыңлар: а) Бириккен атлықтың мәниси оның компонентлериниң мәнилери менен салыстырың; б) Қысқарған қоспа атлықлардың қалай жасалғанын анықлаң.

I. 1. Паналап тез айғабағарды
Жарадарды сүйредим мен (**И. Юсупов**).
2. Күншығарың Тағжап, батысың Аршан, **И. Юсупов**).
3. Атқулақлар өсек тақты былдырлап (**И. Юсупов**).
4. Белбуўардан шаңлар жатты көшеде (**И. Юсупов**)



www.ziyouz.com kutubxonasi

5. Бул айтқаныңыз болыңқырамас, өтағасы (Ө. Хожаниязов).

6. Ябының атқаминерлери ойласық қурған мәжилисте Аманлық та болды (Т. Қайыпбергенов).

II. 1. Мынаны өзиңниң оданбасыңа бер,—деп бир хат,—мынаны обкомпартияға тапсыр,—деп екинши хат,—мынаны совнаркомға,—деп үшинши хат,—мынаны облГПУ ге,—деп төртинши хатты тапсырдыдағы ўәдесин алып, ҳақ жол тиледи. 2. Кең сени де, бағшаны да, мектепти де, медпунктти де,—бәрин де сояққа көширемиз. 3. Исполком сол анаў бизиң бригад Есберген емес пе? МТС тың партиялық ислерин басқарып Сайымбеттиң кеткенине де көп ўақыт болған жоқ. 4. Райкомның шабарманы Есбергенди де жақсы таныйтуғын еди. 5. Партбилети болса дә! Енди СредАзбюроға жазған болсаңыз қуп (Ш. Сейтов). 6. Аўлатком үш күн бурын қонып кеткен пәлекли қос (А. Муўсаев).

**244-шынығыў.** Тексттен субстантивлескен (атлыққа өткен) сөзлерди таўып, олардың қайсы сөз шақабынан ҳәм қалай өткенин анықлаң.

1. Ақылға гәп айтсаң, көп кешикпей жетеди,
Ақмаққа айтқан әңгимең суў түбине кетеди (**нақыл**).

2. Енди Қосыбай Ержанның аўылынан шыққан сыпсың гәпти анықлаў ушын астыртын жансыз жиберди (**К. Султанов**). 3. Мырзағаға берейик деп үйдегини зорға көндирдим (**Ш. Сейтов**).

4. Қымбатлым, сен ,меннең қашпа оншама.
5. Бирақ үшиншиси туттырмай кетти.
6. Яр деп қышқырады-аў көптиң алдында.
7. Ким екен бизден де алдын келгенлер?
8. Көшеде асықпай барар Арыўхан,
Қызғыш бир тартары от қусап лаўлап (**И. Юсупов**)

**245-шынығыў.** Төмендеги гәплерден атлықларды таўып, олардың грамматикалық формаларын анықлаң.

1. Мақсет Бухарбаев бар дыққатын қамыслыққа аўдарып, автоматтың аўзын айдын суўға қаратты. 2. Көзин ашып қараса, жаңа шыққан күнниң сәўлеси терезеге шағылысып, оның қызғышланған алмадай бетине түсип тур екен. 3. Олар шегерадағы аўыл, қалаларды өртеп, тыныш халықты бүлгиншиликке ушыратып отыр. 4. Ал Айтмуратты болса, адамлар Зульфияның сөзи менен милицияға тапсыратуғын болды. 5. Бирақ ўақыттың тарлығына ҳәм анамның өжетлик минезине байланыслы бул ойымды оған айта алмадым. 6. Ағама ырза болып апамның жақынлығын, кеўлимизде, алдымызда бизлер менен жүргенлигин сеземен. 7. Мен болсам, ағамның өз атын өлтиргенине шекем саяхат жөнинде күтә жақсы ойда, көтериңки қыялда едим. 8. Бул болжаўлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

өкинеште киятырған капитанды бираз қызықтырып өзине тартты. 9. Комсомолда жоқ жигитлердиң де ҳүжданлысы, ақ кеўиллиси, адамгершилик қәсийети көп ғой. 10. Жейжақ тамағыңыз, кийежақ кийимиңиз, жатақ жайыңыз мениң мойнымда. 11. Қубладан ескен қызғын самалдың ҳәўири бирден изимизге түсип, тула бойымыздан қамаў тер шықты. 12. Базарбай тюрьмадан шығып келсе, айтыңлар: мен өз әжелимнен өлгеним жоқ. 13. Бир арнаның суўын ишип, тандырдан нан жедик (А. Бекимбетов).

## АТЛЫҚТЫ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Дәслепки формасы (атаў сеплиги формасы).
2. Лексика-семантикалық түри (меншикли — ғалабалық, конкрет абстракт, дара—жәмлеўши, бетлик—бетлик емес).
3. Қайсы санда (бирлик—көплик).
4. Егер тартымланған болса, бетин ҳәм санын анықлаў.
5. Сеплик.
6. Составы бойынша қандай? Дөренди ме, жоқ па?

**246-шынығыў.** Тексттен атлықларды таўып, оларға морфологиялық таллаў жасаң.

Комиссия өз жумысын баслап жиберди. Көпшиликтиң қәлеўи менен ҳәм Халық Республикасының ўәкиллериниң уйымластырылыўында Ревком ҳәм Жарлылар Комитети сайланды. Қоңырат ўәлайаты Жарлылар Комитети болып Ораз Ерманов бир аўыздан мақулланды. Биринши комсомол шөлкеми дүзилди. Оның секретары болып Ешмурат Әминов сайланды. Қала орайынан оннан да басқа жәрдемши шөлкемлер дүзилип, өз жумысларын баслап жиберди.

Бул жумысларды әмелге асырыў оңайға түспеди. Деген менен пүткил халық дерлик жылаўында жүргеннен кейин, оның үстине қураллы Қызыл әскерлер қулаған ханлықтың еле ҳәрекеттеги жан ашырларының үнин шығартпады. «Жаңа қала»дан өткермей, киятырғанлардың белине балта шабады деп исенген Сарыхан гелле кесерн тышқан тесиги мың теңге болып, күн туўғанынан хабарсыз еди. Олардың биразы дурыслап күш топлап Кеңес ҳүкимети менен дурыслап беллесиўге жәмлескиси келип Тахтақайыр, Қаражар жақларға қашып кеткен.

Комиссия ағзалары, оларды қорғаўшы әскерлер ҳәм Қоңырат та дүзилген жаңа ҳүкиметтиң ағзалары группаларға бөлинди. Соркөл тәрепке баратуғын коммиссияның составына председатели Шәкир Мирстанов ҳәм ағзасы Хожамурат Пирмановтан басқа онлаған адам кирди. Олардың ишинде жаслар союзынан Бекпан Ешмуратов ҳәм жарлылар Комитетинен Хожамет Қур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бан-Сейтов болды. Олардан тысқары Революциялық ҳүкиметти қорғаўшы жети солдат та есапқа алынды.

Аўылларға сапарға шегиў алдында қалалық Революциялық Комитетинде ойласық мәжилиси өткерилип, онда көплеген басшы жолдаслар бул жуўапкерли жумысты алып барыў бойынша өз пикирлери менен ортақласты. Әсиресе, Ораз Ерманов аса интизам ҳәм сақлық керек лигин ескерте келип, Соркөлге баратырғанларға: —Душпанларымыздың панала ған тоғайы менен атаўлары сизлер баратырған тәрепте. Хожелиниң қасында «Қоңыратқа Қызылларды өткермеймиз»деп өзи менен өзи болып атыр. Халқы-үлкен журт. Олар менен қатынасығы жоқ. Нәсиятнамаларыңыз исенимли, ислериңиз тыянақлы болсын!—деди.
**(М. Қарабаев).**

**247-шынығыў.** Атлықларга толық морфологиялық таллаў жасаң.

Шаңға батып аппақ болып қалған виллис түске таман аўылдың қақ ортасына келип қалша тоқтады. Аўыл ортасында басқа жайларға қарағанда өзгешелеў болып көринип турған ақ жайдың алдында топланған аламан машинаға қарай жуўырысты.

— Директор келипти,—деп сыбырласады бир-биреўине.

Нешше жылдан бери мал фермасы болып киятырған бул аўылда суў там-тарыс болыңқырап, дақыл егилместен, аўылдың иши шаңғырып жатырған еди. Сонлықтан да аўылда Есим ғаррының баяғы бир жылғы қудықтан суўғарып еккен бир еки түп тереги болмаса, сая берерликтей дарақ та жоқ. Ал маллар болса, Мақпал көлден суўғарылады. Суўы ашшы, егинге қолайсыз.

Адамлар ушын усындай жерге салыгершилик совхозының қурылыўы үлкен жаңалық еди. Соның ушында экскаватор менен еки айдан бери урда-тут канал қазылып атыр. Аўылға жақында суў келеди...

Жақында ғана Областьлық партия комитетиниң бюросында совхоздың директорын бекитипти. Ашшыны, душшыны татқан ески большевик деседи. Бүгин аўылға сол отағасы киятырған усайды. Адамлардың жыйналып турғанының мәниси де усы.

Кабина ашылғанда, узын бойлыдан келген, ат жақлы, қара пәрең кисиниң келбети көринди. Ол жиппиктей етип сырланған сары таяқшасын қолына алып, адамлар менен сәлемлесе баслады ҳәм өзин Есемурат Елмуратович деп таныстырды.

Адамлардың ҳәммеси қуўанышлы еди. Себеби директор жүдә кишипейил жигит екен **(К. Мәмбетов)**

**248-шынығыў.** Төмендеги тексттен атлықларды таўып, толық морфологиялық таллаў жасаң?

1. Ҳәзир тил жеткериўим қыйын, мен көкиреги қуяш бул адамның перзентке деген ҳадал мийирин, сөнбес муҳаббатын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үсездим. 2. Басқа сайлаў участкаларына барып та сайлаўшылардың дизимин көрип, шама менен 1900-1910-жылы туўылған барлық Досназаровлардың атларын, адреслерин жазып алып лейтенант Ембергеновқа апарып берип жүрдим. 3 Бир жаўынгер солдатын излеп келип, күн көриў ушын ислеп жүрген жумысымның екинши таманын қарақалпақ республикасына хызмет етиў деп түсинип, емлеўханада хызмет ислеўди кеңес еткен лейтенант Ембергеновқа да ишимнен алғыс айтып қойдым (**Т. Қайыпбергенов. Уйқысыз түнлер**).

## КЕЛБЕТЛИК

**249-шынығыў.** Келбетликлердиң билдиретуғын мәнилерин анықлаң.

Жақсы, қызыл, үлкен, киши, кең, аўыр, жумсақ, қыйсық, жеңил, батыр, семиз, гөззал, туўры, көп, арық, асаў, азапғы, қаладағы, суўық, жуўас, қуўанышлы, кешеги, ҳәзирги, ақыллы, батпақлы, әўелги, пайдасыз, әскерий, дийўалый.

**250-шынығыў.** Тексттеги сапалық ҳәм қатнаслық келбетликлерди анықлаң.

1. Бирақ түлкидей түрленген Аллан суўпы ала шапанын жамылып, қолына қуман услап, қалың шеңгелдиң тасасына келип бул сөзлерди тыңлап үлгерген еди (**Ж. Сапаров**). 2 Саша бул кийимлеринде ҳәммеге қызық ҳәм күлкили көринди. 3. Арқа беттен ығаллы, салқын самал есип тур. 4. Бирақ қоңыр гүздиң ақыры болса да, ҳаўа жыллы. 5. Бирден буўдақлаған қара түтин жаўар булттай жайылып, көктиң бираз жерин бүркеп таслады (**А. Бекимбетов**). 6. Оның әжим басып жыйрықланған кең маңлайы менен кирпик қақпай ҳәрекетсиз қалған өткир көзлеринде өзине тән айрықша ақыллылық пенен сабырлылықтың, жоқары сапалық пенен тәжирийбеликтиң гейбир сырлы белгилери сәўлеленди. 7 Улыўма ол ҳаялдың қолы жүдә жеңил, берген туманы (пул) бахытлы екен. 8. Ол қалтыраған кишкентай, нәзик қолларын көкирегине қысып жалынышлы түри менен ағамның аяғына жығылды (**А. Бекимбетов**). 9. Қалың жас сүйриктиң тымырық ҳаўасы аңқып тур. 10. Сен ынжық болғансаң ба? Урысқақ шығар деп қорқаман (**Ө. Айжанов**). 11. Ағабек жүдә кишипейил, гүрриңшил, ақ қуба, иши-баўырына кирип баратырған әпиўайы адам еди (**А. Бекимбетов**).

**251-шынығыў.** Тексттен салыстырыў ҳәм арттырыў дәрежедеги келбетликлерди табың. Олардың жасалыў усылларын анықлаң.

1. Қолы пахтадай жуп-жумсақ екен (**К. Султанов**). 2. Устазың Бегжан уста оғыры жақсы адам екен (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Ҳаялы күтә бир быжық, пәтиўасыз (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Жалын әдеўир көтерилген ўақыт ол бөктергисиндеги қоржынды



www.ziyouz.com kutubxonasi

әкелип, адамлардың ортасына үлкен-үлкен нанды қойды. 5. Ғарры биринши рет жигиттиң қап-қара тынық көзлерин көрди (**С. Салиев**). 6. Жаңағы қыздың өзи қақанбаслаў емес пе? Аты әлпайым болған менен өзи сонша сур, бәтбешер (**Т. Қайыпбергенов**). 7. Айшолпанның қулағына бул сес оғада жағымлы еситилди (**Ж. Аймурзаев**). 8. Жөнсиз қырық күн қайғы-уўайым шеккеннен, Ден саўлықта бир күн шадлық жақсырақ (**Бердақ**). 9. Талап ислеп тап дүньяны, Сүттен ақдур, билсең аны (**Бердақ**). 10. Қыздың қоп-қойыў, қыйылған қара қасдары дөп-дөңгелек көзлерине сән берип, ақ жүзине жарасып тур (**Ө. Айжанов**).

**252-шынығыў** а) Келбетликлерден салыстырыў ҳәм арттырыў формаларын жасаң.

Көк, узын, семиз, жаңа, терең, дүзиў, таза, гөне, үлкен, тар, ыссы, қызық, суўық, гөззал, жақсы.

б) төмедеги қатаслық келбетликлердиң қайсыларынан келбетлик дәрежелерин жасаўға болады?

Шырайлы, ҳәзирги, өсиңки, алмадай, азанғы, әдебий, ишки, руқсатсыз, қолайлы, билгиш, ақыллы, ушқыр, илимий, ызалы, кеўилли.

**253-шынығыў**. Тексттеги «қара» келбетликлериниң мәнилерин анықлаң:

1. Қара суўықтың өзи-ақ түп деген түпирикти жерге түсирмей тур (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Айсәнем қара басын қорғап, бөлмеден шығып тура қашты. 3. Бул байлардың, болыстың көпшилик қара пухара халыққа қурған жаңа сырлы дузағы. 4. Сизлердиң ҳәммеңиз де ҳақыйқат қара дийқан қусайсыз (**А. Бекимбетов**). 5. Атасын жаў атып, қарындасын қара жумысқа айдап кеткен (**А. Оразов**).

6. Қара қайғы душпанға келип,
Жүрер күнлер болар ма екен? (**Күнхожа**).
7. Бедеўлер менен жарысып,
Болып қапты қара тер (**А. Дабылов**).

**254-шынығыў**. Тексттен дөренди келбетликлерди табың, олардың жасалыў усылын анықлаң.

1. Тәжимурат бир түрли қуўанышлы, айрықша сезим менен алдынан кеткен жаңағы ғаррының келбетин көз алдына келтирди, оның кеўлинде «ҳақыйқый совет адамының қай-қайсысы да усындай айрықша қәсийетке ийе» деген ой туўды. 2. Ол ҳәзирги негизги ўазыйпа ҳәр бир совет адамының өзиниң киршиксиз



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрегин көрсете билиўи керек екенлигин түсинеди. 3. Шилленин дәслепки күнлериниң иши еди, теңиз жийеклери гүлдей көгерип, кийинип болған ўақыт. 4. Ҳүрметли мийманларға арнаўлы үй-жай таярланды (Ө. Айжанов). 5. Үйге орта бойлы, бийдайрең, адырақ көзлеў, ат жақлы, жүзи сүйкимли, жасы он алты-он жетилердеги бир бала кирип келди (С. Хожаниязов). 6. Аўыл арасы болған соң түрли-түрли адамлар болыўы да мүмкин. 7. Ақтөбениң үстиндеги болған ғажжа-ғаж саўашта душпан алға жүриўге мүмкиншилик бергиси келмей, табан тиреп турып алды (А. Бегимов). 8. Бирақ анаў үйиндеги қазықбас кемпир жаман-аў. Есаўандай жүре беремен (Т. Қайыпбергенов).

9. Усы қырқ қыз ишинде,
Бийдай рең, қой көзли,
Ақыллы, аўыр минезли,
Жүреги аттың басындай,
Шаққан шақмақ тасындай,
Сәрбиназ сулыў бар еди («Қырқ қыз»).

255-шынығыў. Морфологиялық усыл менен жасалған келбетликлерди табың. Олардың қайсы сөз шақабынан қандай сөз жасаўшы аффикслер арқалы жасалғанын анықлаң.

1. Аяғында қыйсық табан, қонышы жылтыраўық етиги бар. 2. Билгир Бекимбет атанып, енди кейин кеткениң уят болар. 3. Оның сөзинде ҳеш қандай жасырын сыр жатпайтуғын, бәрин де алдына жая салып, анық, түсиникли жуўап талап ететуғын еди. 4. Аўыллық ҳүкиметтиң қараўында еки колхоз, бир балық заводы, бир толық емес орта мектеп бар еди. 5. Ол жерлер таслық, мийдай тақырлық, тиришилик етиў ушын қолайсыз, (Ө. Айжанов).

6. Баҳалағыш халқым жазбастан танып,
Мийримли қол менен сыйпап тырнақты,
Еске алар биз өткен аўыр соқпақты (И. Юсупов).
7. Тынышлан, ҳәй өңкей бақыраўық ғарға (И. Юсупов).
8. Мине перде артында суфлер-қулақ (И. Юсупов)
Умытшақ актерға өтти сыбырлап (И. Юсупов).
9. Кеште жатақ жайға келсем клубтан,
Китап оқып отыр екен Арыўхан (И. Юсупов).

10. Ол бас ўәзирден жасырын тапсырмасы барлығын еки аяқлы бендеге тис жармаған еди. 11. Гүлзийба тынық суўға қарап тулымын таранып отыр еди. 12. Гүлзийба оның бөрттирме сөзлерине қарап, жорта сөйлеп атырғандай көрип тур. 13. Орыс елшиси, екиншиден, өзин орыс патшалығына қараслы деп есаплаған көшпели халықларға Хийўаның тәсирин шеклеўди талап етти. 14. Келеси әўлад тек сизди айыплап, гөриңизге мың-мың тас жаўдырады. 15. Бул ўақытта дағыстанлы Шамиль басшылы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғындағы көтерилиске қарсы Кавказда қызғын сауаш барар еди. 16. Тырысқақ арық, күйген талдай қара жигит ҳәмменин алдына шықты. 17. Халқы ушын жақсы-жаман әрманлары түўе, Грушин менен ушырасқанда пайда болған көтеринки ойларын, «аға бийдеги» озбырлығынын изи неге әкелетуғынын, ҳәтте өз келешегин умытты (Т. **Қайыпбергенов**).

**256-шынығыў.** Тексттеги қоспа келбетликлерди табын, олардың түрлерин ҳәм жасалыў усылларын анықлаң.

1. Ишке узын бойлы, аққуба, қара көзли, жоталы жигит кирди. 2. Жумагүл сулыў, ақыллы, қара торы, узын бойлы қыз еди (**А. Бекимбетов**). 3. Алдындағы үлкен жайыўлы ақ қағаздың бети айқыш-уйқыш сызықлар менен шыжбайланыпты. 4. Ақлықлы-шаўлықлы болдық. 5. Бахытлы, мийрим-шәпәәтли перзентлериң көп болғай (**С. Салиев**). 6. Дәўкемпир бойындағы жақын-жуўық ағайинлери бирнеше мәртебе келип, «шақырғанда да Пәлеке.. бармай қалған еди (**А. Бекимбетов**). 7. Оғыры ақаяқ ҳаял. 8. Қудайдан безбесе, әкесиндей пилтабан дийқан болады дағы. 9. Соның ушын да гейпара желөкпе, желпәррик адамлар пәтленип баратырса, дос—яранлары: «Сен қуйынлан ба?—дейди (**Т. Қайыпбергенов**). 10. Есерсоқ болмай ер болмас (**нақыл**),

11. Писте мурын, бадам қабақ,
Кең қушақлы, ақ тамақ,
Ҳинжи тисли, пери түсли
Даңқы түскен жәҳәнға (**«Қырқ қыз»**).

**257-шынығыў.** Тексттеги сөзлердиң қайсы сөз шақабына тийисли екенлигин контекст арқалы анықлаң.

1. Ол өзи оттай жигит еди ғой (**И. Қурбанбаев**). 2. Сен ертең колхозымыздың биринши тракторшысы боласаң (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Сонлықтан партизан отрядын дүзип қызыллар келгенше тақ турыўымыз керек (**К. Султанов**). 4. Жуўса, кетпес ақ жүзиңниң қарасы (**А. Муўсаев**). 5. Мине мен атамның ўәсияты менен келиским бир найза соғып атырман (**А. Бекимбетов**). 6. Адамды жастан тәрбиялаўда мектеп айтарлықтай роль атқарады (**Т. Халмуратов**). 7. Урыстан бурын-ақ әкеси капитан болса, өзиниң жайлары қатқан жай болған ғой, шамасы (**Ш. Сейтов**).

**258-шынығыў.** Тексттеги келбетликлерди таўып, олардың формаларын анықлаң.

1. Салдамлы, тынық минезли, ҳеш кимге аўыр сөзи жоқ, кишипейил, әдепли қыз. 2. Шыршадай тып-тынық сөзлердиң ийеси Лира еди. 3. Талантлы прозаиклердей уллы жазыўшы болыўды әрман етер едим. 4. Узын бойлы, ат жақлы бир қыз жетип



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди. 5. Сары сынлы узын келиншек боп-боз болып кетти. 6. Ол бурынғы Султанға ҳеш те усамайды, дым илəнəзик. 7. Жети бөлмели кең сарай қаңырап қалған сыяқлы. 8. Майда-майда көк шарбы бултлар шоғырласып тур. 9. Əке меҳрин сезбеген нəрестелер тасбаўыр болып өспей ме? 10. Ҳəмме сам-саз, қабақлары қатыўлы, жаўатуғын булттай тунжырап отыр. 11. Нийети дүзиў, ҳақ көкирек болса да, көтерип соқпай əдетлери де бар жигит еди. 12. Бала жүдə шаққан, тил алғыш еди. 13. Ҳеш кимге аўыр сөзи жоқ, кишипейил қыз. 14. Қызына жеңил-желпи саўға-сəлемлер де əперип турады. 15. Қара атлы, толық денели бир киси шаўып шықты. (**К. Алламбергенов**).

## КЕЛБЕТЛИКТИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Семантикалық түри
2. Қандай белгини билдиреди?
3. Сапалық келбетликлерде қандай дəреже бар?
4. Қатнаслық келбетликлер де қандай усыл менен жасалған?
5. Составы бойынша түри.

**259-шынығыў.** Тексттеги келбетликлерге толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Қызғын саўаштың қайнаўы менен қарлы қыстың суўығында қызарған Қомэстиң еки бети шоқтай жанып, қуўанышлы көзлери жер көрмей кетти. 2. Капитан ериксиз түрде жасқа толған ызалы көзин төмен қаратып:—жылама, балам, ол мийримсиз фашистлерден өшиңди аламыз,—деди. 3. Бизиң халқымызда «жас суңқар жигерли ҳəм ушқыр болады» деген сөз бар. 4. Ол, ҳақыйқаттан да, нағыз батыр, жигерли, ушқыр, истиң көзин билетуғын шебер ҳəм талантлы летчик, абыройлы командир. 5. Сизлердиң жас жүрегиңиз жалынлы, еле қатпаған қанатыңыз полаттай берик болсын!—деп полковник жас офицерлерге қайырлы тилегин билдирди. 6. Оған қосымша сизлердиң моральлик сыпатыңыз бенен руўхый дүньяңыз жүдə берик ҳəм шыдамлы болыўы керек. 7. Бирден жаўдырап кеткен нурлы көзлер постамент үстинде көкирегин алға керип, кең маңлайы кőкти жарып, буйра шашы гəўҳардай дөнип, алысты гөзлеген ақыллы, ойшыл, Володияға тигилди. 8. Бир ўақлары аспан əлеминиң көгилдир қоңыр жийегин жарып қуяшлы күн шықты (**А. Бекимбетов**).

## САНЛЫҚ

**260-шынығыў.** Тексттеги санлықлардың мəнилерин анықлаң.

1. Олай болса, өзиңниң жүз əскериңди таярлап қой (**А. Бе-**



www.ziyouz.com kutubxonasi

**кимбетов).** 2. Бул туўралы «Республиканың революциялық әскерий советиниң 1920-жылғы екинши июньдеги 261-буйрығы деп, —Меңлимурат аға қолына услап турған китапты оқып берди **(Т. Қайыпбергенов).** 3. Үстиндеги адам ҳәм ат екеўи биригип кеткендей болып көринди. 4. Олар он-онлап, ҳәтте өз туўысқанлары менен хошласа алмай, кимлер атызда, кимлер жолда өлди. 5. Еки-үш полицейский дәрриў басшысының буйрығын бежериўге умтылды. 6. Бир адам, яғний сизиң хызметкериңиз, муш пенен онлағанын сулайтады **(А. Бекимбетов).** 7. Солай етип, енди рабочийлардың қатнасыўы, орта есап пенен 61,6% тен ибарат, яғный ярымына қарағанда үштен еки бөлегине жетеди **(В. И. Ленин).** 8. Солай етип, өзине бекитилген отыз сыйырды бир ярым—еки саатқа жеткермей саўып болады **(Қ. Жуманиязов).** 9. Автономиялы республикамыздың қурылысшылары жол салыўда бир ярым миллион кубометр жер қазыў ҳәм қашы үйиў жумысларын орынлайтуғыны белгиленди **(Ж. Муратбаев).** 10. Сол миллион аналар дүньяда қанша өмир сүрсе, бул да сонша өмир сүреди **(А. Бегимов).**

**261-шынығыў.** Тексттеги санлықлар менен қолланылған есаплық сөзлердиң (нумеративлердиң) қандай өлшемлерди билдиретуғынын анықлаң.

1. Бир топар балалар адамлардың жыл асқаны менен иси жоқ. 2. Оның ВКП(б) ағзалығына қабыл етилгенине бир жыл анық болды. 3. Бес-алты адым атып жер ийискелейди де, айналып келип сол жар тасты тырмалай берди. 4. Пышық мурны батпастай қалың қамыс арасынан еки сааттай жол жүрип көлдиң жийегине шықты. 5. Бир шақырымдай жүргеннен кейин азан менен отын арқалап киятырған бир ғарры кеселеп булардың алдынан шықты **(Т. Қайыпбергенов).** 6. Өлшеме ҳәммени бир аршын менен **(И. Юсупов).** 7. Сейдалы әкесиниң тапсырмасы бойынша үш қадақ гөш, жигирма ағары гүнжи май, қант-чай алып үйине қайтты. 8. Еки-үш танап ашып арпа-жазлық егиўге кирисди. 9. Және биреў найы бир гез шылым көтерип, ара-тура темеки салып, тор астындағы қозды үплеп қойып, ол да дүкәнда отырғанлардың аўызына тутады. 10. Сейдалы, сөзди, қой, мың батпан қайғыдан, бир мысқал ақыл артық **(С. Хожаниязов).** 11. Ол Айшагүлдиң баласы он төрт жасар Бердибай ушын да еки қап шалы қосымша берди **(А. Бекимбетов).**

**262-шынығыў.** Тексттеги санлықлардың сан мәнисинен басқа да мәнилерде қолланылатуғынын анықлаң.

1. Бизиң ойымызша, балықтың мың да бир жаўы—шағала. Атаңа мыңнәлет, жер жутқыр **(Ө. Айжанов).** 2. Соның ушын миллион аналар жүрегинде өмирликке жасайды **(А. Бегимов).** 3. Қыялы тоқсан түрге дөнип турады **(Ә. Тәжимуратов).** 4. Адам бир қуўанышта, бир қорқынышта өзин ериксиз бийлей алмай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дығой (Қ. Султанов). 5. Өзи бир тентек бала сыяқлы («Жеткиншек»). 6. Аман болса, ҳал сорасар бир келип (Әжинияз). 7. Бир билсе, Артық биледи (К. Султанов).

8. Еки бирдей жасаўыл
Буны ҳәм айдап бир келди («Қоблан»).
9. Бир сен ушын, Айна қыз,
Қус жыланды өлтирдим («Ер Зийўар»).

**263-шынығыў.** Тексттеги цифрларды сөзлер менен жазып, санақ санлықлардың формаларын анықлаң.

1. 9 х 7=63, 60:4=15, 73—12=61, 15+18=33, $\frac{2}{3}$, $7\frac{4}{9}$, $3\frac{5}{21}$, 0,03, 0,17, 48>27, 3<5.

2. Ўақыт: $9^{30}$, $10^{15}$, $11^{45}$, $12^{00}$, $13^{55}$

3. Жасы: 13, 14 (қарайды), 20 (өтти), 25 (шықты), 30 (үстинде), 40 (толтырды), 50 (шамасында), 60 (шықты).

**264-шынығыў.** «Бир» санлығының: а) алмасық, б) рәўиш, в) дәнекер, г) жанапай мәнилеринде қолланыўына мысаллар келтириң. Оның ушын «бир» санлығын белгили бир гәп ишинде келтириң.

**265-шынығыў.** Тексттеги санлықлардың мәниси ҳәм составы бойынша түрлерин анықлаң.

1. Жигирма үш каторжниктиң оны опат болды. 2. Тәжимурат бай ишинен сезикленгендей жетинши күни жесирдиң үйине жетип келди. 3. Олардың ишинен биреўи қалқып жүрген бочкаға асылып, суўға батпай қалыў мүмкиншилигине ийе болды. 4. Бес-алты рабочий полицейскийлердиң алдын тосты да кең көкиреклерин қалқан етти (А. Бекимбетов). 5. Нәтийжеде усы көлемниң үштен бир бөлегин вилттен қутқарып қалдық (Қ. Жуманиязов). 6. Аппарат пенен дем алған Бийбисәнем бир ярым күнде өзине келди (Ж. Муратбаев).

**266-шынығыў.** Тексттеги санлықлардың мәнилерин ҳәм олардың жасалыў усылын анықлаң, жыйнақлаў санлықларында бет, сан, септик формаларын көрсетиң.

1. Оның Мадемин темирши екинши әкеси болды. 2. Биз анамыз екеўимиз ашлықты, кеселликти умыттық. 3. Мен өзимниң ойлаған ойларымның биреўин ис жүзине асырыўға киристим. 4. Азанға шекем онға жақын кисен таяр болсын. 5. Жасы он төртлер шамасындағы бала кәрўан басыдан сорады. 6. Онлаған адам аязлап, үш-төртеўи көрпесиниң арасына кирди (А. Бекимбетов).

7. Бабажанлар ҳәм Аллаярлар
Жүзлеп, онлап келип цехлардан,
Қызылларға қосылып олар
Сонда қайтпай гүреске барған (И. Юсупов).
8. Бизлер менен оңысқан,
Он мыңдайын бала бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ели—халқың тағы бар,
Отыз мыңдай ләшкер бар («Ер Зийўар»).

9. Әмиўдиң үштен еки суўы Арал теңизине усы дәрья арқалы тасымаллап қуяды. 10. Еки атты ертле, биреўине өзиң, екиншисине Садық минсин. 11. Екеўиңиз байдың үйинен келген кийимлерди қызға кийдирип, көп кешиктире бермей узатың. 12. Мерген басы бес тилладан төлесин (**К. Султанов**).

**267-шынығыў.** Тексттеги гәплерден санлықларды таўып, формаларын анықлаң.

1. Ал мениң семьямдай семьялар усы совхозда бес-алтаўдан аспайды. 2. Ал басқа жүзлеген семьяда ең кеминде төрт-бестен бала бар. 3. Оның есаплаўына қарағанда ҳәр гектарда алыныўға тийисли нәлдиң үштен бири дерлик жоқ. 4. Екеўи ремонтта, ал үшиншисин бас врач бир ағайининиң садақасына минип кетипти. 5. Деген менен ҳәр центнер зүрәәт ушын үш жүз елли кубометрден артық суў сарп етпеў ушын гүресиўимиз тийис. 6. Расын айтқанда, соңғы жети-сегиз жылдың ишинде илгерилеў жоқ. 7. Бунда еки миллион гектардан aслам пайдаланыўға боларлық жер бар. 7. Сизиң ойыңызша, дүньяның төрттен үш бөлеги суў, олардың орнына да егин егиў керек пе? 8. Жигирма жүк машинасынан он төрти ғана еплеп қыймылдап турған. 9. Бахыт қусы биреўдиң басынан ушып, екиншиниң басына қонады. 10. Ал сизге қырық биринши размердеги етик керек болса, не қылар едиңиз? 11. Тәўекел, екинши этажға шығып, есигин қақты. 12. Автобустан түскеннен кейин «Жаңалық» совхозының орайына шекем еки километрдей пияда жүриў керек еди. 13. Бул кәраларда ҳәр жылы жети миллион тоннадан aслам тәбийғый от-жем жыйнап алыў мүмкин (**Т. Қайыпбергенов «Көздиң қарашығы»**).

## САНЛЫҚТЫ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Санлықтың мәниси бойынша түри.
2. Состав бойынша түри.
3. Тексттеги формасы.

**268-шынығыў.** Тексттеги санлықларға толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Оның жаңа ғана он төртти толтырып, он беске аяқ басқан ўақлары еди (**Т. Халмуратов**). 2. Он-он бес бесатар, жигирма-отызлаған берзеңке, тағы да жети-сегиз қара мылтық пенен жаў қайтарамыз деў ақмақшылық (**А. Бегимов**). 3. Мына екеўимизди қаңбақ шелли көрмеди. 4. Ханға елден жыйналған салғырттың төрттен бири де жетеди. 5. Оннан берли жигирмалаған жыл болды. 6. Бүгинги отырыспада екеўиниң ықлас-кеўили сезилип қалды. 7. Өгиз, сыйыр ,жылқы еки-үштен ҳәр арбаның арысына байланған (**К. Султанов**). 8. Сегизи келеси жылы—он



www.ziyouz.com kutubxonasi

алты, буған тағы төрттен қосаң, жигирма болды ма? **(Ш. Сейтов).**

## АЛМАСЫҚ

**269-шынығыў.** Тексттеги алмасықларды табың, олардың қайсы сөз шақабына қатнаслы екенлигин анықлаң.

1. Ал енди, Темирбек, сени күткендеги мақсети: мен шығып кеткен соң ол мен туўралы бир нәрсе деп тил қатпады ма, соны билейин деп едим. 2. Изшилер ҳеш сөйлеспейди, ҳәр кимниң өз билгени ишинде. 3. Бирақ усы жәнжел туўралы кемпири айта қоймаса, өзи тисинен шығармаған еди. 4. —Сиз ким боласыз? 5. Жолдасларын қандай тақыллетте отыр деп сынағандай, гейде көз қыйығын оларға салып, ала көзлерин аўдарып бир қарайды **(Т. Қайыпбергенов).**

6. Оның жүрегинде... Әбдираман бар,
Ҳәмме «Әбдираман» десип аҳ урар **(И. Юсупов).**
7 Ҳәр кимниң өзинше несийбеси бар **(И. Юсупов).**
8. Ҳеш ким жоқ, тек ғана анадай жерде
Қулаған дегиштиң айдынын көрди **(И. Юсупов).**

9. Солай болса да, гейбир басқарма ҳәм өндирислердиң мийнетти шөлкемлестириў дәрежеси жоқары, ал базыбиреўлериники жаман **(Т. Халмуратов).**

**270-шынығыў.** Тексттен бетлеў ҳәм өзлик алмасықларын табың, олардың бетин, санын ҳәм сеплигин анықлаң.

1. Мен қайда барсам да, өзиңди меннен бурын сол жерде көр. 2. Биз сизиң жалғыз балаңыз ушын мәмлекетлик иске зыян тийгизиўге тийисли емеспиз. 3. Сен иркиле тур,—деди Дәрменбай қақыраның қасына жақынлап, сөйтти де өзи ишке кирип кетти. 4. Директор Тәжен аға сениң усылай түсинетуғыныңды маған ескерткен еди. 5. Тек өзиңе сақ болып, еплилик пенен ғана ис апарыў керек. 6. Урыў ҳаққында түсиник дәслеп өзлеримиздиң коммунистлердиң санасынан биротала шығып кеткен болыўы тийис. 7. Егер усы отырған үшеўимиз үш дийқанды айтқанымызға көндирсек, олардың ҳәр бири өзлерине ең кеминде бир бирден дос табады. 8. Оны көп қысындыра бермеў ушын Жийемурат өз нәзерин ишип отырған кесесине аўдарды **(Т. Қайыпбергенов).**

**271-шынығыў.** Тексттеги силтеў алмасықларының мәнилерин (алыслық—жақынлық, анықлық—анық емеслик) анықлаң.

1. Жийемурат усы қыяллар менен бәнт болып, күнниң шыға баслағанын да ескермеген еди. 2. Усы ой үстинде өзи жатырған жайдан былай-былай шыға алмады. 3. Себеби олар мына пы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шыққа усап, қуйрығын былғаңлатып, ҳәр кимге бир жағымпазланады. 4. Ким билсин, ишине мынаў үйдиң қымбатлы затлары тығылған шығар. 5. Ақ қағаздай киршиксиз, қызыл алмадай жарасқан анаў қал мынаў жигитлердиң көзинен қашып қутылар емес. 6. Енди терек егип, оны жетилдиремен дегенше мына тораңғыл пәкизе көлеңке. 8. Бес-алты адым атып жер ийискелейди де, айналып келип сол жартасты тырмалай берди (Т. Қайыпбергенов). 8. Ол сыйырдың да изине қара ермейди (К. Султанов).

9. Мынаў бийик—Арзы көлдиң жағасы,
Анаў шоқ тал—Пахтаабадтың сағасы (И. Юсупов).

10. Бизге ойнаў жолын үйреткен де сол (И. Юсупов). 11. Жаўдың туў сыртына бизлер барайық (К. Султанов). 12. Сен түнәў күни райкомнан шыққан соң қайда қайрылдың? (Ө. Хожаниязов).

**272-шынығыў.** Тексттен сораў-қатнас алмасықларын табың. Сораў алмасықларының мәнилерин, қандай сөз шақабына тийисли екенлигин, ал қатнас алмасықларының атқарып турған хызметин анықлаң.

1. Урыўшылыққа жол қоймаў керек деп, кимге тийгизип атырғанын мен түсинбедим. 2. Муратов деген ким? 3. Жеңге, өлген ким деген? 4. Буған не себеп болғанын анықлап алыўға да Багровтың қолы тиймей жүрген. 5. Бул не?—деди Жийемурат. 6. Жети түнде неге жүре бересең? 7. Бирақ өзи туўралы не дестиңиз? 8. Япырмай, бала, де деген менен оқып шыққан дә! 9. Бул сораў оған Шортанбай аўылындағы комсомолецлер менен жаслардың қандай тилеклериниң бар екенлигин, кимниң қандай екенлигин билмей жүрип, қалай комсомол ячейкасының секретары болып жүрсең дегендей сезилди. 10. Ол қанша ойланса да, устағанлы ҳеш нәрсеге қыялы жетпей қыйналды. 11. Садық аға, пахта жериңиз қанша? 12. Неше адам келди? 13. Ҳәттеки қайсы әңгимени кимниң айтып отырғанын да аңғара алмады. 14. Бир жаманның кесапатынан болған ҳәдийсеге не илаж бар? 15. Қалай етип қазаланғанын еситип атырман. 16. Дәўлетбайдың жәрдеми қалай? 17. Дән планды қашан төлеп боласыз? 18. Айт, шырағым, қай жол өзи? (Т. Қайыпбергенов).

**273-шынығыў.** Тексттен жәмлеў ҳәм белгилеў алмасықларын табың. Олардың атрибутивлик ямаса субстантивлик хызметте келгенине нәзер аўдарың. Субстантивлик алмасықлардың формаларын анықлаң.

1. Сонлықтан пүткил өнерин әскерий хызметке арнаўды мақул көрип Ленинградтағы жоқары әскерий-теңиз училищесине барыўды уйғарды. 2. Олар Вахштың суўында жасырынып атырған электр жарығын гүллән халыққа инәм етеди. 3. Бирақ ҳәммесинен бетер, ҳешкимге өкпе-гийнесиз, ҳеш ыза шексиз, гиршиксиз пәк болып өмир сүргеннен басқа өмирде бахыт жоқ екен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. Ҳәр дайым сол себептен ҳәммеси солай болыўға тийис шығар деп пәмлейтуғын да болды. 5. Ал бизлердей жас үлкенлер ҳәмме ушын ҳүрметке ылайық. 6. Олардың барлығы дәрҳал автобустан шығып тым-тырақай қашты. 7. Ол ушын барлық сайлаўшылар бир адамдай даўыс берди. 8. Мениңше, ҳәр дәўирдиң өзине ылайық революционери болады. 9. Аўа, ҳәр ким еншисине тийгенин қолына алады. 10. Ҳәр қайсысы жүз тоннадан жүк көтеретуғын еки ири кранды монтажлады. 11. Өйткени бул усыл ҳәр бир адамның өз ўазыйпасын орынлаўда айрықша жуўапкершилигин арттырады, ал жалпы мийнет нәтийжеси ҳәр бир участкада, ҳәр бир бөлимде жоқары. 12. Сонлықтан қай бир иске болса да, бизлердиң әдил баҳамыз олардың ҳәр бирине әҳмийетли **(Т. Халмуратов)** 13. Дуйым журтың алдында Сәлийма жол баслап киятыр **(Ө. Хожаниязов).**

**274-шынығыў.** Тексттеги белгисиз ҳәм болымсызлық алмасықларын таўып олардың составын (қурылысын) ҳәм тексттеги формасын анықлаң.

1. Усы ўақытта сыртқа шығып келген Семен әлле неге қуўанған түрде даўрығып кирип келди **(К. Султанов).** 2. Олар әлле кимге қандай да бир нәрсеге наразы болғандай түр билдирип мушларын түйип, өз тиллеринде даўысын бәлент шығарып сөйледи **(А. Бекимбетов).** 3. Директор жағын таянып, әлле қандай ойға шүмген секилли отыр еди. 4. Ал Жуманазар жаңағы айтқан гәпине оның итибар бергенине өзин әлле бир нәрседен кемситилгеңдей сезди. 5. Ҳәкимнияз сменаға келген күни гейбир машиналардың жүрмей қалатуғыны дурыс. 6. Ал буны гейпара цех начальниклери жақтырыңқырамайды. 7. Ҳәкимнияз тағы бир нәрсе десе, ис насыраға шабатуғынын билип, мыйығынан күлди. 8. Дәли Изтилеўович биреў менен телефон арқалы қызып сөйлесип атыр еди. 9. Мине соның салдарынан гей биреўлер жөнсиз баҳаланса, ал базыбиреўлер сол баҳаланғанлардан недәўир көп мийнет етсе де, итибарсыз қала берди **(Т. Халмуратов)**

**275-шынығыў.** Тексттеги гәплерден алмасық мәнисинде қолланылатуғын сөзлерди табың. Олардың қайсы алмасықтың мәнисине жақын екенлигин түсиндирип бериң.

1. Қапталымда биреў көрингендей болып кетти. Қарасам, бенде жоқ **(Т. Қайыпбергенов).** 2. Көлбай да, Пирман да ҳаслы есапшы емес. Питирген дымы жоқ **(Ө. Әбдирахманов).** 3. Өмирде даўысын шығарып ыңқылдағанын еситип көрмеген жигитте не әндийшелер барын ким билсин! **(Ш. Сейтов).** 4. Қалай, балықты услаўында бир кемислик жоқ па? **(Ө. Айжанов).** 5. Қасыңа биреў келе алмайды **(Ө. Айжанов).** 6. Алдағы үшеўдиң издеги аңлыўшыдан түк хабары жоқ **(Ш. Сейтов).** 7. Нәрсе аштан өлмейсең **(О. Әбдирахманов).**



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛМАСЫҚТЫ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Дәслепки (атаў сеплигиндеги) формасы.
2. Мәниси бойынша түри.
3. Қайсы сөз шақабы менен қатнаслы?
4. Составы бойынша түри.
5. Тексттеги формасы.

**276-шынығыў.** Тексттеги алмасықларға толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Иним, мең сизлерди күтип тур едим. 2. Оған енди кең дүнья тар көринип, бир бәледен қутыла алмай жүргенде екинши бәлеге шатылғанына қатты ызаланып, бул бәледен қалай аман қутылыўдың жолын изледи. 3. Қанша қайғыланса да, қанша зар шексе де, белгили бир жуўмаққа келе алмай, бир отырған қәлпинде... отырып қалды. 4. Себеби оларынан айырылса, журт не күн көреди? 5. Оны сатқанда не, өзимиз ийирип кийим кеншек қылғанда не? 6. Келгенлердиң ҳәммесинде де қандай да бир ашыў кейпи бардай. 7. Ҳеш қайсысы үндемеди. Бектурсын бәринен де бетер шад болып кетти. 8. Сениң ҳеш кисиге қатты келиўге ҳақың жоқ. Ким не десе, соны көтере бериўиң керек, сонда сени ҳәмме сыйлайды. 8. Биреў болмаса, биреў усы минезиңе «жоғалсаң-ә, дийўана!» десе, неше пуллық киси боласаң? 10. Сен егер ҳешкимниң үйинде басыңды батыра алмасаң, маған қандай жәрдемши болғаның! **(Т. Қайыпбергенов)**

**277-шынығыў. Тексттен алмасықларды табың, олардың мәнилерин, формаларын ҳәм қайсы сөз шақабына қатнаслы екенлигин анықлаң.**

1. Булардың қайда барғанлықлары да белгили болмады **(Қ. Ерманов)**. 2. Қыздың өзи усыны қәлеген **(С. Баҳадырова)**. 3. Ким болса да, бул адамды буннан еки жыл бурын көрген **(Н. Қурбанбаев)**. 4. Өтегенниң еле сол қызбалығы қалмаған. 5. Айтайын десем, ол бийшараның қолынан не келеди. 6. Өзин қойып сени пүткил миллетине қыз қылған бул адамды «аға» десең, арзыйды. 7. Кешеги ким, булар ким өзи?—Ол кимиңиз еди? — деп сорағанда, сары сынлы кисиниң сийрек сақаллары жыбырлап, әлле нәрселерди қыпса сақлағанлығы сезилип турды. 8. Жийемуратқа енди Жәлменниң мақсети рәўшан болды. Сонлықтан бул туўралы майдалап ҳеш нәрсе сорай берместен, оның көпшиликке қосылып колхозға кириўин өтинип сорады **(Т. Қайыпбергенов)**. 9. Соннан соң Валя шыраларды өширип өз бөлмесине барып жатып қалды **(А. Әлиев)**. 10. Соның ушын ба яки болмаса буларға жаны ашый ма, Василийдиң ҳаялы Валя буларды басқалардан гөре жақынырақ тарта баслады **(А. Әлиев)**.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ФЕЙИЛ

**278-шынығыў.** Семантикасы жағынан бири-бирине жақын болған фейиллерди группалап ажыратың

1. Көр, иш· тарт, күт, мақта, қәле, бер, жибер, сыйла, тер, жыйна, ҳүрметле, тапсыр, унат.

2. шық, жөнел. тарқа, кет, бар, кел, атлан, уш.

3. шырайлан, аз, оян, семир, уйықла, аўыр, ашы, бат, шум, өл, азай қысқар.

4. сайра, мөңире, маңыра, еңкилде, едирей, жылпылда, домала, үр.

5. балала, қулынла, гүлле, ғумшала, жапырақла, басла (жүўерн), ашыл, күшикле.

**279-шынығыў.** Тексттеги мәнили ҳәм көмекши фейиллерди, бетлик ҳәм бетлик емес фейиллерди анықлаң.

1. Бай сыртқа шықты. 2. Таң саз берип киятыр. Жулдызлар сийрексиген, әлле қайларда бир топ шағаллар шуўласады. 3. Бай буған итибар берген жоқ, шағалдың сестин еситип жүргени жаңа ма! 4. Қәдимги таныс сеслер дә!... 5. Туппа-туўры шалдыўарына тартты. 6. Ханнан хабарсыз ғунаны керилип тур. 7. Жем әкелди деди ме, оқыраныпқоя берди. 8. «Жаныўар, бир шабылатуғын болдың. 9. Ҳадал малым болсаң, ийеңди табасаң?»— деп гүбирленди сылап-сыйпап· —сөйтпесек, болмайды, ақыры! 10. Ала бәҳәрден гүндесин сүйреп, қыс болса, отынын тасып көп қайыр көрсеткен үлкен көк өгиз гүйес қайтарып жатыр. 11. Бай оған да қыйылып қарап гүбирленди **(Ш. Сейтов).**

**280-шынығыў.** Төмендеги фейиллер менен гәп дүзиң. Олардың мәнили ҳәм көмекши болып келетуғын жағдайларын көрсетиң.

ал, басла, тур, кет, шық, отыр, бер, көр, жүр· қал, от, кел, қой, бар, түс, сал, жибер, қайт.

**381-шынығыў.** Тексттеги фейиллердиң аўыспалы ямаса аўыспасыз екенлигин анықлаң .

Өз өмиринде киси неше рет көз жас төгип, неше рет қуўанбайды? Адамзат бинә болғалы биреўдиң екиншиден үйрениўи ямаса биреўдиң екиншиге үйретиўи үзликсиз даўам етип киятыр.

Әўладларға әўладлар тәжирийбе қалдырады. Жаңа жас әўладтың өз-ара қарым-қатнасында, әдеп-икрамлығында буннан көп жыллар бурын өткен әўладлардың минез-қулқы қайталанғанының да гүўасы боласаң. Буның да тәбийий жағы бар. Егер егеде әўлад өзи дөреткен руўхый ҳәм мәдений байлықларды, әдеп-икрамлылық қағыйдаларын, ең жақсы үрп-әдетлерин келеси әўлад бузатуғынына көзи жетсе, олар менен жаман мүнәси-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бетте болып ғана қоймай, ата-ана болыўдан да ўаз кешеди. Бирақ ҳешким бул өмирдиң тоқтаўына себепши болыўды қәлеўи мүмкин емес. Солай деген менен бәршеге бир нәрсе аян, бул өмирде нендей ўақыялар пайда болмайды? Адамзат басынан нени кеширип, неге төтепки бермейди? Усындай болғаны ушын да бирсўди биреў жубатпақшы болса: Өмир-өмир дә!», «Бәри — бул жалғаншы дүньяның иси дә», —дейди...·Дүньяда ең ақыллы ҳәм күшли мақлуқ деп есапланған адамның өмир жолын нәзер салып терең ойлансаң: «Ол неге соншама әззи?» деген сораўға тирелесең **(Т. Қайыпбергенов).**

**282-шынығыў.** Фейилдиң өзлик, шериклик, өзгелик ҳәм белгисиз дәрежелериниң қандай аффикислер арқалы жасалатуғынын еске түсирип, төмендеги фейил тийкарларынан олардың қайсы формаларының жасалатуғынын анықлаң.

көр, кет, басла, оқы, жаз, тын, жат, сөйле, қайт, тапсыр, ал, ушыра, қама, қыстыр, үйрет, жаса, қара, сора, бер, ойна.

Фейилдиң дәреже формаларының мәнилерине ҳәм гейде еки дәреже формасының омоним болып келиўу жағдайларын мысаллар менен, көрсетиң. Мысалы: Олар келди—Олар келисти. Наўқас врачқа көринди —Узақтан бир-еки адам көринди. ҳәм т. б.

**283-шынығыў.** Тексттеги фейиллердиң дәреже формаларын анықлаң.

1. Әмет келген пәтинен иркилип қалды. 2. Душпанның он бес самолеты, бес танки, он төрт автомашинасы жоқ етилди. 3. Сержаң Әметтиң үйиде урысқалы сөйлеспейтуғын еди, бул сөз жаладай көринип, бирден ашыўланды. 4. Соңғы сапарда фронтқа жөнелгенлердиң бәринен де әскерий бөлимлери жазылған хатлар келе баслады. 5. Бирақ Әмет тап дийдисине жетип, соңғы демин алғандай лық-лық атып Атамуратқа сүйенди. 6. Ғаўашаның тәрбиясы басланды. 7. Атамурат асықпай ҳәммесиниң изинен шығып киятыр еди, қолларын созған көп балалардың ортасында турған почтальонды көрип иркилди **(Т. Қайыпбергенов. Секретарь).**

**284-шынығыў.** Тексттеги фейиллердиң дәрежелерин, олардың мәнилерин анықлаң.

1. Ҳо, жақсы балалар екенсиз, енди даўласпаңлар. 2. Ал Әмет жалғыз улы болған соң, оның зейнине тиймей, еркелетип өсирди. 3. Жигитлер мени сөйлетип .еки душпанды қалай әкелгенимди ертектей десип дуў күлисти. 4. Ең railминде оны басқа бригадаға жумысқа өзгерт. 5. Атамурат оның басындағы орамалын алып, өзиниң тарағы менен шашларын тарап, жубатып қасына отырғызып чай берди. 6. Егер биреў менен шатаса қойса, гегирдеги кеўип кеткенше айтысады. 7. Ҳәзир алдыларына келип отырған үш оқыўшы да фронттан келген хаттың авторын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай болыўды әрман етисип орынларынан қозғалысып қойды. 8. Директордың кеңеси, исеними Атамуратты қанаатландырып жиберди (**Т. Қайыпбергенов. Секретарь**).

**285-шынығыў.** Фейилдиң болымсыз формаларының қандай усыллар менен билдирилетуғынын айтып бериң. Берилген фейилдиң формаларынан болымсыз формаларын жасаң.

жибер, тасла, сөйле, тарқа, басла, жыйна, сөйлемек, келмекши, атыспақ, жазажақ, шықпақшы, сайраў, ертпекши, оқыў, оян, жөнеў, санамақшы, толыў.

**286-шынығыў.** Төмендеги гәплерден фейиллерди табыңлар, олардың а) бетлик ямаса бетлик емес екенлигин; б) мәнили ямаса көмекши екенлигин; в) аўыспалы ямаса аўыспалсыз екенлигин; г) дәрежесин анықлаң.

1. Гейде ҳәптелеп те үйге келмей қояды. (**С. Хожаниязов**). 2. Сөйтип, келген жылы-ақ батрачком болып сайланды (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Төрткүлдеги төрт айлық оқыўға кетейин деп атыр (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Усы мәҳәлле көше бойлап алай-булай адамлар ағысы басланды. 5. Аўлағында өзли-өзимиз күлисемиз. 6. Буннан артық сөз таппай хатты бүклеп-бүклеп қалтама салдым да жаттым (**Т. Қайыпбергенов**). 7. «Артист, артист» десер журт усы күнде. 8. Күн қызбай жумысты питкермек дәркар (**И. Юсупов**).

**287-шынығыў. Қоспа фейиллердиң еки компонентине де (мәнили фейилге де, көмекши фейилгеде) дәреже аффикслерин жалғап көриң, олардың мәнилик айырмашылықларын анықлаң.**

**Үлги: алып кет: алысып кетти—алып кетисти—алынып кетти-алдырып кетти—алып кеткизди—алып кетилди ҳәм т. б.**

**айтып бол, қарап қал, сөйлей бер, күлип қой, жазып бол, келип кет, тартып шық, көрип ал.**

**288-шынығыў. Төмендеги гәплерден фейилдиң мейил формаларын, олардың бетин ҳәм санын анықлаңлар.**

1. Тезирек барып комсомолецлердиң ҳаўазын тыңлағысы келди (**Ә. Тәжимуратов**) 2. Ҳәр ким үйли-үйине тарқассын. Еки ортада бизлер шуўласып қалмайық. 3. Қолыңнан келсе, ҳәзир жер тарттыр. 4. Сәпиўра байлардың астыртын сөзин қадағалап жүрсин (**К. Султанов**). 5. Бирақ та оннан нәтийже шықпаса, азабы жаман (**И. Юсупов**). 6. Жолларыңыз айдын, мақсетлериңиз орынлы, тилеклериңиз бирдей болсын (**Ж. Аймурзаев**). 7. ...жалғыз тилегим: мин таппағай (**Т. Қайыпбергенов**). 8. Сонлықтан ким бурын қалғыса, шымшып отырғайлы деп келискенбиз (**К. Султанов**). 9. Сен неге жылайсаң, көзиңе қум қуйылғыр (**А. Бегимов**). 10. Иләжсыздан оның қолындағы қуманды алмақшы болғаным менен, өзи суў қуйғысы келди (**Т. Қайып-**



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергенов). 11. Күн батар алдындағы сағымлы көринис қандай қараған сайын қарағың келеди. 12. «Көзиң тиймесин!» деп көрген адамның кеўлине тийди (Ж. Аймурзаев).

13. Жигит болсаң арысландай туўылған,
Хызмет еткил удайына халық ушын (Бердақ).

**289-шынығыў.** Фейилдиң мейиллерин анықлаң.

Жетерсең муратқа хызметлер етсең,
Елатың силтесе, ғайры елге кетсең.
Душпанның ҳәр қашан басына жетсең,
Аянбағыл хызметиңди халық ушын.

Бердимурат, ойлап айтқыл сөзиңди,
Көтерме лап урып тек те өзиңди
Қызартпағай халқың сениң жүзиңди.
Қолдан келсе, хызмет еткил халық ушын.

Исиңде, жигитлер, қамлық болмасын,
Ғумшаланған, гүлиң ҳәргиз солмасын,
Билек күшли болып, әлиң талмасын,
Хызмет әйле қолыңызда бар ушын.

Қуўат бергей алла нәзик беллерге ,
Мәдет бергей таза ашылған гүллерге,
Бахыт келер ме екен бизиң еллерге?
Өлгенше айтарман сөзди халық ушын.

Сөйле, Бердимурат, сөзлеме ялған,
Бул дүнья—узақ жол атаңнан қалған,
Жақсы жүрер бул заманда ақыл алған,
Жақсылар хызметин етпес өзи ушын (Бердақ).

**290-шынығыў.** Төмендеги фейил түбирлеринен: а) өткен мәҳәл; б) ҳәзирги мәҳәл, в) келер мәҳәлдиң болымлы ҳәм болымсыз формаларын жасаң.

өт, жаз, сөйле, қуўан, уш, көр, кел, аш, қал, жүр, оқы, ойла, бил, асық, шақыр, қаз, түсин, тарт.

**291-шынығыў.** Мысаллардағы өткен мәҳәл формаларын таўып, олардың мәнилик өзгешеликлерин анықлаң.

1. Баўыр басқан адамдай олардың мен де қасынан шықпадым. 2. Мырзабаев та, тағы басқа толып атырған дос-туўысқан жолдаслары штабқа қарай ығысты. 3. Жаўдыраған көзи ноқаттай қараўытқан. 4. Толы зәмберди жоқары шығарып киятырған ай жүзли Айшолпанга ҳәмме ынтық болып қарар еди (Ж.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Аймурзаев)**. 5. Жийемураттың аўылда тәуир-ақ ўақыт болатуғынына көзи жеткен соң, келген күнининң ертеңине-ақ Серкебай екинши бөлмесин босатып, ишин тазалап берген еди. 6. Иним, бул аўылға еки жыллықта көшип келип едим, күтә бийтәртип аўыл екен **(Т. Қайыпбергенов)**. 7. Араласпа буған, еле жассаң, қазының алдында талай молланы майырғанбыз. 8. Көзиниң қарашығы түнерип, сыйғақ бети сурланып кетипти. 9. Кеше егиниме түсти деп жаңғыз сыйырды кемпирдиң қолынан тартып алып кетипти. 10. Кеше сыйырын жоқлап шағынып барғанда Қосыбайдың кемсалыйқа қарағанын сезген еди **(К. Султанов)**.

**292-шынығыў.** Мысаллардан фейилдиң ҳәзирги мәҳәл формаларын ҳәм олардың мәнилерин анықлаң.

1. Адамлар бурынғыдай мысқыллап, қадақлап емес, килолап алып атыр. 2. Қой урлап сатайын десе, ҳәптеден бир мәртебе Өтеш санап есабын алып тур. 3. Аўыл, қала, жаңарып, турмыс күн санап раўажланбақта **(С. Хожаниязов)**. 4. Арқа жақтан бәҳәрги өртеңдей қаплап бууўдақланған қара қоңыр бултлар киятыр. 5. Аспанның уша басына өрмек салып, узақтан жеккесийрек кәрўанлардай шубырып ушқан тырналар қублаға қарай өтип тур. **(К. Султанов)**. 6. Рәмет шекпенин ийнине желбегей салыўы менен қалғыңқырап отыр. **(Ө. Хожаниязов)**. 7. Шаңқылдаған шағалалар көлдиң ишин жаңлатыўда **(А. Бегимов)**. 8. Ағараңлап таң атып киятыр **(Ө. Хожаниязов)**. 9. Бригадир менен студентлердиң келиўин күтиўдемен.

**293-шынығыў.** Мысаллардан анық келер мәҳәл, ҳәзирги келер мәҳәл, болжаўлы келер мәҳәл ҳәм ниийетли келер мәҳәл формаларын табыңлар.

1. Ал жолда топылса, қәйтемиз **(К. Султанов)**. 2. Енди сени быйылғы жазда жылқы бағыўға жиберемен **(Ғ. Сейтназаров)**. 3. Тек Жуманияздан ғана емес, ал барлық езиўшилерден, қанхорлардан өшиңди аласаң **(А. Бекимбетов)**. 4.—Балалар,—деди Меңлимурат аға бизлерге қарап,—аўыл Советтиң председатели сизлер менен сөйлеспекши **(Т. Қайыпбергенов)**. 5. Сонда да душпанның қолына түсежақ емеспен **(Н. Дәўқараев)**.

6. Ермес жақсы пасықлардың сөзине,
Көп берилмес өз басының ҳәзине,
Ғайрат берип өлгенинше өзине
Хызмет етер мудам уллы халық ушын **(Бердақ)**.
7. Залымлар тыңламас мөҳминниң зарын,
Олар ойлар өзлериниң оңарын **(Бердақ)**.

**294-шынығыў.** Тексттеги фейиллердиң мәҳәллерин анықлаң.

1. Бизиң жигитлердиң уралаған даўысы тынбай жаңғырып тур. Жас Совет ҳүкиметин қулатыў ушын тум-тустан ақ гвар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дияшылар атака жасапты. 2. Бул буйрыққа гедейлер дәрпенген де жоқ, қулақ та асқан жоқ (К. Султанов). 3. Темирбай әриберн адамларды тынышланыўға шақырып еди, көтерген даўысын ғаўырлы басып, дуў күлки жуўғарада басылмады. 4. Әдеттеги айырым жағдайлар болмай-ақ буған усаған кишигирим мәжилислер талас-тартыссыз өтпейтуғын еди. Ең болмағанда, биреўдиң атқарған жумысы яки бир бригаданың адамларының өрген гербишиниң сапасызлығы, болмаса биреўлердиң өз жумысын таслап, я бригадирине, я бирге ислесетуғын жолдасына айтпастан, участкалық начальнигиниң силтеўи менен жүргенин де гәп етер еди. 6. Мен бас инженерге барсам, №3 участкадан ал дейди. Оған барсам, босамағанын айтады. 7. Тийкарында да ол кран қарап тур. 8. Бул адамның шығып сөйлеўи Темирбайда үлкен тәсир қалдырған еди (С. Салиев). 9. Ал, қарындас, мен елге қайтажақпан. 10 «Қар жаўды» деп қуўанба, аязы болар соңынан.

**295-шынығыў.** Фейиллердиң мәҳәл формаларын көрсетиң. Мәҳәллик формалардың өз мәнисинде ямаса басқа мәҳәл мәнисинде қолланылғанын текстиң мазмунына қарап анықлаң.

1. Өзимди өзим зорға бийлеп аламан да, лейтенантқа звонить етемен, я бараман. 2. Базда лейтенант Ембергеновты тынышсызландыратуғын мақсетим белгили ўақытларға есимнен шығады. 3. Бирақ ҳеш үмитсизленбеймен (Т. Қайыпбергенов). 4 Олар енди үндемей ҳәм тыныш тура алмайды. 5. Жылдың басқа мәўсимлери ўақтында батпақлықлардан ҳәм дәрьялардан өте алмайсаң. 6. Мен басымды көтерип едим, күшли жақтылық көзимди қамастырды. (А. Бекимбетов). 7. Боласынлы жердиң баласы бес жасында баспан дер (К. Султанов). 8. Ал Сәлийма апа, Несибели синлим, мен исенип кетип баратырман (Ө. Хожаниязов). 9. Ҳәкисине тап сол күни күн ашық болар ма? (Ө. Айжанов). 10. Ўақты-ўақты қаңғалап кетеди (Ш. Сейтов). 11. Сонлықтан ҳәрким өз Ўатанын «ана» деп сөйлейди (К. Султанов).

12. — Қалай, сөйлесип турасызлар ма?

— Сөйлесип деп, сөйлесемиз ғой. Гәп-сөзи дузиў (С. Салиев). 13. — Сен ҳәм сениң баланның жыртысын жыртып болдық деп ойлайман, отағасы. Олар менен танысыўға түсип кетип, ҳәтте сизди де умытып кетиппен (С. Салиев). 14. — Соның менен биз үйге қайттық,—деп Дүйсек өзи менен өзи сөйлесип атырғанда, еңсесинде турған Сейтжан ағаға көзи түсип кетти (С. Сәлиев).

15. — Султан аға, келистик пе?— деди Темирбай ортадағы ҳәзил гәплердиң созылып кетпеўин қәлеген кейип пенен (С. Салиев).

**296-шынығыў.** Фейилдиң даўамлы түрин жасаўшы көмекши фейиллерди ҳәм аффикслерди көрсетиң олардың мәнилерин анықлаң.

1. Гейде ҳәптелеп те үйге келмей қояды (С. Хожаниязов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

2. Өтептиң ажары кем-кем жибисе берди. 3. Соңғы сөзин кеўли ыдырап жыламсырап сөйледи. 4. Анамның да жүзи жадырап сала берди (**К. Султанов**). 5. Бир қойға екеўлеп, үшеўлегенде күшимиз жетпей атыр (**С. Бахадырова**). 6. Үйде отыра-отыра зеригип кеттим (**К. Султанов**). 7. Ол әлле қандай бир қағазларды аўдарыстырды (**Х. Сейтов**). 8. Анаў күни усы әңгимени Әжинияз айтқанда, баласынып, онша исениңкиреген жоқ еди (**К. Султанов**) 9. Кемениң қақ ортасында турдым да қойдым (**К. Султанов**) 10. Бул даў еле үшекке шығыңқырайды (**К. Султанов**). 11. Қуўғыншылардың кемесин өрге қарай еки ат тартып киятыр. 12. Дәрибийке бир шетте тур, Қосыбайды көрип, жыламсырап күйеўине топылды. 13. Енди тағы биреўин қарастырып жүрмен (**К. Султанов**). Бийбигүлдиң сөйлеўге ҳалы жоқ, тамға арқасын бериўи менен лал болып отырысы отырыс (**Т. Халмуратов**). 15. Усыннан кейин кеўлим бираз сергеклене баслады (**Т. Қайыпбергенов**).

**297-шынығыў.** Фейилдиң даўамсыз түрин жасаўшы көмекши фейиллерди таўып, олардың мәнилерин анықлаң.

1. Еки студентти кейнине ертип ол жайдан шығып кетти. 2. Ол ертелеп атызға барып келди. 3. Урыс салдарынан көп қыйыншылықларға ушырап қурылыс жумыслары, қаланы абаданластырыў мәселелери пүткиллей тоқтап қалды. 4. Бағман ағаға қарай мени ийтерип жиберип, далаға шығып кетти де, бир дәсте отынды қазан ошаққа ысырып жиберип қазанға жүўери гүртигин сала баслады. 5. Соның арасынша студентлер де жыйналып, Фатийманы қыр дөгерек қоршап алды. 6. Ата-анамның сейислеп байраққа қосқан жүйириги мерекеде озып шықты. 7. Бозлықтағы сонаға шыдамай танаўын тартып, пысқырып, шыбжыңлап киятырған атлардың желиси менен үйге де келип жеттик. 8. Муғаллим менен завхоз маған келип болған ис туўралы толық айтып берди. 9. Тилеўмурат ата өз сөзин шорта кесип таслады. 10. Мен де оған қарап қойдым. 11. Бир ешекли жолдан өтип баратырып, жөнине кете бермей, мол гөшке көзи түсип, қапталындағы жолдасына: «мынаў жабайы шошқаның гөши гой» деп айтып салды. 12. Соның арасынша факультет басшылары студентлерди жай-жайларына араластырып болды.

**298-шынығыў.** Фейилдиң бет-сан көрсеткишлериниң: а) түрлерин; б) фейилдиң қандай формаларына жалғанғанын; в) мәнилик өзгешеликлерин анықлаң.

1. Сен отырсаң қара талдың астында,
Мақпал тисли еки көпшик дәстинде,
Қол былғасам «қара айғырдың» үстинде
«Көзим гиреў тартып көрмедим» дерсең.
2. Телектеги жарадарды,
Сүйип дәрҳал түсирдик те,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаналап тез айғабағарды,
Қирдик барып қалың буккс.
3. Қартлар: «Сизге усап жасарсақ»,—дейди,
Ал мен: «Сиздей болып қартайсам!» деймен.
4. Қеўлимдеги дәртим умыт болсын деп,
Бир гилемди сексен төрт ай тоқыдым.
5. Демек, солай болса, умытпаң онда:
Жақында шығасыз сиз каникулға,
Үйли-үйиңизге тарқалмаң бирақ,
Биз ойын қоямыз елди аралап.
6. Дос адам өлшемей сырттан тон пишпес,
Сүринсең, сөз ертип изиңе түспес,
Қайта оның сырын билиңлер, қәне,
Қолдан келсе, дәрман бериң дәртиңе.
7. Мейли, оннан қайта, ўақыт тапсаң сен,
Жағада сайранлап жүрейик азы-кем.
8. Тақсырым, сиз аяң, сабамаң енди,
Өйтип қан жылатпаң жас жүрегимди.
9. Қара таў баўырында жүргенде сени
Ҳәм Кавказды мақтап жүремен, сөзсиз.
10. Сиз аштыңыз сөнбес нурдың «тыңларын»
Сиз жасайсыз Әмиў жағаларында (**И. Юсупов**).

**299-шынығыў.** Төмендеги сөзлерге -ла//-ле аффиксин жалгап, фейиллер жасаң, олардың мәнилерин анықлаң.

Гүл, мийўе, қозы, қала, базар, көше, апа, аға, тырма, утюг, таза, ай, күн, жыл, ҳәпте, сүрги, дуз, ақ, көк, қара, майда, үш, үшеў, дем, бар, жоқ, самал, хат, жер, қыс, бас, арқа, аяқ, қол, ҳүрмет, жаман.

**300-шынығыў.** Төмендеги сөзлерден ҳәр қыйлы фейил жасаўшы аффикслерди жалғаў арқалы фейиллер жасаң.

**Үлги: бир—бирле, бирлес, бирик:**

Жоқ, тик, ақ, арзан, суў, күш, қымбат, көп, жуқа, тис, тең, кеш, аз.

**301-шынығыў.** Төмендеги тексттен дөренди фейиллерди табың, олардың қандай сөз шақабынан ҳәм қандай аффикслер арқалы жасалғанын ҳәм мәнисин түсиндириң.

1. Жөгисиреме, келин. Ол қыздың сырына қашшан қанық болғанбыз (**К. Султанов**). 2. Бизлер неге Мәлпей менен райкомласпаймыз? 3. Пахталар культивацияланып, үшленип болғаннан кейин Айдана кеўилин әнжамлады (**Ө. Хожаниязов**). 4. Қәне, енди бул иске жүрексинеди? 5. Ҳаў, бала, бизиң Зияда трактор ходлады ғой (**И. Қурбанбаев**). 6. Оның бәрҳа күнлегени Ханзада еди (**С. Баҳадырова**). 7. Анна қайда?—деп аңналап еки—үш



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәртебе бақырған еди, оған жуўап беретуғын жақын жерде Анна болмады (**А. Бегимов**).

8. Қазыўда жүрип оның қолында,
Аллаярдың түнегени бар (**И. Юсупов**).
9. Халық бахты ушын атландырып оларды
Саркоп пенен Байсын елин излеттиң (**И. Юсупов**).
10. Бозларың бузаўлап, ортаң толысып.
Исиң раўаж алып барар, Қоңырат (**И. Юсупов**).
11. Қеттик қолтықласып көшени бойлап (**И. Юсупов**).
12. Қуллар салған мына салқын сарайлар,
Сылдыраған шәшме, гүрлеген сайлар,
Ханның қара кеўлин жақтырта алмас,
Ҳәрем, сарай түнин жақтыртқан айлар (**И. Юсупов**).
13. Сөйтип хан үмити ақланбады ҳеш,
Муҳаббеттиң гүли ғумшалады кеш (**И. Юсупов**).
14. Әдил уста болсаң, сеннен сораўым,
Жеңилт маған түскен қайғыңның таўын,
Тас жүректи тас арқалы баянлап,
Сүўретле сен ер адамның жылаўын (**И. Юсупов**).

**302-шынығыў.** Составлы фейиллердиң биринши мәнили компонентине қарай олардың мәнилерин түсиндириң.

1. — Сиз арман турыңыз!—деп Айсәнем оның сөзине қулақ салмады. 2. Усы быйыл да өткен жылдағыдай колхозды орнында отырғызып тасласаң, биз саған қатты жаза көремиз. 3. Ол жайдың ишин шола баслап еди, қара муртлы, қыр мурынлы. сылыңғыр қара жигиттиң сүўретине көзи түсти (**Ө. Айжанов**). 4. Аманбай бираз ойланып қалды да соңынан тилге келди (**К. Мәмбетов**). 5. Секретарь әлле биреўге телефон соғыўды ойлап турды да, ўақтымды босқа алдырмайман деп, бул ойыннан бас тартты (**Ө. Айжанов**). 6. Айсәнем жағын таянып узақ ойға кетти. (**Ө. Айжанов**). 7 Қәдир кеңсениң дәлизинде ишке кириўге журеги даўамай, бираз иркилип турды. 8. Кемпирдиң бул сөзине ҳеш қайсысы тил қатпады. 9. Жәмийла усы сөзди айтты да, тула бойы қалшылдап, өкпеси буўлығып, жылап жиберди. 10. Қәдир қатты қәдем басып көлге кирип, қалың қамыслықтың арасына сиңип кетти (**К. Султанов**).

**303-шынығыў.** Тексттен составлы фейиллерди табың. Олардың составындағы көмекши фейилдиң өзиниң алдындағы мәнили фейил формасына қандай қосымша мәни билдиретуғынын анықлаң.

**1. Жумабай аўылда қалып қойды. 2. Усылай сары қайғыда сарсылып жүрген Сәлийманың бирден алағадасы басыла қалды. Жумабайдың фронт жаққа нәзери аўдарылса, жигери босап, жуўырысып, тартына береди. 3. Түсинде де, оңында қарсы**



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдында Төреш елеслейди де жүреди. 4. Олар қайықсыз көлге шыға алмайды. 5. Кеңседен түнги саат екиде қайтадан ол ҳарығанлықтан ба, бирден қалғып кетти. 6. Ол жағын басқармаға айтып көремиз. 7. Ал, Мәке, қарыўды сала бер (**К. Султанов**). 8. Сен ойламаған жерден туйық көлге балықшы шығараман деп қәтелик ислеп алдым (**Ө. Айжанов**). 9. Зәўре мениң не ушын тоқтатқанымды сезди билемен (**К. Мәмбетов**). 10. Директор тым-тырыс отырып блокнотына әлле нәрселерди жазған болды (**И. Қурбанбаев**). 11. Жумагүл оның ҳәр бир ҳәрекетин аңғарып қалады (**Т. Қайыпбергенов**). 12. Ол болған ўақыяларды сорастырып қарады (**Т. Қайыпбергенво**). 13. Ғайрат, сен бүгинше дем ала тур (**А. Әлиев**). 14. Бирақ абайла, қолыңа усылағаныңнан айрылып қалып жүрме (**Ө. Айжанов**). 15. Өзиниң де бир нәрсени сылтаў етип сол жаққа барғысы келди (**С. Хожаниязов**). 16. Кемпир баласын көрип қуўанғаннан қолындағы шелегин төгип ала жазлады (**Т. Қайыпбергенов**). 17. Апам да ҳаўлығайын деди (**К. Султанов**).

**304-шынығыў.** Тексттеги е—толықсыз фейилиниң формаларын ҳәм хызметлерин анықлаң.

1. Совхоз басшылары оны бурыннан-ақ таныйды екен (**К. Мәмбетов**). 2. Бул ўақытта айнала емески жарық еди (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Егер Әбдирахманлар жәрдемге барса, жақсы болар еди (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Кешеги азаннан кешке шекемги жумыс Бийбиханды шаршатқандай еди. (**Н. Дәўқараев**). 5. Пүткил Хорезм сол шыраққа бет алса еди (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Олардың ушы елеберин шубатылып, көринетуғын емес (**С. Сәлиев**). 7. Еки жыл армияда жүрип мәдениятлы болып қалыпты мыш (**К. Мәмбетов**). 8. Жағаға шапырлап келип, кейин қайтып кетип турған балық емей не, балық ғой (**Ә. Тәжимуратов**). 9. Емесе сеники жөн бе? (**Бердақ**).

10. Халқым патша десем, сен есе,
Инабатлы мәртебе тахты (**И. Юсупов**).
11. Шөлде өскен қаланың кең фонында.
Сүўретиңди салар едим қатырып (**И. Юсупов**).
12. Алағададан тыншайсақ еди (**К. Султанов**).

**305-шынығыў.** Тексттеги жуп, тәкирар ҳәм қосарлы фейиллердиң формаларын ҳәм мәнилерин анықлаң.

1. Дослар келди гүўлеп, мен қуўанғанда,
Тост айтып, шадлы сөз шалды да кетти,
Қуўанышымды берсем, алмады сонда,
Ҳәммеси өзиме қалды да кетти (**И. Юсупов**).

2. Сизлерди шақыра-шақыра даўысымыз талды ғой (**К. Султанов**). 3. Ханзада менен оты өре жанбағаны жанбаған (**С. Ба-**



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳадырова). 4. Үйде отыра-отыра зеригип кеттим (К. Султанов). 5. Мейли, не ойласа ойласын (А. Бекимбетов). 6. Бул ҳәрекетке ҳәмме ишек-силеси қатқанша жатып-турып күлисти (К. Султанов). 7. Терлеп-тепшип биринен екиншисине өтип баратырман (Т. Қайыпбергенов). 8. Кеште оқыўға қорқа-қорқа бараман (Т. Қайыпбергенов). 9. Себеби ҳәр бир тапсырманы күйдим-жандым шалтлық пенен ислеўге урынады (Т. Қайыпбергенов). 10. Бизлер қысылып-қымырынып атырмыз (Ө. Хожаниязов). 11. Дүнья тапсаң, ишпек-жемек қыялың (А. Мүўсаев). 12. Мен де асып-тасып отырғаным жоқ (Ө. Айжанов).

**306-шынығыў.** Тексттен атаўыш фейиллерди табың, олардың формаларын ҳәм мәнилерин анықлаң.

1. Күн қызбай жумысты питкермек дәркар (И. Юсупов). 2. Мине анамның атын қурайтуғын гүллән ҳәриплерди үлкен қылып жазғым келетуғыны соннан. 3. Вожатыйды ҳайран қалдырыў ушын отрядтың гүллән ағзаларын жыйнап күн батыўдан суў серпиўге киристик. 4. Оны қапаландырмаў ушын езиў тартып күлип қалдым. 5. Енди оқысам өзимнен бир жас кишилер менен оқыўым тийис. 6. Не де болса, анамның айтқанын қылып оқығым келеди. 7. Айдың тез түўесилиўин күтиў-өмирдиң тез өтиўин тилеў. 8. Кеште жумыстан келсем де бурынғыдай китап я газета оқыў менен бәнт болыў орнына далаға шыққым келеди. 9. Шыраларын жақпаға кетип еди. 10. Ал ҳәзир тапсырма бериўге район әдеўир қашықлықта. 11. Сонлықтан аўылда колхоз дүзиўди районның басшылары оған тапсырыўға да исенбейди. 12. —Айыпкер табылды ма? —Табылмақ қайда?. 13. Дәстүр бойынша ҳал-жағдай сорасып, бала-шағаның аманлығын билисиўден-ақ, Жийемурат қарап отыра алмады. 14. Әдебинде ол оның менен де ойласыўды, ашылысып сырласпаўды ойлап көрген еди. 15. Жийемураттың қасты-гәрези Темирбек пенен аўлағында сөйлесиў еди. 16. Соның ушын Серкебайды қалдырып кетиў керек болды. Бирақ буған жол табыў қыйын түсти (Т. Қайыпбергенов).

**307-шынығыў.** Тексттеги келбетлик фейиллердиң формаларын ҳәм мәнилерин анықлаң.

1. Пискен гербиштен салынған тырнақлар унырап түлеген. 2. Бирден ағасының қасына бармақшы болып, орнынан турды. 3. 1919-жылы ақ гвардияшылар менен қызыллар қатаң гүрес жүргизип атырған күнлерде Гамбург районында турыўшы бизлер усаған көп балалар қызылларға жәрдем бериўди шөлкемлестирген. 4. Планды бир жүз елли процентке жеткережақ болып та қаламан. 5. Ҳәм ол сениң кешки мектепке кирип оқыўына мүмкиншилик туўдырмақшы. 6. Геўгим түсип киятырғанда, олар Әмиўдәрьяның бойына қоныс басқан кишкене аўылдың үстинен



www.ziyouz.com kutubxonasi

шықты. 7. Биймезгил келген соң, сизди де сондай киси ме деп қорқып қалдық, қәйним, сол көринген адам қаршығадан қашқан қоян болар. 9. Дәрменбай жолдасының ескерткенин де тыңламайжақ болған менен, тасты қозғалтыў қыйын болды. 10. Енди иркилместен қайсысыникине барғаным қолайлы? 11. Себеби бундай жыйында той бергенниң ямаса өлиниң әмеңгерлери ғана сырттан келгенлерге қайырхомлық етеди. 12. Жыйналғанларға бираз сөйлегеннин узақтан бизлер балашағалар да еситип едик. 13. Жийемурат әңгимени неден баслардың есабын таппай, биразға шекем тыныш отырды. 14. Қыянатшының сырын әшкаралағаны ушын ҳәмме ҳурметлейтуғын ҳәм сөзин тыңлайтуғын болды (**Т. Қайыпбергенов**).

**308-шынығыў.** Ҳал фейиллерди таўып олардың формаларын ҳәм мәнилерин анықлаң.

1. Ол гүлләп қыялын айтып үлгермей-ақ, гөне қаладағы әскерий казармаға келип қалдық. 2. Апам мен есимди билгели почтальон. 3. Ойласып-ойласып тапқанымыз—бизиң үйдиң қасынан қалаға өтетуғын үлкен жолдың усти болды. 4. Зияда китапларын жыйнап қойып, мениң ийнимнен альбомға үңилип турып түсиндире баслады. 5. Ол Ташкентке оқыўға кетип, ҳеш институтқа кире алмай, алып сатарлық жолына түскен биреў екен. 6. Көкирегим усылай сайрап түргелип кете жазладым. 7. Олар аўылдан шыққанша жол менен жүрсе де, Шортанбай тоғайына киргеннен кейин жолдан шығып кетти. 8. Кем-кем қалың қамыс сийрексий баслады. 9. Қашқыншыға тез жетип, оның менен дийдарласқанша асыққан Дәрменбай ескекти өрли-гүрлы есип баратыр. 10. Әўезов не қыларын билмей тыпыршылай баслады. 11. Айтжанның қолынан кесеси түсип кете жазлады. 12. Жийемурат бул ўақыяның себебин түсингенше асығып тыпыршылай берди. 13. Темирбек атланғалы, арадан бир чайник чай ишим ўақыт өтпей-ақ, қос атлы милиционерлер менен қайтып келди. 14. Бирақ олар өзлерине берилген исенимин ақлай алмай изде қала берди. 15. Мурат қайырыла берип Темирбекти қатырып сөкти (**Т. Қайыпбергенов**).

**309-шынығыў.** Бетлик емес фейиллик (атаўыш фейил, келбетлик фейил) формаларын ҳәм хызметлерин анықлаң.

1. Әўезовтың бул сөзине Дәрменбай келисим бергендей, үндеместен жүрисине отыра кетти. 2. Ҳаял аўзын жумғанша болған жоқ, қоян терисин қыстырғышлы малақай кийген, орта жастан өтиңкиреген бир киси кирип келди. 3. Гөзлеген жерден шығыўды ойлаған шырашы қайықтың кейнин дүзеп, қайтарып отыр. Енди жатпаға қорқып, таўда жатпақшы болған ғой. 5. Ҳаяллар менен жәнжеллескеннен гөре, қанша қызба болса да, ерлер сөйлесиў анағурлым оңай. 6. Келгенше бойы қанша жеңил болса



www.ziyouz.com kutubxonasi

да, аўылға араласқан пәтте уў-шуў еситилиўи бедениндититиркендирип, бойын салмақландырып жиберди. 7. Бүгин бир әңгимелесип кетпекши едим. 8. Қонағының бирден кейпи қашқанынан-ақ ҳаял аңырайыўы менен таңланып қалды. 9. Жийемураттың әбден денеси түршигип, орнынан турып кетежақ болып еди, және өзине ҳай берип иркилди. 10. Тек шаршап келгенин ескертти де төсек салып бериўди өтинди. 11. Бирақ усы жүргенде де мәзи жүрмеген еди, түни менен уйқысының шала болғанына қарамай жуўмақланбаған пикирин ҳәзир ғана бир жерге түйдеклегиси келип бақты. 12. Мен барып қайтадан алыстырып жибермекши болғанымда, апам гүпимниң пешинен услап жибермеди (Т. Қайыпбергенов).

## ФЕЙИЛДИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Дәслепки формасы (2-бет бирлик сандағы буйрық мейил формасы).
2. Мәнили ямаса көмекши фейил ме?
3. Бетлик ямаса бетлик емес фейил ме?
4. Аўыспалы—аўыспасыз.
5. Болымлы—болымсыз.
6. Дәрежеси.
7. Мейили.
8. Бети—саны.
9. Мәҳәли.
10. Составы (структурасы) бойынша түри.

**310-шынығыў.** Тексттеги фейиллерге толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Сейтимбет енди батырсынайын деди (Ғ Сейтназаров). 2. Бирақ сен бизиң идералды жақсы исимзге Мәлпейшилеп ириткисалмай, дурыс ислесең болады, қалғанын гүзде көремиз (Ө. Хожаниязов). 3. Мына ўәкил жигиттиң үйге келгишлеп жүргенинде бир гәп бар қусайды (С. Баҳадырова). 4. Олар қушақласып сүйисти (А. Бекимбетов). 5. Қасында мен отыра турайын, сен тезирек аўқатланып қайт (А. Бекимбетов). 6. Кешеден бери көп пулеметлардан душпан оқ жаўдырып, басты көтерткизбей атыр (Ә. Пахратдийнов). 7. Бир ўақытлары екеўимиз ислегенбиз (А. Бегимов). 8. Ол тағы бир нәрселерди айтқысы келип еди, мен апама қарай жуўырдым. Сөйтип жүрип тоғайлыққа араласып қалғанымды өзим де сезбей қалыппан (Ш. Сейтов). 9. Бизге Палеке бир гүрриң айтып берсин (А. Бегимов). 10. Сол келгели, азмаз тәўир болайын дедим (А. Бегимов). 11. Емлеўханадан телефон арқалы звонить етип тез операция қылыў ушын апаңды шақыртып алды (Т. Халмуратов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## РӘУИШ

**311-шынығыў.** Тексттен сапалық рәўишлерди (сын, муғдар-дәреже, күшейтиў) табың, олардың мәнилерин анықлаң.

1. Өтештиң үйден шықпағанына әдеўир күн болып қалды (**С. Хожаниязов**). 2. Мағап да көп жигитлер хызмет еткен ғой (**Ө. Айжанов**). 3. Жаңа жумысқа келип атырған Ерполаттың басындағы ҳәр қыйлы қыяллар әрре-тәрре болды (**Т. Халмуратов**). 4. Колхозда ҳәм фермада исленип атырған жумыслар оғада көп (**Ж. Сейтназаров**). 5. Терген пахтаң еле гөр емес (**Ө. Хожаниязов**). 6. Ўәй, бир қәлипли үрдиске үйренип кеткен адам ҳеш ўақытта өзинше жаңалық ойлап таўа алмайды (**Т. Халмуратов**). 7. Ал ис жүзинде оны пүткиллей бурмалап жүрген министрликлердеги гейпара хызметкерлердиң атларын ҳеш жасырмастан, атпа-ат айтып, ашықтан-ашық бир бири менен тартыса баслады (**Т. Халмуратов**). 8. Айдана баласы менен лаппа үйине қайтты (**Ө. Хожаниязов**). 9. Соңғы күнлери питегене бети ашылайын деген еди (**Ш. Сейтов**) 10. Зияда мени көрген екен, қапталындағыларға бир нәрсе айтты да, туппа-туўры келип: «Көп күтип қалғаның жоқ па?—деди (Т. Қайыпбергенов). 11. Усыны көрип, өзимди еркин тутып едим, ап-аңсат шықты (**Т. Қайыпбергенов**).

**312-шынығыў.** Тексттен ҳал-жағдай рәўишлерин (ўақыт, орын, мақсет, себеп) табың ҳәм олардың мәнилерин анықлаң.

1. Илажсыздан оның қолындағы қуманды алмақшы болғаным менен өзи суў қуйғысы келди (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Бизлерди сынамақшы болып жорта айтып отырғаның жоқ па? (**К. Султанов**). 3. Бул үйге Бегжан аға ара-тура келип турады (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Мен булманда қурыққа түскен асаўдай илажсыздан ғана жүрмен (**А. Бегимов**). 5.Мәлпей Нурхожаны аяған пишинде жорта күйип-писти (**Ө. Хожаниязов**). 6. Сонсын усы жаққа айдаған (**К. Султанов**). 7. Әдеп өзи, соңын ала Бектурсынды да соған жаллап берди (**А. Бегимов**). 8. Бай баласының бизлерге қасақана қыр көрсетип киятырғанын сезе қойдым (**К. Султанов**). 9. Биреўлери жүдә бийтақат, тротуарда арман-берман адымлап, үсти-үстине папирос шегеди (**Т. Қайыпбергенов**). 10. Қатарда киятырып кейин қалыўға бола ма? (**Ө. Айжанов**). 11. Берман қара, Азат (Ө. Айжанов).

**313-шынығыў.** Рәўишлердиң дәреже формаларын ҳәм олардың мәнилерин анықлаң.

1. Жүр, былайырақ шығайық. Жүриңлер ертерек барып орынларымызды алайық (**Ө. Айжанов**). 2. Ол шаққанырақ жүрип алдына қарады (**Ө. Хожаниязов**). 3. Буны парторг та бурынырақ ескерткен еди (**И. Қурбанбаев**). 4. Жолдасларына талап берип сөйлеў бул астыртын жумыс ислеўши адамның әдети



www.ziyouz.com kutubxonasi

екенин мен кейинирек түсиндим (А. Бекимбетов). 5. Пароход бүгин жүдә кеш келди (А. Бегимов). 6. Өтеген сарының иси озал бастан өзине белгили болған Бектурсын үйде көбирек болатуғын еди (А. Бегимов). 7. Тез-тез, жақсылап сыпыр (Т. Қайыпбергенов). 8. Жас гезимде колхоз клубында талай-талай киноларды көргенмен (Т. Қайыпбергенов). 9. Бүгин ай жарық туўады (Ө. Айжанов). 10. Бир мәҳәли Қылшынақтың көзи оңашалаў тигилген үйге түсти (Ө. Айжанов). 11. Оның ең әўели сводка менен таныcып алғысы келди (Ө. Айжанов). 12. ...балық та, қурал-сайман да,—бәри де... оп-аңай алдынан шығатуғын болды (Ө. Айжанов). 13. Залым урыс, дым көп болды-аў қурбаны (И. Юсупов).

**314-шынығыў.** Тексттен дөренди ҳәм дөренди емес рәўишлерди табың. Дөренди рәўишлердиң қандай усыл менен жасалғанын ҳәм составын анықлаң.

1. Бизлер шаштәрезлер де жекке-шашаў ислеген ўақытлар да, планның орынланбайтуғынына шағынар едик, ҳәзир пүткиллей басқаша жуўмақ (Т. Қайыпбергенов). 2. Ол бағана шығып кетти (К. Султанов). 3. Апа, енди күнде-күнде келе бермейақ ғой (Т. Қайыпбергенов). 4. Ҳәзирше оған көмек берип атырман (И. Қурбанбаев). 5. Есикти зордан таўып сыртқа шықтым (С. Баҳадырова) 6. Жаңадан алыс жолға шығыў жүриў басланды (А. Бекимбетов). 7. Ат кем-кемнен салпаўсыўға қарады (Ш. Сейтов). 8. Тынышына жүрмей жақында молласын әжиўалап қосық шығарыпты (К. Султанов). 9. Ҳәзир басқа отыратуғын ўақыт емес (Ө. Айжанов). 10. Ҳә дегенше таң да атып, адамды адам көрерликтей болды (А. Бегимов). 11. Оның үстине булар бүгин қалада еркинше қыдырды. (Ә. Пахратдийнов). 12. Май дегенге быйыллыққа нәзери түсип пе? (К. Султанов). 13. Биз алды бурын колхоз агрономы менен, завод агрономы менен ойласқанбыз (Ө. Хожаниязов). 14. Бүгинлери жерлерди шарятына қарай суўғарыў пайдалы (И. Қурбанбаев) 15 Бәри бир, шынлықты көзкөреки жасырғым келмейди (Т. Халмуратов). 16. Мен бир қәлипте жүриўге жалықтым (А. Бекимбетов). 17 Ертеден үйге барып дәрриў арба қосыўың керек (А. Бекимбетов)

**315-шынығыў.** Тексттеги дөренди рәўишлердиң қандай аффикслер арқалы жасағанын ҳәм олардың өнимли ямаса өнимсиз екенлигин анықлаң.

1. Әскерше кийинген рус адамына қолымды сыпайы созып едим (К. Султанов). 2. Сонлықтан пролетариат революциясы ушын бәрине де көнгенмен (А. Бегимов). 3. Енди Толыбай пүткиллей естен айрылды (К. Рахманов) 4. Бектурсынның әкеси Мойнаққа көшип келгенде, бул санаат орны онша үлкен емес еди (А. Бегимов). 5. Ол ойы керисинше болып шықты (К. Султанов). 6. Өзим изинен барып еркеклерше сөйлесемен (Т. Қайып-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергенов). 7. Журттан ерек кетип, өз билдигинше басқа шигит сгнүге сениң қандай ҳақың бар? (Ө. Хожаниязов). 8. Түнлетип өтсе керек (К. Султанов). 9. Қасында шоланға жыйналған балықларды Өтеген кеме менен Мойнаққа тасып тур (К. Султанов). 10. Қайтысын да бир аўыз сөйлей алмадым (Т. Қайыпбергенов). 11. Ҳәкисине азанғы барлаў узаққа созылды. (Т. Қайыпбергенов). 12. Өткен бир күни Гүлжан даўысын шығарып, өзинше гүбирледи (Ө. Айжанов).

**316-шынығыў**. Төмендеги бирдей сөз формаларының қайсысы рәўиш бола алады?

Бирге бирди қосыў—бирге оқыў, қайтып келди—қайтып сөйлемеди, бас қатырып отыр—қатырып алдаў, оқы оқы жәнe оқы жәнe келди, меннен кейин-кейин түсинди, қысқы кеш-кеш келди, екинши класс—екинши бүйтип сөйлеме, жаңа китап—жаңа кетти.

**317-шынығыў**. Төмендеги сөзлерден: а) аффикслер арқалы; б) олардың басқа сөзлер менен биригиўи ямаса дизбеклесиўи арқалы рәўишлердиң жасалыўына мысаллар келтириң.

а) ол, бул, усы, сол, биз, өз, қанша, қашан.

**Үлги**: ол—олай, олайынша, онша, өйтип, ояққта, оншама, оманда.

бир;

в) күн, түн, жер, ўақыт, мәҳәл.

г) иш, сырт, тыс, кери.

**318-шынығыў**. Төмендеги рәўишлердиң составын анықлаң.

Мейлинше, тысқары, буншама, қайтарсын, өз билдигине, быйыл, ақырын, илажсыздан, билегөре, қорыққанынан, , пүткиллей, керисинше, айлап, ҳәкисине, қысы-жазы, топа-торыстан, ийт өлген жерде, бара-бара, азмаз, сонсын, тынышына, түнлетип, еркинше, босқа.

**319-шынығыў**. Басқа сөз шақапларының рәўишке өтиў қубылысы адвербиализация қандай жагдайда болады? Төмендеги сөзлерди өзиниң тийкарғы мәнисинде ҳәм рәўиш мәнисинде келтирип гәп қураң.

**Үлги**: бирден: жасы **бирден** өтти (санлық), шоршып **бирден** турып кетти (рәўиш).

қайтып, өмирде, зорға, өтириктен, кеш, жөнине, бир майданлықта, келистирип, бир күн, жәнe, бирдей,

## РӘЎИШТИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Рәўиштиң тексттеги мәниси, мәниси бойынша түри.
2. Дәрежеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

3. Жасалыў усылы (дөренди болса)
4. Состав бойынша түри.

**320-шынығыў.** Тексттеги рәўишлерге толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Ол көз жасын қурғатып, өзин тирише услады (**К. Султанов**). 2. Қашшан төгип, жайып та болдық (**Ө. Хожаниязов**). 3 Қызыл гвардияшылар отряды атланыўға ур да тут таярлық көрди (**К. Султанов**). 4. Ол Қызылқумның пүткиллей өзгергенин биринши рет көзи менен көрип отыр (**Ғ. Сейтназаров**). 5. Көзимниң алдында тирилей кеткен адамның күйигинен жаман нәрсе жоқ. (**И. Қурбанбаев**). 6. Бул атаўды узынша кеткен шоқалақ қум бөлип турады (**Ғ. Сейтназаров**). 7. Көзәйнек жөнинде қайтып гәп болмады (**Т. Қайыпбергенов**). 8. Гә атлардың, гә адамлардың ыңқылдаған, гүрсинген сести тал-тал келеди (**К. Султанов**). 9. Бул жер маған бурыннан таныс (**Т. Қайыпбергенов**). 10. Ҳәзиринше жүдә анықлап тексериў болмайды (**А. Бекимбетов**). 11. Станцияда нәўбетшилик етиўши жолдас Леонтийди үш күнликте жандармлар алып кетти (**А. Бегимов**). 12. Олар шыққаннан кейин капитан көзин қайта ашты (**Ә. Пахратдийнов**). 13. Бүгин-ертең сабыр қылып тур (**А. Бекимбетов**). 14. Басқасының мурты шағылмай көширилген (**Ө. Айжанов**). 15. Азырақ сабыр етейик (Ө. Айжанов). 16. Оны айнала орнасқан еллер де айтарлықтай көп емес еди (**А. Бегимов**). 17 Хожайын столдың үстинде турған қоңыраўын қайта-қайта шыңғырлатты (**А. Бекимбетов**) 18. Таўдың иши бирден салқын тартып, пүткиллей өзгерип кетти (**А. Бекимбетов**). 19. Нарымбет Азаттың қысылғанын жаңа көрип, енди кеўлин алыў жағына шықты (**Ө. Айжанов**).

## ТИРКЕЎИШ

**321-шынығыў.** Тексттен тиркеўишлерди табың. Олардың грамматикалық мәнилерин анықлаң.

1. Айсәнем Азаттың басынан баслап аяғына дейин сын көзи менен шолып шықты. 2. Аралдың балығы ортадан гөре ишки көлинде көбирек ушырасады. 3. Бул күнлери балықшылар жағаға жақын участкаларда еди. 4. Енди өзлериң туўралы айт. Балық аўлаў ушын колхоздағы жаслардың бәрин теңизге шығарыў керек. 5. Оляр батысқа қарап жайы менен таранып отыр. 6. Ақшыл булт дөңгеленип жоқары қарай өрлеп киятыр. 7. Басшы болған соң қәйтсин, ғамымызды ойлайды. 8. Усыдан кейин халықтың дәстүри бойынша Бегдуллаларды басқа шығарып, өз алдына үй тигип берди. 9. Шынында, бул еки шабаз Бегжан сыяқлы басшы адамның ғамхорлығына зәрүр еди. 10. Булар өрге таман жүрген сайын муз тегисленип жалт-жулт етеди. 11. Бул тынышлыққа Өтебай қатты қуўанып, пышағын қынынан суўырды да, жеңиниң ишине тығып, жылымға қарай қәдем бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ты. 12. Гулжан бул үйге келгеннен бери мақтаў сөз еситкен жоқ. 13. Буны тап бүгинге дейин қыздың өзинен басқа ҳешким де билмейтуғын еди. 14. Ол киси менен жүрген адамды меннен де гөре өзиң жақсы билесең ғой. (**Ө. Айжанов. «Арал қушағында»**).

**322-шынығыў.** Төмендеги тиркеўишлерди тийкарғы ҳәм дөренди деп еки группаға бөлиң. Дөренди тиркеўишлердиң қандай сөз шақапларынан ҳәм қандай формада кәлиплескенин айтып бериң.

Шекем, қарай, соң, баслап, арқалы, кейин менен, ушын туўралы, сайын, бойы, қарап, бери, қарамастан, кейин, гөре, бола, муўапық, қарамай, былай, жақын, қарсы.

**323-шынығыў.** Алдыңғы шынығыўда берилген тиркеўишлер менен сөз дизбеклерин қураң ҳәм олардың қандай сепликлер менен қолланылатуғынын анықлаң.

Үлги: қалаға шекем, кешке шекем.

**324-шынығыў.** Төмендеги сөз дизбеклериндеги тиркеўишлердиң мәнилерин анықлаң.

Байрамнан соң, келмегеннен соң, адам деп келдим, буйрық бойынша, жол бойынша, келген бойы, өмир бойы, дәрья арқалы, мийнети арқалы, күн сайын, келген сайын, азатлық ушын, келмегени ушын, жумыс туўралы айтты, жумыс туўралы келди, үйге қарай, жазға қарай қол менен ислеў, тротуар менен жүриў, азан менен турыў, оқыған менен түсинбеў.

**325-шынығыў.** Тексттен барыс сеплиги менен қолланылатуғын тиркеўишлерди, олардың омонимлерин мәнилерин анықлаң.

1. Ҳәзирше сырттан жаўгершилик кем болғанына қарап бул жер қолай қолтық, кең шалғай екен деп жүрсеңиз керек. 2. Өзи қызық жигит екен, бетине қарап муртын таўлап күлди (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Ғарры бийдиң кеўли жаман нәрсе сезип даўыс шықты шоқ қамысқа қарай асығыс жуўырды. 4. Қарай қойың, Әлий ата, атта отырысы, қурашы —Хийўалы (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Оған шейин жол азық таярланады (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Ол биразға шекем үнсиз отырып, еки туўысқаннан ужыбатлы жуўап ала алмайтуғынын билди (**Т. Қайыпбергенов**). 7. Есенгелдиге шекем түргелип сәлемлести (**Т. Қайыпбергенов**). 8. Бирақ қыз апамның ығбалына бола байдың баласы аттан жығылып өле қойды (**К. Султанов**). 9. Комиссия сәскеге таман басланды. (**Т. Қайыпбергенов**). 10. Бирақ ҳәзир емес, гүзге салым марқа тоқлыдан бермекши (**Ш. Сейтов**).

**326-шынығыў. Тексттеги атаў сеплиги менен қолланылған тиркеўишлердиң мәнилерин анықлаң.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. Бир күнлик бригада бойыша 30,13 процент болыпты (Қ. Жуманиязов). 2. Айқыз бенен Досбергенниң арасына күн сайын қәўип туўа баслады (А. Бегимов). 3. Сонда ол олар менен көп мәселе үстинде сөйлести (А. Бегимов). 4. Олар бригадаларды аралап ден саўлықты сақлаў жөнинде лекциялар оқыйды (Ә. Қарлыбаев). 5. Сол туўралы бармасам, тағы болмайды (Ө. Айжанов). 6. Үлкенлерге тән төрели сөз сөйлеген қурдасына мәнили жуўап қайтарыў ушын ой тереңине қарай бойлады (Қ. Султанов).

7. Мол зүрәәт жөнинде жайлап,
Жер менен ол тиллесе билген (И. Юсупов).
8. Көрген сайын жас кеўлиме ой салып,
Ышқы сезими менде арта түседи (И. Юсупов).

**327-шынығыў.** Тексттеги шығыс септиги менен қолланылған тиркеўишлердиң мәнилерин анықлаң.

1. Ол көп ўақыттан берли Мойнақта жасайды (А. Бегимов). 2. Түстен кейин Көбей аға маған ӨзТАГтың материалларын алып қайтыўдан басқа тапсырма берген жоқ (Ә. Қарлыбаев). 3. Екинши мәселе буннан көре басқарақ (Ө. Айжанов). 4. Оннан тысқары ерге мегзес қыз екениңди танытып, қатарымызға келгениңниң өзи қанша коммунистлик ҳадал кеўил (К. Султанов). 5. Жаңағы балықшы еки күннен берли мийнет ҳақысын алмаған (Ө. Айжанов). 6. Тойға усы күннен баслап бир тоқлың ды байлап бер (Ө. Айжанов). 7. Бийтапланып атырған қызды тик аяғынан тура алмағаннан соң, атына мингестирди (Ш. Сейтов). 8. Тазадан қазық қағып, соннан соң барып өгизлерди әкелип байлады (Ш. Сейтов). 9. Үш айдан кейин пәкизе бизлердей муғаллим болып келеди (Ш. Сейтов). 10. Бир қазаннан ʼас ишкеннен кейин бир адамның баласындай болыўымыз керек. (Ш. Сейтов). 11. Толыбай меннен бурын барып, кешигип қалдым ба деп ҳаўлыққан еди (Ш. Сейтов). 12. Қосып қойған жерлеримди өзиңнен басқа билмейди (Ш. Сейтов). 13. Жиберилген қәтеликти дүзетиўдиң барлық илажы ҳәзирден баслап көрилмесе, шатақ аўҳал (Ш. Сейтов).

## ТИРКЕЎИШТИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Тиркеўиштиң мәниси
2. Текстте қандай септик пенен қолланылған?
3. Дөренди ямаса дөренди емеслиги.

**328-шынығыў.** Тексттеги тиркеўишлерге толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Мен бермаған қарай тайсалдым (К. Султанов). 2. Қызыл қум арасында әптап ыссылық түске таман көтерилди. (Ғ. Сейтназаров) 3. Сенлер кәнде ислеген мийнет өнимиңиздиң дәреже-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сине қарай ҳақы аласыз (**А. Бекимбетов**). 4. Еки-үш адам аўылға қарай жуўырып кетти (**К. Султанов**). 5. Турмысымыз таза болған соң енди, кийимлер де көшкен жаңаша түрге (**И. Юсупов**).

6. Телпек киймедим деп бир шалқып жаста
Аббаз шайыр әрман еткен шөгирме (**И. Юсупов**).
7. Сиз жасайсыз Әмиў жағаларында
Ҳәр күни шығыстан атқан таң менен (**И. Юсупов**).
8. Сен арқалы жеттик бул ығбал—бағқа (**И. Юсупов**).
9. Сен деп жасар ҳәзир дүнья еллери (**И.Юсупов**).
10. Ислес болып жүрип пролетар менен
Маркс қуралланды зор қурал менен (**И. Юсупов**).

## ДӘНЕКЕР

**329-шынығыў.** Тексттен дәнекерлерди табың. Олардың функциясы бойынша (дизбеклеўиш ямаса бағыныңқы) түрин анықлаң.

1. Ал кишкене жигит олардың гәпине қулағын салғаны бо. маса, артық-кем сөз қоспайды (**К. Султанов**). 2. Мына Артықбай менен ана Сәпиўраны адам еткен де бизлер, енди усылардың келешек бахытын қорғайтуғын да бизлер (**К. Султанов**). 3. Лекин биз бирден урысқа түсейин деп баратырғанымыз жоқ ғой (**К. Султанов**). 4. Қурбан сәрдарының қас-қабағын бағып, гә зәнгилесип, гә қуйысқанына ерип желип жортып киятыр (**К. Султанов**). 5. Бирақ ағам я апамды, я мени мақулламастан түнерип орнынан турды (**К. Султанов**). 6. Бизге ағайин болмаса да палдан татлы қонсымыз еди (**К. Султанов**). 7. Наташа кишкентай, сонлықтан апам оны адасып кетер ме, күтпегенде машина басып қояр ма деп бәрҳама сезикленеди де жүреди (**Т. Халмуратов**). 8. Ал оның берги жағында қыз бенен сөйлесиў мүмкин неге десең бир үйде бир өзи (**А. Бегимов**). 9. Бул сөзлер мени илҳамландырады, себеби мени дүньяға екинши рет әкелип өмир бағыш еткен сөзлер еди (**Т. Қайыпбергенов**).

**330-шынығыў.** Тексттеги дәнекерлерди қолланылыўы бойынша (жекке ямаса тәкирарланыўшы) анықлаң.

1. Мен де, сениң ғаррың да—ҳәмме атланысқа шығатуғын болдық (**К. Султанов**). 2. Гә қаза майласа, гә аў майлайды (**К. Султанов**). 3. Нурхожа да жоқ. Деген менен бир илажын табармыз. (**Ө. Хожаниязов**). 4. Қорлығым келип жылап жибере жаздадым, бирақ жыламадым, себеби детдомда биз жыламаўға үйренгенбиз (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Соны апаңа ҳәм ағаңа айт (**К. Султанов**). 6. Ҳәм қызықтым, ҳәм шүкир еттим (**И. Юсупов**). 7. Сол гезлери усы бир қарапайым ҳаял өлим менен өмирдиң, залымлық пенен мийриманлықтың, әдиллик пенен әдалатсызлықтың, гүңлик пенен азатлықтың—қулласы, дүньядағы гүллән жақсылық пенен жаманлық гүзарының қосарланар дәрбентиндеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

гөззаллық тәңириниң қоладан қуйылған мүсинине мағзер еди (Ш. Сейтов). 8. Сол ушын ишим дүбирлесип баратырса да, сөйлеймен (Т. Қайыпбергенов). 9. Нағым биресе Нурбийке кемпирге. биресе Айдосқа жалтаңлап қарай берди (Ғ. Сейтназаров). 10. Я басшысы, я азығы жоқ ғәриплер сол Хийўадан шығып, Хожелиге пияда жете ала ма? (К. Султанов). 11. Айдос базда қатал, базда жумсақ минезли (Ғ. Сейтназаров).

331-шынығыў. Тексттеги дәнекерлердиң нени (сөз бенен сөз, сөз дизбеги менен сөз дизбеги, гәп пенен гәп) байланыстырып келгенин анықлаң.

1. Артықбай бул сөзге сүйсинерин де, шоршынарын да билмей, қыздың бетине тигилди де қалды (К. Султанов). 2. Баланың ҳәм буйрығы, ҳәм жалына айтқан сөзи Қутымды елжиретип жиберсе, Тағайды ҳәм қуўандырды ҳәм қапаландырды (Ғ. Сейтназаров). 3. Зарыңыз бенен мүтәжиңизди, тилегиңиз бенен төрелигиңизди батрочком менен ақсақал кеңесине айтасаң (К. Султанов). 4.Бектурғанды сырттан келген адамға таныстырғанын ишимнен жақтырмадым, оның менен сөзине араласыў қыйын (С. Баҳадырова). 5. Сени я қасқырлар жейди, болмаса аштан яки шөлден өлесең ғой (А. Бекимбетов).

6. Көплер машақатлы сапардан безер,
Лекин сен безбедиң азаплы жолдан (И. Юсупов).

332-шынығыў. Тексттеги дәнекерлерди составы бойынша анықлаң.

1. Бул хабар- биресе қуўантады. биресе қорқытады (К. Султанов).

2. Қосық емес, бәлки қайғы-зар еди,
Гейде шалқып, гейде буўлығар еди (И. Юсупов).

3. Бирақ қәўип күшли еди, себеби станцияда жандармлар толып жүр еди (А. Бекимбетов). 4. Неге десең-қызлар түсиниксиз болып баратыр (Т. Халмуратов). 5. Деген менен бундай өлим бизиң үлкемизде сийрек емес те, аз гезлеспейди де (А. Бекимбетов). 6. Ерим үйге сийрек келетуғын еди. Өйткени әскерий хызметтен сирә қолы тиймейди ғой (Т. Халмуратов). 7. Ол адам бизлердиң ҳәм пиримиз, ҳәм ақылгөйимиз (А. Бекимбетов). 8. Усыны айтайын деп қайрылдым (Ө. Айжанов). 9. Арқанға тек асылғаным болмаса тартып турғаным жоқ. (К. Султанов). 10. Я күлкиси келгенликтен бе, я бир өзи қалғанлықтан ба, Бердибай төмен қарады (А. Бекимбетов).

11. Егер шайыр екениңди умытсаң,
Зәлели жоқ, халық умытпас сонда да,
Егер адам екениңди умытсаң,
Шайырман деп дуйым журтты алдама (И. Юсупов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘНЕКЕРДИ МОРФОЛОГИЯЛЫ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Функциясы бойынша түри: дизбеклеўши ямаса бағыныңқы.
2. Қолланыўы бойынша түри: жекке ямаса тәкирарланыўшы.
3. Нени байланыстырады?
4. Составы (дөренди емес, дөренди болса, қайсы сөз шақабынан ҳәм қалай қәлиплескен).

**333-шынығыў.** Тексттеги дәнекерлерге толық морфологиялық анализ жасаң.

1. Егер үйге бес күн мийман келмесе,
Шайы қонбас мениң байғус анамның (**И. Юсупов**).
2. Өйткени ақмақ бары-жоқлы ақылын
Бағдарлайды жалғыз қыйсық соқпаққа (**И. Юсупов**).
3. Тән қартайса—тәбияттың нызамы,
Бирақ жаслай жан қартайса, сол жаман (**И. Юсупов**).
4. Даңқ-мәртебең артсадағы,
Туўған жер ушын баласаң (**И. Юсупов**).
5. Сүйсек, усылай шын сүйейик, себеби
Шынтлап сүйген кеўил ҳаслан айнымас (**И. Юсупов**).

6. Қызлар гә, күледи, гә жүзим жейди (**К. Мәмбетов**). 7 Я клубы, я моншасы, я китапханасы болса болмай ма (**И. Нийетуллаев**). 8. Кинотеатрдың маңлайшасындағы көк ала, қызыл ала жазыўлар биресе өшип, биресе жанады (**И. Нийетуллаев**). 9. Деген менен бир нәрселерге пәмим жетип турған сыяқлы (**И. Нийетуллаев**). 10. Ал техникум питкерген сен айына бир жүз жигирма манат алып жүрсең (**И. Нийетуллаев**). 11. Лекин бизлердиң арамызда «қарнымыз тойса, қурбан айт» деп жүре беретуғын баяғыдай адам жоқ (**И. Нийетуллаев**). 12. Сабанбайдың қалтыраған қолынан түскен кесе шық етип чайникке тийди, бирақ сынбады (**И. Нийетуллаев**). 13. Гейде илажсыздан базарға бара қалса, яки бир сапарға шыға қойса, үйине қайтыўға асығады (**И. Нийетуллаев**).

14. Гейде сыңғырлап келип күледи,
Гейде қайырға шығып жүреди (**И. Юсупов**).

## ЖАНАПАЙ

**334-шынығыў.** Тексттен жанапайларды табың. Оларды мәнилери бойынша төмендеги группаларға айырың: 1. мәнили жанапайлар: а) силтеў, б) айырыў, шеклеў, 2. Модальлик жанапайлар: а) болымлылық, б) болымсызлық, в) сораў, г) буйырыў, д) салыстырыў, 3. Эмоциональлық жанапайлар: а) күшейтиў, б) үндеў.

1. Муғалимге қарсы турып, жинлимиз бе? Ким батыр екен, қарсы турып та көрсинши (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Мине, усы себепли ол районнан бир адам барып аўыл менен таныстырсын деген пикирге де келисим бермеди (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Әне, сол ширигин табыў керек (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Мейли, шел



www.ziyouz.com kutubxonasi

жағалап баратырғанда болсын, мейли үйде отырғанда болсын,— мудамы әлле бир нәрсени қайғырып, ўақты-ўақты гүрсинеди (Ш. Сейтов). 5. Ол жетим-жесирге қол берип, шалғай жабадымыс (Т. Қайыпбергенов). 6. Бул қупыя сырды бизиң үйдиң иши менен Өтеген ғана биледи (К. Султанов). 7. Қалай да мен оның ешейин адам емес екенин кеше-ақ сезген едим (А. Бекимбетов). 8. Ҳе, өзиниң ҳаялы қайда? (К. Султанов). 9. Қулазыған дүзде жалғыз жолаўшы ушын бундай қараңғы түн түўе күндиздиң өзи ғулғулалы (Ш. Сейтов). 10. Ол халыққа жағымлы хан да болғысы келеди, халықты талап баспашы да болғысы келеди (К. Султанов). 11. Кәнекей, жиберип алдыра қоятуғын исенимли адам бола қойса? (Ш. Сейтов). 12. Жоқ, мен Семен атамды түсиндиремен, көндиремен (К. Султанов). 13. Мүмкин, ол тап бүгин-ақ барар (Ө. Хожаниязов). 13. Зейнине тийип көрсинши (Т. Қайыпбергенов). 15. Өйтип булағай салмай-ақ жөн сөзди айтсаң, болғаны ғой (А. Бегимов). 16. Енди үйдиң ишин үйтедиаў (К. Султанов). 17. Журттың көбиси өрт сөндиретуғын машинаны дөгереклеген, гил кемпир-ғарры, қатын-бала-шаға (Ш. Сейтов). 18. Әй Сырымбет тамыр-ай. Хан кетти—қазық кетти ғой (К. Султанов).

**335-шынығыў.** Тексттеги жанапайлардың қайсы сөзге тийислилигин, қандай позицияда (алдында ма, кейининде ме) турғанына ҳәм қалай жазылатуғынын (бөлек, дефис арқалы, қосылып) анықлаң.

1. Соны айт (са) (К. Султанов). 2. Не сүргин десең (ши) усы жүрисим (И. Юсупов). 3. Урыс қайғысы сениң бир өзиңниң басыңда (ма) (К. Султанов). 4. Илимпазбан дейди (аў) (И. Қурбанбаев). 5. Өзиң арқайын чай ишесең (ә) (Т. Халмуратов). 6. (Кәне) ойланып көр (Ө. Айжанов). 7. Аз (ғана) ўақыт көзлерине көринбей кетип, бирден ана Сулайман ағайдай әскер болып келейин деген ой еди (ғой) (К. Султанов). 8. Айқыз (ай), чайникти алып кел (ши) (А. Бегимов).

9. «Қудай (ма) я қуркылтай (ма), ким шебер екен? Жарықлық (ай)!»—деди анам уяға келип (И. Юсупов).

**336-шынығыў.** Төмендеги модальлик мәнидеги жанапайлар менен гәп қураң.

а) буйрық, өтиниш, шақырық ҳә, о, шы/ши, са/се, өс, мейли, әй;

б) болымлылық: аўа, яқшы, болады;

в) болымсызлық: жоқ, жақ, түўе, емес;

г) сораў: ма/ме, ба/бе, па)пе, ше.

д) салыстырыў тап, дәл.

Гәплердеги жанапайлардың орфографиясына дыққат аўдарың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАНАПАЙДЫ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАУ СХЕМАСЫ

1. Жанапайдың мәниси.
2. Жанапайдың гәптеги қайсы сөзге қатнаслы екенлиги ҳәм орфографиясы.

**337-шынығыў.** Тексттеги жанапайларға толық морфологиялық анализ жаса.

1. Мейли, Киев, тундра я Арарат,
Уллы журттың турсаңда қай шетинде,
Бул жер сени өгейсимес, көрмес жат,
Асық, достым, усы жерге жетиўге (**И. Юсупов**).
2. Қарсында уйлығысып қарлы таўлар.
Таласып созар еди-аў сағаң қолын (**И. Юсупов**).

3. Соңғы күнлери бизлер түўе түркмен жигитлер де Жунайдқа жаў болды (**К. Султанов**). 4. Қәне, бир гайрат салып көриң (**Ө. Хожаниязов**). 5. Тап усы ўақытта из жақтан шаңғытып киятырған бир арбаның қарасы көринди. (**К. Султанов**). 6. Ол тек агрономғана емес, ал үлкен селекционер ғой (**Ө. Хожаниязов**). 7. Мине, соның менен удайына үш күнге созылған Турдыбайдың қызының тойы да тамам болды (**А. Бегимов**). 8. Тәнха өз басының ғамын айтады (**И. Қурбанбаев**). 9. Аўа, Әбекеңниң айтқан сөзи бул (**И. Юсупов**). 10. Усы күни кийимиң ылас, қолың сыя ямаса китапларың жыртылып, бир жериң кир болып көрсиниши (**Т. Қайыпбергенов**).

## МОДАЛЬ СӨЗЛЕР

**338-шынығыў.** Тексттен модаль сөзлерди табың, олардың мәнилерин анықлаң.

1. Ҳақыйқатында, ол усы тойға араласыўға жүдә қумар еди (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Шамасы, папирос шегип киятырған бир жолаўшы болса итимал (**Ө. Хожаниязов**). 3. Ырастан да, оларға сениң илимиң, мениң қара күшим керек (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Биринши ден, мәсирип кеткенликтен усылардың өзин үйирден тутыў қыйын болды, екиншиден, Есберген булардың он сегизге шыққанына исенгиси келмей пысығына журди (**Ш. Сейтов**). 5. Бәлким, бул натықлық емес, өзимди өзим кем билетуғынымды басқалардан жасырыўдың еркинли аламаты шығар (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Тилекке қарсы, ол киси бүгин жоқ (**Т. Қайыпбергенов**). 7. Демек, сиз бе оны жумыстан қуўған? (**И. Юсупов**). 8. Ақыры, барлық бәламаттың алды алыныўы зәрүр (**Т. Қайыпбергенов**). 9. Жалғыз жүрип ишим пискенликтен, ҳәр нәрсени шатпақлайман, мысалы, қосық айтаман (**Ш. Сейтов**). 10. Қысқасын айтқанда, той өкпесиз болмайды деп ата-бабалар бийкар айтпаған (**Т. Қайыпбергенов**). 11. Айтпақшы, сизиң машинадағы рациядан сөйлеген ҳаял ким еди? (**И. Қурбанбаев**). 12



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоқ етерин айтқанда, дән-пән жыйнап жүрмиз,—деп бақырды Оразымбет (**Ш. Сейтов**). 13. Шамалаўымша, сиз бул нәрсеңизди үлкен талант пенен жазыпсыз (**Т. Қайыпбергенов**). 14. Ол мен ҳаққында билип қойған шығар деймен (**Т. Қайыпбергенов**). 15 Бәлким, партткомның гезектеги мәжилисинде бекитилиўи итимал (**И. Қурбанбаев**). 16. Достың болыў ушын алды менен өзиң дос бола билиўиң керек (**Т. Қайыпбергенов**).

**339-шынығыў.** Төмендеги сөзлерди тийкарғы мәнисинде ҳәм модальлик мәниде келтирип гәп қураң.

Үлги: Ол командировкадан келгенде, айдың ақыры еди. Ақыры, шыдамай ол кетип қалды.

тийкарында, дурыс, туўры, сөзсиз, шамасы, айтпақшы, мысалы, бириншиден, керисинше, демек, бахтымызға, тилекке қарсы, қысқасы.

**340-шынығыў.** Модаль сөзлерди: а) тийкарғы ҳәм функциональ сөзлерге ажыратың функциональ модаль сөзлердиң составын ҳәм қандай сөз шақабынан қәлиплескенин түсиндириң; б) оларды кирис модаль сөзлерге- ҳәм компонентлик модаль сөзлерге бөлиң.

1. Ақыры, адамзат бина болғалы гедейдиң заманы болыпты дегенди еситкеним жоқ (**К. Султанов**). 2. Шамасы, ол ҳаққында бир нәрсе ойлаўы итимал, әйтеўир есине түсти (**Ө. Хожаниязов**) .3. Бул ўақытқа шекем тири емес шығар (**К. Султанов**) .4. Мәлпей де ҳәзир, мысалы, бир терис путақ (**Ө. Хожаниязов**). 5. Демек, жақында қалың қар жаўыўы күтиледи (**Ғ. Сейтназаров**). 6. Айтқанымыздай-ақ, ҳақыйқатында да, түн ярымынан аўған мәҳәлде, күн азмаз желемик тартты (**Ө. Хожаниязов**). 7. Айтпақшы, Тәжекеңе барып, тағы бир ойласайын (**Ө. Айжанов**). 8. Күтә сыпайы кийинген сулыў жигит екен, шамамша, жигирма жасларда (**Т. Қайыпбергенов**). 9. Бәри бир, қурыдан қуры қарап жүриппиз гой (**А. Әлиев**). 10 Араңызда аға болыўы дәркар (Т. Қайыпбергенов). 11. Ким халқынан өзине нур излеўге талапланса, сондай нурды ол әўеле өзинен табыўы тийис (**Т. Қайыпбергенов**). 12. Әттең,ол жер қолдан кетти, айрылып қалдық (**Ө. Хожаниязов**). 13. Ол ата-анасының арасындағы бир жәнжелди биле ме екен? Билмейтуғын шығар (**Т. Қайыпбергенов**). 14. Мениңше, усы аўылда сүйенишлери бар (**Т. Қайыпбергенов**). 15. Қәйдем, бул ҳүкимет болмағанда, бир-биреўге үрпейисиў менен отырар ма едик (**К. Султанов**).

**341-шынығыў.** Тексттеги модаль сөзлердиң синтаксислик хызметин ҳәм орын тәртибин анықлаң.

1.—Себеби қыранлар арасында атлы ҳаял көрген жаў жүдә ҳаўлыққа керек?—Мүмкин (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Мал ийеси де



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәрт адам болса керек (**К. Султанов**). 3. Айтпақшы, саған қандай бахытлы қыз тап болар екен? (**О. Әбдирахманов**). 4. Сонлықтан нени уўайым етип, неден зар шегиўи мүмкин (**Т. Қайыпбергенов**). 5. Баяғы көргеннен кейин я Шақан айтса да, Гәўҳаргүл мениң ким менен танысқанымды, әлбетте, сезген болыўы керек (**К. Султанов**). 6. Ырасын айтыў керек, әўелги күнлери түйеден сескенип те жүрди (**Ш. Сейтов**). 7. Мап-майда, мысалы, қырмызы салының ишиндеги шигинниң дәниндей (**Ө. Хожаниязов**). 8. Түсиндир, балам, жаңалыққа ҳә дегенде көзи үйренбейтуғынлар болады, әлбетте (**И. Қурбанбаев**). 9. Мүмкин, кетип те қалған шығар (**Ө. Хожаниязов**). 10. Дурыс, Москвада бар зат усы бизиң районнан да табылыўы итимал (**И. Қурбанбаев**). 11. Айдананың өзи сезбесе де, ҳақыйқатын айтқанда, ол бурынғыдай емес, әбден шаршаған (**Ө. Хожаниязов**).

### МОДАЛЬ СӨЗЛЕРДИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Тексттеги мәниси.
2. Жеке ме, компонентлик пе?
3. Тийкарғы ма, функциональлық па (егер) функциональлық болса, қайсы сөз шақабынан ҳәм қандай формада қәлиплескен)
4. Синтаксислик хызмети.

342-шынығыў. Тексттеги модаль сөзлерге толық морфологиялық анализ жасаң.

1. Билмедим, ол да Темирбеклер менен кеткен бе, қалай? (**Т. Қайыпбергенов**). 2. Керисинше, енди шағылыўы керек «шаңғалақлар» мен де оғыры көп туйылды (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Әлбетте, байдың кеўлиндеги адамды табыўы дәркар (**Т. Қайыпбергенов**). 4. Соңлықтан шығар, ким көрингенге алып топылды (**Ө. Хожаниязов**). 5. Әмиўдәрьяның әлле қәйеринен жыққын кетсе керек (**Т. Қайыпбергенов**). 6. Итимал, бүгин түнде ислеўге туўра келер (**Ө. Хожаниязов**). 7. Ҳаў, айтпақшы, жаңа жыл менен қутлықлайман (**К. Рахманов**). 8. Ким билсин, ҳәлленип қалған отынын алмастыра алмаған шығар (**Ш. Сейтов**). 9. Қонақ, шамасы сыншыл болды ғой (**Ш. Сейтов**). 10. Шынын айтсам, мен буған қапа болдым (**К. Султанов**). 11. Бәлким, бираз сөзлерин умытқан шығарман (**Т. Қайыпбергенов**). 12. Қала берди, буларды баспашы деў дурыс екен (**Ш. Сейтов**).

### ТАҢЛАҚ

343-шынығыў. Тексттен эмоциональ таңлақларды табың, оларды а) жағымлы эмоцияны билдириўши б) жағымсыз эмоцияны билдириўши деп бөлиң. Олардың мәнилерин анықлаң.

1. Аҳ, қандай азаплы ролиң, тоқал?
2. Аҳ, сен, қанға жерик адамшы гәззап!
3. Аҳ, қырық өрим шашлар, қос-қос бурымлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

4. Аҳа, ғарры сағал, түстиң бе қолға!
5. Ҳа, нәлет болғырдың айырсаң жағын!
6. О, сениң өмириң бир дәстан екен!
7 Оҳо, ғарры келген шығар биразға.
8. Туўҳ, жаўыз гезенде!
9. Ууҳ, ортам толысқан сыяқлы енди.
10. Ҳе, сөйтип шаршынды көтер жүзиңнен.
11. Уай, қандай шайырсаң!
12. Ҳаў, мынаў Жәлеке бай ғой, шырағым.
13. Пай, бул жигитлерди қоя бер сирә.
14. Паҳ, шабазым, ақылыңнан, ойыңнан.
15. Ий, әдира қалсын, бузылды десеш.
16. Ҳәссений усында қалар ма едим...
17. Өйббей бала, жақсы жаў ғо, ҳаў мына.
18. Айнанайын, халқым мениң, қулақ сал.
19. Тоба! Қой бул адамларды!
20. Шүкир, умытпапсаң ғарры әкеңди.
21. Япырмай, өнерин, сулыў сымбатын.
22. Яша, ким екенин мен енди билдим **(И. Юсупов шығармаларынан).**

**344-шынығыў.** Тексттеги императив таңлақлардың мәнилерин анықлаң.

1. Ҳәй, сен Қоңыратлы қыз, жаным Арыўхан.
2. Ҳәй, гәззап, мәсимди тарт деймен саған!
3. Ҳай, бери кел.
4. Эй, оңбаған, көсе, сөзди бөлме сен.
5. О, әдиўли муғаллимим, устазым.
6. Тумариса, ўа анажан **(И. Юсупов шығармаларынан).**

Қарым-қатнас таңлақларының мәнилерин анықлаң.

1. Сәлем, дослар, сөз тыңлаған ҳалайық
2. Рахмет, Әбдираман, халықтың баласы.
3. — Хош, қарағым,—деди, қолын узатты.
4. — Ассалаўма әлейкум, аға!
Аман-есен бармысаң, ғарры!
**(И. Юсупов шығармаларынан).**

**345-шынығыў.** Төмендеги шақырыў сөзлериниң мәнилерин анықлаң.

шүў, ҳәўкем-ҳәўкем, шөк, үш-үш, диге-диге, ҳәл, бәс, **жит, күшке-күшке, пиш, төт, пиш-пиш, төте-төте, ық,** гәл, **қуррайт-қурайт, ғәллим-ғәллим, өт-өт.**

**346-шынығыў.** Төмендеги таңлақлардың ҳәр бири менен бирнеше мысаллар келтирип, олардың көп мәнили екенлигин дәлиллең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

бәрекелла, бай-бай, оҳ, пай, ҳәй, паҳ, оҳо, ўай-ўай, ҳаў.

Үлги: Бәрекелла, талапларың оң болсын ! Бәрекелла, сөзиң бар болсын! Бәрекелла, сөз болғанына ҳәм т. б.

**347-шынығыў.** Тексттеги таңлақларды составы бойынша (дара, жуп, тәкирар, составлы) анықлаң. Дөренди таңлақлардың қайсы сөз шақабынан қәлиплескенин анық дәлийллең.

1. Ҳә түсиндим.
2. Аҳа, шығып па еди еле есиңнен.
3. Ай-яй, жас ашық.
4. Ҳе-ҳе, мейли енди ойыншы болсақ.
5. Ҳаў, биз кешиктик пе?
6. Бенде емес екен сөзге де, пай-пай!
7. Ҳей, көп азап көрген қарақалпақ қызы!

**(И. Юсупов шығармаларынан).**

**348-шынығыў.**

1. «Алла бәрекелла!—деп жамбасыма сарт еттирипнен ғоаға (**Ш. Сейтов**).
2. Ҳе бәрекелла, иним· берекет тап (**Ө. Хожаниязов**).
3. Қудайым-аў, мынаў бир әжептәуир даўыс ғой (**К. Султанов**).
4. Яқшы, әпиў етиң, халқым (**К. Султанов**).
5. Ал, хош, ағайинлер (**К. Султанов**).

## ТАҢЛАҚТЫ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Мәниси бойынша түри (эмоциональ, императив, қарым-қатнас).
2. Составы бойынша түри.
3. Тийкарғы ма, дөренди ме? (қайсы сөз шақабынан қәлиплескен).

**349-шынығыў.** Таңлақларға толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Хош, рахмет. Биз күтемиз ел бетте.
2. Аҳ, қандай жақсы елим!
3. Оҳо, ашылыпты ғой бул ғәплет көзиң.
4. Ўай, Арыўхан-ай!
5. Бәрекелла! Мине өлиге ҳүрмет.

**(И. Юсупов шығармаларынан).**

6. Ой, айналайын, ер азаматым-ай. Азамат екенсең ғой (**К. Султанов**).
7. Қудайға шүкир, оған да қолым жетти (**И. Қурбанбаев**). 8. Әй, бизики өлгенше муңайыў ғой (**К. Султанов**). 9. Пай-пай-пай, усы қарақалпақтың қызларының кестеге шеберин-ай (**С. Баҳадырова**). 10. Шүкир, баршылық (**К. Рахманов**). 11. Ҳәй,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жит, жоллы (**К. Султанов**). 12. Аҳ маңлайым, сол бир ала сапыранда бас көтерген баспашылар ҳешкимниң ойына келмепти (**И. Қурбанбаев**). 13. Әдира қалғыр, шаңырақ ортасына түсти ме екен деп едим, бирақ шыпта аман екен (**И. Қурбанбаев**). 14. Мәссаған, жолдас шайыр, қыял боппа усыннан да (**И. Юсупов**). 15. Саламатлық па, Айдана, ҳармаңыз (**Ѳ. Хожаниязов**). 16. Сәлем, Иван Васильевич! (**А. Бегимов**). 17. Пиш-әй,—деп ырғып түргелди бай (**Ш. Сейтов**).

## ЕЛИКЛЕУИШЛЕР

**350-шынығыў.** Тексттеги еликлеўишлерди: а) сеске еликлеўишлер ҳәм б) көриниске еликлеўишлер деп еки топарға ажыратың, ҳәрбир еликлеўиш сөздиң мәнисин анықлаң.

1. Мойны қуйып қойғандай дуғыжым, нық, еки ийни теп-тең, булшық етлери бөлек-бөлек, палўан тамырлары сирескен, гилт-гилт қозғалады. 2. Сөйтсе де қолларым қалт-қалт, щёткаларым өзиме бағынбайды. 3. Ол трибунаға көтерилген гезде ақ жаўлығын желкесине түсирип жиберди, бир жумақ пахтадай шашы шамал менен желкилдеп, қуяш нурына шағылысып гүмистей жалт-жулт етип турды. 4. Ал ол үндеместен кейин шегинип турады да ҳәр жеримди ортан бармағы менен дүк-дүк урып көреди. 5. Гармонь даўысына қосылған тақ-тақ аяқ ойынлары, ритмли қол шаппатлаўлар, дуўтарға қосылған шадлы қосықлар. 6. Базда апам Бийбизада кемпир менен сөйлесе қойса, бир уядан ушқан қумырылардай жуғыр-жуғыр сөйлеседи. 7. Ҳәр күни келип будкамды ашпақшы болсам, ишинде Зияда жасырынып «гөк-гөк» дейтуғындай, қуўанып ашаман. 8. Шаншылған шегедей аяқларын тық-тық басып, ақ кофтасы үстинен қара сызық болып тартылған жалғыз бурымы жан питкендей ойнақшып, булт-булт таўланып кетип баратыр. 9. Ҳәм қысыныспа ҳәм ыссы шып-шып терге шомылдым. 10. Бүгин Зияда бес алған ба, шырайы гүл-гүл жанып тур. 11. Шырпа-шырп ислеймен. 12. Теңлес жигитлерим ўақ-шақ (**Т. Қайыпбергенов «Суўық тамшы»**). 13. Балалығың қалмапты—аў, қызым, ҳа-ҳа-ҳа... (**И. Юсупов**). 14. Қазандағы бығыр-бығыр қайнап атырған гөшке көзи түсиўден, иши ғым етти (**Ж Аймурзаев**). 15. Баслық машинасына қарай талтаң-талтаң жүрип кетти (**А. Султанов**).

16. Қарасын аттың көрген соң,
Гүлдир-гүлдир киснеди,
Аўзындағы суўлығын,
Ғашыр-ғашыр тиследи (**«Алпамыс»**).

17. Бир ўақытта гүрп-гүрп мылтық атыла баслады (**Ғ. Сейтназаров**).

**351-шынығыў.** Тексттеги еликлеўишлерди; б) жуп ҳәм тәкирар еликлеўишлердеги айырым даўыссызлардың орын алмасыўы, түсип қалыўы; в) буўын қурылысы) өзгешеликлерин анықлаң.

1. Ол қапыны тарса-тарс ура баслады( **А. Султанов**). 2. Ат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың қулақлары базда селтең-селтең етеди (А. Әлиев). 3. Қыранлар гүў алға басты (Т. Қайыпбергенов). 4. Ара-арасында жалт-жулт етип шақмақ шағады (Ө. Хожаниязов).
5. Қыз тақ-туқ, тақ-туқ кетип баратыр (Ш. Сейтов). 6. Айсәнем кеңседе шарт-шурт счёт қағып отыр (Ө. Айжанов). 7. Қазанға салынған гөш шыж-пыж етти. (Ш. Сейтов). Демниң арасында тақ-туқ атыспа, шақ-шуқ найзаласыў басланып кетти (Т. Қайыпбергенов). 9. Телефон шырр етти (А. Султанов). 10. Жумабай селк етип артына жалт қарады (К. Султанов). 11. Үстиндеги кийимлери олпы-солпы (А. Султанов). 12. Сырттағы дәрўазада тоқо-тоқ урылды (А. Бекимбетов). 13. Қубла беттен қамыстың патыр-патыр жанып атырған сести шығып турды (К. Султанов). 14. Қазандағы май быж етсе, ҳәммениң ийинлери қуўжың-қуўжың етеди (Н. Дәўқараев).

**352-шынығыў.** Тексттеги еликлеўишлерди составы бойынша анықлап айырып жазың.

1. Қыз усыларды айтып үлгермей-ақ суў бирден шамбыр етти (Т. Қайыпбергенов). 2. Демниң арасында әтирап сатыр-гүтир болып кетти. (А. Султанов). 3. Ол әлле биреўди күтип отырғандай есик тәрепке жалтақ-жалтақ қарап қояды (К. Султанов). 4. Райвоенкомат кеңсесиниң алды ығын-жығын адам (Ш. Сейтов). 5. Назлы кемпир ақлығының кең жазық маңлайынан мийримленип шорп-шорп сүйди (К. Султанов). 6. Бул гәпке Ерназар селк-селк күлди (Т. Қайыпбергенов). 7 Бул сөзге Өтеп нәшебент селк ете қалды (К. Султанов). 8. Қыранлар жалт-жалт бурылып, өзиндей еки жалаңаяқ пенен келип турған Бектөрени көрди (Т. Қайыпбергенов). 9. Сәлийма есик бетке жалт қарады (К. Султанов). 10. Аманлық өз маңлайына өзи ғарш-ғарш урып артына қулады (Т. Қайыпбергенов). 11. Гүлдиң дәл түбин шекелеп шүмдиктен лық-лық-лық еттирип суў қуйды (Ш. Сейтов). 12. Аяқ асты ғырт-ғырт қар (Т. Қайыпбергенев). 13. Жәмийла артына жалт қарады (К. Султанов). 14. Жазықлы қазыўшыларға қамшы шырп-шырп урылды (Т. Қайыпбергенов). 15. Ўа-ҳа-ҳа, ўай, саў бол (И. Юсупов). 16. Ерназар узап кеткенше, оның изинен Әйтен қарап турып, бир мәҳәлде ғарқ-ғарқ күлди (Ө. Айжанов). 17. Мақсет Қадировичтиң шашы ўўдар-дуўдар болып кеткен (И. Қурбанбаев).

## ЕЛИКЛЕЎИШЛЕРДИ МОРФОЛОГИЯЛЫҚ ТАЛЛАЎ СХЕМАСЫ

1. Мәниси бойынша түри (сеске еликлеўиш, көриниске еликлеўиш).
2. Сеслик составы, буўын саны.
3. Морфологиялық составы бойынша түри.

**353-шынығыў.** Тексттеги еликлеўишлерге толық морфологиялық таллаў жасаң.

1. Шырпа-шырп урылған қамшылар түн пердесин тилип ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ратырғандай еди (К. Султанов). 2. Ол буныcы менен турмай Зиядаға қарай шаңқ-шаңқ етип сөйледи (И. Қурбанбаев). 3. Сәпиўра еси кетип, ҳәр кимниң бетине жалт-жалт қарап тур (К. Султанов). 4. Қара үйдиң ергенеги шыйық етип ашылғанда, есикке жалт қараған Айқыз Алламберген ҳәм Бектурсын және Иван Васильевичтиң кирип келгенин көрди (А. Бегимов). 5. Аўыл уў-шуў (К. Султанов). 6. Бөз гүписи пырым-пырым қара жийекли қызыл көйлегиниң етеклери қақ-қақ айырылған (Т. Қайыпбергенов). 7. Дийўалдағы пышық көзли шынжарлы саат тық-тық, жүрегим дүрс-дүрс, ишим улы-дүбирли (Ш. Сейтов). 8. Күн жылт етип, дәрья менен көлдиң музы кетиўден, балықшылардың қайығы қайығына қағысты (К. Султанов).

## ТӘКИРАРЛАЎ УШЫН ШЫНЫҒЫЎЛАР

354-шынығыў.

Қандай қыйын жағдайда да халық өзлериниң ата мийрас жерин сүйди, оны гүллентиўдиң барлық жолларын иследи, дәўир олардың басына қандай әптадалықтың тасын жаўдырса да мәртлик пенен көтерди, шыдады.

Егер де күшлилер бабаларымыздың суў ишер дәрьясының сағасын байласа, олар тегис жерлерин маңлай терлери менен суўғарды, күшлилер қара булт болып, олардың үстине түскен нурлы қуяшты бүркеўге урынса, олар егис жерлерин демлери менен ысытты. Қулласы, заман гәрдишлериниң талай-талай қанлы, сеңли ағысларына төтепки берди. Сонда да бул халық өзгелерди күнлеў бәлеқадасынан жырақ болды, ўақыт келгенде душпанларымызға ылақтырамыз деген сумлық пенен қолтықларына тас жасырмады, адамлардың, адамзаттың меҳрине исенип жасады. Әлле қайсы күшли апатшылықларда, шыдаў мүмкин болмаған жаўгершиликлерде мәканынан қуўылыўға мәжбүр болса да, ҳеш бир әўлад ҳеш ўақытта ата мәканын умытпады, арадан неше жыллар өтсе де, мийрас жерине қайтып келе берди, және сол Барсакелмести гүллеңген бағы-бостанға айналдырыўдың машқаласын даўам ете берди (Т. Қайыпбергенов). «Қарақалпақнама»).

355-шынығыў.

Жыраў сени бәйги атыңдай баплаған,  
Шешенлер даўда шынлап сени таплаған,  
Алпамыслар уран етип урыста,  
Бердақ сени қурал етип саплаған.

Байтерексең өскен гөне тамырдан,  
Дилўарлығың қыл суўырған қамырдан,  
Қарақалпақтың кеўил қусы сайраса,  
Сөз қыйсыны ғәзийнеңнен табылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлпаршынлар баўыры оттай қамынып,
Қызлар сыңсып муңын айтқан шағынып,
Сен арқалы ханды жумсап қатынлар,
Әжинияз сайраған елин сағынып.

Нақылларың, шағып көрсем мағыздан,
Жуўабыйсаң зейин суўын ағызған,
Атам саған азаматлық жан берип,
Анам саған мийрим сүтин тамызған.

Ырасгөйсең дурысын айтқан аңқылдақ,
Сахрайысаң қатты даўыс, шаңқылдақ,
Жалған сөйлеп жағыныўды билмейсең,
Сыбырласаң ғазлар үркер ғаңқылдап.

Мен теңеймен сени жеген наныма,
Аўыз бенен руўхың сиңген қаныма,
Ес билгели тил жатырқап көрмедим,
Бирақ сен дым жақынсаң-аў жаныма!

Ана тилим, сен—басқадан айырмам,
Сен турғанда, мен де әдеўир шайырман,
Сонша қатал сүргинлерде жоғалмай,
Бул күнлерге жеткениңе қайылман.

**(И. Юсупов).**

**356-шынығыў.**

Жигитлер жапсарға жайласып отырып болған соң, қыз орнынан аўыр қозғалып, сыртқа шығып кетти. Кемпир қара қуманды ошаққа қойды. Қыз бир дәсте шөп әкелип, жигитлерден еки адымдай қашықлап, есик бетке отырды. Ошаққа от жағыўдың әнжамын ислей берди. Кемпир чай-суў таярлаўдан қолы босаған соң, жайласып отырып әңгимесин баслады:

— Шырақларым, «кеседен келип жолдан қайырған бул қай кемпир?»—деп ҳайран болып отырған шығарсыз. Бул үй—Ержанның шаңырағы. Мен анасыман. Мына қыз қарындасы...— Кемпир гәпиниң усы бәнтине келгенде суўық демин алды. Ийегин қолына тиреп, муңлы-шерли сезимге батты. Жылап турған киси тақылетте кемсеңледи. Бирақ семген көзине жас келмеди. Әлле жылай-жылай жас булағы кесилип қалды ма я жас балалардың алдында егитилмейин деди ме, әйтеўир еки-үш мәртебе ишти кернеп келген ҳәсирет толқынын ышқынып қайтарып, солығын басып алды. Сөзин бир бап пенен жалғастырды:—Сизлерди танып шыққаным...—Әжиниязға жалт қарады,—мына баламды үйдеги қыз жаңа далаға шыққанда көрген екен. Келип маған айтты. Сизиң аўылдағы ана Өтемурат —мениң аталас иним. Мына қыз сол дайысының үйине қыдырып барып



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүргенде сизлерди көрген екен. Жаслар биздей емес, ғабырыспайды (К. Султанов. «Әжинияз»).

357-шынығыў.

Бекжан журт алдында өз абыройын сақлап қалыў ушын усы дәлийлди жеткиликли деп уқты. Бул сыпайы, сырлы сөзге балықшының биразы пысқырып та қарамады. Оны сыйлаўшылардың саны кем-кемнен кемий берди. Айтайық, кеше Өтебай: «Шырағым, өзимниң ақылым өзиме жетеди. Әне бирде сениң айтқаныңды ислеймен деп, тас өлимнен қалдым, енди өзиң менен өзиң бола бер!»—деп сөйлеспей кетти. Бекжан оны мықлап қолға алса да, оннан түңилген Өтебай артына қарамады. Бул муш көрсеткеннен де жаман батты.

Бекимбеттиң кабинетине Бекжан бүгин түнерип кирди. Түти шығып, реңи өзгерип, арман-берман теңселип, ойланып жүрип бир гезде пәтлениңкиреп сөйледи:

— Усы колхозда басшылардың бири мен бе, жоқ па?—деди ол.—Ҳәзир журттың көби сыйлаў орнына жағадан алыўға қарады... Пикириңди билейин деп келдим...

Бекимбет тил қатпады. Көзиниң астынан қарап отырды да қойды...

— Сирә мен алжасқан шығарман,—деди Бекжан.—Басшының көп арасында абыройы болмаса, оның өз жолын табыўы зәрүр...

— Соны билгениң де жақсы... Абырой базарда сатыла ма?

**(Ө. Айжанов. «Арал қушағында»).**

358-шынығыў.

Бизиң бахтымызға, бул шәҳәрдиң ишинде базар жүдә көп. Онда ҳәр түрли мийўелерден баслап жаныңа не керек бәри табылады. Алыўшының да есабы-саны жоқ. Бирақ соған ылайық ҳәр базардың ишинде мендей қаңғып жүрген жетимлер де аз емес. Олардың биразлары тиленип, айырымлары урлық етип жүр. Арасында маған қусап ҳақ кеўили менен күн көриўге қуштарлы ғәриплер де бар. Ондайлар базардың аўзында қатар турып: «Нең болса да, көтеремен, арзанлаў апараман!»—деп бақырысады екен... Мен де тәўекел етип бахтымды сынаў ушын өзимдей балалардың қатарына турдым... Мен еле қылт етпестен силейип турман...

— Ҳәй, қундыз шашлы бала, мениң жарым қалта жүгимди кәрўан сарайдың қасына апара аласаң ба?—Қыр мурынлы, ақ бозлақ ҳаял маған қарай суқ бармағын шошайтты. Бирден мениң жүрегим қатты-қатты соғып, көзимниң алды жарқырап кетти... Сәл тартыныңқырап сүйкимли көринген ҳаялдың жанына бардым да:

— Сәлем бердик, апай,—дедим шын кеўилден үй жақтағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйреншикли әдетим бойынша... Бийтаныс ҳаял маған қарап мыйығынан күлди де:

— Сәлем, сәлем! Қәне, жүр онда!—деп, мени ертип базарға кирди. Ол бираз саўда қылып көп нәрсе алды. Нәтийжеде, қалтасы да лық толып зордан байлаўға келди. Сөйтип, мен батпандай жүкти арқалап, бул ҳаялдың изине түстим. (**А. Бекимбетов. Аўыр сынақлар**).

**359-шынығыў.**

Быйыл жаз шыққалы Теңизбай қара үйдиң артқы шийни түргизип, төрде қос көпшикти жамбаслап, керегӗден сыртқа көз жиберип, аўнақшып жата беретуғын әдетти шығарды. Бурынлары азаннан кешке шекем үйге басын суқпай, гә мал қорада, гә ҳәремниң ишинде оны-буны ислеп тынбайтуғын ғаррысының пайдаға түскен ылақадай жата бергени Нуржамал кемпирди де тәшийўишке салып жүр. «Ғаррылықтың жеңгени ме екен? Сексен үш жас деген де адамға әнейи жас емес-аў»,—деп ой жуўыртты ол өзиниң де бири кем сексенге келгенин умытқандай. Бәлким, гөне сырқатлары шығып жүрген шығар? Болмаса ғаррының қарыўының кемиси жоқ. Еле де анаў-мынаў жигиттиңди бөктерип кеткендей шамасы бар еди. Быйыл ерте бәҳәрден қыймылдап, қысы менен намбар етип үйип жыйнаған малдың дәрислерин ҳәремниң ишине жайып, өзинен басқа адам көтере алмайтуғын парғаны кетпени менен қыйтақпа-қыйтақ шеллеп, астақтаның үстиндей етип, тегислеп шықты. «Ақлықларым кисиниң ҳәремине қарап жутынып жүрмесин» деп қарықлап, қаўын-қәмек, помидор-пияз екти. Дақылы да қол менен қойғандай, пәкизе теп-тегис көгерип ҳәремниң ишине жарасып ҳалласып өсти. Егинниң ҳәўиж алғанына кеўили толып, ортадағы бийик шелдиң үстинде кетпенин астына басып, дақылларына алма-гезек көз тигип, узақ ўақыт қарап отырар еди. Неге екени белгисиз, ол соңғы гезлери дийқаншылығына қарағанды қойды. Өйткени помидор менен пияз да, қаўын-ғарбызлар да өзинен-өзи сарғайып, сола беретуғын болды. Өзи әлмата сөйлей бермейтуғын киси соңғы жыллары таңлайынан сөзин биримлеп суўырып алмасаң, өзлигинен иллә деп аўзын ашпайды. Тек сағынып көрген генжетай ақлығы барып үстине өрмелесе ғана, «Шырағым, атасының дәрманы» деп гүңиренип сес шығағарып, бетлеринен шорпылдатып сүйеди. Тили жаңа шыға баслаған ақлығының шүлдирлеп сөйлегени ғаррыға қуяшта қалып шытнаған гүпшекке май қуйғандай жағады. Айтарың бар ма, нәресте деген адамның мийўеси ғой... (**Ә. Қарлыбаев**).

**360-шынығыў.**

**Олар қаланың ревкомының имаратына бурыла бергенде, Хожамурат: —Ораз аға,—деди атын тебиниңкиреп, қасына жантайласа берип.—Мениң анамды көрип қайтқым келип тур.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хош, хош, күтә орынлы. Бизиң ядымыздан шығып баратыр екен, кеше ол киси сени излеп келип кетип еди. Саған Қоңырат шәҳәри, Жарлылар Комитети атынан алғыснама жариялайман, анаңызға айтып қуўантарсыз. Қоңыраттағы Совет ҳүкиметиниң белли бир хызметкерисиз. Буннан кейинги ўазыйпаңызды қайтып келгеннен соң айтарман. Басқа не тилегиңиз бар?—деди председатель.

— Оқығым келеди.

— Әне, бул тилегиңиз маған унады!—деди бир даўыс. Артына бурылып қараған Ораз қарақалпақ тап түбине келип қалған бир ҳош ҳүрейли, мелле шапанлы, селдир сақаллы елиўелиў беслерге келип қалған бир ноғай келбетли адамды көрди де:

— Әнеқалас!—деп атынан ғарғып түсип, алдынан шыға берди. Ол да аттан түсип қушағын айқара ашып, Оразды күтип алды. Келбетлери келискен, инсанийлықтың ағла қәсийетлери жүзлеринен жайнап көринип турған еки жасыүлкенниң бул бир бирине иззет-икрамлылығы көринип турғанлардың жүзлеринде ең жақсы сезимлерди оятты. Әсиресе олардың аттан түсип сәлемлескенлерин ат үстинде бақлап турғанын аса көргенсизлик билип, иле-сала атынан секирип түсип қасларына жақынласып турған Хожамурат, көрисип атырған бул еки жасыүлкенди жаңа дүньяның үлкен еки тулғасы сыпатында түсинди. Олар сәлемлесип болғаннан кейин басқа адамлардың қатарында бул да қос қоллап барып мийман менен көристи.

— Бул киси Сейфулғабит Мажит улы деген атаңыз. Аяпбергенниң кәсиплеси болады,—деди Ораз оны Хожамурат пенен бирге басқаларға да таныстырып.—Ал сизиң тилегиңиз бәржай болады балам!

Хожамурат атын жетеклеп кетип баратырып та, изине қайырылып қарай берди. Ол бул пайытлары «бундай дыянатлы адамлар қол ушын берсе, әлбетте, оқыйман, әлбетте өз ҳүкиметиниң садық хызметкери боламан»,—деп гүбирленип, татлы ойларға шүмип баратыр еди **(М. Қарабаев).**

**361-шынығыў.**

Платформаға келип турып қалдым. Кешки поезд бенен келемен деген Гүлзардан еле хабар жоқ. Расписание өзгерген бе, я ертерек келип қалыппан ба... Ким билсин.. Тратуарды бойлап арман-берман жуўырсам да таныс-билистен ҳеш кимди ушырата алмадым. Алдын кешигип қалдым ба деп ҳаўлығып қалған екенмен, сонынан өзиме келип, бул жердеги көринислерге нәзер таслай басладым.

Ташкент-Қоңырат поезди жөнеп кетти. Бағанадан бери үйме-жүйме болып турған жолаўшылар әлле бир жақларға тарқасып, вокзал алды тым-тырыс болып қалды. Тек ғана кейинги вагонлардың биреўине түскен, жүзлерин сақал басқан бир киси ғана бул көринислерге түсинбегендей платформада турып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалды. Паравоздың дегершиклери шақыр-шуқыры рельстиң шақырлысы тынды. Ол киси болса, еле баягы қәддинде тур.

Ҳаўа тынық. Сарғыш тартқан жапырақларға қоңыр гүздиң хабары келип солғын тартса да, қуяш тап жаз күнлериндей қыздырмақта. Күнниң ыссы болыўына қарамастан жолаўшы сондай қалың кийинген. Фуфайка, пахталы шалбар... Адамлар өзлерин саяға урып турғанда бул адам қалайынша пахта шалбар менен жүр. Шамасы, суўық жақлардан киятырса керек. Ийнинде шандып байлаған қалтасы бар. Жол бойындағы қатар-қатар адамлардың жүзлерине телмирип қарайды. Тап тосаттан белгисиз жақларға келген адамдай өзинен-өзи гүбирленип сөйлеп, жоқары қарай көз тигип, әлле бир нәрселерди излейди. Оған бәлент-бәлент иморатлар тиклеген таза Хожели жумбақ сыяқлы еди (**К. Мәмбетов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

# СИНТАКСИС

## СИНТАКСИСЛИК БАЙЛАНЫСЛАР

**362-шынығыў.** Үзиндини оқың, оннан сөзлердиң бир-бири менн грамматикалық жақтан байланысқа түскенлерин табың. Синтаксислик байланыс пенен қатнастың айырмашылығын көрсетиң.

1. Өткен жылғы ашлықтан жынтығы қурып, жилигинен май кеткен халықтың, быйыл аз ғана қарны тойып, жарма ишип, жүўери зағараға зәриў болмады. Ақыры быйыл суў ерте келип, дийқаншылық ўақтында исленди. Ашлықтың зары кем-кем елдиң басынан көшип киятыр еди. Қыстың келиўи менен бирден түскен суўық және елдиң әпшанын қашырып жиберди. Оның үстине, ҳәр түрли сөзлер ел ишинде желдей еспекте еди.

Бурнағы жылғы мәрдикарға кеткен жигитлерден, ҳәр болыстың орамынан биреў-екеў келип көрген, еситкенин сөйлеп жүр. «Герман урысы тоқтады. Енди орыслардың өзлери урысып атыр. Ленин деген бир данышпан шығыпты. Ақ патшаны қулатыпты. Олар ды большой деп атайды. Ал, солардың бир топары бизиң Төрткүл, Нөкиске де келипти десе, биреўлери:—Аўа, ол ырас, бирақ олар адамға усамайды, адамды көрсе тирилей жеп қояды дейди»,—деп шама менен сөйлегенлер де аз емес еди.

Бул сөзлерди еситкен уллы уламалар, үлкен дин ийелери, жер ийеси, байлар топары түрли сөз тоқып, халықтың ой-пикирине ғулғула салып, шамал азанда арқадан ессе, түсте қубладан, кеште шығыстан, ямаса батыстан есип турған күнлердиң бири еди. Күн қәҳәрин тигип, тоғайларды теңселтип қумларды суўырып, шақылдаған аяз жер бетин қуўырып жиберди. Сең сеңге соқлығысып бир түнде дәрья қатып шықты. Қара үйде отырған жарлы пақырлардың алдын от қыздырса, арқасын аяз қысып, шалдыўарда турған маллары зирдектей қатып түни менен қалтырап шығады. Гейбир бузаўлы сыйыры бар адамлардың жер төлеси, ямаса сейисханасы болмағанлықтан саўын сыйырларын үйлериниң бир қапталында алып өзлери төрде жатса сыйыры есикке таман, барлығы бир үйде жататуғын еди (**С. Хожаниязов**). 2. Ҳәррениң өзи қанша шағаўық болғаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен, бирақ пал жыйнайды, өмир де соған уқсап кетеди (У. Пиржанов).

**363-шынығыў.** Тексттен сөзлерди байланыстырыўшы қуралларды таўып, анализлең.

1. Турымбеттен де қорқады, күндиз көлеңкесине де исенбейди (Т. Қайыпбергенов).

2. Ҳәр түрли өнердиң пайдасын бил де,
Турмысқа пайдалы бир өнер изле (Низами).

3. Арғы жүзге өттик. Көпир салынатуғын жер. Тик жар, тар қыснақ. Таў таслар полаттай жарқырап, көз қамастырды. Анамыз Әмиўдиң ылай суўына түс береди («Әмиўдәрья»). 4. — Бүгин Қарақалпақстан кәсип-техникалық билимлендириўиниң тарийхында үлкен бурылыс басланды!—деп дағаза етти ол ертеңине, жаңа оқыў жылы мүнәсибетине байланыслы ашылған жыйналыста бийик минберден көпшиликке сүйсине қарап турып.

— Бул бурылыс бизиң ҳәммемиздиң жақсы нийетимиз бенен тынымсыз мийнетимиздиң нәтийжеси. Мине, қарай ғойын, биз бул мақсетимизге толық ерисип отырмыз!—Наўрыз аға кең майданшадағы бахтыяр күлип турған қара көзлердиң бәрине ҳүрмет пенен бир қарап қойды.—Халық уллары саналы түрде кәсип-техникалық тәлимге бет бурып отыр. Демек, бизиң халқымыз өз өмир жолының кең гүзар дәрбентине келди деген сөз. Бул дәрбент илим менен практиканың беккем түйискен жери—кәсип-техникалық тәлим, жолдаслар! Енди усы жерден пүткиллей жаңа жол ақыл мийнети менен физикалық мийнетти бир орайға бирлестирген жоқары саналы адамзат жолы басланады. Биз бул жолды тек усы дәрбентке жетсек ғана таңлай аламыз.

Қуўанышлы жери сонда—мына қара көзлердиң бәри де бул жолды өз ерки, ақыл-ҳуўышлары менен саналы түрде таңлап келип отыр! Бул бизиң үлкен жеңис, үлкен байрам! Байрамыңыз бенен, жаңа жолларыңыз бенен, қәдирли ул-қызларым!

Президиумда отырған директордың орынбасары Жаббаров пенен Рәметовтың да, оқыў бөлиминиң баслығы етип жаңадан бекитилген Азаматтың да, комсомол шөлкеминиң басқа жумыслардан азат секретары Турғангүлдиң де, тәрбияшылардың да, жергиликли профсоюз комитетиниң председатели Нурнияз ағаның да айтар тилеги усы еди.

«Балларым, қандай бахытлысыз!—деп сүйсинди Нурнияз аға ишинен.—Ҳәм оқып билим аласыз, ҳәм кәсип үйренесиз. Ишпеге-жемеге зәриў емессиз. Әне, жатақханаларыңыз, өз үйиңизден кем емес». «Енди тәртип те жөнге түседи!».

— Директордың гәпинен рухланған Рәметов та өзинше қуўанып қойды.

«Мына техникалардың бәри сизлерге тийисли, жас дослар!».

Жаббаров гә машина-тракторлар паркине, гә балларға көз



www.ziyouz.com kutubxonasi

таслап, олардың шадлы келешегин көз алдына келтиргендей татлы әрман қушағында толып-тасып турар еди.

«Бизлер қандай бахытлымыз! Әрман еткен күн келди!».— Бир-бирин қутлықлап атырғандай Турғангүл менен Азамат та қайта-қайта бас ырғасып, жаўдыраған қара көзлерге үлкен үмит пенен қарасады.

Оқыўшылар тек Қулмуратовты ғана президумнан ушырата алмады. Ол басқа мастер—муғаллимлердиң қатарында да жоқ еди. Бирақ, оны излестирген ҳеш ким болмады... **(К. Алламбергенов).**

**364-шынығыў.** Текстти оқың, ондағы синтаксислик байланыс жасаўшы қуралларды таўып анализлең.

1. Қарақалпақ жеринен атланған Дослық поезды кийиктей атылып Совет елиниң жүреги болған Москваға қарай жол тартты... Одессаның ҳәр бир жайында, ҳәр бир тасында тарийхта өшпестей изи жатыр **(Қ. Жуманиязов).**

2. Күндиз нурын шашса тәбият таңы,
Түнде жарқырайды Ильич шырағы,
Күндей нурлы, таңдай гөззал қалада,
Жасай берсем дейсең шағлап мудамы **(Х. Сейтов).**

3. Кәўметиңе исенген, қәддин бүгип өтеди,
Көпшиликке исенген, мурадына жетеди **(нақыл).**

4. Хош кеўилли, мийнет сүйгиш әдеплилик сананы ийелеген бизиң елимиздиң әжайып жигитлери ҳәм қызлары өсип атыр **(«Совет Қарақалпақстаны»).** Сен ашық кеўилли қызсаң, Гүлзар, жақсы, жанның сулыўлығы өмир сүриўге жақсы. Расын айтсам, Гүлзар, сен мийлимен деме. Сени журттан өзге қылыў ушын тәбияттың өзи көзиңди усылай жаратқан сыяқлы—деди **(Т. Қайыпбергенов).** 5. Быйылғы өнимдей өним болмаған шығар. Колхоз дәннен қалай болса солай батып қалды. Пахта планды орынлады, колхозға киргенлер киргенине разы, мийнет ҳақы алды, алдыңғылар байраққа орамал, қант, шай алды, Дәўлетияр отырып келип ойланады. Япырмай бала,булар кем-кем күшейип баратыр, адамларда бурынғы сада адамлар емес, барлығы силлеп газета оқыйтуғын болды. Ликбезде шетинен оқыған. Адамлардың барлығы жай салып бурынғы қақыра деген қалды. Мине, быйыл ҳәммениң үйинде қапшығы толы дән. Бул адамлар өлгенде бас тартар кеңес ҳүкиметинен. Қырқ шилтер ғайып еренлер сирә булардың жылаўын жылаўлаған шығар. Ол усылай ойланып киятыр еди, алдынан Гүлмурзаның баласы Баймурза шықты. Жолмурза ғарры қамалып кеткели Баймурза кемпир апасы екеўи ғанасы турады. Халмурза оларға қарасып турады.

— Биз жеңилдик,—деп гүрсинип.

— Тарийхый жақтан жеңилдик. Мен усы тарийхты түсин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бедим. Буны кеш, күтə кеш түсиндим. Қызыллар мениң менен гүрести де, түсиндирди де. Мениң айыбым ушын атса атсын, өлтирсе өлтирсин, мен Қызылларға келешегимди, баламды бердим, енди өзим олардың алдына бараман. Ким мениң сөзиме түсинсе изиме ереди, ал түсинбесеңлер өзлериңиз билиң. Хош болың, меннен ыразы болың,—деп атқосшыларының бетине соңғы мəртебе қарады.

— Қаяққа кеттиңиз?

— Билмеймен!

— Сиз бизди бала дейсиз бе? Изиңизге ерттиңиз, нелерди уəде етпедиңиз, енди бүгинги күни бизди таслап кетип баратырсыз. Бул қалай? **(С. Баҳадырова).**

**365-шынығыў.** Тексттен синтаксислик байланысты табың, оларды түрлерине қарай анализлең.

Мелиоратор маманлығы келешектиң маманлығы. Ол жер менен ислеседи. Ал жер болса тиришиликтиң булағы, адамзаттың асырап-сақлаўшысы.

Жолдың еки бойында қалып баратырған жап-жасыл пахталықлардың ҳəр жер, ҳəр жеринен жаңа жаўып өткен ақша қардай болып ақ таңлақ бос жерлер көринеди. Бул ақтаңлақлар кебир ашқан жердиң шоры. Жердиң жиберип атырған дузлары.

— Егислик жер майданлары ушын дəрья менен коллектор қаншели əҳмийетли болса, коллектор-дренаж тараўлары да соншелли əҳмийетли. Суў—жердиң жаны. Суўсыз жерден өним жетистириў ҳеш қандай, мүмкин емес. Ал коллектор болса егис ушын зыянлы көп дузлы суўларды бир шетке ағызып, топырақтың қунарлылығын артырыўға жəрдем етеди. Бəҳəрги егиске таярлықты қолға алғанда дийқанлардың дəслепки жумысты коллектор-дренаж тараўларын қазып тазалаўдан баслайтуғыны сонлықтан. Жол бойында қалған жаңағы ақ таңлақ жерге келетуғын болсақ ол жерде коллектор жоқ, ямаса бар коллектор ўақтында қазылып, тазаланбаған. Әйтеўир, дурыслап ислемейди. Соның салдарынан жер кебир ашып кеткен.

— Коллектор—дренаж тараўларын қайсы айларда қазып—тазалаў керек?

— Август, сентябрь, октябрь айларында. Магистраль коллекторларды пүткил жыл даўамында тазалай берсе де болады. Ал хожалық ишиндеги коллекторларға басқаша қараў керек. Себеби, атызда бəҳəр ҳəм жаз айларында суў жатады. Үстинен үзликсиз қуйып турғаннан кейин жер асты суўлары жоқары көтериледи, гүзде төмен түседи. Коллекторлар усы ўақытта қазылса топырақтың арасына ҳаўа кирип, келеси бəҳəрге дейин жер жақсы дем алып, топырақ дүзилиси жақсыланады.

— Демек, егислик жер майданлары ушын дренаждың əҳмийети уллы екен ғой.

—Әлбетте,—дейди Ҳамидулла.—Жер асты суўы жақын жай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласқан жерлерде топыраққа ҳаўа жетиспеўи салдарынан өсимликлер көбирек азап шегеди. Сонлықтан, коллектордың жәрдеминде зыят суўлар қашырылып, ҳаўаға орын бериледи қулласы, мелиорация тәбият әдалатсызлықларын сапластырыўдың бирден-бир илажы (А. Камалов).

2. Бөпен болып еңбекледим баўырлап,
Жигитликте шалқып өттим даўыллап,
Жетпис бесте салмақ түсер бойыма,
Ҳәр күнинде бир мысқыллап аўырлап.
Жаслық қусы қайтып қонбас жайына,
Қайта үмит күтиў келмес ойыма.
Қартайғанлық—тәбияттың нызамы
Узақ өмир тийсе болар пайыма (Т. Жумамуратов).

3. Әне, келиншеклер, апалар, қурдаслар, биз—ҳаяллар. Өмирдиң сандығымыз. Усы сандық ашылса, өмир бар,— жерде келешек бар («Әмиўдәрья»)

366-шынығыў. Тексттен келисиў арқалы байланысқан сөз дизбеклерин таўып, олардың қалай келисип турғанын анықлаң.

1. Арқадан ескен өлпең желден жуўсан ийиси аңқыйды (Ш. Сейтов). 2. Таўдың бийик төбесинде жарқырап турған қуяш Морозканың көзин қамастырды, бирақ қәўетерли сезим туўдырарлық түрде мийдей ашық атызлықта бир адам да көринбеди (А. Фадеев). Мен Тарас таўында бизиң халқымыздың тарийхый дослығы туўралы ойладым. Тарас алыс Арал бойына, әлбетте, патша ҳүкимин де айдалып барғанлығы мәлим (И. Юсупов).

3. — «Бул нызамның тийкары, Нодар Григорьевич, мынада Адамның руўхы тәнине қарағанда жүз есе аўыр... Оның салмағы соншама, адамның қара басына аўырлық қылады... Сонлықтанда биз, адамлар, көзимиздиң тирисинде бир-биримизге мәдет болыўға умтылыўымыз, бир-биримиздиң руўхымыздың мәңги жасаўына жол ашып бериўимиз керек: сиз меникиниң, мен басқанықиниң, басқа және биреўдикиниң... ҳәм солайынша шексиз... Қашан адам табыттағы жеккелигине шекем солай болыўы керек...» (Н. Думбадзе).

367-шынығыў. Мысаллардан басқарыў менен байланысқан сөз дизбеклерин табың, олардағы басқарыўшы ҳәм басқарыўшы ағзаларды анықлаң.

1. — Енди мениң тәғдийрим сениң қолыңда, тек мениң емес, туўысқанларымның да, сен тек бизлерди жарылқайтуғын, адам ететуғын, ямаса өлтирип жерге көметуғын.

— Ол не дегениң? Мен емес, бизиң жасап атырған жәмийетимиз сизлердиң тәғдийриңизди шешеди, ўақыт, халық шешеди, —деди ойланып.—Егер бизге зыяны болса ҳәтте туўған әкемиз болса да аямаймыз. Мен Жолмурза ағамды да кон-



www.ziyouz.com kutubxonasi

фиска еттим, сен соны маған аңсат болды деп ойлайсаң ба? Жақ, елеге шекем жүрегим езиледи. Ол мениң әкемниң орнына әке болып еди, мен оны қыйдым. Кеңес ҳүкиметиниң сиясатына ол онша қарсы да емес еди, түсиндирсең түсинер де еди, ол мениң туўысқаным болғаным менен ол халықтың баратырған бағытына жат ис қылды, мен халықтың көз-қарасынан қараўым керек, оның тәғдирин кеңес ҳүкиметиниң сиясатына қарсы болған адамға берилетуғынын билиўим керек, солай еттим де—деди.

Назлымхан ойланып қалды. Айтсам ба екен, айтпасам ба, бул айтқанға жүретуғын жигитке усамайды, ҳәзир айтқаны менен мен буған қарсыман десе, ямаса сен басқа адам екенсең деп кетип қалса... Жақ, айтпағаны жақсы... Назлымханда оннан соң Халмурзаны өзине қарататуғын күш қалар ма екен? Жақ, жақ,Назлымханның жүреги шаншып кетти, егер Халмурза қарамай кеткен ўақытта оған өмир тамам болған сыяқлы. Оның ғаррылығы жас ҳаялдың көзине көринетуғын түри жоқ. Халмурза ҳәр күн сайын Назлымханды өзгертип баратырған сыяқлы. Оның* ҳәр күнги айтқан сөзлери жас ҳаялдың жүрегин толқытып күн узақ ойландырады. Ондай гәплерди қанша Кеңес ҳүкиметине берилген болғаны менен күйеўи Рахметулла айтып көрмеген еди. Халмурзаның сөзлерин тыңлап Назлымхан бул жаңа заманның орнаўы керек екенлигин түсинди. Оның жүрегинде өзгеше сезим толқып, жәмийетке өзгеше көзи менен қарайтуғын болып киятыр. Енди ол бойында толқыған өзгеше сезимге берилип, өзин жумысқа урғысы келип жүр. Билмейди неге екенин... Ол анасының басқа айтқан сөзлериниң биреўин де айтпады.

— Мениң сен көзимди ашып дүньяға қайта әкелдиң,—деди оның сөзлерин тынық тыңлап болып (**С. Баҳадырова**)..

2. Төренияздың торaңғылының арасынан жыланның көзиндей жылтырап аққан булақты жардың жайпаўытына қарап, қабағын ийнине салып бир қыз киятыр (**М. Дәрибаев**).

3. Өмирдиң мақсети—революцияға хызмет етиў (**М. Горький**).

**368-шынығыў.** Мысаллардан жупкерлесиў усылы менен байланысқан ағзаларды таўып, олардың қандай сөз шақапларынан болғанын анықлаң.

1 Арпа, бийдай ас екен, Алтын, гүмис тас екен (**нақыл**).

3 Екинши группаға кирген адамлар еки жел қайық болып, Тикраўдың тумсығынан өтип, Аралға қарай жол тартты... Мине, пошша торғай, ол ҳаўада шырлап қанат қағып, гә пәлпәллеп жоқарыға, гә төмеге түспекши болады, гейпара ўақларында гүлпы дөнип жайнаған көк майса шөплердиң үстинде ҳаўада бир жерде турып қозғалмастан қанатын қағып, кем-кемнен пәслеп, жасыл шөплердиң арасына өзиниң сиңип кеткенин билмей, шыр етип жерге қонады... Мине жыллы самал есип тур (**А. Бекимбетов**). 3. Өмирге бириў келеди, бири кетеди. Тәбият нызамы



www.ziyouz.com kutubxonasi

солай. Буннан он жыл бурынғы тоқпақтай қара бултлар сийрексип қалған.. Нөкис еле Жас. Ол дүзилип атыр. Талай-талай иматратлар пайда болды. Еледе қурылыс қызғын (**Ғ. Сейтназаров**).

4. — Жасы уллы, жумыс сол, пахта суўғара бер!

— Дайы,—деди совхоз директоры,—жумыс көп (**«Әмиўдәрья»**).

5. — Қой, қой гөне патлақты қозғама. Тийисли жазасын алдық—ғой. Кеңес ҳүкиметине зыяным жоқ. Руўза—намазым дүзиў. Аўа...

— Гөне патлақ дейсең... Үйинде еки бала, бала емес, ғырстай еки жигит бар. Ҳаялың да қартайып отырған жоқ. Ел журт, аўыл демей, қала демей атлан шап умтылып атырғанда, биреўин пахтада көрген емеспен. Енди бүгин келип, маған ҳәл саласаң... Ел кең. Кешире береди. Болмаса... (**Ж. Аймурзаев**).

**369-шынығыў. Тапсырма.** Төмендеги сөзлердиң бағыныңқы сөзлерин тәўып, жуўапкерлестирип гәп дүзиң.

армия, хызмет, жай, темир, полат, ағаш, тал, жолаушы, азамат, уста, епле, сөйт ҳ. т. б.

Үлги: **Жас тал** майысқақ келеди (**нақыл**).

**370-шынығыў.** Өзлериңиз әдебий шығармалардан жупкерлесиў арқалы байланысқан сөз дизбеклерине мысаллар таўып, анализлең ҳәм олардың қандай сөз шақапларынан болғанын айтып бериң.

**371-шынығыў.** Тексттен изафетлик байланыстағы сөз дизбеклерин табыңыз, олардың байланысыў усылын анықлаң.

1. Усы ўақытлары аўылдың майда балалары тал түсте топланысып, биреўлери қаўын-қаўын, кимиси көшпектиң қызығына түсип ойнап атыр (**Ә. Шамуратов**). 2. Бабын тапсаң—жер сақый. Крупскаяшылардың жер ҳаққындағы ойлары мине усындай (**«Совет Қарақалпақстаны»**). 3. Адамның қәдирин билген адамды ҳәммеден жоқары устаз билемен. (**«Әмиўдәрья»**). 4. Қашқынның жүриси өнер емес, сылдыр шеге сүдигардан жаман, басқан аяғын кери кетеди (**Ш. Сейтов**). 5. Тереклердиң жасыл жапырақлары сәўирдиң самалы менен бесиктей тербеледи.

6. Колхозлардың басқармасы,
Қаллаш жарлы диййқанға дос (**А. Муўсаев**).

7. Ақмақлардың берген бальзам суўынан,
Ақыллының берген зәҳәри зыят (**О. Ҳайям**).

8. Лениниң әжайып тулғасы, Ленин ҳүжданы, Лениниң жүреги—бизиң исимизде, жаңлаған қосықларымызда бәрҳә бизлер менен бирге барады (**А. Флоринов**). 9. Жеккениң жаны да халықтың қолында аға! Бир айтарымыз, келе қалып едик, мени қатарға қосыўды ойлайтуғын болыңлар (**Ө. Айжанов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

10. Күндиз нурын шашса тәбият таңы,
Түнде жарқырайды Ильич шырағы,
Күндей нурлы, таңдай гөззал қалада,
Жасай берсем дейсең шағлап мудамы (Х. Сейтов).

11. Бәҳәр аспаны бүгин қабағын күтә үйип алған («Әмиўдәрья»).

12. Қыздың ҳәзирги турқы Старцевке унап қалды, күтә унады. Бирақ онда бурынғы белгилердиң биреўи жетиспей турғандай, ямаса бир нәрсе зыяттай көрине береди. (А. Чехов).

372-шынығыў. Текстти көширип, келисиў жолы менен байланысқан ағзалардың астын бир, басқарыў жолы менен байланысқан ағзалардың астын еки, изафетлик байланыстағы ағзалардың астын үш, жупкерлесиў арқалы байланысқан ағзалардың астын төрт сызың, оларды анализлең.

1. Әдиўли анам,
Жуўап бер маған,
Қорғайман сени,
Жеңис жоқ төкпей қан,
Ал егер болсам қурбан
Умытпа мени (Ә. Шамуратов).

2. 1942-жыл. Уллы Ленин қаласы фашистлер қоршаўында. Тис-тырнағына шекем қуралланған басқыншылар Москва қасында тумсығы уўылғаннан кейин Кавказға қарай топылып, Сталинградқа бағдар алды. Уатан қәўип астында. Деген менен «жылдырымдай тез, Москвада 7-ноябрьди өзимизше байрамлаймыз» деп ҳәўлирген гитлершилердиң планының тас-талқаны шықты.

Плис мине усындай ўақытта урысқа араласты. Дәслеп бақлаўшы—ушқыш болған ол қысқа ўақытта самолет техникасын, ҳаўа урыс стратегиясын меңгерип, көп кешикпей барлаўшы—ушқыш исенимине ылайық болды. Ҳаўа райының ҳәр қандай қолайсыз жағдайларында да ол белгиленген сапарынан жаңылған емес, гейде төменлеп, базда жоқарыдан ушып тапсырманы бәржай етти. Душпанның ең узақтағы тылына барлаў жасап талай-талай әҳмийетли әскерий объектлердиң сүўретлерин алып қайтты. Плистиң усы фотосүўретлери бойынша ушқан бомбардировшиклер жаў тылындағы ертеңги урысқа таярланылып атырған қурал-жарақ, техникаларды жоқ етип, резервлерин үлкен шығынға ушыратты. Плис урысқа қатнасқан жылларында 106-жаўынгерлик тапсырманы ойдағыдай орынлады. Усындай сапардың биринде ол үш фашист истребителиниң қоршаўында қалды. Сурбетлеў биреўи жақынлаңқырап арнаўлы айна менен қоршалған кабинасынан бас бармағы арқалы «төмен қон» белгисин берди. Биреўи жоқарыда биреўи төменде. Плис жағдайды тез анықлап алды да төменнен



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушып киятырған истребительге атака жасады, пулемет оғының нөсерин төгип-төгип жиберди де өзи маневрге өтти· «Булар қандай екен?» деп жән-жағына нәзер салғаны сол, атакаға ушырағаны, жанып қалған екеўи қашып баратыр екен. Жоқарғы Бас командованияның тапсырмасы бойынша Берлиндеги ең күшли еки аэродромның фотосүўретин алып келиўге сапар еткен экипаж ағзалары зенит нөсерлеринен аман оралды (F. Сейтназаров).

3. Бирден устахананың иши кәдимгидей жаңғырып, балқыған темирден жан-жаққа күнниң нурындай болып ушқынлар шашырады. Мырзабай аўыр балғаны жоқары көтерип усти-үстине дөндирген сайын пүткил ой-сезими балғаның дәстине түсип тапланған темирге берилди. Ол ҳәп заматтың арасында ешейин темир ҳақыйқат қуралға айланып, жигиттиң шерин тарқатады. Сөйтип, ол ҳайттыда, сейилди де умытып кетти (А. Бекимбетов).

## СӨЗ ДИЗБЕКЛЕРИ

**373-шынығыў.** Тексттен сөз дизбеклерин таўып, олардың байланысыў усылларын анализлең.

1. Жер туўралы ойлаў-үлкен ғаниймет. Жерге мүнәсибет пенен қараў жақсы, ғамхорлық етиў, ийгиликли ислердиң ең сәркардасы.Себеби, Жер тиришиликтиң алтын бесиги, бизиң асырап сақлаўшымыз. Таўсылмас ырысқы-несибемиз, теңи тайы жоқ ғәзийнемиз. Жерге қаншелли көп ғамхорлық етсек, биз оннан соншелли көп аламыз. Жер бизге өз жемисин сақыйлық пенен береди.

Гейде, жумыс бабында аўыллық орынларға шығаман. Жолдың еки бойында бир-бирине уласқан овощь ҳәм палыз атызлары, жүзимликлер, миййўаларын көтерс алмай шақалары майысқан алма ағашлары пахталықлар менен теңиздей тербетилген сайын плантациялары дыққатыңды ериксиз өзине тартады· Халықтың несибе-ырысқысы тынған далаға узақ-узақ турып сүйсине қарайсаң. Жер ана баўырының қаншелли кең, қаншелли мийирбан ҳәм қаншелли қәсийетли де қудиретли екенин усы жерде, сақый гүздиң қушағында турып биринши мәрте сезингендей боласаң. Сениң усы ой сезимлериңди бәнтлеп, тағыда беките түскендей кузөвларын рәң-бәрең мийўе, овощь ҳәм палыз өнимлерине толтыра тийеп алып, атыздан тиккелей ларекке ҳәм заводқа қарай ғаз қатара сап тартқан трактор тележкалары жолға сыймай ағылады.

— Жерди жақсылап ислеп, төгин менен байытып, қандырып суўғарып бабын таба билсең ол—ағып турған булақ, ийип турған әрўана,—дейди. Нөкистен шыққаннан берли қасымда бирге киятырған Ҳәмидулла.—Күни узаққа бир нәрсени аңладың ба, бул егис майданында (А. Камалов).

2. Бизлер кабинеттен жырылып шығып, № 2 участкаға же-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тип келдик. Бул Байкалдың ғырры жағасында екен· Үлкен төрт-бес өркешленген таў Байкалға тийип тур. Усы төрт-бес өркеш таўды тесип өтпесе басқа жағында магистрал ушын қолайлы жайпаўыт жоқ екени аттан анық болып тур.

— Бул тоннельлердиң тесилиўи, яки тесилмеўи туўрасында көп сергиспелер пайда болды—деп сөз баслады Сәкен таўға өрмелеп баратырып.

— Байкал гүз, бәҳәр айларында толқыны аспанға шапшып жилли болып кетеди. Со ўақытлары анаў төмендеги ўақытша темир жол, асфальт жоллар бәри толқын астында қалып қояды.. Бир күнлеп еки күнлеп машиналар жүре алмай ҳәрекет тоқтап қалады. Ал, жаз болса тып-тыныш болып жатады. Қыста жымдай болып музлайды. Бир күни теңиз тыныш еди. Бизлер толқын күшин сынап көрейик деп 30 тонна шығатуғын үлкен бир тасты техниканың күши менен зордан апарып суўға тасладық· Арадан бир нешше күн өтпей-ақ күшли даўыл пайда болып, көлден толқын көтерилди. Ертеңине таслаған тасымызды келип көрсек, ол тас асфальт жолданда жоқары асырылып, темир жолдың рельсинде жатырған екен. Соны көрди де инженер-алымлар жолды тоннель арқалы өткериўге келисим берди. Әне, толқынның күши эшелонларды да бир урғанда гүл-опат етип кетиўи мүмкин еди,—деди ол тоннель аўзына келип тоқтаған машинадан түсип атырып (**М, Қайыпов**).

3. Бағжаптың батыс бетин жағалап орналасқан үлкен аўылдың арасындағы ҳәр қыйлы егисликтен, көк түсли жоңышқаның көрпеси менен жасыл таллы жазлықтың бойынан шыққан жупар ийисли этирапты аңқытып тур (**А. Бекимбетов**).

4. Усы ўақытта қысқа бойлы, тапалтас, ғаррылықтаң еки ийни ишке қарай мүжирейип кеткен бир ғарры бастырмаға ҳасасына сүйенип кирип келди (**А. Бекимбетов**).

**374-шынығыў.** Тексттен сөз дизбеги менен қоспа сөзлерди таўып, олардың айырмашылығын айтып бериң.

1. Токиодағы Тама қойымшылығында Рихард Зоргениң қәбириндеги гранит тасқа мына сөзлер ойылған:

«Бул жерде өзиниң барлық өмирин парахатшылық ушын гүреске берген адам жатыр».

Ол бизиң байрамларды жақсы көретуғын еди. Москвалы жолдасларын ҳәм хызметкерлерди қутлықлап, Токиодан былай деп жазған еди: «Өз ойымша мен сизлер менен бирге Қызыл майданнан өтип баратырғандайман. Уллы Октябрь революциясының 23-жыллығы менен қутлықлайман, барлық бизиң адамларға уллы исте оғада үлкен табыслар тилеймен» Социализмниң дүнья жүзилик жеңисинде оның да үлеси бар. Ол келешек ушын жумыс иследи: Тыныш турмысымыз ушын, бүгинги мийнетимиз ҳәм қуўанышымыз ушын биз де оған көп миннетдармыз. Мине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

соның ушын да адамлар Зоргениң ҳәм оның жолдасларының атларын алғыс пенен тилге алады.

Москвада балалар мектепке Зорге атындағы көше менен барады. Каспий теңизшилери алдағы корабльди Зорге аты менен атауды өтиниш етип атыр. Азербайжан халық шайыры Сулеймен Рустам оған өзиниң қосықларын арнады. Токиодағы Зоргениң қәбирине япон антифашистлери жыйналады.

1965-жылы, 20-январьда газеталар Бранко Вукеличти, Макс ҳәм Анна Клаузенлерди Советлер Союзының орденлери менен наградлау ҳаққында СССР Жоқарғы Совети Президумының Указын басып шығарды.

Бул жүдә орынлы ҳүрметлеулер болды. Рихард Зорге усылай бизиң күнимизге ҳәртәреплеме енийи лазым. Бизлер тәрепинен қойылмаған «Доктор Зорге, сиз ким боласыз?» деген сорауға жууап бериуге дийдиленген менен ҳәммесин өз ишине қамтыушы портрет дөретиуге талапланғанымыз жоқ. Биз тек қаҳарман келбетиниң айырмашылығын көрсетежақ болдық. Ең әҳмийетлик тийкар усыдан ибарат деп есаплаймыз.

Рихард Зорге ҳаққында әңгиме еткенимизде, биз бир уақытлары Юлиус Фучиктиң айтқан пикирин қолландық.

«Пролетариат қаҳарманлары жүдә ҳақ кеуилли ҳәм әпиуайы адамлар. Олар шешиушн мәҳәлде не ислеу керек болса, барлығын да ислейди. Олардың қаҳарманлығы мине, тек усында».

Олар даңқ ҳаққында ойлаған да емес. Бирақ, бүгин олар ҳаққында пролетарлар маршы сөзлери менен:

«Колонияларда болмасаңызда,
Бизлер менен биргесизлер...»

деп айтыу, толығы менен ылайық болады (**И. Дементьева**).

2. Ушы-қыйырсыз сары теңиз киби толқынлаған бийдайлық. Аманлықтың да, Ақбийдайдың да ҳәм шаршағанлықларын ҳәм әззиликлерин умыттырды (**Т. Қайыпбергенов**). 3. Жаслар— бизиң келешегимиз, үмитимиз, күш-қууатымыз, ол жасы үлкенлердиң қол қанаты, сүйениши, беккем тиреги (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

**375-шынығыу.** Тексттен әпиуайы сөз дизбеги, турақлы сөз дизбеклерин табың, бир-биринен айырмашылығын, гэптен айырмашылығын айтып бериң.

1. «Ленин жолы» колхозынан қубла-шығысқа қарай бираз жүргеннен кейин гедир-будыры көп, уақытша асфальтланған жолға түстик. Алдынғы беттен бир-еки эксковатор ҳәм бульдозер көринди. Олар қашы көтерип киятырған гидроэнерго қурылысшылардың техникалары екен.

— Бул—Безерген, Құлатау, Меншикли, Нөкис, Сарымай ауылларын бир гездеги Атарба ауыллық советиниң барлық территориясын түуели менен өз ишине алған Түйемойын суу сақлағышының Төрткүл районы тәрепинде көтерилип атырған қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шы,—деди машина рулинде отырған Тельман—Екинши қашы дәрьяның арғы жағында. Ол бул жерден көринбейди.

Алыста, даўыс жетер жерде көк-көмбек суў айдыны шалқып атыр. Айдынның арқа шығысы—Қулатаў, қубла—шығысы Безерген, Әзелден тәбияттың өзи Түйемойын суў сақлағышы ушын көтерип қойғандай. Суў айдыны бетке бир топар қус төбемизден ғыйқуўлап ушып өтти.

Мен ойға шүмдим. Тәғдири суў менен байланысқан үлке адамларының ырысқы-несийбеси мол, абадан, мазмуны бүгингиден де бай ертеңги турмысы ҳаққында ойладым. Ертең—бир күн усы жерден саға алып кең саҳраға қарай мәўиж урып ағатуғын көгилдир суў артериялары ҳаққында ойладым. Кейинге ысырып тасланған еспе қумлардың орнында теңиздей тербетилген, пахта ҳәм салы плантациялары менен мийўеге сығасқан сақлағышы бар бул жаңа суўғарыў—энергетикалық комплекси баў-бақшаларды көз алдыма келтирдим. Улыма сыйымлылығы еки миллиард алты жүз миллион кубометрден ибарат еки суў сақлағышы бар бул жаңа суўғарыў энергетикалық комплекси қоңсылас Хорезм областы ҳәм Туркменстан ССР ының Чаржаў областы менен автономиялы республикамыздың егислик жер майданларын мол суў менен турақлы түрде тәмийин ете алатуғыны туўралы ойлап, оның келешегин көз алдына келтириўдиң өзи бир ғәнийбет екен.

Маңлай алдымызда-ақ мәрмәр—зәўлим имарат. Әлле ким қыялға да жайласпайтуғындай төрт қырлы үлкен тасты таўдан жонып әкелип асаў Әмиўдәрьяның таслақлы тар қыспағына кесе-көлденең қоя қойды. Шығыстан саз берип таң атты (А. Камалов).

2. Ағалы-инили екеўи де жас, азғын, сақал-муртлары тап берген; екеўиниң де бөз қалта көйлек, гезлеме менен тысланған тон, басында кишкене сәлле (А. Қаххар). 3. Ақбийдай қосық айтып еңкейе шеп қолы менен бийдай қамтымлап орақ сермегенде, пүткил атыз бойлап қатара орақ услап турған мыс денели дийқанлар Ақбийдайға үн қосып жапырыла ис баслады (Т. Қайыпбергенов).

4. Бузылды, жоқ болды, байдың қуралы,
Жер жүзине жетти қолы Лениниң (А. Муўсаев).
5. Ленин еди жәҳәнниң ашылған гүли,
Сайрап турған адамзаттың бүлбили (А. Муўсаев).

**376-шынығыў**. Берилген мысаллардан еки компонентли ҳәм көп компонентли сөз дизбеклерин табың, бир-биринен айырмашылығын айтып бериң.

1. «Адам өмириниң өзгериси көзди ашып жумғанша екен ғой»,—деп ойлады Абылла.

Жыраның аўзында турып атының айылын қайтадан мықлап тартты. Оның маңлайынан сыйпап, «көк ғунан жаныўар, енди-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ги гәп сенде, мен қәпесли тордан қутылыўға асыққан қаршыға болсам, сен қанатымсаң,—деп ырғып минип,—нар тәўекел!»— деди Абылла (**Ж. Сапаров**).

2. Түн-уйқы, ал күндиз шадлы жүремиз,
Жақсылық, жаманлық бәрҳә жүр егиз.
Суў жүрек, қорқақлар, сатқын болмаса,
Мәртлердиң мәртлигин қайдан билемиз!

Уўайым, қайғының тийкары егиз,
Қайғы—кеўил муңы, уўайым-теңиз.
Оннан жүзип өтер үмитиң-кеме,
Жасымас жигерди ескегим деңиз,

Даналар да көп сүрниккен, билген көп,
Ақмақлар тез таныйды мерген боп,
Ақылсызлар мойынламас ақылды,
Ақыры ол ақыллы боп көрген жоқ (**Ғ. Сейтназаров**)

3. — Биришиден, жаңа еки достан, ески бир дос абзал, екиншиден, сениң досларыңды жек көретуғынлардың арасынан өзиңе дос излесен, бурынғы достыңды душпан қылып аласаң. Дос болып жүрип душпанына айланған бир дос, сениң сырыңды билмейтуғын жүз душпаннан қәўипли (**Т. Қайыпбергенов**).

4. Адамның ең меҳирли досты да—адам, адамның ең жаўыз душпаны да—адам,—дейди даналар (**Т. Қайыпбергенов**).

5. Узақ пенен жақындағы аўыл ҳәкимлери шақырылған күнге келемен деген ше анаў-мынаўды ойлағанлықтан приставтың уйқысы қашты.

«Япырмай, тәңирим-ай, полковниктиң алдында не жазық ислеп қойдым? Мени буған ким ийтермеледи? Байлыққа куштарлық па? Қарақалпақ байларынан алған азғантай алтын гүмис теңгем бе? Яки ғарры анама жиберген бе-алты жылға жетерликтей параға алған ақшамекен-ә! Жоқ, меннен де көп алып атыр. Мен болсам, ҳәкимлик ушын Шымбайдан қанша жай салдырдым. Кеңсени тазаладым. Қаладан мектеп аштым. Бул ушын қазнаның қара бақырына қол тийгизгеним жоқ. Алымсалықтың басы түўел! Ал ол ғой бәрин өзи бийлеп, өзи төслеп отыр. Тек Шорахан уездниниң начальнигинен ат басындай алтын алғаны былтыр ғана. Әлбетте, мен ҳештеңе берип жарытқаным жоқ. Қалтасы қампаймағанға шақырып отырмекен әлде?... Уҳ—ҳ!».

Көп ойлардың қушағында толқыған приставтың қабақлары жабылып көзлери киширейди (**Ө. Хожаниязов**).

**377-шынығыў.** Тексттен сөз дизбеклерин табың, оны атаўыш сөз дизбеклерине, фейил сөз дизбеклерине айырың.

1. Мине, биз колхоз бағындамыз. Бул жерде мийўе ағашла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рының нешше түри бар. Алма, энар, энжир, шийе, қарели, әйтеўир биз билетуғын мийўе өсимликлериниң барлығы усыманнан табылады. Оның үстине бағдың ушы-қыйыры жоқ сыяқланады. Бундай деўимиз лап, әлбетте. Деген менен, күн шығар шетиндеги үлкен коллектордың ырашына минип қарап едим, солай көринип кетти. Ийни келгенде Ҳәкимбай ағадан жердиң ҳасылдарлығын арттырыўда коллекторлардың, улыўма мелиорациялық жумыслардың роли ҳаққында пикир сорап едим, ол киси былай деди:

— Өзлериңизге мәлим, бул этирапта халық жасап, дийханшылық етип киятырғанына көп заманлар болған. Лекин, жерлеримиз еле мол зүрәәт берип киятыр. Оның баслы себепшиси мине усындай коллекторлардың жақсы ислеўи болып табылады. Усындай коллекторлар арқалы жердиң изей суўлары қашырылып турмағанда барлық жеримиз қашшан истен шығып қалған болар еди. Екиншиден, биз алмаслап егиўге жақсы итибар беремиз. Түрли егинлерди алмастырып егиў, әсиресе жоңышқа менен алмастырыў жердиң топырақ қурылысын жақсылайтуғынын ҳәзир ҳәмме биледи. Бирақ жер жетиспегенликтен, оның үстине пахта майданының азайып қалыўынан қорққанлықтан көплеген хожалықлар бул иске оншелли әҳмийет бермейди. Бул оғыры қәте. Жер—бизиң ата-бабамыздан қалған теңи-тайы жоқ байлығымыз. Ҳәр бир дийқанман деген адамның ең баслы ўазыйпасы жерди көздиң қарашығындай әдиўлеп сақлаў болыўы тийис. Әне, сонда бизиң дастурханымызда мийўе менен түрли жемислер, телегимиз толы дән, қырманымызда мол-көл «ақ алтын» бола береди...

Баг. Коллективлик мийнет жемиси болған колхоз бағы. Бунда қуш нуры менен қып-қызыл болып жайнап турған алмалар менен анарлар шақаларды ийип малынып тур. Нурланып өсип турған жүзимлердиң ип-ири, көп-көмбек солқымлары салланысып көринеди. Мийўе ағашларының ҳәр түри айырым-айырым егилген ҳәм атызларға бөлинген. Саясы салқын, ҳаўасы таза бул бағды аралап жүрсең зейниң ашылып қыялың бәлентлерге пәрўаз етеди (**А. Әлиев**).

2. Арқасы ақ қайың болып ырғалар,
Қублада таўлары бийик турады.
Волга ҳәм Әмиўдей уллы дәрьялар
Ҳәр түрли теңизге қуйып турады.
Бунда қурылысы өзге тиллер бар,
Халықлар бар тарийхы табақласпаған.
Бирақ бир анадан туўылғандай олар,
Жаны жаным менен сабақлас маған (**И. Юсупов**).

**378-шынығыў.** Тексттен атаўыш сөз дизбеклерин табың, олардың компонентлериниң синтакслик қатнасларын анализлең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1. — Көп болса, қәдири жоқ нәрсе не?

— Жоқ болса, адам бар тапканына алмастырып алғысы келетуғын нәрсе не?

— Суў.

* * *

— Ең жақсы әдет кимниң әдети?

— Ең жақсы әдет—халқының әдети.

— Ең жақсы кийим кимниң кийими?

— Ең жақсы кийим—халқың кийген кийим.

* * *

— Ең қәдирли гүл қайсы гүл?

— Ең қәдирли гүл—пахтаның гүли.

— Дурыс, ол кийимге айналады.

— Дурыс, ол фашистлерге қарсы оқ болады...

* * *

— Ең баслы күш неде?

— Бирликте.

— Адамды басқаларға сүйкимли көрсететуғын еки мүшесиниң атын айт?

— — Биринши—жүреги, екинши—тили.

— Енди, адамды басқаларға жаман көрсететуғын еки мүшесиниң атын айт?

— Биринши—тили, екинши—жүреги.

* * *

— Ақмақ қай ўақытта ақыллы көринеди?

— Сөйлемесе.

* * *

— Адамның өзине мәлим қайсы нәрсесин оның өзинен басқалар көп айтады?

— Атын (Т. **Қайыпбергенов**).

2. Бүркит палапаны «темир қанат» болғаннан кейин оны жерге қондырмай, көкке пәрўаз етиўге мәжбүрлейди екен. Бизлер де жас жазыўшыларымызды тап усы жол менен тәрбиялап, тек ғана шыңларды гөзлеўге үйретиўимиз керек, нәтийжеде олар нағыз бүркитке айлансын (**М. Шолохов**).

3. Биринши сөз академик Александровқа бериледи Ол:

— Соның менен бирге, көп байлықларды өзинде сақлап үнсиз жатырған Арал теңизиниң проблемасы бүгин пүткилсоюз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық проблемаға айланды,—деди бир қолы менен ол алтын бөгенекли көз әйнегин дүзестирип.—Арал теңизи Орта Азия регионының тәбиятын, ҳаўа райын бир қәлипте тутып турған тәбийий күш. Экологиялық жақтан да Арал өзинше, өзгеше. Океанларда дузлылық отыз төрт процентти қураса, Аралда дузлылық он проценттен кемирек. Сол себепли бунда дүньяның ҳеш бир көлинде ушыраспайтуғын балықлар жасайды. Аралдың шельфиде бираз артықмашлыққа ийе. Жүргизилген изертлеўлер бойынша бунда титан минераллары, хром, оғада сийрек ушырасатуғын металлар барлығы, сондай-ақ, вольфрам минераллары, қорғасын барлығы анықланды. Аралдың ултанынан бир кубометр таў массасын алыўға қарағанда отыз-қырқ есе арзанға түсетуғыны көринип турыпты. Аралда таў массалары не қылып жүр? деген сораў туўыўы да заңлы (**Т. Қайыпбергенов**).

**379-шынығыў.** Тексттен фейил сөз дизбеклерин табың, олардың компонентлериниң бир-бирине қатнасын анықлаң.

1. 1966-жылы автономиялы республикамыздың Искусство музейине эстетикалық ләззет беретуғын шеберликтиң сырларына суўғарылып, халықтың қол өнеринен шыққан, көз қыйығын салған адамды ериксиз өзине тартатуғын ҳасыл мүликлер жыйналды. Дәрибай да усы музейге өзиниң ағаштан жасаған ҳәм «Врач» деп ат қойған скульптурасын усынды. Оны музей хызметкерлери үлкен қызығыўшылық пенен қабыл етти. Мине, соннан бери Дәрибай ерик, алма, шийе, гүжим, қараман, шынар, арша сыяқлы ҳәр түрли қатты ағашлардан елиўден аслам скульптура жасап, елимиздиң көплеген орайлық қалаларындағы көргизбелердиң экспонатларының қатарына қосты. Оның ағаштан скульптура жасаў ушын таңлап алған сюжетлери де ҳәр қыйлы. Булар турмыста гезлесетуғын қызықлы темалардан ибарат. Әсиресе, оның «Гүнжи гүли», «Жегде жамылған келиншек», «Қыял қусы» деп аталған мүсинлери көпшиликтиң нәзерин аўдарады ҳәм эстетикалық илҳәм бағышлайды... Художник скульптор Дәрибай Төрениязов ҳәзир творчестволық өсиў жолында. Дәрибай 1970—71-жыллары Өзбекстан ССРы бойынша өткерилген художниклердиң конкурсинде биринши дәрежели диплом және ақшалай сыйлық алған еди. Ал, 1973-жылы ол СССР Художниклер Союзының ағзалығына қабыл етилди (**«Әмиўдәрья»**). 2. Сөз терек ҳаққында болғаннан соң тағы биреў сөзге араласып, Байсунда сондай сондай бир байтерек бар, оның геўек ишине бир ўақыттың өзинде емлеўхана, чайхана аўыл совет жайласқан еди, деди. Ал ҳәзир олар ушын әллеқашан жай қурылып берилди, бирақ қыйыншылық пайытта оларды бир ағаш оңыстырған еди. Ағаш ҳаққындағы темаға қызықсынғандай. жолдын бойында сексеўил пайда болды. Сексеўил онша бийик емес, бирақ дөгеректе оннан бийик ҳеш нәрсе

www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ. Оның бағанасы қыйсық-қыйсық, ал улыўма жапырағы болмайды, бирақ дөгеректе оннан дүзиў ҳәм оннан жасыл жапырақлырақ ҳеш нәрсе жоқ. Сонлықтан да сексеўил шөлистанлықта өседи, шөлистанлықта қыр дөгерек әтирапта оннан басқа ҳеш нәрсе жоқ. Сексеўилден басқа ағаш туқымы көринбейди. Итимал, ол өзин салыстырып көретуғын ҳеш нәрсе болмағанлықтанда сондай ербегейде-сербегей, қысқа ҳәм сулыў емес шығар? **(Ф. Кривиц).** 3 Саҳипжамал сыртта әри-бери сейил қылып аз-маз кеўил көтерди. Қыз ўақтындағы сияқлы көктеги қуяшқа тигилип қарап, көзин қамастырып, тәбиятты да бираз тамаша етти. Бир мәҳәлде изине қайтып еди, сейисхана ишинде мисли биреў пахта постеклен атырғандай дүрсилди еситилди. Ол бул ҳәдийседен сескенейин деди де, ойға шүмди: «Ҳаў, бул не ҳәдийсе! Әлле биреў қазық қағып турма екен? я биреўди шақырып, белги берип атырғаны ма? Өйтип, бизиң үйде ондай қыздан ким бар? Мен болсам, найлажлықтан Қәлимбет байдың тақымына түстим. Енди ший тырнап, дүзде аяқ тапылдатып, белги берип жигит келгендей, бурынғы қыз күним қайда? Оқабазланған жас келиншек дәрҳал бир өкшеден айланып, кейнине қайтты. Үйине кирип еди айттағы турысы! Бәйбише де жоқ **(Ө. Хожаниязов).**

**380-шынығыў.** Тексттен фейил сөзлер менен сөз дизбеклерин жасап турғанын анализлең.

1. Документлер сақланатуғын бөлмениң төринен сур халат кийген киши пейил хызметкер ҳаял қолына папка алып шыға келди. Ол бизге аңыз бенен күнделикли турмыстың аралығынан аңсат өтиўге жәрдем берди. Баслықтың столына шиймақпал, гүртеше кийген, енли галстук байлаған, кең жағық маңлайлы жас жигиттиң сүўретин ҳәм оның өзи толтырған анкетасын әкелип қойды. Анкетада:

«Профессиясы—интеллигент.

Ўазыйпасы—партия хызметкери.

Профсоюз —ағартыў хызметкерлериниң...».

Бурын қыялый болып көринген нәрсе, енди ҳақыйқый болып жүзеге келе баслады. Аңыз кейин шегинди. Өмир әдеттегидей өпиўайылығы менен қаҳарманның алдына өзиниң талабын қоя баслады. Бул минутлар жүдә гөззал минутлар еди. «Бул дүньядағы» тәбийғый батырлық—қаҳарманлықтың ең әжайыбы емес пе?

Бул адамның таң қаларлық тәғдийрин избе-из барлап отырғанында, өзиңше қорқыныштан ҳәлсиреп жақын сезим пайда болады.

Архив баслығы сыртында «Зорге» деп жазылған, гезлеме менен қапланған папканың баўын шешкенде, бирден ойға түскен нәрсе бизиң темаға көз қарасымыздың документлерге тийкарланғанлығын анықлаў еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Очеркте келтирилген фактлер, документлер, тири адамлардың гүўалығы, бизиң сөйлескен адамларымыздың қолы менен тастыйықланған. Енди Рихард Зорге деген ким? (**И. Дементьева**).

2. Қар үстинде жалаң аяқ жуўырып,
Суўығына өзим шыдап баққан жер,
Қарапайым қара үйде туўылып,
Әрманларым айға қанат қаққан жер,
Умытпайман, бәри-бәри есимде,
Перзентиңе баўырың ысық пана жер,
Қәдемимди қыя бассам, кеширме,
Топырағыңда тик жүрермен, ана—жер (**М. Нызанов**).

3. —Тоқтап тур азғана ўақыттан соң һәмме бул жәмийеттиң ең әдил, адамзаттың ҳақыйқатлық ушын гүресетуғын жәмийет екенлигин түсинеди. Бунда жасаў адамға жеңил, себеби, адамды адам езбейди адам еркин өз мийнети менен жасайды, бунда мийнет мақтаныш етиледи. Мийнет еткен адам өзине кереклисин алады, мийнет етпегенге ҳеш нәрсе берилмейди. Мийнет бунда ҳәммеге теңдей, бурынғыдай ким пара берсе жеңип кете бермейди, ҳақыйқатлық жеңеди, бул жаман ба?! Ҳақыйқат адамгершиликли, ҳүжданы таза адамлар ҳақыйқатлықты басына жоқары қояды. Ҳадаллық, тазалық, адамгершилик бул жәмийетте мақтаныш етиледи, байлық, ҳарамылық, дүньяпаразлық адамды езиў, ҳақысын бермей қан қақсатыў, биреўдиң арқасынан байыў, булардың бәри ески жәмийеттиң қәсийети, олардың бәри жоқ етиледи. Әне усындай жәмийеттиң жаман болыўы мүмкин бе? (**С. Баҳадырова**).

## ЖАЙ ГӘПЛЕР

381-шынығыў. Текстлерден жай гәплерди таўып, олардың белгилерине қарай отырып жай гәп екенлигин дәлиллең.

1. Егер душпан берилмесе, оны қуртар болар (**М. Горький**). 2. Күнниң нуры болмаса, гүллер қайдан ашылсын (**«Әмиўдәрья»**) 3. Көркем шығармаларды оқыў—турмысты ҳәм оның гүрес нызамларын билиўдиң теңи-тайы жоқ дереги (**К. Мәмбетов**). 4. —Енди не ислейжақсаң?

— Соңын бағып көрейик. Мәскеў-Макарияны алған большойлардың күши еки сан қарақалпаққа келмес пе? Ат белине минер күн тўўса бир өшимди аларман.

— Мен де солай ойлайман. Қулағыңды түрип жүр.

...Үмит босқа кетпеди. Гүзге салым Шайдаковтың әскери жәрдемге келгенде Анна аўылынан ат белине алды менен минген екеўи болды. Жаңраған «ур-ралар» менен ат туяғының дүрсилдиси еле буның қулағынан кетпейди.

Уллы мақсет иске асты. Ертектегидей небир әжайып тилси-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мақлар жаңа дүньяда жүз берди. Бәрин ислеп атырған адам қолы. Әттең сол қол бир ғана нәрсеге ҳәзирше қысқалық етеди екен. Гей адамның жаўыз қолы жан алса да, мийримли қолы өлгенге жан бере алмайды екен. Болмаса төлеўине алтынға бермес басын айырбасласа да, мынаў көкириеклерин зилдей қара тас басып атырған, жаңа мақсет ушын қыршынынан қыйылғанларды ҳәзир бир тирилтип көрерме еди?!

Арадан қырқ жыл өткеннен кейин ғана олардың үстине естелик салдырды. Қызыл гвардеецлер менен зәңгилес жүрмесе де, оларды өз қолы менен жерлеген Әбдиўәлий буған көпке шекем наразы болып жүрди. Естеликтиң салынғанына емес, оның қәбирдиң дәл үстине салынбағанына наразы. Қанша шырлап қойымшылықтың орнын көрсетип дәлиллескени менен билгиш биреў естеликти асфальт жолдың күн шығарына орнатыўды усыныс етти. Айтқаны болды. (**«Әмиўдәрья»**).

5. Дүньяда басқаша суўқабақлар бар,
Жер шарын ойыншық еткиси келер.
Стадион етип әлемди олар,
Жерди домалатып тепкисиң келер **(Т. Мәтмуратов)**.

6. Үйге енген жақты менен Ерполаттың жүрип көрип, көпти көрген Иван Ерполаттың қатты азап көрип, қыйналып келгенин аңлады **(М. Дәрибаев)**.

7. Тарланымның шабысын көзим менен көрип, бир қумарымды тарқатайын деп, ҳәмелдарын қасына алып, қанжарын белине шалып, қырқ адамды алдына салып, сәркабының қасына барып, он еки артыўдан жоқары шығып, аттың жолына қарады (**«Алпамыс»**).

## ЖАЙ ГӘПЛЕРДИҢ МАЗМУНЫ БОЙЫНША ТҮРЛЕРИ

**382-шынығыў.** Төмендеги мысаллардан жай гәплерди мазмуны бойынша анализлең. Хабар гәплердиң жасалыўына итибар бериң.

1. Қуўдың көрки—көк шалғынлы көл менен,
Ердиң көрки—адам менен, ел менен,
Дузыйн толық ақламадым журтымның,
Елең талай қарызым көп бермеген **(Т. Жумамуратов)**.

2. Көп жасаған билмейди, көпти көрген биледи **(нақыл)**. 3. Чапаев жумысты ислете билиўши еди, бирақ оның қолланатуғын айрықша қатаң шаралары болатуғын еди **(Д. Фурманов)**. 4. — Буннан бурын да ескерткен едим, жылқыларың көлли яўмытларына жақын қәўипли жерде жүр деп. Бурламас пенен Қопалы көлине айдап әкелиңлер. Бизиң қулынлы байталларды услап әкелип тапсырарсыз. Ҳәзирше қолда бағыўға да болады ғой. Жолларың болсын, ақыл менен ҳәрекет етиңлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Ақыл дәрья, алсаң да таўсылмайды, жер ғәзийне, саўсаң да таўсылмайды» дегенди умытпаңлар, қарақларым,—деди Төреш.

— Абылла, сен де бизлер менен жүресең,—деди Қудайберген бурылып сөйлеп.

— Жарағым жоқ ғой?

— Жылқыларды айдасасаң.

— Болады аға, онындай ислер қолымнан келеди,—деп Абылла орнынан турды. Өз орнында қалған Төреш қалтасынан тәсписин алып, ишинен кәлийма қайтарып, ҳаят оқып қос алақаны менен маңлайынан төмен қарап сыйпады. Есик бетте қатар турған үшеўи «Аўмийнн» деп пәтиясын алып шығып кетти (Ж. Сапаров).

5. Метелица айғырын тусады да, бала менен хошласып, дәрьяны жағалап соқпақ пенен кетти (А. Фадеев). 6. Қәўметине исенген, қәддин бүгин өтеди, көпшиликке исенген, мурадына жетеди (нақыл).

**383-шынығыў.** Берилген мысалларды оқып, гәплерди түрлерине айырып, олардың өзине тән болған мәнилик, грамматикалық интонациялық өзгешеликлерин анықлаң.

1. Тек азанда ғана жуўынып қоймастан, кеште де жуўыныў керек. Егер де адамның териси нормаль жағдайда болса, қәдимги суў менен сабынлап, күнине еки рет жуўыныў керек. Егер де жыллы суў менен сабынлап жуўынғанда, күнине бир рет жуўынса да болады. Егерде териден май шығып туратуғын болса, онда бети-қолды ыссы суў менен сабынлап жуўып, соңынан ишетуғын соданы бир литр суўық суўға бир чай қасығын салып жуўыныў керек. Гүзде ҳәм қыста қарамайлы сабын менен, ал, бәҳәрде ҳәм жазда монша сабыны менен жуўыныў керек. (Врач В. Тимофеева).

2. — Ай! Сонша сәўлени қайдан алдың сен?
— Күниң маған түсип шағылысыўынан,
— Қуяш! Сонша нурды қайдан алдың сен?
— Адамның адамга мийрим нурынан... (И. Юсупов).

3. Бир күнлери районда той болады екен деген хабар шықты. Той күни аўыл адамлары кеңсениң алдына жыйналды. Маған «жүр, тойға барайық» деген адам болмады. Бул да аяздай батайын деди. «Пахта тергенде керекпен, отақта мени көзлери көреди, енди той күни көзи қапылып қалып па басшылардың! деймен тоңқылдап. Үйде аўнай-аўнай жалықтым. Қуяшламаға шығып қунысып отырсам, он еки—он үш жасар аўылдың балалары мени орап алды.

— Ҳе, не бар сенлерге мурынбоқлар!—дедим басымды көтерип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бизлерди тойға апар .Жақабай аға!—дейди олар бәри бирдей шуўласып.

Аспанда алағат булт бар. Жерде жуқа қар.

— Тоңып қаласызлар,—дедим.

— Тоңбаймыз. Кийимлеримиз қалың. Апара қойса!—деп қыйылып жалынды.

— Тоңып жылап жүрмейсизлер ме?

— Тоңбаймыз!

— Яқшы, қәне, үйлериңизге жуўырың, қайтадан қалыңырақ кийинип келиң. Соған дейин арбаны жегип қояман.

Той болып атырған жерге жеткенимизде ортада палўанлар гүресип атыр екен. Арбаны шалт туўарып, балаларды бир шетирек гүўенлеген ылақтай етип отырғыздым да, шешине сала ортаға суўырылып шықтым. Аўылдың адамлары.

Жақабайды қара, келип қалыпты-аў ол!

Ол да гүресежақ па?—деп ғаўқылдасып атыр.

Хә дегеннен қолым бәлент келди. Биринши беллескен палўанды жықтым. Соңынан ексўин таўлап урдым. Байраққа отыз алты метр ақ сүп берди. Оны қолтығыма қысып, шетке қарадым. Баслық аўыл адамларының алдында аяғын сабанның үстинде созып жиберип мәс болып отыр. Бермегенди берип уялтқым келди. Бир қушақ таўарды көпшиликтиң көзинше алдына атып урдым. Түсинсин, түсинбесин, әйтеўир өз пәмимше солай иследим. Соннан кейин гүрестен қалғаным жоқ **(Ә. Атажанов)**.

**384-шынығыў.** Текстеги гәплерди интонациясы бойынша оқып шығып, олардың мәнилерине қарап иркилис белгилерин қойың.

1. Сапалақ бухаралы палўанның көкирегине қолын тиреп тикейди. Аламан өзин умытып гүўилдеп атыр. Биреў бетиниң тырналған жеринен ағып, жүзин дағаллаған қанды сүртип, арқасынан дүмп-дүмп қағып жүр.

Әбдирахманның

— Хадалый жықтың, аға!—деген пәтли даўысы басқалардикинен өзгеше.

Сапалақ өзине орасан пәрмана болып жүрген ким екен деп, бир шекелеп қарады. Япырмай-аў, мынаў аўылласы Мәтеке ғой. Судья ортадан былай кет деп ийтерди оны. Ол болса пәрўайы пәлек, Сапалақты айланшықлап жүр.

— Мәтеке!—деди Сапалақ қашшан сүйеги сипсе болған әкеси тирилип келгендей ушып-ушып қуўанып.—жердиң жарығынан шықтыңба, япырмай?!

Ол судьяның қолын қағып жиберди де, Сапалаққа умтылды. Келе сала қапсыра қушақлап, бетинен шорп-шорп сүйди.

— Ташкенттиң көшесинен, бала. Сени келди деп еситип тура алдым ба? Мың да бир рахмет саған:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сапалақта оны қушақлап, қол ушына көтерип шыргүбелек айландырды.

— Саған көзим түсип күшим тасып кетти ғой, бала. Сөйтип, баста көринбейсең-дә?!

— Мен келсем геллагарға жамбас урып атыр екенсең? Қарақалпақтың «ҳә»син аямай берип турдым! Болмай ма сол!

— Болғанда қандай!

Судья тағы Мәтекени ийтергишлеп:

— Босат!—деп бақырды.

Судья Сапалақтың қолын жоқары көтерди.

Гүрес тамам болып, машинаға минсийин деп атырғанда Сапалақ:

— Занғардың күши аяғында екен. Наймыттың қай ўақта да аяғынан қорықпақ керек?—деген сөзлерди еситип қалды.

Усы күни Жақабай да жигитлерди қуўандырған еди.

* * *

Гүрес бес күн даўам етти. Сапалақ самарқандлы Саматовты суў ишимге апармады. Қашқадәрьялы Ийшанбай да Сапалақтың ҳәмелин бермей бағып еди. Оны да он минутқа апармай шалқасына салды. Сурхандәрьялы Шораны қыйланыңқырап жықса да жыйналған аламан: «Сапалақ, Сапалақ»!»—деп теңиздей гүўлеп руўх берип турды.

Сапалақ туңғыш ирет Өзбекстанның чемпионы болды. Өзинен бес бетер Әбдирахман жүреги шәўкилдеп қуўанып қолын шаппатлай берди. Сөйтип, жүрип Сапалаққа:

— Чемпион деген усындай болады. Енди уққан шығарсаң!— деп қояды.

— Уқтым. (**Ә. Атажанов**).

2...Чекистте жалынлы жүрек, ақыл парасаты ҳәм пәк қоллар болыўы керек... (**Ф. Э. Дзержинский**).

**385-шынығыў.** Үзиндилерден сораў гәпти таўып, билдирилиў жолларын түсиндириңлер.

1. Бир ўақытта:

— Ҳәй, Торғай. Не қылып атырсаң?—деген даўыс есине ендиргендей болды. Ол жән-жағына алақлап қарады.

— Неге қарайсаң?! Қәне, өрген жериңди өзиң буз.

— Я? Не болыпты?

— Не болатуғын еди, бир мушқа қарай өңменлеп кетипсең. Қыйсық өрипсең! Қыйсық! Енди түсиндиң бе?

— Я солай болып па?—Ол дийўалдан төмен түсип өрген жерине шекелеп қарады. Ырасында да өрген жери бир жағына қыйсайып тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бундай әдетиң жоқ еди, саған не болды?—деп Әдил ҳайран болды.—Торғай бир гүрсинди де:

— Билмедим, аға, жақыннан бери жинлидеймен. Ал сорадық, мүддәҳәң не, айт? Перинин қызын таптың ба? Сыпатлап берши, қәне?—деп мойнын созды.

— Бир қурылысшы қызды унаттым.

— Не? Не, неўе? Қурылысшы? Кемпир сен неге үндеместен күнге тутқан майдай ерип кеттиң? Балаң не деп атыр, түсинесең бе? Мен жоқтағы тапқаныңыз усы ма? Неге түсинбейин. Бала емес, ер жетти. Турмысын өзи таңласа жаман ба? Оған марапатланыўдың орнына неге ашыўланасаң? **(С. Хожаниязов).**

2. —Сиз Назар менен қашан турмыс қурдыңыз?

— Бир жылға шамаласты.

— Оны қашаннан берли танийсыз?

— Еки жылдан берли.

— Оннан бурын көргениңиз жоқ ғой?

— Жоқ.

— Екеўиңиздиң айлығыңызды қосқаныңызда, орташа айына қаншадан туўра келеди?

— Төрт жүз сомға шамаласады.

— Сиз турмыс қурғалы берли Назар үйге айлығынан басқа ақша алып келдиме?

— Алып келген жоқ.

— Оның жумыстан кешигип, я биймезгил бир жақларға барып қайттым дегенин еситтиңиз бе?

— Жоқ.

— Оның ағайин туўғаны, ислеслеринен кимлерди танийсыз?...

— Наргис әжағанды көрип қалағойсаң, сәлем айтарсаң... көйлегиниң жағаларына қара, кир-қоңы болса жуўып бересең. Түби бир туўысқан ғой, көкирегиннен ийтермес... деп қалды Әсия.

— Барыўыннан қайтыўың тез болсын. Наргисти жайғастыр да үйге жет,—деп тапсырды Қәдир майшы қызына.

— Депутат екенсиз ғой?—деди Назар **(О. Әбдирахманов).**

**386-шынығыў.** Тексттен сораў гәплерди таўып, сораў мәнисиниң қайсы сөзлер арқалы аңлатылып турғанын анықлаң, керекли орынларына сораў белгилерин өзлериң қойып шығың.

1. Бизлерге күтилмеген жерде бир қара атлы адам келип:

— Ана маңда бир ҳаял өлейин деп атыр,—деди. Оразымбет аға мылтық атқанын қойды да маған:

— Жүр,—деди.

— Қайда.

— Жаңағы ҳаялды таўып аламыз.

— Жаңа қызып атырғанымызда, қойса аға.

— Не дейсең...

— Алдыма түс, сен адам болганда, ол адам емес пе... Ора-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зымбет ағамның үйинс келдим. Қашшан жатып қалған екен. Қапысын қағып ояттым.

— Кимсең.

— Мен.

— Мениң ким шырасын жақты да қапысын ашты.

— Жети түнде не қылып жүрсең Аманлық па.

— Аманлық, бизиң қоңсымыз ауырып қалыпты. Барып көрип кетсениз қалай болар екен...

— Ауырып қалдыңыз ба

— Ауа.

— Осколко ойнапты.

— Оң қолым еди, қолымды кесесиз бе

— Жоқ. Тусын кести де, осколканы суурып алды.

— Енди ауырама

— Ауырмайды...

— Мына шөптиң түбин қаз,—

— Тамыры шықты.

— Ал

2. Атамурат хан Пөкки нөкерлериниң қаны ушын елди талау һәм басқыншылықты күшейтиуге жәнс де пәрман берип жибердли. Усылайынша журт тәғдири жәнe аласапыран болып кетти. Непес жүзбасының жигитлери Балғалы ауылына келгенде атларының жүуенлерин тартты. Буған жүзбасының өзи себепши болды.

— Жигитлер!—деди ол.—Биз өзи не қылып жүрмиз? Биз шәукетли нөкер едик, соңынан шағалға айланып кеттик. Шағал күшли болғаны менен ҳийлекер ҳайуан. Көбинше қораға шабады. Таяр асты жейди. Бизлер шағалдан да бетер болдық. Қойдай жууас бул бийшара халықтың не жазығы бар? Неге оларды гүнасыз өлтиремиз? Мал-мүлкин тартып аламыз? Бала-шағаларына азап беремиз? Егер бундай ауҳал бир күни бизлердиң басымызға түссе ше? Ҳәммемиздиң де перзентлеримиз бар. Бул—ҳүжжансызлық. Соның ушын да Гөне Үргенишке қайтыуды мәсләҳәт беремен.

Бул уақыядан кейин Непес нөкерлери изге қайтты. Бирақ бүннан хабар тапқан Атамурат хан олардың изинен Бердиниглиздиң адамларын жиберип, Мамый даласында бирин қалдырмай қырып таслады.

**387-шынығыу.** Мысаллардан үндеу ҳәм буйрық гәплерди тауып, олардың билдирилиу усылларын анықлаң.

1. Қаршыға қартайса, шымшық аулайды деген усы екен дә

— Әй, сампылдамасаңә!—деди бажбан.

— Айтқанда не, қаршығаң үркеме?...

— Уай, аллатаала! Және қандай көрсетпекши болған жәбирлериң бар еди!? Мен бул дүньяда жоқпан! Өзиме өлим тилеймен.

Жигитлер: бул ана топырақты басып жүриу бизлер ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

өлим! Қолға қурал алыңлар! Ел ушын өлетуғын ўақыт келди?— деп қылышын көтериўи менен сыртқа атылып шықты.

— Ҳүрметли ел ақсақаллары!—деди ол тоқсаўыл қурған аламанға жақынлап. Сизлерге мына түркмен жигитлери жәрдем бермекши.

— Баспашының жәрдемине мүтәж емеспиз!

— Әўели қорланған қарақалпақ қызларының қунын төксин?

— Мениң сөзиме инаның, ағалар! Олар, шынында да, баспашы емес...

— Қысқарт!—деди орнынан турып кеткен Сапар зергер жигитлерге бақырып—Душпан сеннен қорқып бас ийип келип турған жоқ. Сеннен күшли болсада, дослық лебиз билдиргени... аўылға алып барыңлар!

— Яўмытлар рейимсиз емес, оның басшысы Атамурат хан рейимсиз ҳеш ўақытта халық жаман **болмайды, жаман басшы** халықты жаман әдетлерге тәрбиялайды (**К. Мәмбетов**).

2. Қәдирли ҳаял-қызлар!

Сизлерди ҳәм сизлердиң семьяңызды шын жүректен қутлықлаймыз, жақсы ден саўлық, үлкен бахыт, аман-есенлик тилеймиз (**«Совет Қарақалпақстаны»**).

3. — Қоңыраўлы палўанға Сапалақ түседи. Гүрести тоқтатың!—деп өрден-ыққа шаўып жүр заңғар.

— Кегейлиниң чемпионы!

— Яқ, қарақалпақтың!

— Өзбекстанның дегенде, тилиң мүкиме?—дейди адамлар бир-бирине.

Сапалақ қайдан болса да бизлерди таўып алды. Қасымызға отырды.

Аржақлы палўан жықты ма, жығылды ма—оған қараўға ҳал жоқ бизлерде.

— Бул не бийғамлық!—деп аўылласлары болған соң өкпелеп. оны ур-бериге алып атырмыз.—Сен деп сонша жерден келсек...

— Ирнғабасына түсе қояйын деп мен...—деди ол.—Асықпай турың Аржақлы палўан бар ма? Өзинен бетер аты ғой журтты қорқытып болды.

— Қоңыраўы сыңғырлап жүр ортада.

— Яқшы—деп шешине баслады Сапалақ.—Қудайым яр болса, бир тәўекел көремен (**Ә. Атажанов**).

**388-шынығыў.** Тексттен буйрық ҳәм үндеў гәп таўып, олардың билдирилиў ҳәм мәнилик өзгешеликлерин анықлаң.

1. Аламан:

— Сапалақ қайда? Бар болса гүрресин!—деп бақырды.

Аржақлы палўан және ортаға шығып, қоңыраўын сыңғырлатып, ҳәрўақ-ҳәрўақ қолын жалап тур. Сапалақ ортаға суўырылып шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мына сумелекке не жоқ! Еки шайнап бир жутады!—деп атыр бурын-соңлы Сапалақты танымағанлар турқын көрениш көрип.

— Шайнар жудә! Шайнайтуғын тисин сындырсын!—дейди даңғарасын қулағы шалғанлар.

Қулласы, еки палўан жағаға қол салысқанша ғаўырлы басылмады. Сапалақ қашпай гүрести.

Қоңыраўлы палўан Сапалақты иштен шалып көрди, сырттан шалып көрди. Лекин ҳә дегенде жыға алмады. Екеўи де ҳалықлап шаршады. Бир-бир кеседен шай ишти.

Сапалақ бул ирет «ҳә!» деп қарақулақтай қыйғырып жиберди, ҳәм пәтли жамбас урды. Аржақлы палўан жерден шаңырақ бойы көтерилди. Изинше жар қулағандай ларс етти. Оны кийизге орап алып кетти. Себеби, бир аяғы шорта сынған екен.

— Шырағым, Сапалақ солай гүресетуғын еди. Елди де интизамлы басқарды. Қартайғанша жумыстан қашқан жан емес. Мийнетте де палўан еди ол... **(А. Халмуратов).**

2. — Адамлар!

Таўға питкен бадамлар!

Еситпедим демеңлер! Уллы хан ҳәзирети Султан Хийўа тахтының тиреги Сайд Мухаммед хан халыққа он тилладан салық салыўды буйырды!—деген сөзлери Қоңырат көшелеринде жаңлап еситиле баслады **(К. Мәмбетов).**

3. Шық! Әжағаң келди, атын байлас, беде тасла!—деп мени түргелтти. **(«Әмиўдәрья»).** 5. Звеноның бас самолетиниң летчиги: «Бақлаўға алынған самолетта танымалы белгилер жоқ, «Совет территориясына түсиң»—деген буйрық бойынша бизиң истребительлерге ерип ушып киятыр еди, бирақ қәпелимде бирден бағдарын өзгертип, Түркия тәрепине ушып баратыр»,—деп хабарлады.

Отырғанлардың ҳәммеси Панковқа тигилип қарап қалды.

Ол радистке команда берди:

— Ескертиўши оқ атылсын!

— «Самолет бәри бир тыңламай Түркия жаққа қарап ушып баратыр»,—деп хабарлады летчик.

— Самолетқа оқ ат!—деп буйрық берди Панков. (—)

Генералдың шыдамсызланып қысылып отырғаны ҳәммеге мәлим болса да, оның буйрығы анық ҳәм салдамлы болып еситилди.

— «Самолет әдеп жанды ҳәм қулап баратырып жарылып кетти»,—деп билдирди бас истребительден.

— Биз самолет қулап түскен жерге қарай ушамыз. Ол жердиң координатын айтсын! Усыны тез хабарлаң!—деди Панков радистке қарап. Буннан кейин ол күтип отырғанларға қарап—«Ҳәмме самолетқа!»—деп буйрық берди.

Бөлмеден шығайын деп атырғанда радистке:

— Отряд начальниги самолет қулап түскен жерге санитар



www.ziyouz.com kutubxonasi

машинасын ҳәм басқа да автомашина жиберсин!—деп тапсырды. (В. Егоров).

389-шынығыў. Тексттеги гәплерди мәниси жағынан болымлы ҳәм болымсыз түрлерине айырып, бир-биринен өзгешеликлерин ҳәм сол өзгешеликлердин қандай грамматикалық формалар арқалы берилгенин көрсетиң.

1. Тамырыңда дийқан қаны жүрип турыпты, ал жүрегиң неге дийқанға исенбейди (И. Юсупов).

2. Мойынсынып ҳүкиметтиң жолына,
Қарамай зор берип оңлы-соңына.
Азлы-көпли пахтасы тийип қолына,
Ҳадал екен маңлай тери «Шөлкемнин» (А. Муўсаев).

3. Жер айдасаң, гүз айда, гүз айдамасаң жүз айда (Нақыл).

4. Гөне Шортанбайдың бойындағы «Қурама» деп аталған аўылға Жийемурат күтә жеңил ҳеш қандай шаршамастан келди (Т. Қайыпбергенов). 5. Ойға батып киятырған Әжинияз пискек пенен атлаўдың гүмбирлеген сести қулағына тийген ўақытта ғана, өз үйине келип қалғанын сезди. Оннан соң өз үйиниң рузыгершилигинен шыға алмады (К. Султанов). 6. Саўдагер өлтирсе өлтирсин, ҳақтан өлгеним жақсы, бирақ сениң айтқаныңды орынламайман,—дейди жигит... ( ... )

— Сөйтип жигит кетейин десе, қазанда жарма писип тур, соннан аўыз тийип кет, балам,—дейди кемпир. («Қарақалпақ халық ертеклери»). 7 Даўагерлер тарқамай, отаўды айналшықлай берди... Устаздың шәкиртине артқан бул үлкен зийрек зейинли бала да түсинди... Дүньяның сырын, әлемниң тилсимин билип қояды деп жүргенгой (Қ. Султанов). 8. Сонда Жийренше —Әй тақсыр, маған берген атың ат емес, тулпар екен. Жаўын жаўа баслағаннан-ақ булттың үстине шығып кетти («Қарақалпақ халық ертеклери»). 9. Арбакешлер атларды сондай зорлайды, сонда да олар кейин баса береди... Түсинде бир табақ жарма турған қусайды, соны Хожаңасыратдин қалай ишерин билмейди («Қарақалпақ халық ертеклери»).

390-шынығыў. Мысаллардан болымлы ҳәм болымсыз гәплерди таўып, билдирилиў жолларын анализ етиң.

— 1. Кәне, төрге шығың, отырың, балаларым,—деп ол төсекти нусқады

— Жоқ, жоқ, бизлер отырмаймыз. Нан аўыз тийсейик, шеше, жумыс көп, отырыўға ўақыт жоқ...

— Өткен сапарлары ай шалқалап туўылғанлықтан суўық болды, енди тикке туўылыпты, жыллы болады,—деди гейпара ғаррылар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сол да сөз бе екен, ырым-жырымынды қойшы. Ай-аспан денеси, ол ўақты менен қалай көринсе, солай көрине береди.

— Балалар ерегиспең, бул халықтың тәжирийбеси, әсиресе аспанға көп қарап, айды жулдызларды турмысында тәжирийбе қылады,—дести адамлар (Ә. **Тәжимуратов**).

2. Кеңесте бир мәселе,—қуралды таслаў ма, ямаса тасламаў-ма?—деген еди. Бундағы болған жарыс сөз жүдә қызып кетип, бирпараларының сөзи қуры нәтийжесиз болып шығып атыр. Бирқанша жолдаслар Андреев тәрепинен берилген ультиматумға бойсынып таслаўымыз керек, ал қурал тасламасақ, оған қарсы турғандай бизде күш қайда, бәри бир қоршаўдамыз, қуры бос-қа әўере болып, қаланың халқын да өзимизди де қырғынға ушыратып алмайық дегенде:

— Қурал тапсырыў ма? Ол ҳеш қашанда болмайтуғын нәрсе, ҳеш қурал тасланбасын.

— Биз ҳәлек боламыз, қуралды дәрҳал тапсырыў керек.

— Бул қорқақлардың иси.

— Бул қорқақлық емес, аўҳал соны талап етип отыр.

— Жоқ, аўҳаллар оны талап етип отырған жоқ (**А. Бегимов**).

## ЖАЙ ГӘПТИҢ ДҮЗИЛИСИ

**391-шынығыў.** Берилген мысаллардағы жай гәплерди дүзилисине қарай анализлең.

1. Бизлерди Қасым Әўезов есик алдында қушақ жайып күтип алды. Ҳал-аўҳалларымызды, аўыл-елдиң аманлығын сорады. Усы күни түнде бизлерди «Дом крестьянина» деген мийманханаға орналастырды (**Ә. Атажанов**).

2. —Бул аўҳалды жақсылар усыл бар ма?

— Бар,—деди Кеңес Узақов,—Семьялық кесип алып ислеў усылы қыйыныңды жеңиллетеди екен...

— Өзиңиз оған исенесизбе?

— Исенемен.

— Адамлар-ше?

— Адамлар да исенеди (**И. Қурбанбаев**).

3. Қаланың әдеттеги шаўқымлы тиришилиги өзине тән.—Бәлент-бәлент көп этажлы жайлар. Узыннан-узақ, гейпарасы кө-теден қайрылған көшелер. Ерсили-қарсылы қурдай қағнаған неше түрли транспортлар. Тынымсыз тиришилик машқаласы менен ағылған адамлар ағыны... Қаланың әдеттеги шаўқымлы, базда бир қәлипте, базда биринен-бири зыяда, қызғын тиришилиги... Ал кеңликте мәңги өлмес адамлар жүрегинде дарқан жабан дала ше? Дала! Саҳра—дала. Жабан—дала! Ғәзийнели кең дала! Қала менен дала! Екеўи дуўтардың еки тарындай бир-бирине ушласып атыр. Өмирдиң өзи усылайынша байланысқан (**Ғ. Сейтназаров**).

4. Ерте бәҳәр. Тоңлар ерип, көк те көгерди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жаў емес пе?
— Жаў емес (F. **Сейтназаров**).

5. Қайдағы балалық алып есимди,
Таслап кетиппен ғой баслы исимди.
Қой, ертелеп барып көрип келейин,
Шеңгелликте қалған байғус қусымды (**И. Юсупов**).

## ЕКИ СОСТАВЛЫ ГӘПЛЕР

**392-шынығыў.** Тексттен еки составлы гәплерди таўып, көширип жазың ҳәм олардың составын анықлаң.

1. Жыл қутлы келди. Адамлар да қутлы қонысқа ирге баса берди. Ел толысты. Адамлар көбейди... Айлар өтти, Қоныс қутлы болды... Ғаррылар Шамураттың сөзин бирден қуўатлай қоймады. Бир-бирине қаpасты. Ойға шүмип отырды. Әллен ўақта дым үндемейтуғын Юсуп ғарры саққа жүгинип отырған орнынан геўдесин көтерип:—Дурыс,—деди.

Юсупти Досназар қуўатлады. Ол йошып сөйледи:

— Ақыл жастан, ҳасыл тастан шығады деген ата-баба дурыс айтқан. Шамуратжанның сөзи дурыс. Қарақалпақтың абырайдаңқы салыдан шығады. Басқа егинди де егемиз. Бағ да егемиз, қаўын, ғарбыз да егемиз. Бирақ, ҳәр ел өзиниң бир байлығы менен мақтаныўы керек. Гәп салыда екен. Бирақ, бул еле бир жөнге түспей атыр. Жер изсйлеп баратыр... Асқар келип еди. Жалғыз қумды айланып келдим,—деди. Жөн-жосағын сорадым. «Жалғыз қумдағы» қойымшылықты көрипти. Оған мал изи түскен екен (**И. Қурбанбаев**).

2 — «Қымызды ким ишпейди, қызды ким айттырмайды».— деди Саятқан Айқызға. Қараңғы түн. Күн еле жаўып тур (**А. Бегимов**).

3. — Уайымды қой ғарры. Асан қайғың шығабермесин ғарры. Батпан уўайымнан, мысқал пайда жоқ. Оратуғын жерлерди ертең өзим көрсетемен. Қыста тележка менен базарға апарып сатып та беремен. Күни менен айтып отырғаны тек сениң пайдаң. Ҳеш кимнен сөзим сынып көрген жоқ еди (**И. Нийетуллаев**).

## ГӘПТИҢ БАС АҒЗАЛАРЫ.

### БАСЛАЎЫШ

**393-шынығыў.** Текстти көширип жазың, баслаўыштың астын сызың, сораўларын қойың.

1. Мен буннан артық сөз таўып жазаман деп айта алмайман ҳәм талапланбайман. Сонлықтан да, Сапалақ атаның призине жарыс шөлкемлестирилген жылы жыйналыста сөйлеген сөз бенен усы әңгимеге соңғы ноқат қоймақшыман.

«Халқымыздың өтмишине нәзер салсақ, қарақалпақларда дәс



www.ziyouz.com kutubxonasi

тутып беллесиў, күш сынасыў, гүрес өнери ҳәм қарыў менен халыққа қызық бериў—көп ўақытлардан бери даўам етип киятырған миллий дәстүрлеримиздиң бири. Бизиң халқымызда таңқаларлық ғайратлы, мықлы адамлар көп болған. Олар халық арасында өзиниң әдил беллесиўи менен үлкен абырайға ерисип жүрген.

Мәселен, Маманбий, Ерназар алакөз, Жаңабай палўан, Ерназар шойыншылардың атлары халық аўзында аңыз болып қалған.

Сондай-ақ Сапалақ ата да советлик дәўирде гүрестен ат шығарған адам.

Ҳәммемизге мәлим, Сапалақ ата Шамуратов өмириниң көпшилик бөлегин советлик дәўирде жасап, Қарақалпақстанда социалистлик дүзимниң беккемлениўи ҳәм жеңис ушын ат салысқан мийнет ветеранларының бири.

Сапалақ ата 1938-жылдан баслап 1952-жылға шекем қатарынан он еки ирет Өзбекстанның миллий гүрес бойынша чемпионы. Бул тәбият тәрепинен берилген тәбийий күш, үлкен шеберлик, тынбай излениўшилик, өзин-өзи күтип республикамыздың спорт даңқы ушын берилгенликтиң белгиси!» (Ә. Атажанов).

3. Памирден сарқырап аққан сағасы,
Бағ-бақшалы Әмиўдәрья жағасы,
Пахта, салы, малға толы бай мәкан,
Түйемойын, Арал теңиз арасы (И. Юсупов).

3. Ағалы-қарындаслы сыйласық деген де, тиришиликте керек ғой. Оттың жағылыўы аңсат, сөниўи қыйын. Сөнсе де бираз жерди өртеп, ойранлап кетеди. Беденге дақ, денеге жара түседи!... Өйдегеним жақында биреўлер қуда түсип кетти. Сүймеген менен иләж қанша? Кимниң ата-анасы қызынан «Кимди жаратасаң?» деп сорап атыр. Екиншиң, бизиң апам қызы көп болған соң мени жаста Мәдемин атамның ҳаялының етегине салған. Ҳәзирги шешемиз—сол. Оған қатты-қайырым сөзге бара алмайман. Жүгим аўыр... Тарталмассаң!... Мен ушын жараланып қаларсаң, аға!... Маған тийме!...

Усы сөзди айтып қыз бираз ўақыт сарсылып, тунжырай баслады... Муҳаббат дәрьясын жаңа кешип баратырған еки жастың кемеси қайырға тирелип қалды. Бирақ, жас көкирек, жигит жүрекли деп соның ушын айтады-дә, Әжинияз жерге қарай салбыраған басын көтерип алды. Жаслық жигер толқыны қайырылған ой кемесин сүйреп өрге тартты. Кеме ағысқа қайта түсип, жөн алып кеткендей жигиттиң жүрек толқыўы да басыла қалды! Бул жаслық жигер күши еди (К. Султанов).

**394-шынығыў.** Мысаллардан баслаўышларды таўып, олардың қандай сөз шақапларынан аңлатылғанын көрсетиң.

1. Ел парахат турмысқа өткеннен кейин екеўи де аўылға қайтып келди. Гейпаралардай қос айдап, төгин төгип, хожалығының



www.ziyouz.com kutubxonasi

гумирашылығына кирисип кете бермеди. Оның ессесине округлик ағартыў бөлимине жәрдемлести: оқыўға елден бала жыйнады, аўылға муғаллим алып келди, мектеп жайларын салысты. Гезегинде өзлери де саўат ашты. Гейде окружкомның тапсырмасы менен аўылларда сайлаўлар өткизиўге де қатнасып жүрди. Ол ўақыттағы жаслардың көкирегинде бир жедел, қуштарлық, умтылыўшылық басым еди ғой. Ҳәзирги балларға «сен мынандай жумысты ислеўиң керек» десең «айлығы қанша?»—деп сорайды, алды менен. Ол жылларда жаңалық ушын ат салысып жүргенлердиң ҳәммеси деп ғой айта алмайды, бунық өзи «Таза талап» колхозы тик аяққа минип кеткенше, көк тыйын хызмет ҳақы алған емес. Жаңа ҳүкиметтиң тапсырған ҳәр бир тапсырмасын бежериў мойнындағы бирден-бир парыз деп ойлады. Гүзге салым булардың аўылында да аўыллық советке сайлаўлар болып өтти. Әбдиўәлий кеңестиң баслығы болып сайланды. Ал, арадан еки жыл өткеннен кейин бир жүз елиў үйди бириктиретуғын ТОЗ колхозға айналдырылды. Оған «Таза талап» деп ат қойып, айдар тағылды. Биринши колхоздың басқа жерлерден емес биринши ирет усы аўылдан шөлкемлестирилиўин журт бунық искерлигинен деп түсинди. Кейин колхозға баслық сайлағанда биреўлер ақ көкреги менен, екинши биреўлер қасақана бунық атын көрсетип жиберди. Ертеңине округке барып, алдағы жумысларға нусқаў алып қайтты (**А. Халмуратов**). 2. Мийнетсиз өмир—қара көмир (**Нақыл**). 3. — Уллы ханымыз деди бас әскербасы жақсының әўели сөзи, соңынан өзи тозады. Бас ўәзирдиң сөзи де, өзи де тозыпты... Бас ўәзир қылт ете алмады.

Өтепберген:

— Мен сөйлесем, тақсыр. Мен булардай шоласқан бай емес, орта қурғын хожалықпан. Белдарға баратуғын—гедейлер. Байлар бел теппейди. Оны өзиңиз билесиз. Үш жүз сыйыры, мың жылқысы бар байлар жалғыз қара сиыкиси бар пухара шаңарағы менен қалай тең болады. Айырым қуўатлы хожалықлар көтериўи керек. Он сыйырдан бир сыйыр шығарсын. Мен өзим елиў сыйырдан бес сыйыр беремен. Мына Қалмураттың еки жүз сыйыры бар, жигирма сыйыр берсин, елиў жылқы берсин. Қалғанын шаңыраққа бөлемиз. Онда да шаңырақтың шаңырағы бар. Қарақалпақ төрт керегени қадастырып басын пошайтса, «шаңырақ» дей береди, тақсыр. Қәне, ана Ережепте шаңырақ, Өтемурат та шаңарақ, неси бар? Олардың өзин белдарға айдамасаң,—не шығады? Мениң бийлигим сол. Өтирик болса мына Қосыбай айтсын! (**К. Султанов**). 4. Әжинияз Хийўаға атланатуғын күни аспан ашық еди. Бәҳәр айы болса да, шуўағы жағымлы, жыллы жаздың бир күни болды. Үлкен-киши ағайин, жек-жат бәри хошласыўға келип, абысын-ажым жағы Нуржамалға еркек жөни. Қосыбайға «Жолболсын» айтып кетип атыр (**К. Султанов**). 5. Аласыға алтаў аз, бересиге бесеў көп (**Нақыл**).



www.ziyouz.com kutubxonasi

395-шынығыў. Мысаллардан дара, қоспа баянлаўышларды таўып, олардың бир-биринен өзгешеликлерин көрсетиң. Аңлатылыўына итибар бериң.

1. Әжинияз ләм-мим аўызын ашпай, тек томсырайып тыңлап отыр. Қулманның үйине келип, заман ағымына бурынғыдан да көре тереңирек бойлап, тағы бир «Дүньяпарраштың үстинен шықты. Ол саўдагерлер..... «Бул да пухараға жаў. Гедейди болсын дейтуғын биреўи жоқ. Хан да, бий де, бай да, мурап та, ҳәтте мына саўдагер Қулман да гедейдиң дүньясына өш. Байдың малын айтпайды. Бай тарықпайды. Тарықпаған соң сатпайды. Гедей тарығады, қорқады, көнеди. Сонлықтан оның малына ҳәмме өш. Оның жарылқаўшысы ким? Тек қудай. Дәўлети-қара күши. Неге ол да бай болмайды? Мысалы мына Таўмураттың Қалмурат байдан қай жери кем. Олар қалай бай болады?.......—Усы бәндирги ойға келгенде оның ақылы жетпей дағдырып адасты... Бас аўыртқысы келмей, буны бир оңаша ўақытқа қалдырды да, Қулманға бурылды. Ол еле сөйлеп отыр екен. Таўмурат та, Нурай да оның гәпинен заққы болды ма, кем салыйқа тыңлап отыр екен. Бир мәҳәли Таўмуратлар:

— Бизлер қала аралап келейик!—деп рухсат алды да, далаға шығып кетти. Оның изинше жигит ағасы бола келген, бойы ортадан жоқары, ажары түркменге усас, келбети суўық бир жигит кирип келди.

— Кел, Панажан!-деп Қулман төрден орын берди. Әжинияз орнынан турып, қол алысты. Қонақты таныстырыў ушын Қулман сөйледи.

— Панажан! Мына бала «Боз атаўда»ғы Қосыбай деген ашнамның баласы—Әжинияз. Хийўаға—медиресеге баратыр екен,—деп енди Пананы таныстырыў ушын Әжиниязға бурылды. Пана мениң туўысқан бөлем. Өзинен ажары төмен мына Қутлымурат жаман бийдиң хызметинде жүр. Бир талабы оралмай жүр дә.. (К. Султанов).

2. Қызғаныш үш түрли реңге ийе.
Қара реңи, душпанының пейлинде.
Қызғышы—дослардың күншиллигинде.
Ақ реңи—басқалардың бәринде (И. Юсупов).

3. Умтыламан жан-тәним менен
Өмир сени сулыў жасаўға (И. Юсупов).

4. Қубладан бир топар ақ қуў жипектей суўрылған ақсабақтай суўырылып шықты да, шығыстағы булдыраған шоқалақтың гусына барғанда пәске сырғыды (Ш. Сейтов).



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЯНЛАУЫШ.

**396-шыныгыу.** Текстти көширип, ондагы баянлауышлардың орнын сораўларын ҳәм қайсы сөз шақабынан аңлатылғанын анықлаң.

1. Қәллибек, мен саған сораўлар берсем, шеше аласаңба? Жас үлкенлер, ел ағалары өзлерине унаған жасларды сынаў ушын сораў беретуғыны бурыннан дәстүр. Ақыллы жуўап қайтарған жаслардың базыларына шығысы ким болыўына қарамастан ат миндириледи. Бирақ жетимлерге сораў бериў жүдә некенсаяқ, көбинсе олардан даналық шығады деп дыққат беретуғынлар болмайды. Қәллибек жақсы пайытқа гез келгени ушын мардыйыңқырап, ушыўға ҳәзирленген қустай жыйнақласты. Алакөз оның ҳеш қандай қысыныспаға түспегенин және де унатыңқырап, тикленип отырды:

— **Қәне, айт, тилимиздеги ең жаман сөз қайсы сөз?**

— Тилимиздеги ең жаман сөз, кисини мақтандыратуғын сөз.

Бала Ерназар да аң-таң болды. Алакөз жуўапқа қәнәәт тапқанын туўдырмаўға тырысып және сораў берди:

— Елде кимлерди бахытлы, кимлерди бахытсыз деп ойлайсаң? Қәллибектиң жуқа еринлери жыбырласып жерге қарап азмаз ойланып алды да тағы сөйледи:

— Бул сораўыңызға дәл жуўап бериў оғада қыйын, Ерназар аға. Себеби бахытты, бахытсызлықты ҳәр ким ҳәр қыйлы түсинеди, биреўлерге тоқ үй бахытлы. Мениңше, өмирди, басқаларды ким көп билсе сол бахытлы. Ал, айырым үйлер жөнинде айтсам, қайсы үйдиң еркеги жаман болса, сол үй ярым бахытсыз, қайсы үйдиң ҳаялы жаман болса сол үй толық бахытсыз (**Т. Қайыпбергенов**).

2. Ел деген бул елеспесиз елгезер,
Кимниң қайқы, дүңкилигин тез сезер,
Жаман перзент жапалақтай жалп етсе,
Жақсы перзент маўытыдай төр безер.

Жақсы перзент еселейди толыңа,
Жаман перзент кеселейди жолыңа,
Балам, ҳәзир ақ-қараңды аңдырмай.
Қаршығадай, қонып турсаң қолыма.

Қудыным-ай, жол деген бул қулағыр,
Сонлықтан да тек алдыңа қулағыл,
«Тенелбайдың баласындай болмағай»
Деген гәпти еситпегей қулағым (**Т. Сәрсенбаев**).

3. Ул перзентиң—қуўанышлы тойханаң,
Қыз перзенттиң-барып келер бай қалаң,
Жақсы перзент-өмириңниң қуўаты,
Қартайсаң да, жасартады қайтадан (**Т. Жумамуратов**).



www.ziyouz.com kutubxonasi